# ІУАЩХЬЭМАХУЭ

ISSN 0206 – 5266

СЕНТЯБРЬ • 2021 • ОКТЯБРЬ

5



5
ІУАЩХЬЭМАХУЭ
2021

# IУАЩХЬЭМАХУЭ

**12+**

**ЛИТЕРАТУРНО-ХУДОЖЕСТВЕННЭ
ОБЩЕСТВЕННО-ПОЛИТИЧЕСКЭ
ЖУРНАЛ**

**1958 гъэ лъандэрэ къыдокІ**

**сентябрь 5 октябрь**

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм
и «КъБР-Медиа» къэрал кІэзонэ
IуэхущIапIэм къыдегъэкI

РЕДАКТОР НЭХЪЫЩХЬЭР
**Мыкъуэжь Анатолэщ**

РЕДКОЛЛЕГИЕМ ХЭТХЭР:

Ацкъан Руслан, БакIуу Хъанджэрий,
БищIо Борис, Гъут Iэдэм, Къэрмокъуэ Хьэмид,
Тэтрокъуэ Астемыр, ТIымыжь Хьэмыщэ, Хьэвжокъуэ Людмилэ,
Истэпан Залинэ (жэуап зыхь секретарь)

НАЛШЫК
2021

# Псалъащхьэхэр

## ЖьантIэ

*КъБР-м и япэ Президент, къэрал, жылагъуэ лэжьакIуэ цIэрыIуэ КIуэкIуэ Валерэ къызэральхурэ илъэс 80 ирокъу*


**НэщIэпыджэ Замирэ.** ЛIыхъужь и лъэужь кIуэдыркъым.................... 3
КIуэкIуэ Валерэ хужаIахэм щыщ пычыгъуэхэр........................................ 6
**Нэхущ Заурбий.** Iулыдж зиIэ.......................................................... 18
**Губин Геннадий.** ЦIыхубэм я пашэ.................................................. 20
**Бечелов Ильяс.** Насыпу къилъытэрт................................................ 21
**Сэхъу Владимир.** ЗэфIэкIышхуэ бгъэдэлът...................................... 23
**Геккиев Заур.** ЦIыху щыпкъэ............................................................ 24
**Сэхъурокъуэ Хьэутий.** Илъэсищэм зэ къалъхуу аращ апхуэдэхэр.... 24
**Зумакулов Борис.** Лъэпкъым и гъуазэ............................................... 25
**Думэн Хьэсэн.** IуэхуфIхэм я зэхэублакIуэ........................................ 28
**Къудей Владимир.** Лъэпкъыр куэдрэ зэрыгушхуэнщ.......................... 29
**Джэш Вячеслав.** Адрейхэм къахэщырт............................................... 32
Къэбэрдей-Балъкъэрым и Президент КIуэкIуэ Валерэ и къэпсэлъэныгъэхэм щыщ Iыхьэхэр...................... 36


## Прозэ


**Фырэ-Къаныкъуэ Анфисэ.** Чэрэчэ. *Тхыдэ роман*............................ 43


## Усыгъэ


**Хьэту Пётр.** *Усэхэр*.................................................................... 95


## Драматургие


**Лыкъуэжь Нелли.** МыщIэвагъуэ. *Пьесэ*........................................ 107


## Литературэ щIэныгъэ. Критикэ


**Хьэвжокъуэ Людмилэ.** Къэбэрдей литературэм балладэ жанрым зэрызыщиужьар................................. 139


## Культурэ


**Истэпан Залинэ.** Талант уиIэн, IэщIагъэр уи псэм хэлъын хуейщ.... 152

Псалъэжьу зэхэлъ псалъэзэблэдз................................................ 166

*КъБР-м и япэ Президент, къэрал, жылагъуэ лэжьакӀуэ цӀэрыӀуэ КӀуэкӀуэ Валерэ къызэралъхурэ илъэс 80 ирокъу*





# ЛӀЫХЪУЖЬ И ЛЪЭУЖЬ КӀУЭДЫРКЪЫМ

«ЛъэужьыфӀэ хъуащ» жаӀэ адыгэхэм гъуэгу бгъуфӀэ хэзыша, лэжьыгъэ купщӀафӀэ къызэзынэкӀа, лъэпкъым и пашэу, хэкум и гъуазэу псэуа цӀыхум щхьэкӀэ. А псалъэхэр хуэфащэщ зи гъащӀэ псор и лъахэмрэ и хэкуэгъухэмрэ я зэӀузэпэщыныгъэм тезыухуа, зи акъылрэ зэфӀэкӀрэ Хэкушхуэм къыхуэзыгъэсэбэпа, Ӏулыдж лъагэрэ пщӀэ инрэ иӀэу дунейм тета политик цӀэрыӀуэ, къэрал лэжьакӀуэ жыджэр, унафэщӀ губзыгъэ, цӀыху щыпкъэ КӀуэкӀуэ Валерэ Мухьэмэд и къуэм.

ЛъэужьыфӀэт КӀуэкӀуэ Валерэ, абы республикэм щызэтриубла лэжьыгъэмрэ Ӏуэху зехьэкӀэмрэ иджыри къыздэсым хагъахъуэ зэпыту къыщагъэсэбэпкӀэ. ЛъэужьыфӀэт, езыр къыщытхэмытыжми, хуэфэщэн хуэдэ хэкулӀ къызэригъэнамкӀэ, и лъэужь игъэдахэу, и Ӏуэхум къыпищэу республикэм и Ӏэтащхьэ къулыкъур щрихьэкӀкӀэ.

КӀуэкӀуэ Валерэ и гъащӀэм и къекӀуэкӀыкӀам, жэуаплыныгъэ ин зыпылъ къулыкъухэм зэрыпэрытам, цӀыхугъэшхуэ хэлъу дунейм зэрытетам, лъэпкъымрэ хэкумрэ яхуищӀам къызэщӀэпкъуэжу утетхыхьыну гугъущ. Зы тхыгъэм къибгъэзэгъэну иужь уимыхьэми хъунущ, тхылъ бжыгъэми къыщыпӀуэтэну мытынш а Ӏуэхур. И лъэхъэнэгъухэм я гукъэкӀыжым хэмыкӀ, къыдэлэжьахэм фӀыкӀэ зи цӀэ краӀуэ, зи псалъэхэр псэлъафэ купщӀафӀэу ирахьэжьа, нэхъыщӀэхэм я щапхъэ нэс хъуа а хэкулӀ гъуэзэджэр ди нобэрей зэманми щылӀыхъужьщ.

КӀуэкӀуэ Валерэ Бахъсэн районым хыхьэ Дыгулыбгъуей къуажэм 1941 гъэм октябрым и 18-м къыщалъхуащ. Курыт школыр къиуха нэужь, Къэбэрдей-Балъкъэр къэрал университетым экономикэмкӀэ и факультетым щӀэныгъэ нэхъыщхьэ щызригъэгъуэтащ. 1964 гъэм Кыщпэк дэта «Трудовой горец» колхозым агроном нэхъыщхьэу лэжьэн щыщӀидзащ. АдэкӀэ и щӀэныгъэм щыпищащ Москва дэт Мэкъумэш хозяйствэмкӀэ Союзпсо щӀэныгъэ-къэхутакӀуэ институтым икӀи 1970 гъэм абы и аспирантурэр къиухащ. Ди щӀыналъэм къигъэзэжа нэужь, Къэбэрдей-Балъкъэр АССР-м Мэкъумэш хозяйствэмкӀэ и министерствэм – экономист нэхъыщхьэу, иужькӀэ къудамэм и унафэщӀу щылэжьащ. 1972-1974 гъэхэм Аруан районым щыӀэ «Ленинский» совхозым и унафэщӀу щытащ.

АдэкӀэ щӀидзащ КӀуэкӀуэм къэрал политикэм щыпхиша гъуэгуанэ бгъуфӀэм. 1974 гъэм щегъэжьауэ 1983 гъэ пщӀондэ Валерэ Къэбэрдей-Балъкъэрым и коммунист партым и Аруан райкомым и япэ секретару щытащ. А лъэхъэнэм наӀуэ къэхъуащ ӀэщӀагъэлӀым бгъэдэлъ зэфӀэкӀ лъагэхэр, Ӏуэху зехьэкӀэ пэрытыр. УнафэщӀ щыпкъэм, лэжьыгъэм и къызэгъэпэщакӀуэ ӀэкӀуэлъакӀуэм и нэӀэм щӀэт куейр щӀэх дыдэу республикэм и экономикэм хэлъхьэныгъэ ин хуэзыщӀ щӀыналъэ хъуащ.

1985 гъэм къыщыщӀэдзауэ 1988 гъэ пщӀондэ КПСС-м и Къэбэрдей-Балъкъэр обкомым мэкъумэш ӀэнатӀэмкӀэ и секретару щытащ, 1988-1990 гъэхэм обкомым и етӀуанэ секретарщ. 1990 гъэм февралым и 21-м щегъэжьауэ сентябрым и 1 пщӀондэ КПСС-м и Къэбэрдей-Балъкъэр обкомым и секретарщ.

1990 гъэм РСФСР-м и цӀыхубэ депутату зыкъигъэлъэгъуащ. Абы и закъуэт ди республикэм къыбгъэдэкӀыу хэхыныгъэхэм хыхьар. ИкӀи мартым и 4-м процент 89,7-м Ӏэ хуаӀэтри, пхыкӀауэ щытащ.

1990 гъэм мартым и 30-м Къэбэрдей-Балъкъэрым и Совет Нэхъыщхьэм и УнафэщӀ хъуащ. 1990 гъэм и июль мазэм щегъэжьауэ 1991 гъэм и август пщӀондэ КПСС-м и ЦК-м хэтащ.

Политик жыжьаплъэт КӀуэкӀуэ Валерэ. Ди хэкум къыщыхъуа зэпэщӀэувэныгъэр игъэупщӀыӀун папщӀэ, лӀы Ӏущым хэкӀыпӀэхэр къигъуэтащ икӀи 1991 гъэм августым и 29-м и къулыкъум пэрыкӀауэ щытащ. Сентябрым и 29-м щегъэжьауэ 1992 гъэм и январь пщӀондэ Республикэм и Министрхэм я Советым и УнафэщӀым и япэ къуэдзэу щытащ. А гъэ дыдэм республикэ цӀыхубэм аргуэру я дзыхь ирагъэз политик цӀэрыӀуэм, къэрал лэжьакӀуэ пашэм: КӀуэкӀуэ Валерэ хахащ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и япэ Президенту. Тынштэкъым абы щыгъуи лъахэм къылъыкъуэкӀа Ӏуэхухэр. Куржы-абхъаз зэпэщӀэувэныгъэр къыщыхъеям республикэ унафэщӀхэм къапэщӀэтхэм зыкъаӀэтат, трагъэкӀыну хуейуэ. АрщхьэкӀэ октябрым и 4-м унафэщӀхэмрэ зыкъэзыӀэтахэмрэ зэгурыӀуауэ щытащ. Акъылышхуэ зыбгъэдэлъ политик Ӏущым хузэфӀэкӀащ жылагъуэр зэрыхуа щытыкӀэ хьэлъэм кърищу щӀыналъэм зэпӀэзэрытыныгъэр щызэтриублэжын, лъэпкъ зэпэщӀэувэныгъэрэ лъыгъажэрэ къыхэмыкӀыу. Республикэм щыпсэу цӀыхухэм яку дэлъ зэхущытыкӀэфӀыр гъэбыдэным, абы лъэпкъ зэгурыӀуэныгъэрэ зэдэӀуэжыныгъэрэ илъыным хущӀэкъуащ КӀуэкӀуэ Валерэ. ЩӀыналъэм и экономикэ щытыкӀэм хэгъэхъуэным, псэукӀэм и фӀагъыр къэӀэтыным – апхуэдэ Ӏуэхугъуэхэрщ къулыкъущӀэр емызэшу зэлэжьар. Апхуэдэ Ӏуэху бгъэдыхьэкӀэм и фӀыгъэкӀэ зэман кӀэщӀым къриубыдэу республикэм щытепщэ хъужащ зэгурыӀуэныгъэмрэ зэпӀэзэрытыныгъэмрэ.

Абыхэм дыхуашащ социально-экономикэ ехъулIэныгъэщIэхэр зыIэрыгъэхьэным.

КIуэкIуэ Валерэ сыт щыгъуи хущIэкъуащ Урысей Федерацэм и лъэщагъыр гъэбыдэным, абы хыхьэ щIыналъэхэм щхьэхуитыныгъэ яIэн зэрыхуейр игъэбелджылыуэ. Ди республикэм и къэкIуэнур зыхилъагъуэр зыхэт къэралым и лъабжьэр нэхъ лъэщ щIыныр т. Апхуэдэу КIуэкIуэ Валерэ и фIыгъэкIэ ди щIыналъэм экономикэ, щэнхабзэ зэпыщIэныгъэ куухэр хуиIэ хъуащ гъунэгъу республикэхэм, областхэм, крайхэм. Ноби ефIакIуэ а зэдэлэжьэныгъэхэр сэбэп яхуэхъуащ лъэныкъуитIми я социально-экономикэ зыужьыныгъэм.

1997 гъэм январым и 12-м КIуэкIуэр етIуанэу хахыжащ. ЦIыхубэм я процент 99-м Iэ яIэтащ Валерэ КъБР-м и Президент къулыкъум къыпэрынэным и телъхьэу. 2001 гъэм Урысей Федерацэм и Къэрал Советым и Президиумым хэтащ. 2002 гъэм и январым къулыкъущIэ лъэрызехьэм ещанэу дзыхь хуащIащ республикэр. 1996 гъэм щегъэжьауэ 2001 гъэ хъуху къулыкъу лъагитI зэдихьащ абы – а зэманым Урысей Федерацэм ФедерацэмкIэ и Советым и УнафэщIым и къуэдзэу щытащ.

Политик цIэрыIуэм пщIэшхуэ щиIащ Къэбэрдей-Балъкъэрми Урысей Федерацэми. Ар жыджэру хэлэжьыхьащ мыхьэнэшхуэ зиIэ къэрал Iуэхухэр зэфIэхыным, къэрал унафэхэр къэщтэным, гъэзэщIэным.

Псэ хьэлэлкIэ лэжьыгъэм зэрыпэрытым, набдзэгубдзаплъэу и пщэрылъ зэригъэзащIэм папщIэ жылагъуэ, къэрал гулъытэшхуэ иIащ абы. КъБР-м, УФ-м я политикэ, экономикэ, щэнхабзэ зыужьыныгъэхэм хуищI хэлъхьэныгъэр, Къэбэрдей-Балъкъэрым лъэпкъ зэныбжьэгъугъэр зэрыщигъэбыдэр, къэралыгъуэм зэпIэзэрытыныгъэ щыгъэIэным зэрыхэлIыфIыхьыр къалъытэурэ КIуэкIуэ Валерэ къыхуагъэфэщащ «Хэкум и пащхьэм щиIэ фIыщIэхэм папщIэ» орденым и II, III нагъыщэхэр, «ЩIыхьым и дамыгъэ», ГуащIэдэкIым и Бэракъ Плъыжьым, Лъэпкъ зэныбжьэгъугъэм, Октябрь Революцэм я орденхэр, Урысей Федерацэм и Президентым и ФIыщIэ тхылъыр, УФ-м и Правительствэм и ЩIыхь тхылъыр, Абхъазым и «ПщIэмрэ ЩIыхьымрэ» орденым и II нагъыщэр, нэгъуэщIхэри. Нобэ КIуэкIуэм и цIэр зэрахьэ Къэбэрдей-Балъкъэр къэрал мэкъумэш университетым, Зеикъуэ дэт гъэшхэкI заводым, Волгоград, Грознэ къалэхэм, Дыгулыбгъуей къуажэм я уэрамхэм, апхуэдэу Дон псым тетщ абы и цIэр зезыхьэ кхъухь.



ЛIэщIыгъуэр илъэсищэкъым – Iуэхуищэщ жеIэ адыгэм. Арамэ, мы гъэм къызэралъхурэ илъэс 80 ирикъу, илъэс 64-м иту дунейм ехыжа КIуэкIуэ Валерэ къигъэщIар зы лIэщIыгъуэкъым икIи тIукъым. Iуэху дахэ куэд къызэринэкIащ лIы ахъырзэманым. Ахэр и лъабжьэщ нобэрей республикэм и зыужьыныгъэм. КIуэкIуэм хузэфIэкI къигъэнакъым лъэпкъ куэд щызэхэс ди лъахэм мамырыгъэрэ зэгурыIуэныгъэрэ илъынымкIэ. Къысщохъу а хабзэ дахэр зэи мыкIуэдыжыну къытхуигъэнауэ, зэныбжьэгъугъэр лъэ быдэкIэ республикэм щигъэувауэ.

**НЭЩIЭПЫДЖЭ Замирэ,**
*Адыгэ Республикэм щIыхь зиIэ и журналист*

# КIуэкIуэ Валерэ хужаIахэм щыщ пычыгъуэхэр

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Iэтащхьэу узэрылажьэ илъэсхэм къриубыдэу Уэ къэбгъэлъэгъуащ фи щIыналъэм щыIэ социально-экономикэ, политикэ Iуэхухэр дэхыным жэуаплыныгъэ хэлъу бгъэдыхьэн зэрыхуейм и щапхъэ.

Си фIэщ мэхъу Къэбэрдей-Балъкъэрым дяпэкIи тэмэму зиужьынымкIэ, абы и цIыхухэм я псэукIэр ефIэкIуэнымкIэ, республикэм, зэрыщыту Кавказ Ищхъэрэм лъэпкъ зэгурыIуэныгъэр щыхъумэнымкIэ Уи зэфIэкIыр шэсыпIэу зэрыщытыр.

**ПУТИН Владимир,**
*Урысей Федерацэм и Президент*
*2001*

* * *

Лъэпкъ куэд зэрыс Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэр егъэфIэкIуэным, мамырыгъэмрэ зэгурыIуэныгъэмрэ Кавказ Ищхъэрэм щыгъэбыдэным, Урысей Федерацэм федерализмэмрэ къэралыгъуэмрэ щыгъэлъэщыным Уэ, къэрал лэжьакIуэ икIи политик Iэзэр, илъэс куэд лъандэрэ узэрытелажьэм пщIэрэ щIыхьрэ къыпхуихьащ.

Урысей Федерацэм и Правительствэм пщIэшхуэ хуещI Уи унафэм щIэту екIуэкI лъэпкъ-щэнхабзэ, социально-экономикэ политикэм кърикIуахэм. Абы и фIыщIэкIэ нобэ Къэбэрдей-Балъкъэрыр яхэтщ Урысей Федерацэм и субъекту нэхъ зэпIэзэрыту, псынщIэу зызыужьхэм.

**КАСЬЯНОВ Михаил,**
*УФ-м и Правительствэм и УнафэщI*
*2002*

* * *

Уэ унафэщI IэкIуэлъакIуэу, зи къэухьыр ин, зи щIэныгъэр куу, зэфIэкIышхуэ зиIэ цIыхуущ укъызэрытлъытэр. Къэбэрдей-Балъкъэрым щыпсэухэм, пхуэфащэ дыдэу, Уэ щэнейрэ дзыхь къыпхуащIащ республикэм и Президент къулыкъур икIи а дзыхьыр гъуэзэджэу уогъэпэж.

Уи щIыхьымрэ уи Iуэху бгъэдыхьэкIэмрэ хэлъхьэныгъэшхуэ хуохъу Кавказ Ищхъэрэм щытыкIэр зэпIэзэрыт щыщIыным. ПщIэшхуэ хузощI ди щIыпIэхэм яку дэлъ хъуа зэхущытыкIэфIхэм, зэхудиIэ зэныбжьэгъугъэм срогушхуэ.

**ЛУЖКОВ Юрий,**
*Москва къалэм и Iэтащхъэ*
*2003*

* * *

Уэ уполитик инщ, къэралым, жылагъуэм уралэжьакІуэ хьэлэмэтщ, Урысей Федерацэр зэрыгушхуэ, ар зыгъэбжьыфІэ цІыхухэм уащыщщ. ЗэфІэкІрэ ерыщагъырэ зэрыпхэлъырщ, сыт хуэдэ Іуэхуми псэкІэ узэрыбгъэдыхьэрщ, цІыхухэм я гугъуехьхэмрэ гурылъхэмрэ къызэрыбгурыІуэрщ, республикэм и мызакъуэу, Урысейм и къэкІуэнумкІэ жэуаплыныгъэшхуэ зэрызыхэпщІэрщ Къэбэрдей-Балъкъэрым и щІыхьыр зыІэтар.

Си гугъэмкІэ, Уи лэжьыгъэм иІэ пщІэм и щыхьэт нэхъ нэрылъагъу дыдэщ цІыхухэм дзыхь къызэрыпхуащІыр, къызэрыпкъуэтыр. Абыхэм нэсу зэхащІыкІ япэкІэ пчы дэтхэнэ зы лъэбакъуэми нобэ гугъуехьу пыщІар, дэтхэнэ ехъулІэныгъэми лэжьыгъэрэ узыншагъэу текІуадэр зыхуэдизыр. Уэращ, республикэм и Президентырщ, зэпІэзэрыту, шынагъуэншэу, щІэгузавэ щымыІэу псэунымкІэ цІыхухэм я мурадхэр зрапхыр.

**МАТВИЕНКЭ Валентинэ,**
*Санкт-Петербург къалэм и Іэтащхъэ*
*2004*

* * *



ЕбгъэкІуэкІ политикэ Іущым и фІыгъэкІэ республикэр демократие зэхъуэкІыныгъэхэмрэ экономикэ зыужьыныгъэмрэ я гъуэгум тету ехъулІэныгъэкІэ ипэкІэ мэкІуатэ.

ГъащІэм къыхэпха Іущыгъэр, цІыхухэм зэпымыууэ гулъытэ зэрахуэпщІыр, зэблэкІыгъуэ лъэхъэнэ мытыншым хэкІыпІэ нэхъыфІхэр къыщыбгъуэтыну узэрыхущІэкъур республикэм и цІыхухэм щІэгъэкъуэнышхуэ яхуохъу я нобэри я къэкІуэнури яухуэнымкІэ.

Си дежкІэ гуапэщ ди лъэпкъ зэкъуэшхэм яку дэлъ зэныбжьэгъугъэмрэ зэрызэдэлажьэмрэ уи нэІэ ятету, уи щхьэкІэ ухэту зэрызаужьыр къэзгъэлъэгъуэну.

**ШАЙМИЕВ Минтимер,**
*Тэтэрстаным и Президент*
*2005*

* * *

Дагъыстэнхэр фІыуэ щыгъуазэщ ди щІыналъэм щыпсэу лъэпкъхэм яку дэлъ мамырыгъэмрэ зэгурыІуэныгъэмрэ гъэбыдэным Уэ хэблэжьыхьыр зыхуэдизым.

Ди цІыхубэр хуабжьу къыпхуэарэзыщ, ІэщэкІэ зэщІэуэзэда щІэпхъаджащІэ гупхэр къыщыттеуам къытхуихьа къулейсызыгъэр гъэкІуэдынымкІэ укъызэрыддэІэпыкъуам, республикэм мылъкукІэ зэрызыкъыщІэбгъэкъуам папщІэ. Ди щІыналъэхэм къадекІуэкІ зэкъуэшыгъэмрэ зэгъунэгъугъэ гуапэмрэ гъэбыдэным дяпэкІи узэрытелэжьэнур си фІэщ мэхъу.

**МАГОМЕДОВ Магомед-Алий,**
*Дагъыстэным и Къэрал Советым и УнафэщІ*
*2005*

* * *

Дэтхэнэм и дежкIи мыхьэнэшхуэ иIэщ гъащIэм гъуэгу тэмэм щытеувэнымкIэ чэнджэщэгъу къыхуэхъу цIыхум. КIуэкIуэ Валерэ си дежкIэ апхуэдэт: ар си чэнджэщэгъут икIи унэтIакIуэт, егъэджакIуэт икIи ущиякIуэт. Аращ гъуэгугъэлъагъуэ схуэхъуар Аруан куейм и унафэщIу сыщагъэувами нэхъ иужьыIуэкIи. Щапхъэ схуэхъурт абы дэслъагъу Iуэху зехьэкIэ пэрытыр, хэлъ жэрдэмыр, лэжьыгъэм хуиIэ жыджэрагъыр.

Лэскэн ЕтIуанэ къуажэм щыIэ совхозым, иужькIэ Аруан куейм я унафэщI щыпкъэм и дежкIэ псом нэхърэ нэхъыщхьэр мэкъумэшым епха Iуэхухэрт, щIыпIэм щекIуэкI ухуэныгъэшхуэхэрт. Хьэлэмэтыракъэ, КIуэкIуэр дапщэщи нэсу щыгъуазэт и нэIэ щIэт IэнатIэм щекIуэкI Iуэхугъуэ псоми: зи мыхьэнэр нэхъ инхэми нэхъ цIыкIухэми. Абы фIэфIт езым и нэкIэ псори зригъэлъагъун: ухуэныгъэр зэрырагъэкIуэкIри, еджэныр къызэрызэрагъэпэщари, гъавэр зэрыIуахыжри. Апхуэдэ щытыкIэм зыми Iэмал къритыртэкъым зыщIригъэхыну.

Партым и Аруан комитетым и секретару сыщыхахам щыгъуэ, лэжьыгъэм сыхэзышар, сыт хуэдэ упщIэхэмкIи чэнджэщэгъуу сиIар КIуэкIуэ Валерэщ. Ар си унэтIакIуэ нэхъыщхьэу зэман кIэщIым къриубыдэу куейм щыдухуауэ щытащ «Къэбэрдей-Балъкъэр» джэд фабрикэ иныр, жылэхэм дэтщIыхьащ школхэр, сабий садхэр, щэнхабзэ IэнатIэхэр, нэгъуэщIхэри. Дапщэщи КIуэкIуэр набдзэгубдзаплъэу кIэлъыплъырт ди лэжьыгъэм, ар зэрекIуэкIым, абыхэм хэлъ щыщIэныгъэхэмрэ зыIэрыдгъэхьа ехъулIэныгъэхэмрэ наIуэ къищIу.

1992 гъэм КIуэкIуэр КъБР-м и Президенту хаха нэужь, япэ дыдэ зи Iэтащхьэр игъэувар Аруан куейрат. А къулыкъур зыхуагъэфэщар сэрат. Райкомрэ исполкомрэ щымыIэжу, властыщIэм и лэжьыгъэр зэрыубзыхун хуей щIыкIэм тэмэму дыщымыгъуазэу гугъу дехьащ а лъэхъэнэм. КIуэкIуэм и фIыгъэкIэ нэхъ щIэхыу белджылы къэхъуащ ди унэтIыныгъэхэр икIи Iуэхур махуэ къэс нэхъ зэIубз хъууэрэ зэтеубла хъуащ. Мыхьэнэшхуэ зиIэ унафэ къыщысщтэнухэм деж занщIэу сегупсысырт: «Валерэ дауэ пIэрэт зэрищIынур?» жысIэу. Чэнджэщ сыхуейуэ Налшык сыкъэпсэлъамэ, и Iуэху еплъыкIэр къызжиIэрт, ауэ Iэмал имыIэу апхуэдэу сщIын хуейуэ сыхигъэзыхьыртэкъым.

Иджы щIэх-щIэхыурэ согупсыс: «Апхуэдиз зэфIэкI зыбгъэдэлъа цIыхур ткIийуэ щытауэ пIэрэт?» ТкIийт, ауэ гущIэгъуэншэтэкъым, щышхыди къэхъурт, ауэ и псэлъэгъум и пщIи и нэмыси хэутэн зэи ищIыртэкъым, езым жиIэр сыт щыгъуи захуагъэу икIи абы къытекI мыхъунуи къилъытэртэкъым – акъыл зэхэдзэм пщIэ хуищIырт. Апхуэдэу щытыфынур гъэсэныгъэ екIу, щIэныгъэ куу, цIыхугъэ лъагэ зыхэлъ, зи щхьэм пщIэ хуэзыщIыж, цIыхубэм, щалъхуа щIыналъэм папщIэ куэд зыщIэфыну цIыхурщ. КIуэкIуэр апхуэдэхэм я щапхъэт. Валерэ и акъыл щIэиныр иджыри куэдрэ сэбэп къытхуэхъунущ республикэм щыпсэухэм.

**БОЗИЙ Натбий,**
*КъБР-м и Парламентым и УнафэщIым и къуэдзэ*
*2010*

* * *

Политик цIэрыIуэ, къэрал лэжьакIуэшхуэ, КъБР-м и япэ Президенту щыта КIуэкIуэ Валерэ и лIэныгъэр хэщIыныгъэшхуэщ зи пашэу щыта республикэм и мызакъуэу, Урысей Федерацэ псом и дежкIэ. Щалъхуа щIыналъэм и цIыхубэм я арэзыныгъэкIэ Президенту хаха КIуэкIуэр илъэс куэдкIэ пэрытащ мыхьэнэшхуэ зиIэ а къулыкъу лъагэм. КъыхуащIа дзыхьыр игъэпэжащ политик Iущым. Мамырыгъэм и хъумакIуэу дапщэщи щыта адыгэлIым хузэфIэкIащ, гъунэгъу щIыналъэхэр щызэрызехьэм, Къэбэрдей-Балъкъэрым зэпIэзэрытыныгъэр зэман кIыхькIэ щихъумэн.

Урысей Федерацэми зи пашэ Къэбэрдей-Балъкъэрми КIуэкIуэ Валерэ къыщацIыхуу щытащ къэрал гупсысэкIэ куу зыбгъэдэлъ цIыхушхуэу. Ар щыпсалъэкIэ уигури уи щхьэри абы хуэгъэпсауэ уемыдэIуэн плъэкIыртэкъым, апхуэдизу псалъэм хуэшэрыуэти. Ди республикэм IуэхукIэ къыщыкIуэхэм деж, ди цIыхухэм яхуэмызэу, гуапэу емыпсалъэу зэи кIуэжыртэкъым. Дапщэщи абы жиIэрт Кавказ Ищхъэрэм ис лъэпкъхэр зэрыIыгъыу, зыр адрейм дэIэпыкъуу, зызэщIагъакъуэу псэун зэрыхуейр, къыхигъэщырт дэ дызэгъунэгъу къудей мыхъуу, атIэ икIи зэкъуэшу дызэрыщытыр.

Бгырысхэм цIыхум и гъащIэм хэлъа купщIэр къызэралъытэр дунейм зэрытета илъэсхэркъым, атIэ а зэманым къриубыдэу абы зэфIиха IуэхуфIхэмкIэщ. Мамырыгъэр щIыналъэм щыхъумэным, абы щыпсэу лъэпкъхэм яку зэгурыIуэныгъэ дэлъын я лъэныкъуэкIэ КIуэкIуэ Валерэ ищIа Iуэхухэм я мыхьэнэр къэлъытэгъуейщ, апхуэдизу ахэр инщи.

Къэрэшей-Шэрджэс лъэпкъыбэ республикэм къыбгъэдэкIыу быдэу жызоIэ къэрал лэжьакIуэ ахъырзэманым и фэеплъыр куэдрэ ди гум зэрыщытхъумэнур. КIуэкIуэм и цIэр игъащIэкIи къыхэнащ Къэбэрдей-Балъкъэрым и мызакъуэу, Кавказ Ищхъэрэми Урысей Федерацэми я тхыдэм.

**БАТДЫЕВ Мустэфа,**
*КъШР-м и Iэтащхъэ*
*2005*

* * *

Урысей Федерацэм и политик цIэрыIуэ КIуэкIуэ Валерэ Мухьэмэд и къуэм и гъащIэ псор тыхь яхуищIащ къэралым, цIыхубэм. Уи щхьэ закъуэу ущыткIэ, республикэ щхьэхуэ зыпщIкIэ, къыппэщылъ къалэн къомыр тэрэзу зэфIэха зэрымыхъунур къызыгурыIуэ а унафэщI IэкIуэлъакIуэр сыт щыгъуи хущIэкъуащ ди къэралым и зэкъуэтыныгъэр гъэбыдэным.

Кавказым щыпсэу цIыхухэр ноби хуэарэзыщ КIуэкIуэ Валерэ, Урысей къэралыгъуэр щIэуэ щызэфIэувэж лъэхъэнэм щыгъуэ ФедерацэмкIэ Советым хуэфэщэн лIыкIуэу зэрыщыIам щхьэкIэ. ФIыщIэ хэха яхудощI УФ-м и унафэщIхэм, КIуэкIуэм и лэжьыгъэшхуэр къалъытэу къэрал дамыгъэ лъапIэхэр къызэрыхуагъэфэщам папщIэ. Апхуэдэ гулъытэ лъагэр абы хуэфащэ дыдэт. ПщIэшхуэ щиIащ Валерэ къэрал унафэщIхэм я деж. Ар дунейм щехыжа махуэм

ахэр Къэбэрдей-Балъкъэрым къэкIуауэ зэрыщытар иджыри зэ абы щыхьэт техъуащ.

Лъэпкъ куэд зэрыс Адыгэ Республикэм сыт щыгъуи фIыуэ щалъэгъуащ икIи пщIэшхуэ щиIащ КIуэкIуэ Валерэ. Куэдрэ дигу илъынущ а цIыху щэджащэр, Къэбэрдей-Балъкъэрым, Кавказ Ищхъэрэм зэрыщыту я социально-экономикэ зыужьыныгъэм куэд хуэзыщIар, цIыхубэм псэ къабзэу яхуэлэжьар. ИгъащIэми жаIэ: «ФIы зыщIэм ар и щхьэми, и бынхэми, абыхэм къащIэхъуэ щIэблэми къыпэджэжынущ». Апхуэдэу зэрыхъунум шэч къытесхьэркъым.

**ТХЬЭРКЪУАХЪУЭ Мухьэрбий,**
*Адыгэ Республикэм и Парламентым и Тхъэмадэу щыта*
*2005*

* * *

ЦIыхухэм яку къыдэхъуэ зэхущытыкIэ гуапэхэм щIэдзапIэ яхуэхъур Iуэхугъуэ зэмылIэужьыгъуэщ. КIуэкIуэ Валерэрэ сэрэ псэкIэ зэпэгъунэгъу дызыщIари хьэлэмэтщ.

Зэгуэрым Налшык лэжьыгъэ IуэхукIэ сыкъакIуэу, гу лъыстащ къалэ къыдэлъэдапIэм деж щыт фэеплъышхуэм – бгырыс шууей уардэм и теплъэр къэзыгъэлъагъуэм. КIуэкIуэм сыхуэза нэужь, сеупщIащ а фэеплъым теухуауэ. Республикэм и Президентым къызжиIащ ар 115-нэ шуудей дивизэм хэта зауэлIхэу Хэку зауэшхуэм хэкIуэдахэм я фэеплъу зэрыщытыр. КъызэрыщIэкIамкIэ, Къэбэрдей-Балъкъэрым икIа зауэлIхэр Сталинград деж щызэуащ, куэдми я псэр абдежым щатащ, бийм пэщIэту.

Сыщалъхуа щIыналъэм и щхьэхуитыныгъэм зи гъащIэр щхьэузыхь хуэзыщIа щIалэхэм яхуэсщI фIыщIэ инымрэ щIыхьымрэ щIэдзапIэ хуэхъуащ КIуэкIуэ Валерэрэ сэрэ ди зэныбжьэгъугъэ быдэм. Валери сэри къызэрытлъытэмкIэ, ди къэралым щыпсэухэм яку дэлъ зэныбжьэгъугъэм и лъабжьэр нэхъыбэу къэзымыгъэтIасхъэр Хэку зауэшхуэм и лъэхъэнэм ди цIыхубэм зэрахьа лIыхъужьыгъэ инырт.

Къэбэрдей-Балъкъэрымрэ Волгоград областымрэ яку дэлъ зэпыщIэныгъэхэм, зэдэлэжьэныгъэ куум КIуэкIуэм и фIыгъэ куэд хэлъщ. ЗэтщIылIа зэгурыIуэныгъэм ипкъ иткIэ, 2003 гъэм Налшык къыщызэIутхауэ щытащ «Волгоград» сату унэшхуэр. Ди сату унэм налшыкдэсхэм щащэху унэлъащIэхэр, щыгъынхэр IэфIыкIэ зэмылIэужьыгъуэхэр. БлэкIа илъэсхэм кърихубыдэу къалэдэсхэм къабгъэдэкI фIыщIэ псалъэ куэд зэхэтхащ ди продукцэм и фIагъымрэ уасэхэмрэ ятеухуауэ. Ди къалэми къыщызэIутхыну ди мурадщ «Налшык» сату унэшхуэ. Ди зэпыщIэныгъэхэр гъэбыдэным, егъэфIэкIуэным зи гуащIэ куэд езыхьэлIа КIуэкIуэ Валерэ и фэеплъ нэху ирехъу а IуэхущIапIэр.

ЗэфIиха IуэхуфIхэм, республикэм и зыужьыныгъэм хуищIа хэлъхьэныгъэ иным папщIэ куэдрэ сигу илъынущ цIыхугъэ лъагэрэ псэ къабзэрэ зиIа си ныбжьэгъур.

**МАКСЮТЭ Николай,**
*Волгоград областым и*
*администрацэм и Iэтащхьэ*
*2005*

* * *

КIуэкIуэ Валерэ сэрэ дызэныбжьт (сэ зы мазэм щIигъукIэ сынэхъыжьу арат), ди адэхэри зэныбжьэгъушхуэу щытащ, зэцIэджэгъу дызэрыхъуари абыхэм я унафэт.

Зэгуэрым, 1941 гъэм и гъэмахуэ махуэхэм ящыщ зым, ди адэхэр зэгъусэу зэдэуэршэрурэ уэрамым ирикIуэрт. Мухьэмэд дэплъейри уафэгум щыхуарзэ кхъуухьлъатэм гу лъитащ:

– Хъусен, куэд дэмыкIыу ди гъуэгухэр зырыз хъунущ – Тхьэм ещIэ зауэжьым дыздидзын лъэныкъуэр. Ди зэныбжьэгъугъэм и щыхьэту, щхьэгъусэхэм (тIуми я цIэр Зоет) щIалэ къытхуалъхумэ, абыхэм Валерэ фIэдгъэщ, Чкаловым и щIыхькIэ.

– Содэ, – кIэщIу жэуап итыжащ си адэм.

Апхуэдэуи хъуащ: а илъэсым и сентябрым къалъхуа сэри октябрым дунейм къытехьа щIалэ цIыкIуми Валерэ къытфIащауэ щытащ. Хэку зауэшхуэм хэтащ Мухьэмэди Хъусени, тIури, Тхьэм и шыкуркIэ, псэууэ къэкIуэжащ, щIэх-щIэхыурэ зэкIэлъыкIуэу, зэкъуэшым хуэдэу зэрылъагъуу гъащIэм зэдыхэтащ. Адэхэм я зэхущытыкIэр ди щапхъэу дэри апхуэдэу дыкъызэдэхъуащ. КъБКъУ-м зы зэманым дыщеджащ, ныбжьэгъу пэж дызэхуэхъуащ, сыткIи дызэрыщIэу.

1991 гъэм Къэбэрдей-Балъкъэрым къыщыхъуа зэпэщIэувэныгъэм щыгъуэ КIуэкIуэ Валерэ къыздэгуэшауэ щытащ щытыкIэм хуиIэ гупсысэхэмкIэ. Сэри сахэтащ ар текIыну тезыгъэгушхуахэм. Абы щыгъуэ ича лъэбакъуэм къигъэлъэгъуащ КIуэкIуэм хэлъ лIыгъэр, бгъэдэлъ акъылышхуэр, шыIэныгъэр. Апхуэдэ хьэл-щэн лъагэхэр нэхъ иужьыIуэкIэ цIыхубэм къилъытащ икIи республикэм и япэ Президенту КIуэкIуэ Валерэ хихауэ щытащ.

Мухьэмэд дунейм ехыжыным куэд имыIэжу, тIуми IэплIэ къытхуищIри, къыджиIат: «ГъащIэр сыт хуэдэу къыфхущIэкIми, зэи зыщывмыгъэгъупщэ: фэ тIур фызэкъуэшщ, Хъусенрэ сэрэ дызэрыщытам хуэдэу». А псалъэхэр дэ зэи дигу ихуакъым.

**СЫЖАЖЭ Валерэ,**<br>
*Налшык къалэ исполкомым и унафэщIу,*<br>
*КъБР-м и Президентым и чэнджэщэгъуу щыта*<br>
*2011*

* * *

Тэрч щIыналъэм щыпсэу цIыхухэм зэи дигу ихунукъым КъБР-м и япэ Президент КIуэкIуэ Валерэ Мухьэмэд и къуэр гуапэу къызэрытхущытар. ДызытекIухьа зы Iуэхугъуи гулъытэншэу къигъанэртэкъым абы, ар ухуэныгъэм е мэкъумэшым ехьэлIами, газ бжьамийхэр куейм щыукъуэдииным е сымаджэщ къыщызэIухыным пыщIами. КIуэкIуэм и цIэм епхащ ди щIыпIэм еджапIэщIэхэр къызэрыщызэIуахар, гъуэгущIэ, псэупIэ унэ куэд зэрыщаухуар.

Куейм и промышленностым и Iыхьэшхуэу щыт «Тэрчналмэс» ОАО-м и къэкIуэнум папщIэ гузавэрт КIуэкIуэр. Ар апхуэдизу мыхьэнэшхуэ зиIэ IэнатIэу къилъытэрти, уеблэмэ Москва сымаджэщым зэрыщIэлъым хуэдэу, «Якутия», «Алрос» компаниехэм я лIыкIуэхэмрэ

«Тэрчналмэсым» и унафэщIхэмрэ щыхьэрым щызэхуэзэнур къызэригъэпэщыфат. Дохутырхэм быдэу къыжраIэрт ар сымаджэщым щIэкI зэрымыхъунур, арщхьэкIэ «Сэ псалъэ стащ ахэр зэхуэзгъэзэну», жиIэри, Iуэхур зэфIигъэкIауэ щытащ. Апхуэдэт ар – зи псалъэм тебгъуэтэж, утыку укъизымынэ цIыхут.

Республикэр щытыкIэ гугъум щихуа 90 гъэхэм щIыналъэм мамырыгъэмрэ зэгурыIуэныгъэмрэ хъума щыхъуным Валерэ хуищIа хэлъхьэныгъэр зэи тщыгъупщэнукъым. Ар цыхубэм ягу зэримыхум и щыхьэту зы хъыбар цIыкIу къыфхуэсIуэтэжынщ. КIуэкIуэр Президенту хаха къудейт абы щыгъуэ. Акъбащ Ипщэм ГЭС-р къыщыщызэIутхыжым, КIуэкIуэр едгъэблэгъат абы и саулыкъукIэ къызэдгъэпэща зэIущIэм. Дызэгъусэу дызыдыхьа пщIантIэм иджыри Iуэху гуэрхэр щызэфIагъэкIырт бел зыIыгъ лэжьакIуэ гупым. Президентыр абыхэм ябгъэдыхьэри, гуапэу сэлам ярихащ икIи щIэупщIащ: «БелкIэ улэжьэну гугъукъэ?» «Бел пIэщIэлъмэ нэхъыфIщ, Iэщэ пIыгъ нэхърэ, Валерэ Мухьэмэд и къуэ. ЗэуапIэ IэнатIэ нобэ дызэрыIумытыр уэращ зи фIыгъэри, фIыщIэ ин пхудощI», – къатащ жэуап лэжьакIуэхэм. Ар и щыхьэткъэ атIэ цIыхубэм я дежкIэ, гугъу ехьми, нэхъыщхьэ дыдэр мамырыгъэрэ зэгурыIуэныгъэу зэрыщытым?

Ди щIыпIэм и закъуэкъым Валерэ апхуэдэ къалэнхэр щыщигъэзэщIар. Абы и псалъэм иIэ пщIэр сэбэп хъуащ осетинхэмрэ ингушхэмрэ яку къыдэхъуауэ щыта зэныкъуэкъур гъэтэмэмыжынымкIи, Шэшэным, Дагъыстэным щыщыIа зэпэщIэувэныгъэхэр мамыр щIыжынымкIи. КIуэкIуэр ди республикэм и унафэщI къудейтэкъым, Урысей Федерацэм хыхьэ адрей субъектхэм я унафэщIхэми я пашэт ар. Валерэ щыпсалъэкIэ, абы и макъ лъэщым псори щыму щIэдэIурт. Ар псалъэ къудейтэкъым, атIэ къиIуатэ и гупсысэхэм ящыщ дэтхэнэми едаIуэхэр малъхъэдисым хуэдэу зыщIашэрт, абыхэм яIэ мыхьэнэр языхэми япкърыхьэу.

**ПЭНАГУЭ Максим,**
*Тэрч куейм и администрацэм и Iэташхьэ*
*2007*

* * *

Хэкур – ар цIыхур къыщалъхуа, къыщыхъуа, псэкIэ зыпыщIа щIыпIэщ. Дэтхэнэм и дежкIи щалъхуа щIыналъэр псом нэхърэ нэхъ дахэщ, псом нэхърэ нэхъ IэфIщ. КIуэкIуэ Валерэ и адэжь щIыналъэр Къэбэрдей-Балъкъэрырт. Абы и бгыжь уардэхэм, жыбгъэ фийхэм, псыкъелъэ, къуршыпс уэрхэм, хьэуа къабзэм къарурэ псэщIэрэ къыхалъхьэрт адыгэлIым, IуэхугъуэщIэхэм трагъэгушхуэу, жэрдэмыщIэхэр и гум къыщагъэушу.

Ди япэ Президентым къикIуа гъуэгуанэм нобэ уриплъэжмэ, умыгъэщIагъуэу къанэркъым абы зэфIиха Iуэхухэм я инагъыр, абыхэм яIэ къэралпсо мыхьэнэр. Сыту куэдым хунэсат а политик Iущыр!

Зи республикэр фIыщэу зылъагъу хэкупсэм абы и къэкIуэну дахэр сыт щыгъуи ирипхырт зыхэт къэралыгъуэм и лъэщагъым, и зыужьыныгъэм. Абы иригъэкIуэкI политикэм сыт щыгъуи и лъабжьэр ЦIыху, Унагъуэ, Жылагъуэ, Республикэ, Хэку жыхуиIэ лъапIэныгъэхэрат.

Абыхэм яцыщу КIуэкIуэм гулъытэшхуэ хуищIырт щIалэгъуалэм ядэлэжьэным. Президентыр щIэх-щIэхыурэ яхуэзэрт школакIуэхэмрэ студентхэмрэ, IэщIагъэлI ныбжьыщIэхэмрэ щIэныгъэм япэ лъэбакъуэ щызычахэмрэ, хьэрычэтыщIэ щIалэхэмрэ мэкъумэшым, промышленностым зи зэфIэкI езыхьэлIэхэмрэ. Сыт хуэдэ щIалэгъуалэ фестивалхэр республикэм къыщызэригъэпэщрэт КIуэкIуэм! Гулъытэ хэха яхуищIырт сабий зеиншэхэр щапI унэхэмрэ школ-интернатхэмрэ. Зэ еплъыгъуэкIэ цIыху ткIийуэ къыпщыхъуми, сыт хуэдиз хуабагъэрэ гуапагъэрэ къыпкърыкIрэт абы.

Езым къигъэсэбэпу щыта псалъэжьыр жытIэнщи, «ЗэгурыIуэр щынафэм щIегъанэри, зэгурымыIуэр вым и фэми щIихъумэркъым». Абы Валерэ щIилъхьэ гупсысэр епхат узэрылъагъунумэ, сыт хуэдэ лъэпощхьэпохэри зэран зэрымыхъунум, а гупыж дахэм дэтхэнэ Iуэхугъуэри зэрыхуэбгъэпсыфынум.

ЦIыху щэджащэр хунэсащ и республикэм, Урысей Федерацэм папщIэ куэд ищIэну. А псори абы дэ къытхуигъэнащ щIэин лъапIэу, адэкIэ пытщэн, едгъэфIэкIуэн хуейуэ.

**ВЭРОКЪУЭ Владимир,**
*«Налшык» ОРТК-м и унафэщI,*
*КъБР-м и Къэрал саугъэтым и лауреат*
*2011*

* * *



КIуэкIуэ Валерэ и гъащIэр, шэч хэмылъу, республикэм и тхыдэм и лъэхъэнэ псо мэхъу. УнафэщI щыпкъэм, политик жыжьэрыплъэм, цIыху акъылыфIэм Iуэху зехьэкIэу, дуней еплъыкIэу иIар къытщIэхъуэ щIэблэм я щIэин лъапIэщ.

Дигу къэдвгъэгъэкIыж 1992 гъэм и бжьыхьэр, Советхэм я Унэм и гупэм къит утыкушхуэм цIыхубэм щрагъэкIуэкIа пэкIур. Абы щыгъуэм КIуэкIуэм къыжраIэрт, ар арэзымэ, дакъикъэ 20-м къриубыдэу утыкур зыгъэкъэбзэфын къару зэрыщыIэр. КъБАССР-м и Совет Нэхъыщхьэм и УнафэщIу а зэманым щыт КIуэкIуэ Валерэ идакъым лъыгъажэр зэхиублэн. Абы зэрыжиIамкIэ, япэрауэ, и цIыхубэм IэщэкIэ япэувынукъым, етIуанэрауэ, цIыхухэм епсэлъэн хуейуэ аращ, армыхъумэ езэуэн хуейкъым.

Апхуэдэ акъылышхуэ къыкъуэкIащ а зэманым Къэбэрдей-Балъкъэрым и УнафэщIым. НэгъуэщI унафэ щыIатэмэ, хэт ищIэрэт абы къикIыну бэлыхьхэр сыт хуэдэми. А махуэм абы ича лъэбакъуэмкIэ цIыхубэм я дзыхьыр аргуэру къилэжьащ. А лъэбакъуэращ КIуэкIуэм и политикэ гъащIэр кIыхь, купщIафIэ зыщIар, жылагъуэм я пщIэрэ щIыхьрэ къыхуэзыхьар.

Къэбэрдей-Балъкъэрым икIыу Урысей Федерацэм хыхьэ адрей щIыналъэхэм IуэхукIэ кIуэ лIыкIуэ гупхэм мызэ-мытIэу сахэтащ. А щIыпIэхэм сэ си нэгу щыщIэкIырт ди унафэщIым адрейхэм къыхуаIэ щытыкIэр, къыхуащI пщIэ лъагэр. Апхуэдэхэм деж ди щхьэр нэхъ лъагэу тлъагъуэжырт, ди республикэмкIэ, абы и ПрезидентымкIэ дыгушхуэрт. Дауи, ди щIыналъэм и зыужьыкIэми ныкъусаныгъэ, щыщIэныгъэ гуэрхэри иIэт – апхуэмыдэу хъуркъым. ИтIани, зыми хужыIэнукъым а лъэхъэнэм ди щIыналъэм зэпIэзэрытыныгъэр, ма-

мырыгъэр щытепщэу зэрыщытам КIуэкIуэ Валерэ и фIыгъэшхуэ хэмылъауэ.

**ФЕДЧЕНКЭ Людмилэ,**
*КъБР-м и Жылагъуэ палатэм и унафэщIым и къуэдзэ*
*2010*

* * *

КIуэкIуэ Валерэ и президентыгъуэм и пэщIэдзэмрэ ди республикэм банк IэнатIэщIэхэм зыщаужьын щыщIадза лъэхъэнэмрэ зэрихьэлIауэ щытащ. Дэтхэнэ IуэхущIэми хуэдэу, банк IэнатIэр зэтегъэувэнми куэд пыщIат, абы къыхэкIыу сэ Президентым зыхуэзгъэзэн хуей хъурт. КIуэкIуэм дапщэщи зэман къысхуигъуэтырт икIи гупсэхуу къызэдаIуэрт, сызытекIухьа Iуэхухэр къызыхуэтыншэу зэфIэхынымкIэ чэнджэщхэр къызитырт, хэкIыпIэхэр къилъыхъуэрт, сэбэп къысхуэхъурт.

Куэдрэ дызэIущIэртэкъым дэ, ауэ Iуэху гугъухэр зэтрихьэрти, ди псалъэмакъыр кIыхь хъурт, ди Iуэху еплъыкIэхэр щызэтемыхуи дыщызэдауи къыхэкIыу. Президентыр хуейт республикэм кредитхэмкIэ зыкъыщIэдгъэкъуэну, арщхьэкIэ банк Iуэхур лъэ быдэкIэ ув къудейуэ арати, щIыпIэ экономикэм и зыужьыныгъэм мылъкушхуэ тхухэлъхьэртэкъым. ИтIани, КIуэкIуэр хущIэкъурт дызэхищIыкIыу, зэрыхъукIи сэбэп къытхуэхъуну.

Къэралыр рынок зэхущытыкIэм щыхуэкIуам щыгъуэ, дэнэкIи хуэдэу, ди республикэм и цIыху куэд тхьэмыщкIагъэм хэхуат. Абыхэм «гугъапIэу диIэжыр уэращ, Президент» жаIэу лъэIукIэ КIуэкIуэм зыкъыщыхуагъазэр мащIэрэтэкъым, ауэ дапщэщи ар хущIэкъурт лъэIуакIуэ къыхуэкIуа цIыхум сэбэп хуэхъуну. Республикэм и бюджетыр къыщащтэкIэ, щхьэхуэу хригъатхэрт зыхузэфIэкIхэм а Iуэхум трагъэкIуэдэнур. ИужькIэ си жэрдэмкIэ «Налшык» банкым къыщызэдгъэпэщауэ щытащ республикэ псапащIэ фонд, КIуэкIуэр и унафэщIу, сэ сригъэзэщIакIуэ директору. ЩIыналъэм щыпсэу хьэрычэтыщIэхэр зэхуэтшэсри депсэлъащ, хэт сыт хуэдэ псапэ илэжьыфынуми дубзыхуу. КъызэрыщIэкIымкIэ, куэд хуейт я мылъку хьэлэлым сэджыт хагъэкIыну. Ахэр ди псапащIэ фондым къагъэхьу хуежьащ икIи КIуэкIуэр зыдэIэпыкъуфхэм я бжыгъэм хэхъуащ.

ЛъэIуакIуэ къыхуэкIуэхэм я тхьэусыхафэхэм щедаIуэкIэ, Валерэ и гум ежалIэрт абыхэм ятелъ гугъуехьхэр. Псом хуэдэжтэкъым абы быным щхьэкIэ нэпс щIэзыгъэкI анэ илъагъуныр. Дауэ ищIми, абы зыгуэркIэ зыщIигъэкъуэнут. Хэку зауэшхуэм и ветеранхэми апхуэдэ дыдэу гу итхьэщIыкIауэ яхущытт КIуэкIуэр. Абы сыт щыгъуи жиIэрт текIуэныгъэр къытхуэзыхьа цIыхум хуэмыфащэ фIыщIэ щымыIэу.

Фондыр зэрылэжьа илъэситхум къриубыдэу республикэм и цIыхухэм защIэдгъэкъуэным тедгъэкIуэдауэ щытащ сом мелуан 18. Сэбэп дызыхуэхъу цIыхухэм гъэ къэс къахэхъуэрт 80-м къыщыщIэдзауэ 100-м нэс.

СызэригугъэмкIэ, КIуэкIуэ Валерэ ирихьэжьа IуэхуфIхэм адэкIи зегъэужьын, пыщэн хуейщ. Ахэр хъунущ а цIыху жумартым и фэеплъ нэс.

**ЭНДРЕЕВ Борис,**
*«Налшык» банкым и правленэм и унафэщI*
*2005*

* * *

КIуэкIуэ Валерэ Мухьэмэд и къуэр щIэныгъэ, гъэсэныгъэ, акъылышхуэ зыбгъэдэлъ цIыху зэпIэзэрытым, унафэщI щыпкъэм и щапхъэщ. Абы сыщыдэлэжьа илъэси 5-м сроплъэжри, къызгуроIуэ ар гъащIэм и лъэныкъуэ куэд зи Iуэху зехьэкIэкIэ зэуэ къызэщIэзыубыдэф унафэщIхэм, гупсысэ куу зыбгъэдэлъ политикхэм ящыщу зэрыщытар.

Къэбэрдей-Балъкъэрым спортымрэ физкультурэмрэ зыщегъэужьыным гулъытэшхуэ хуищIырт КIуэкIуэм. 2004 гъэм абы къыдигъэкIауэ щыта унафэм, «КъБР-м и спортсменхэм папщIэ стипендиехэр гъэувыным, абыхэм мылъкукIэ ядэIэпыкъуным теухуауэ» жыхуиIэм, мыхьэнэшхуэ иIащ щIыналъэм ису спортым дихьэх щIалэгъуалэм я лъэр нэхъ жан щIынымкIэ, ахэр текIуэныгъэщIэхэм тегъэгушхуэнымкIэ. ЩIалэгъуалэм щепсалъэкIэ, КIуэкIуэ Валерэ хэлъ фIэщхъуныгъэ дахэхэр, хъуэпсапIэхэр адрейхэми я гум ирилъхьэфырт. Апхуэдэт ар: жылагъуэр IуэхуфIхэм къыхуриджэу, езыри абыкIэ щапхъэ хъууэ.

ЩIэблэ узыншэ республикэм къихъуэным, щIалэгъуалэр Iуэхугъуэ мыфэмыцхэм демыгъэхьэхыным теухуауэ КIуэкIуэм иIа гупсысэхэр ноби гъащIэм хэпщэн хуейщ.

**КЪАРДЭН Мурат,**
*КъБР-м щIалэгъуалэ Iуэхухэмрэ спортымкIэ и министр,*
*Олимп чемпион*
*2006*



**УФ-м и Президент Путин Владимир къерегъэблагъэ.** *2001*





**Зумакулов Борисрэ КIуэкIуэ Валерэрэ.** *1990*



*СэмэгумкIэ къыщыщIэдзауэ:* **Джарым Аслъэн, КIуэкIуэ Валерэ, Нэхущ Заурбий сымэ.**





**КIуэкIуэ Валерэрэ Иордан Хьэшимит пащтыхьыгъуэм и принц Алий бен-Хъусейнрэ.** *1997*

2 Заказ №2339

# IУЛЫДЖ ЗИIЭ

ЦIыху гъуэзэджэщ дэ тфIэкIуэдар. А гуауэм и хьэлъагъри, КIуэкIуэ Валерэ ищIа Iуэхухэм я инагъри, абы тхыдэм мыхьэнэшхуэ иIэу щигъэзэщIа къалэнри нэсу щызыхэтщIэнур зэман дэкIа нэужьщ. А лъэхъэнэм апхуэдэ политик Iущ, лэжьыгъэм и пIалъэ зыщIэ республикэм и Iэтащхьэу щымытамэ, къэхъунур нэгум къыщIэгъэхьэгъуейт.

Урысей Федерацэм и субъектхэм я Iэтащхьэхэм я зы зэхуэси екIуэкIыртэкъым КIуэкIуэ Валерэ и лэжьыгъэ купщIафIэ хэмылъу. Зэзэмызэххэ иримыхьэлIамэ, абы щыжамыIа, щызэфIамыгъэкIа гуэр къэнауэ къыпщыхъурт.

Сэ ар щызэзгъэцIыхуар республикэм и «Сельхозтехника»-м и унафэщIу, сэ «Нальчикский» совхозым и парт зэгухьэныгъэм сриIэтащхьэу щыщыта лъэхъэнэрщ. КIуэкIуэр унафэщI гъуэзэджэу зэрыщытым къыщымынэу, зэрыцIыху щыпкъэр къэсщIэну къыщысхуихуар иужькIэщ, партым и Бахъсэн райкомым и япэ секретару сыщыхахарщ. Валерэ абы щыгъуэ партым и обкомым и секретарт, мэкъумэш IэнатIэр и нэIэ щIэтт. Абы и чэнджэщхэр уасэншэт: лэжьыгъэм и пIалъэ зыщIэ IэщIагъэлIым сыт хуэдэ Iуэху гугъуми и хэкIыпIэр къигъуэтыфырт, ар зэфIэха зэрыхъуну Iэмалыр къыбжиIэрт.

Къэбгъэлъагъуэмэ, республикэм дежкIэ КIуэкIуэ Валерэ иIэ мыхьэнэр и кIэм нэсу къыщызгурыIуар КъБР-м и Правительствэм и УнафэщIым и къуэдзэ сыщыхъуарщ. Экономикэ и лъэныкъуэкIэ гугъуехь гуэрхэм дыхэтами, адрей щIыналъэхэм цIыхухэр зэрыщыпсэум нэхърэ мынэхъ Iейуэ дыдейхэри зэригъэпсэуным Iэмал къыхуигъуэтыфырт абы. А зэманым Iуэху мыщхьэпэхэр щекIуэкI Шэшэным, Ингушым, Осетием къаухъуреихь Къэбэрдей-Балъкъэрым хэтыт ахъшэ къыхэзылъхьэнур? Ауэ щыхъукIи, щIыналъэхэм псэукIэр зэтес щыщIыжыныр Iэпэдэгъэлэл ищIат къэралым. ЦIыхухэр нэхъ къулейуэ зэригъэпсэуным иужь итт ди Президентыр. Абы щыхьэт тохъуэ республикэм къыщалъху ныбжьыщIэхэм Сбербанкым счет къащыхузэIухыныр къызэрыхилъхьар.

ЛэжьыгъэкIэ сызэрыпыщIам нэмыщIи, унагъуэкIэ дызэкIэлъыкIуэрт. Валерэ и щхьэгъусэ Виолеттэ унэгуащэ къызэрымыкIуэщ: губзыгъэщ, хьэлэлщ, гуапэщ. ИкIи я нэхъ пщафIэ Iэзэм текIуэфыным хуэдэу сытым дежи IэфIу пщафIэрт. Я адэ-анэм я дуней тетыкIэм иригушхуэ сабийт а унагъуэм къыщыхъухэр. Я адэр республикэм и пашэт, и къулыкъум и закъуэтэкъым, атIэ и цIыху щIыкIэмкIи апхуэдэт, я анэр унагъуэ жьэгур зэтезыIыгъэ бзылъхугъэ нэст.

НэгъуэщIым зэи лей ирихынутэкъым Валерэ. Езым и теплъэ уардэм щхьэкIэ гу быдэу къыпщыхъуми, гу пцIанэт, цIыхум игу хэщIу, псом хуэмыдэу сабийхэр зыхуей хуэныкъуэу телевизоркIэ илъэгъуамэ, и нэпсыр къыфIекIуэрт. Апхуэдэ дыдэуи уи гуауэр къыбдигъэпсынщIэнут, ущыхуэныкъуэхэм деж къыплъэIэсынут. ЗыгуэркIэ уелъэIуауэ: «ЗэфIэзгъэкIынщ» жиIамэ, абы шэч къыщIытепхьэжын щыIэтэкъым, Iуэхур и кIэм нигъэсынут. Валерэ щIыуэпсыр фIыуэ илъагъурт, абы и псэр щытыншын щхьэкIэ щакIуэ кIуэрт, ауэ зы псэущхьи еуэфынутэкъым игу щIэмыузу.

ЛэжьыгъэкIэ мыхъуу, куэдрэ дызэхуэзэрт Валерэ сэрэ. Ауэ итIани ар сигу къызэринэжар политик Iэзэущ, унафэщI гумызагъэущ. Дахэу псалъэрт ар. Къэралым щыцIэрыIуэ политикхэр куэдрэ щытхъуу зэхэсхащ КIуэкIуэм: и гупсысэхэм я кууагъымрэ и псалъэм иIэ пщIэмрэ умыгъэщIэгъуэн плъэкIыртэкъым. Ар зэи къеджэртэкъым хуагъэхьэзыра тхыгъэм. ЛэжьапIэм щыхунэмысмэ, жэщ псом щысынут ар зэригъэзэхуэжу. Къэзыухъуреихь псоми и дзыхь яригъэзырт абы. Ауэ Iуэхур и кIэм нумыгъэсу идэнутэкъым. Къуаншагъэ зылэжьами хуэфащэр лъысырт, ауэ игу Iей къыхуинэртэкъым. Щыуагъэр гъэзэкIуэжынымкIи дэIэпыкъуырт.

КIуэкIуэм и тетыгъуэращ КъБР-м и Парламентыр ухуэныр зрихьэлIар. Депутатхэм пщIэшхуэ яхуищIырт, абыхэм щIэх-щIэхыурэ яхуэзэныр пщэрылъ зыщищIыжат. Сыт хуэдэ унафэ къащтэми, езыр абы зэреплъыр къигъэлъагъуэрт икIи кууэ зыщигъэгъуазэрт. Езым жиIэм къытемыхуэIами, едэIуэнут, захуэмэ, арэзы дэхъунут.

Валерэ мыхьэнэшхуэ зритхэм ящыщт егъэджэныгъэр. Ди щIэблэр дуней псом щыцIэрыIуэ еджапIэ нэхъыщхьэхэм щIэтIысхьэфын хуейуэ къилъытэрт. Егъэджэныгъэм щIэуэ къыхыхьэ технологиехэм я мыхьэнэр къыгурыIуэрт абы икIи ахэр ди республикэм иIэ зэрыхъуным хущIэкъурт, щIэблэм Iэмал нэхъыбэ яIэн папщIэ.

Лъэпкъ зэхэгъэж ищIыртэкъым КIуэкIуэм. Мыхьэнэшхуэ иритырт гъунэгъу хэгъэгухэми, Урысейм и щIыналъэ нэхъ жыжьэхэми республикэр зэрыдэлэжьэным теухуа зэгурыIуэныгъэхэм. Экономикэ и лъэныкъуэкIэ фейдэшхуэ къыпэмыкIуэми, щIыналъэхэм зэхущытыкIэфIхэр я зэхуаку къызэрыдэхъуэм иригуфIэрт.

Валерэщ Къэбэрдей-Балъкъэрым, Къэрэшей-Шэрджэсым, Адыгейм я парламент ассоциацэ къызэгъэпэщыным жэрдэмщIакIуэ хуэхъуар. Абы и зэIущIэхэм республикэхэм я Президентхэр, Правительствэхэм я унафэщIхэр щызэхуэсырти, зэкъуэш щIыналъищым я зэхуэдэ гугъуехьхэм я хэкIыпIэ хъунум щытепсэлъыхьырт. Псом хуэмыдэу гулъытэ нэхъыбэ зыхуащIыр лъэпкъхэм я зэхуаку дэлъ зэгурыIуэныгъэрт. А Iуэхум гулъытэшхуэ хуищIырт КIуэкIуэм икIи зы лъэпкъми и жагъуэ зэримыщIыным яужь итт. 1991-1993 гъэхэм абы къигъэлъэгъуа Iущагъымрэ шыIэныгъэмрэ умыгъэщIэгъуэн плъэкIыркъым. А Iуэхур зи нэгу щIэкIахэр иджыпсту щегупсысыжкIэ, мыхьэнэшхуэ имыIэу къащохъу, ауэ абы щыгъуэ щытыкIэр хуабжьу узыгъэгузавэт. А лъэхъэнэм КIуэкIуэм къыкъуэкIа шыIэныгъэмрэ Iуэху бгъэдыхьэкIэмрэ, тегушхуэныгъэмрэ ткIиягъымрэ фIы куэд къихьащ.

А щытыкIэ гугъум республикэр КIуэкIуэ Валерэ къришауэ зэрыщытам и Iулыджыр иIэтауэ къысщохъу. Ар политик Iэзэу щымытамэ, ФедерацэмкIэ Советым и УнафэщIым и къуэдзэ къулыкъур къылъагъэсыну къыщIэкIынтэкъым.

**НЭХУЩ Заурбий,**
*УФ-м и Жылагъуэ палатэм хэт*
*2009*

# ЦIЫХУБЭМ Я ПАШЭ

Куэдрэ яужь сихьащ КIуэкIуэ Валерэ теухуа гукъэкIыжхэр стхыну, ауэ зыри къикIыртэкъым... Иджы ар къызэрытхэмытыжым кърикIуэ гурыщIэхэмрэ гупсысэхэмрэ куэд мэхъури, къалэмыр къэзмыщтэу схуэшэчынукъым. А цIыху гъуэзэджэр зэрыщымыIэжым гум тридза уIэгъэр куэдрэ хъужынукъым, абы къыхэкIыуи гукъэкIыжхэри зэхуэхьэсыгъуейщ.

Си гъащIэм и Iыхьэ щанэм – илъэс тIощIым нэблагъэм – сыдэлэжьащ сэ КIуэкIуэ Валерэ. Абы и фэеплъым си пащхьэм къригъэувэ къалэныр нэхъ куущ а гукъэкIыжхэм нэхърэ, сыт щхьэкIэ жыпIэмэ а илъэсхэм ар си дежкIэ ауэ лэжьэгъу къудейуэ мыхъуу, гъащIэм къыщысщхьэпэжын дерс куэд къызэзыт егъэджакIуэфIу къысхущытащ.

КIуэкIуэмрэ сэрэ 1987 гъэм дызэрыцIыхуащ. Сэ а зэманым партым и Налшык къалэ комитетым и япэ секретару сыхахат. Езыр КПСС-м и обкомым мэкъумэш IэнатIэмкIэ и секретару лажьэрт. А зэманым куэдрэ дызэрихьэлIэртэкъым, дызэрызэхуэзэри лэжьыгъэ IуэхукIэт. ЗэгурыIуэныгъэ ди зэхуаку дэлът, дыщIалэт, ди къару илъыгъуэт.

Куэд дэмыкIыу КIуэкIуэр хахащ партым и обкомым и етIуанэ секретару, иужьыIуэкIэ япэ секретару, итIанэ КъБАССР-м и Совет Нэхъыщхьэм и УнафэщIу. Абдежым къыщыщIэдзауэ махуэ къэс жыхуаIэм хуэдэу дызэхуэзэрт, зэгъусэу дызэлэжь Iуэхугъуэхэри кIуэ пэтми нэхъыбэ хъурт. 80 гъэхэм лэжьахэм нэхъыфIу къагурыIуэнущ зи гугъу сщIы лъэхъэнэр: плъагъуурэ зэхэкъутэ къэрал мэкъумэш IэнатIэр къызэредгъэлыным яужь дитт.

Дыкъызыщыхута щытыкIэр уи нэгу къыщIэбгъэхьэн къудейри хьэлъэт: ерыскъыр, хьэпшыпхэр талонкIэ гуэшын хабзэр ди гъащIэм хэпщIа хъуат, тыкуэн нэщIхэм цIыхухэр щызэблэурт, политикэми мыгурыIуэгъуэ куэд хэлът.

А зэман мытыншым зэхэтащ партым и обкомым и бюром и зи мычэзу зэхуэсыгъуэр. КIуэкIуэм абы къыщыхигъэщащ екIуэкI Iуэхугъуэхэм къагъэув къалэн нэхъыщхьэр – къэрал унафэр IэщIэлъыну е партыр, е Советхэр къыхэхын. Езым къыхихар республикэм и Совет Нэхъыщхьэм и УнафэщI къулыкъурщ. Дэри, горкомхэм, райкомхэм я секретархэр абы дыкъыхуриджащ. Ауэ сэ парт лэжьыгъэр къызэрызмыгъэнэнур къезгъэщIащ.

Тэлай дэкIауэ, 1991 гъэм республикэм и Президент хэхыныгъэхэм хэтыну мурад щищIам, Валерэ зыкъысхуигъэзауэ щытащ мыпхуэдэ псалъэхэмкIэ: «Уэ купщIэ уиIэщ! Сэ сыбдэлэжьэну сыхуейщ».

Псори дызэрыщыгъуазэщи, екIуэкIа хэхыныгъэхэм КIуэкIуэ Валерэ Президенту, сэ вице-президенту дыхахат. Абы щыгъуэм дэ ди пщIыхьэпIи къыхэхуэртэкъым ди къэралыр зэхъуэкIыныгъэ хьэлъэхэм я пащхьэм къиихутэну. А лъэхъэнэр зэрыхьэлъам тхыдэджхэр нэхъ IупщIу тетхыхьыжынщ. Дэ жэщи махуи димыIэу дылэжьащ, республикэщIэ духуэу.

1992 гъэм и сентябрь мазэм щIидзэри, цIыхухэм я зэпэщIэувэныгъэшхуэ Советхэм я Унэм деж махуипщIкIэ щекIуэкIащ. Япэу хаха Президентыр и IэнатIэм пэрыувэным зэран хуэхъун мурадкIэ зэхаублауэ арат ар. КIуэкIуэм абы щыгъуэ хузэфIэкIынут езым лъэ-

никъуэ зригъэзу, цIыху губжьахэр гъэсабырыныр нэгъуэщIхэм я пщэ ирилъхьэну. Ауэ абдежым къыщигъэлъэгъуащ ар зэрыполитик IэкIуэлъакIуэр.

Зи гугъу сщIыж махуэ пIейтейхэм Правительствэм и Унэр хъуат республикэм и унафэщIхэмрэ Москва къикIа дзэпщхэмрэ я штаб. Махуэ ебланэм штабым унафэ къищтащ зэпэщIэтыныгъэр къарукIэ ягъэуужьыхыну. Унафэм КIуэкIуэ Валерэ Iэ щIидзын хуейт. А дакъикъэм абы и гущIэм щекIуэкIа псор и нэгум иплъагъуэрт икIи абы гу лъызытахэм зэи ящыгъупщэжынкъым а теплъэгъуэр. НапIэзыпIэм и нэгур мывэм хуэдэу жат, псэлъэн щIидзэри, и псалъэхэм я къарур псоми зыхащIат: «Абдежым щызэхэтыр си цIыхубэщ, зыми хуэздэнкъым абыхэм фочыпэ ятригъэпсэну».

ЗэпэщIэтыныгъэр зауэ-банэ къыхэмыхуэу зэфIэкIащ. КIуэкIуэм къигъэлъэгъуащ и псалъэр зэрыкIуэцIригъэкIыфыр, шыIэныгъэрэ гущIэгъурэ зэрыхэлъыр.

КIуэкIуэм хэлъа нэгъуэщI хьэл-щэныфIхэми я гугъу сщIыну сыхуейт. Ар зэхуэдэу яхущытт лъэпкъ зэмылIэужьыгъуэхэм къахэкIа цIыхухэм. Абы зэи щыгъупщэртэкъым республикэм лъэпкъ куэд зэрыщызэдэпсэур. Ар цIыхухэм фIыуэ къагурыIуэрт, ялъагъурт, абы къыхэкIыуи цIыхубэм я пашэм хуэфащэ пщIэ къыхуащIырт.

КъБР-м и Президент IэнатIэм КIуэкIуэм къыщигъэлъэгъуащ политикэ зэчий ин зэрыбгъэдэлъыр. ЦIыху щхьэхуэхэр зыгъэпIейтейхэр абы къэралпсо Iуэхум хуигъадэрт, дэтхэнэми хэкIыпIэ пэж къахуигъуэту. Абы къыхэкIыуи Кавказ псом КIуэкIуэр къыщалъытэрт цIыхубэм я пашэу.



ГъащIэм сыхуэарэзыщ КIуэкIуэ Валерэ хуэдэ цIыху гъуэзэджэм сызэрыхуишамкIэ. Дяку дэлъащ нэгъэсауэ цIыхухъу зэныбжьэгъугъэр, ди хъуэпсапIэхэр зэтехуэрт, ахэр зэрызыIэрыдгъэхьэн Iэмалхэр зэгъусэу къэтхутэрт.

КIуэкIуэр зыпэрыт IэнатIэм хуэпэжу псэухукIэ лэжьащ. Зихъумэжакъым, ар хузэфIэкIын пэтрэ. Ди жагъуэ зэрыхъунщи, ар иджы къытхэтыжкъым, ауэ и псалъэхэр, и IуэхущIафэ дахэхэр ди тхыдэм лъэужьыншэ щыхъуакъым.

**ГУБИН Геннадий,**
*КъБР-м и Правительствэм и УнафэщIу щыта*
*2005*

## НАСЫПУ КЪИЛЪЫТЭРТ

1990 гъэм и март мазэм сэ сыхъуащ КъБР-м и Совет Нэхъыщхьэм и 12-нэ зэхуэсым и цIыхубэ депутат. Парламентархэм ди япэ зэхуэсым ди пашэу хэтхауэ щытащ КIуэкIуэ Валерэ Мухьэмэд и къуэр. Нэхъ ипэIуэкIэ сызыпэрыта IэнатIэр жылагъуэ-политикэ лэжьыгъэм пэжыжьэти, КIуэкIуэр апхуэдэу гъунэгъуу сцIыхуртэкъым. СщIэрт ар зэрыIэщIагъэлI щыпкъэр, лэжьыгъэм и къызэгъэпэщакIуэ IэкIуэлъакIуэу зэрыщытыр, цIыхубэр къызэригъэдэIуэфыр.

Ди япэ зэхуэзэхэм щыгъуэ псом нэхърэ нэхъ сигу къинар и макъ пхъашэрт. Валерэ щыпсалъэкIэ, микрофони хуейтэкъым – псэлъэн зэрыщIидзэу, Совет Нэхъыщхьэм и депутати 160-р зэуэ щым хъурти, абы едаIуэрт.

Ди Совет Нэхъыщхьэм и иужьрей зэхуэсыр щекIуэкIар къэралым и дежкIэ лъэхъэнэ гугъуу щытахэм ящыщщ. Демократие зэщIэхъееныгъэхэм щIидзэрт, лъэпкъхэм я хэкупсэ къуэпсхэм псэщIэ къахыхьэжырт. КъызэрыслъытэмкIэ, Кавказ Ищхъэрэм хыхьэ щIыналъэхэм ящыщу Къэбэрдей-Балъкъэрым япэу къытрагъэпсат зэрыхьзэрийм и Iэщэ шынагъуэр. А махуэхэр ноби куэдым дощIэж: зэщIэхъееныгъэм и жэрдэмщIакIуэхэм цIыхубэр Iэщэ къащтэным къыхураджэрт, икIи, хэт ищIэрэ, зауэ дыди къэхъункIэ хъунут, КIуэкIуэ Валерэ и акъылыфIагъымрэ зэпIэзэрытыныгъэ лъэщымрэ мыхъуамэ. И къулыкъум щытекIым щыгъуэ абы жиIа псалъэхэр иджыри си тхьэкIумэм итщ: «Мамырыгъэмрэ зэгурыIуэныгъэмрэ папщIэ, республикэм и цIыхухэм лъы ямыгъэжэн щхьэкIэ».

ЛIыгъэ ин къыкъуэкIащ абы щыгъуэ КIуэкIуэм. Апхуэдэ лъэбакъуэ зымычыфын къулыкъущIэ куэд щыIэщ, я щхьэ Iуэхумрэ зытекI хъуну я мыгугъэ Iуэху еплъыкIэхэмрэ япэ ирагъэщу. Валерэ нэгъуэщIт: депутатхэм я нэхъыбапIэр къыдэщIми, зэрыхьзэрийр зэригъэувыIэн къарурэ зэфIэкIрэ иIэми, утым ит цIыху губжьахэм япэувакъым. Дэри къэралым и унафэщIхэми къэтлъытащ КIуэкIуэ Валерэ абы щыгъуэ ди республикэм и мызакъуэу, Кавказ Ищхъэрэри лъыгъажэ зауэм пэIэщIэ ищIауэ, щIыналъэм и пщIэри езым и нэмысри къиIэтауэ.

Зэман дэкIри, цIыхубэм я арэзыныгъэкIэ КIуэкIуэ Валерэ хъуащ Къэбэрдей-Балъкъэрым и япэ Президент. Абы и цIэм епха хъуащ ди щIыналъэм щыщыIа зэпIэзэрытыныгъэр, мамырыгъэр, лъэпкъхэм яку дэлъ зэгурыIуэныгъэ дахэр, нэгъуэщIхэри. Къэрал ухуэныгъэм ехьэлIауэ КIуэкIуэм и Iуэху еплъыкIэщIэхэмрэ лэжьыгъэ зегъэкIуэкIэ мардэхэмрэ гъунэгъу республикэ куэдым щапхъэ, гъуэгугъэлъагъуэ яхуэхъуащ. Зихуэдэ щымыIэт абы и проектхэу егъэджэныгъэр, узыншагъэр, щIыпIэ самоуправленэр егъэфIэкIуэным ехьэлIахэр.

Къыхэзгъэщыну сыхуейт мы зы Iуэхури: КIуэкIуэ Валерэ и фIыгъэ куэд хэлъщ сэ сызыщыщ балъкъэр лъэпкъым хуэфэщэн увыпIэрэ пщIэрэ зэригъуэтыжам. УФ-м и Президентым балъкъэр лъэпкъым къылъыса лейм щхьэкIэ «къытхуэвгъэгъу» псалъэр къызэрыджиIари, шэч хэмылъу, зи фIыгъэр КIуэкIуэрщ. Аращ балъкъэр лъэпкъыр къэщIэрэщIэжыным и махуэшхуэр гъэлъэпIэным щIэдзапIэ езытари.

Егъэлея мыхъуну къысщохъу, КIуэкIуэ Валерэ езыр псэууэ и фэеплъыр иухуэжауэ жысIэмэ, зи унафэщI щIыналъэм хиубыдэ жылэ псоми газ зрикIуэ бжьамийхэр щригъэукъуэдиям щыгъуэ. СощIэж: Балъкъэр Ипщэ къуажэм газыр щаутIыпщ махуэм и саулыкъукIэ къызэрагъэпэща гуфIэгъуэ пэкIум дыхэтт дэ тIур. ГуащIэрыпсэухэм я псэукIэр зэрефIакIуэм апхуэдиз дэрэжэгъуэ КIуэкIуэм къритати, и нэгум насыпыр кърихырт. Абы щыгъуэ иджыри зэ хьэкъ сщыхъуащ зэIущIэ нэужьым абы къызжиIа псалъэхэр гумрэ псэмрэ къабгъэдэкI хуабагъэу зэрыщытыр: «Сыту насыпышхуэ уи цIыхухэм къулыкъу яхуэпщIэфу, абыхэм сэбэп уахуэхъуфу упсэуну».

**БЕЧЕЛОВ Ильяс,**
*КъБР-м и Парламентым и Тхьэмадэ*
*2006*

# ЗЭФIЭКIЫШХУЭ БГЪЭДЭЛЪГ

ЦIыхур къыщыпхэмытыжым дежщ ар зыхуэдар къыщыпщIэр. Зэман нэхъыбэ дэкIыхукIэ, нэхъ IупщI мэхъу КIуэкIуэ Валерэ ди республикэм, Урысей Федерацэ псом я зыужьыныгъэм хуищIа хэлъхьэныгъэ иныр. Сэ си насып кърихьэкIащ а цIыху гъуэзэджэм и гъусэу илъэс 20-м щIигъукIэ сылэжьэну.

Дызэрыстудентрэ дызэрыцIыхурт дэ тIур. ИлъэситIкIэ сяужь иту КъБКъУ-м и мэкъумэш факультетым ныщIэтIысхьа КIуэкIуэ Валерэ адрей и ныбжьэгъухэм куэдкIэ къахэщыртэкъым – щIалэ Iэдэбт, щэхут, акъылыфIэт, ауэ и ныбжьым хуумыгъэфэщэну гъащIэм хищIыкIыу къыпщыхъурт. КъызэгъэпэщакIуэ зэфIэкIхэр а лъэхъэнэм къызыкъуихакъым абы. КъызэрысфIэщIымкIэ, а зэчиишхуэр абы къыщыхуэкIуар Москва аспирантурэр къыщиухыу, кандидат диссертацэри ехъулIэныгъэкIэ пхигъэкIыу лэжьэн щIидза нэужьщ. Ар зи унафэщI ящIауэ щыта хозяйствэр езым хуэдэхэм къахэщыртэкъым, арщхьэкIэ зэман кIэщIым къриубыдэу и цIэр фIыкIэ къраIуэу хуежьащ, республикэ бюджетми хэлъхьэныгъэфIхэр зэрыхуищIын къаруи иIэ хъуащ. А лъэхъэнэм абы дэлэжьахэм жаIэжырт, хуей хъумэ, Валерэ и Iэщхьэлъащхьэр дэхьеяуэ тракторым, комбайным тетIысхьэрэ адрейхэм къакIэрымыхуу къалэн игъэзащIэу щытауэ.

Iуэху зехьэкIэ пэрыт, цIыху хэтыкIэ дахэ зиIэ, жэуаплыныгъэ хэлъу лэжьыгъэм бгъэдэт щIалэщIэм и пщэ иралъхьэ сыт хуэдэ къалэнри щытхъу пылъу зэригъэзэщIэным хущIэкъурт икIи ар къехъулIэрт. Абы пщIэ къыхуащIырт адрей республикэхэм я пашэхэми. Хуабагъ гуэр хэлъут абы Мэлбахъуэ Тимборэ къызэрыхущытри. Зэзэмызэ къемыхъулIэIами, адэр къуэм зэреущием хуэдэут зэрешхыдэр. Е зыгуэрым и къалэн имыгъэзэщIамэ, ар КIуэкIуэм пщэрылъ хуищIырти, псоми къагуригъаIуэрт къытегъазэ имыIэу а Iуэхур зэфIэха зэрыхъунур. Языныкъуэхэм жаIэрт Мэлбахъуэм и ныбжьэгъум и къуэм гулъытэ хэха хуищIу, ауэ, сэ сызэригугъэмкIэ, а цIыху акъылыфIэм икIи жыжьаплъэм КIуэкIуэм бгъэдэлъ зэфIэкIышхуэхэм пасэу гу лъитауэ къыщIэкIынут. Зэманым пхыплъу къищIами ярейт абы щIалэщIэм республикэ тхыдэм увыпIэшхуэ зэрыщиубыдынур.



Сыт хуэдэ Iуэхушхуэ кърихьэжьэми, гу лъумытэнкIэ Iэмал иIэтэкъым ди япэ Президентым бгъэдэлъ зэфIэкIым. А политик IэкIуэлъакIуэм лъэкIыну псори наIуэ къыщыхъуащ ар ФедерацэмкIэ Советым и УнафэщIым и къуэдзэу щыщытам. ЖыпIэнурамэ, Урысей Ипщэм хыхьэ щIыналъэхэм я унафэщIхэм ящыщу зи ныбжькIэ нэхъ щIалэ дыдэ КIуэкIуэм (Ингуш Республикэм и унафэщI Аушев Руслан нэмыщI) пщIэшхуэ къыхуащIат. А къулыкъу лъагэр абы къыщыхуагъэлъэгъуам щыгъуэ, абыкIэ мыарэзы сенаторхэм къахэкIатэкъым.

Лэжьыгъэшхуэ Москва щызэфIихащ а лъэхъэнэм КIуэкIуэм. Абыхэм ящыщ дэтхэнэри хуэгъэпсат къэрал псом, Урысей Ипщэм, езыр зи унафэщI Къэбэрдей-Балъкъэрым я зыузэщIыныгъэм, ехъулIэныгъэм.

**СЭХЪУ Владимир,**
*УФ-м и Федеральнэ Зэхуэсым*
*и Къэрал Думэм и депутату щыта*
*2008*

# ЦIЫХУ ЩЫПКЪЭ

Дэтхэнэ цIыхум и дежкIи унафэ IэщIэплъхьэныр мыхьэнэшхуэ зиIэ, и зэпIэзэрытыныгъэр къэпщыта зэрыхъу Iуэхущ, сыту жыпIэмэ апхуэдэ щытыкIэм къуит хуитыныгъэхэмрэ къыпхузэкъуих Iэмалхэмрэ куэд мэхъури. УнафэщIу ущыткIэрэ, зэуэ зыкъом пхуигъэкIуэтынущ, ебудыхыфынущ, апхуэдэ дыдэуи уи фIыщIэкIэ дэтхэнэ цIыхури пхуэIэтынущ. Унафэр зыIэщIалъхьэхэм ящыщу зэпIэзэрыту къэнэжыфыр псэ къабзэ зиIэ цIыху пэжхэрщ. Апхуэдэхэр пщIэ лей хуэныкъуэкъым – я дуней тетыкIэм армырами къахуехь жылагъуэ гулъытэ лъагэ.

Зи гугъу тщIы цIыху щыпкъэхэм ящыщт КIуэкIуэ Валерэ. Унафэ IэщIэплъхьэу умыIэтми, ар ящыщт зигукIэ, зи псэкIэ, зи дуней еплъыкIэкIэ, хьэл-щэнкIэ лъагэ цIыхухэм. И зэфIэкI псори зыхуэунэтIари и унафэм щIэт щIыналъэм и пщIэр нэхъри къызэриIэтынырт, ар социальнэ, экономикэ унэтIыныгъэхэмкIэ нэхъ лъэщ щIынырт. КъБР-м и Президенту, УФ-м и Федеральнэ Зэхуэсым ФедерацэмкIэ и Советым и УнафэщIым и къуэдзэу щыту, иIыгъ къулыкъум и мыхьэнэм елъытауэ хэкум щыетхуанэ цIыхуу, итIани КIуэкIуэр къэнэжырт цIыхубэм псэкIэ япэгъунэгъу, абы и гурылъгурыщIэхэри гурыгъузхэри зыхэзыщIэ икIи къызыгурыIуэ цIыхуу.

Ди республикэм хьэщIэ лъапIэ къыщеблагъэхэм дежи, езы КIуэкIуэр абыхэм яхуэфэщэну ябгъэдэт, бгырыс хьэщIагъэ ярих мыхъумэ, зэрыжаIэу, лъапэпцIийуэ я пащхьэ зэи иттэкъым. Бысым нэхъыжьыр абыхэм яхуэхъурт гъуэгугъэлъагъуэ, чэнджэщэгъу, лэжьэгъу. Арат абы и хьэлыр: къызыхэкIа лъэпкъым и щэныр, хабзэр, нэмысыр иIыгът, цIыху къызэрыгуэкIхэми къэрал къулыкъущIэхэми зэхуэдэу яхуэнабдзэгубдзаплъэт. ХьэщIэхэм папщIэ хъуэхъу щыжиIэкIэ, абы сыт щыгъуи къыхигъэщырт ди республикэм щIыдагъэ къыщыщIамышми, ракетэхэр щамыухуэми, абы фIыгъуэу щыIэм я нэхъыщхьэ адыгэ хабзэр зэрилъыр. Валерэ къилъытэрт ар мамырыгъэмрэ зэгурыIуэныгъэмрэ, зышыIэныгъэмрэ пщIэ-нэмысымрэ ятещIыхьа цIыхубэ щIэныгъэ кууэ.

Лъэпкъхэм я зэкъуэтыныгъэр гъэбыдэным дапщэщи хущIэкъуащ КIуэкIуэр. Абы зэрыжиIэмкIэ, адыгэхэмрэ балъкъэрхэмрэ сыт щыгъуи зэгъусэн хуейщ, зы къамэм и дзитIым хуэдэу, зэкъуэтын хуейщ, Iуащхьэмахуэ и лъагапIитIым ещхьу.

**ГЕККИЕВ Заур,**
*УФ-м и Къэрал Думэм и депутат*
*2009*

# ИЛЪЭСИЩЭМ ЗЭ КЪАЛЪХУУ АРАЩ АПХУЭДЭХЭР

КIуэкIуэ Валерэ ди районым нэкIуауэ, 1974 гъэм къэсцIыхуауэ щытащ. Абы иужькIэ еджэныр къэзухщ, IэнатIэ сыпэрыувэри, 1985 гъэм щегъэжьауэ а нэхъыжьыфIым и жьауэ сыщIэту, и лэжьыгъэм, и дуней тетыкIэм сыкIэлъыплъу сыкъэгъуэгурыкIуащ. ЦIыкIуми

инми, цIыху закъуэми гупми едэIуэфырт ар. Сыт хуэдэ Iуэху гугъуми хэкIыпIэ нэхъыфI дыдэр къыхуигъуэтыфырти, ар згъэщIагъуэрт.

УнафэщI ухъун щхьэкIэ, щIэнygъэшхуэ ббгъэдэлъын хуейщ, цIыхухэм уазэрыхэтын гъэсэныгъэрэ зэхэщIыкIрэ уимыIэнкIэ Iэмал иIэкъым, лъэпкъылI пашэу ущыщыткIэ, адыгэлIым и хьэл нэхъыфI псори пхэлъын хуейщ. Апхуэдэу ягъэсат и адэ-анэми, къызыхэкIа лъэпкъми. Арагъэнщ ехъулIэныгъэ зыIэригъэхьэфу, цIыхугъэр фIэмыкIуэду щIэпсэуфар, пщэрылъ къыщащIа къалэн псоми щIыпэлъэщар.

Къэралым зэхъуэкIыныгъэхэр къыщыщыхъу, ди республикэр гугъуехь щыхэт зэманым ирихьэлIащ КIуэкIуэм и лъэхъэнэр. Гугъуехьхэм ягъэгужьея цIыхубэр зэтеуIэфIэнымкIэ, ди республикэр зэтеIыгъэнымкIэ лэжьыгъэшхуэ иригъэкIуэкIащ абы. Кавказ Ищхъэрэм ис ди гъунэгъу хэгъэгухэм къахэлыдыкIырт ди лъахэр сыт щыгъуи. Абыхэм я тхьэмадэхэм пщIэшхуэ къыхуащIырт Валерэ. Адыгэ зэрыс гъунэгъу республикищым я унафэщIхэм я зэхуаку ныбжьэгъугъэ дахэ дэлът, адыгэ лъэпкъым и Iуэху дэкIыным сыт и лъэныкъуэкIи я гуащIэрэ акъылрэ халъхьэу зэбгъэдэтт.

Илъэсищэм зэ къалъхуу аращ КIуэкIуэм хуэдэ цIыхухэр. Абы и дуней тетыкIам къегъэлъагъуэ акъыл куу ббгъэдэлъым къыщымынэу, псэемыблэжу улэжьэн, тэмакъкIыхьу цIыхум уахэтын, нэхъыжьхэм уечэнджэщын, курытхэм уагурыIуэн, нэхъыщIэхэр бгъэгушхуэн зэрыхуейр. Апхуэдэу зэрыщытыр арагъэнт абы къэрал мыхьэнэ зиIэ Iуэхушхуэхэр тыншу къыщIехъулIэр. Ди республикэм мылъкушхуэ имылъ пэтми, адрейхэм ефIэкIыу игъэпсэуащ абы. Псом хуэмыдэу гулъытэшхуэ хуищIырт икIи къехъулIэрт лъэпкъ зэмылIэужьыгъуэ куэд щыпсэу ди хэкум зэгурыIуэрэ мамырыгъэрэ илъыным.

Сэ сыхуейт абы дэтлъэгъуа хьэлыфIхэр тхэлъу, лэжьыгъэм, гъащIэм, лъэпкъым, хэкум хуиIа бгъэдыхьэкIэхэр ди щапхъэу ноби дылэжьэну. Си щхьэкIэ Iуэху гугъусыгъу гуэр срихьэлIамэ, абы и щапхъэр си гъуазэщ.

НасыпыфIэт КIуэкIуэ Валерэ. Сыт щхьэкIэ жыпIэмэ, абы къехъулIащ щыпсэуи ноби хуащI пщIэр езым и гуащIэкIэ къилэжьыжыну. Езыр къытхэмытыжми, и унагъуэр узыншэу, адэм, адэшхуэм и пщIэм иригушхуэу дунейм тетыну си гуапэщ.

**СЭХЪУРОКЪУЭ Хьэутий,**
*Дунейпсо Адыгэ Хасэм и тхьэмадэ*
*2014*

## ЛЪЭПКЪЫМ И ГЪУАЗЭ

КIуэкIуэ Валерэ сэ илъэс 40-м щIигъукIэ сцIыхуащ. Университетыр къэдуха нэужь, илъэс зыбжанэкIэ зэпэмыжыжьэу дылэжьэну къытхуихуат: ар – Мэкъумэш хозяйствэмкIэ министерствэм, сэ – Комсомолым и обкомым. Ди лэжьапIэ пэшхэр СоветымкIэ Унэм и япэ къатым, сэмэгурабгъу лъэныкъуэмкIэ щыIэт. Шэджагъуэ хъуамэ, «Тетя Клавэ» деж столовэм шхакIуэ дыкIуэрт.

Валерэ сэ нэхърэ илъэс зытIукIэ нэхъыщIэт, ауэ зэныбжь хуэдэу дызэхущытт. Ди ныбжьэгъухэм я гъусэу куэдрэ зыгъэпсэхуакIуэ дыкIуэрт, шашлыкхэр дгъажьэрт, футбол дыджэгурт, дызэрыгъэгушхуэрт.

Апхуэдэу екIуэкIыурэ, гъащIэм тIэкIу зэпэIэщIэ дищIащ: Валерэ Москва аспирантурэм щIэтIысхьащ, сэ жылагъуэ-политикэ Iуэхухэм сыхихьауэ, комсомолым и курыкупсэм сыхэтт. Ауэ зэман дэкIри, аргуэру зэгъунэгъу дыхъужащ. А дыщызэпэIэщIа лъэхъэнэми зэныбжьэгъун, зэщIэупщIэн щыдгъэтатэкъым.

КIуэкIуэм къигъэзэжри, Аруан районым IэнатIэ щыпэрыуващ. ПIалъэ гуэр дэкIыу сэ КПСС-м и обкомым и секретарь сыхъуа нэужь, Партым и Аруан райкомым япэ секретару щыIэти, Аруан парт зэгухьэныгъэм къызэригъэпэщ Iуэхугъуэхэм си гуапэу сыкIуэрт.

А лъэхъэнэм КIуэкIуэм щIыналъэм Iуэхугъуэ купщIафIэ, щхьэпэ куэд къыщызэригъэпэщырт. Ар унафэщIу абы щыщыIам, аруандэсхэр куэдкIэ къахэжаныкIырт адрейхэм. Ауэрэ КIуэкIуэ Валерэ и цIэр парт-политикэ лэжьакIуэхэм къахэлыдыкI хъуащ: щIалэт, жыджэрт, Iущт, ищIэн хуейри, щищIэну зэманри ищIэжу апхуэдэт. А лъэхъэнэм ар и лэжьыгъэкIэ адрейхэми апхуэдизкIэ къахэщырти, къыхузэгуэпыр куэдт.

Ауэ абыхэм щхьэкIэ КIуэкIуэр къикIуэтыртэкъым, и гъуэгум зэпIэзэрыту тетыжт, и пщэрылъхэр къызыхуэтыншэу игъэзащIэрт. КъищынэмыщIауэ, мурадыфIхэр зыхуэзыгъэувыж цIыху пашэу, гупсысэ куу зиIэу зыкъигъэлъагъуэрт.

«Сельхозтехника»-м ягъэкIуа нэужьи, а къызэгъэпэщакIуэ нэсым республикэм и мэкъумэш IэнатIэм и мылъку-техникэ лъабжьэр зыхуей хуигъэзащ. А лъэхъэнэм, 1983 гъэм, и унагъуэр и гъусэу, сэ сызыщIэс унэм къэIэпхъуащ. Сыту зэманыфIт ар. Зы унагъуэшхуэ хуэдэу дызэхэст, махуэшхуэхэр зэдэдгъэлъапIэрт, щIакхъуэ Iыхьэр зэдэдгуэшырт.

Апхуэдэу екIуэкIащ КIуэкIуэр КПСС-м и обкомым и секретарь, итIанэ япэ секретарь хъуа нэужьи. Сытым дежи лэжьыгъэм дыщыпэрыту, гъащIэм дыщызэныбжьэгъуу дыкъекIуэкIащ. ИтIанэ сэ Афганистаным сыкIуэн хуей хъуа нэужь, КIуэкIуэхэ я унагъуэр, зэрахузэфIэкIкIэ, си унагъуэм зыкъыщIагъакъуэу зэрыщытар гуапэу сигу къинащ.

Къэзгъэзэжа нэужь, КIуэкIуэр КПСС-м и Къэбэрдей-Балъкъэр обкомым и япэ секретарь ящI, сэ обкомым и етIуанэ секретару сагъэув. Куэд дэмыкIыуи Валерэ Республикэм и Совет Нэхъыщхьэм и УнафэщI мэхъу. Лэжьыгъэ гугъу куэдым дыпэрытащ, зы махуэ псэхугъуэ къыщыдамыта щыIэу. ПэкIухэр зэхэшэнымкIэ ирагъэлейрт цIыхухэм. Ди ныбжьэгъуу, акъылэгъуу къыддекIуэкIа, партым куэд зыхуищIа зыкъоми КПСС-мрэ властымрэ я бийуэ къэувыжат. БлэкIам къыхагъуэта щыуагъэхэри гущIэгъуншэу ди щхьэ къыфIалъхьэрт. Уеблэмэ нэхъ пхъашэу, ткIийуэ, нэмысыншэу утыку итхэр лIыхъужьу къалъытэ хъуат а зэманым.

Пэжыр жыпIэмэ, ар дызыпэмыплъа, дызыхуэмыхьэзыр зэпэщIэувэныгъэт. Ди хабзэр, тхэлъ шыIэныгъэр ящыгъупщэжауэ, цIыхур хъийм икIат, дазэрыпэщIэтын Iэмал къытхуэгъуэтыртэкъым. ИтIани цIыху акъылыфIэм и хэкIыпIэхэр куэдкъэ?! Ди Iулыджыр тIыгъыжащ. КIуэкIуэм сэрэ дызэгурыIуащ ди къулыкъум емылъытауэ, ди

лъэпкъ хъугъуэфIыгъуэхэмрэ ди адэшхуэхэм къытхуагъэнахэмрэ тхъумэну, Къэбэрдей-Балъкъэрым мамырыгъэр, зэпIэзэрытыныгъэр, зэкъуэтыныгъэр щыIэным сыт щыгъуи дыхэлIыфIыхьыну.

Зэман тынштэкъым дыщыпсэур. Апхуэдэ лъэхъэнэм республикэмрэ цIыхубэмрэ я пащхьэ щытхъ жэуаплыныгъэ иныр зы лIым и пщэ къыдэхуащ икIи пщIэрэ щIыхьрэ иIэу а къалэныр игъэзэщIащ КIуэкIуэм.

Абы и гугъу щыпщIкIэ, къэрал, политикэ лэжьакIуэ лъэрызехьэу зэрыщытам и закъуэкъым узытепсэлъыхьыпхъэр, атIэ хуабжьу цIыхугъэшхуэ зэрыхэлъам укъытемыувыIэныр къезэгъыркъым. Ар республикэм и ныбжьэгъухэмрэ Къэбэрдей-Балъкъэрым ис лъэпкъхэмрэ зы унагъуэу къызэщIэзыкъуэфт. Союзым и дэнэ плIанэпи къыщацIыхурт, къыщащIэрт. ФIыуэ ялъагъурт, пщIэшхуэ хуащIырт Валерэ. Абы и цIэм лIыщхьэ куэдым я бжэхэр къыпхузэIуихырт, ди лъахэм къыщыхъу лъэпощхьэпо куэд къулыкъущIэхэм тхузэфIагъэкIырт «КIуэкIуэм и хьэтыркIэ».

Сытым дежи згъэщIагъуэрт Валерэ зэи емызэшу, сыт хуэдэ Iуэхуми хуэIэрыхуэу и къулыкъум зэрыпэрытыр. Абы и гупсысэкIэр, къэIуэтэкIэр, утыку зэхуэмыдэхэм щиIэ къэпсэлъэкIэр умыгъэщIэгъуэнкIэ Iэмал иIэтэкъым. И теплъэкIэ куэдым лIы ткIийуэ къащыхъурт, ауэ гурэ псэкIэ гуапэт, хьэлэлт, уеблэмэ, гумахэт. Астрахань областым и губернатор Гувжин Анатолий и дыуэщIым дызэрылъэтар сощIэж. Гъуэгу дытетыху зы псалъэ жиIакъым Валерэ. Дынэсу, ди ныбжьэгъум и хьэдэр зыщIэлъ пэшым дыщIыхьа нэужь, КIуэкIуэм и нэпсыр къыфIекIуат. И лъакъуэхэр зэрыузми, градус 30-м нэсу зэрыхуабэми емылъытауэ, кхъэм нэс кIуауэ щытащ. Мис апхуэдэу хуэпэжт ныбжьэгъугъэм, зыщыщми, къызыхэкIа лъэпкъми емылъытауэ.

Апхуэдэ дыдэу яхуэпэжт и лэжьэгъухэмрэ ныбжьэгъухэмрэ. ГуфIэгъуэ яIэмэ ядиIэтынут, гузэвэгъуэ хэхуамэ ядигъэпсынщIэнут. Сэ ар мызэ-мытIэу згъэунэхуащ.

Нобэ ар къытхэмытыжми, си гуапэу къыхэзгъэщынущ егъэлеяуэ Iущу, лъэпкъылI пашэу зэрыщытар, республикэр нэхъ гугъуехь дыдэ щыхэта лъэхъэнэм абы щыпсэу лъэпкъхэм я къэкIуэнур зэрыхъунумкIэ жэуаплыныгъэ зэрихьар икIи зэрынэхъыфIым хуэдэу Iуэхур зэрызэфIихар. Ди лъахэм ис лъэпкъхэр зэрызэкъуигъэувам и мызакъуэу, абы хузэфIэкIащ, къыу пашэм хуэдэу, зэрыщыту и ужь иригъэувэн, зэпIэзэрытыныгъэм, экономикэ, щэнхабзэ зыужьыныгъэм хуишэн.

Урысей Федерацэм и Президент Путин Владимир къилъытащ КIуэкIуэ Валерэ Кавказ Ищхъэрэм мамырыгъэрэ зэпIэзэрытыныгъэрэ щыIэным хэлъхьэныгъэ ин зэрыхуищIар. ИкIи щытепсэлъыхьым къыхигъэщащ: «... и гъащIэр хуигъэпсащ цIыхубэм яхуэлэжьэнымрэ Урысей къэралыгъуэр гъэбыдэнымрэ».

«Президент КIуэкIуэ Валерэ и цIэр Къэбэрдей-Балъкъэрым и тхыдэм къыхэнащ. Ар мамырыгъэм и къызэгъэпэщакIуэт, лъэпкъ зэгурыIуэныгъэм и джэлэст, Урысейм и зэкъуэтыныгъэмрэ дуней

псом щиубыд увыпӀэмрэ Ӏэтыным и лэжьакӀуэшхуэт», – итхыгъащ Осетие Ищхъэрэ-Аланием и унафэщӀу щыта Дзасохов Александр.

Пэжу, а Ӏуэху къызэрымыкӀуэм псэемыблэжу хуэлэжьащ Валерэ. Си псалъэхэм я кӀэухыу жысӀэну сыхуейт КӀуэкӀуэ Валерэ псэужамэ, Къэбэрдей-Балъкъэрым и къэралыгъуэм и илъэсищэр зэрагъэлъэпӀэнум зэрыщыгуфӀыкӀынур, и къуэ КӀуэкӀуэ Казбек республикэр мамырыгъэм, дин, лъэпкъ зэгурыӀуэныгъэм, зыужьыныгъэм хуишэу и къулыкъум зэрыпэрытым зэрыригушхуэнур. ЕхъулӀэныгъэ куэд иӀэну сыхуохъуахъуэ Валерэ и къуэ Казбек.

**ЗУМАКУЛОВ Борис,**
*ЦӀыхухэм я хуитыныгъэхэмкӀэ уполномоченнэу КъБР-м щыӀэ, 1980-1991 гъэхэм КПСС-м и Къэбэрдей-Балъкъэр обкомым и секретару, япэ секретару щыта*

## ӀУЭХУФӀХЭМ Я ЗЭХЭУБЛАКӀУЭ

Илъэс куэд и пэкӀэ, профессор Мамбэт Хьэлым зи пашэ этнограф гупым сахэту Аруан куейм дыкӀуат, щӀыпӀэ-щӀыпӀэхэм тхыдэ хъыбархэр щызэхуэтхьэсыну, ахэр ттхыжыну. Япэу дэ къытӀущӀащ екӀуу хуэпа, цӀыхухъу бжьыфӀэ. Ар районым и унафэщӀ КӀуэкӀуэ Валерэт.



ДызытекӀухьа Ӏуэхур Мамбэтым гуригъэӀуа нэужь, абы унафэ ищӀащ Нарткъалэ дэт хьэщӀэщым дыщӀагъэтӀысхьэну, дызыхуейдызыхуэфӀхэмкӀэ дызэчэнджэщ хъуну цӀыхуи гъусэ къытхуищӀащ. А Ӏуэху къызэгъэпэщыкӀэм Ӏэмал къыдитащ зы махуи мыкӀуэду районым и жылэхэр къызэхэткӀухьыну, ди лэжьыгъэри лъэпощхьэпоуншэу зэфӀэтхыну. Апхуэдэу сцӀыхуауэ щытащ зэфӀэкӀышхуэхэр иужькӀэ къызыкъуэкӀа, ди республикэм и тхыдэм лъэужь дахэ къыщызыгъэна КӀуэкӀуэ Валерэ.

1993 гъэм и май мазэм къыщыщӀэдзауэ дунейм ехыжыху сыдэлэжьащ абы. А зэманым къриубыдэу сэ Валерэ фӀы дыдэу сцӀыхуащ. Хэлъа хьэл-щэнхэм ящыщу къыхэзгъэщыну сыхуейт абы и цӀыхугъэшхуэр, псэ къабзагъыр, гу зэӀухар, ныбжьэгъугъэ пэжыр, ауэ щыхъукӀи и ткӀиягъыр, и щхьэм япэ цӀыхубэ Ӏуэхур, къэрал къалэныр иригъэщу зэрыщытар.

КӀуэкӀуэр гукӀи псэкӀи щӀэхъуэпсырт ди республикэм къэралыгъуэ нэс иӀэу илъагъуну, ауэ абы къыгурыӀуэрт Къэбэрдей-Балъкъэрыр и щхьэ закъуэу зэрымыпсэуфынур. Аращ абы илъэс 450-м щӀигъуауэ дызыхэт УФ-м къэрал зэгурыӀуэныгъэхэр ириухылӀауэ щӀыщытари. Ар жыджэру хэту къащтащ КъБР-м и Къэрал Ныпым, Къэрал Гимным, Къэрал Гербым ятеухуа законхэр, КъБР-м и къэралыбзэхэм теухуа хабзэр, нэгъуэщӀхэри. Ди республикэм и Президенту, УФ-м и Федеральнэ Зэхуэсым ФедерацэмкӀэ и Советым и УнафэщӀым и къуэдзэу щыту, КӀуэкӀуэ Валерэ лэжьыгъэ ин дыдэ зэфӀихащ федерализмэм и хабзэхэр зи лъабжьэ къэрал ухуэнымкӀэ. Ӏуэхум зэреплъыр политик ӀэкӀуэлъакӀуэм къыщиӀуэтауэ щытащ «Федерализмэр – Урысейм: тхыдэмрэ къэкӀуэнумрэ» конференцу Къэрал Думэм щекӀуэкӀауэ щытам.

– Урысейм дыхэту зыужьыныгъэм и гъуэгум дрикIуэн – нэгъуэщI хэкIыпIэ диIэкъым щIыналъэхэм, ауэ щыхъукIи дэтхэнэми диIэн хуейщ УФ-м и субъектхэми я КонституцэхэмкIэ гъэбыда ди къэралыгъуэр. Дэ, лъэпкъ республикэхэм, тхъумэжын хуейщ ди анэдэлъхубзэр, хабзэхэр, нэщэнэхэр, лъэпкъ щэнхабзэр», – и макъ лъэщымкIэ жиIэрт КIуэкIуэм. Ахэр гупсысэ куу зыщIэлъ псалъэт.

Зи унафэщI щIыналъэм и къыщхьэщыжакIуэу дапщэщи щыт КIуэкIуэм и фIыгъэщ 1994 гъэм и март мазэм УФ-м и Президентым «Балъкъэр лъэпкъым зегъэужьыным теухуауэ» Указыр къызэрыдигъэкIар. А дэфтэрри щыхьэт тохъуэ и псалъэм къэрал унафэщI лъагэхэм я деж пщIэшхуэ щиIэу, и республикэм щыпсэу дэтхэнэ цIыхуми ифI, ис лъэпкъхэм я ехъулIэныгъэ къэзышэ Iуэхухэм я жэрдэмщIакIуэу КIуэкIуэ Валерэ зэрыщытам.

**ДУМЭН Хьэсэн,**
*тхыдэ щIэныгъэхэм я доктор, профессор, ЩIДАА-м и академик,*
*КъБР-м и Президентым и чэнджэщэгъу*
*2009*

## ЛЪЭПКЪЫР КУЭДРЭ ЗЭРЫГУШХУЭНЩ



КIуэкIуэ Валерэ ди республикэм и унафэщIу цIыхубэм щыхахам щыгъуэ дунейм и зэхэзэрыхьыгъуэт. Сэ къызэрызгурыIуэмкIэ, абы щыгъуэ ди кIэн къикIат. Сыту жыпIэмэ, ди гъащIэри, ди къэкIуэнури зыIэщIэтлъхьар щIыналъэм, къызэрыгуэкI цIыхубэм щхьэкIэ зи гур, зи лыр уз лIы щэджащэт.

Зи гугъу сщIыр гурыIуэгъуафIэ хъунущ, 90 гъэхэм къэралым щыщыIа щытыкIэр фи нэгу къыщIэзгъэхьэжмэ: СССР-р лъэлъэжауэ, къэралым лъэпкъыу исыр зэщIэплъарэ лIыфIыпIэ зэримыгъахуэу, промышленностыр, нэгъуэщI экономикэ IэнатIэхэр мылажьэу, ахъшэ щымыIэжу, центрым дылIами дыпсэуми дыкъыфIэмыIуэхуу щыщыт лъэхъэнэт ар. Абы дэщIыгъужыпхъэщ ди республикэр тIууэ ягуэшыну хуейуэ къыхэзылъхьа язынықъуэ «щхьэ пщтырхэри» зэрыщыIар, апхуэдэхэр гъэувыIэн зэрыхуейр, ди щIыпIэм зауэ-банэ къыщымыхъун папщIэ.

Апхуэдэ щытыкIэ гугъум дэ тэмэму дыкъикIыфынтэкъым, а лIы Iущыр а лъэхъэнэм пашэ тхуэмыхъуатэмэ. КIуэкIуэм и хьэлт сыт хуэдэ IуэхумкIи чэнджэщэгъу къигъуэту, дэтхэнэми жиIэм гупсэхуу едаIуэрэ, куэдрэ зэпишэча нэужь, унафэ ищIу. Правительствэмрэ езым и Аппаратым щылажьэхэмрэ щIэсу а унафэр жэуап зыхь лэжьакIуэ гуэрым е министерствэм и пщэ ирилъхьэрт. Уеблэмэ управленэ щхьэхуэ къызэригъэпэщат унафэхэр гъэзэщIа зэрыхъур къэпщытэн фIэкIа Iуэху имыIэу, лэжьакIуэ бэлыхь Чычэ Иринэ и унафэщIу.

А къомыр сигу къыщIэзгъэкIыжыр КIуэкIуэ Валерэ и Iуэху зехьэкIэр, Iуэху бгъэдыхьэкIэр къэзгъэлъэгъуэну сыхуейуэ аращ. Ар хуейт псори зэгурыIуэу зэдэлэжьэну, дэтхэнэми и къалэныр нэсу, тэмэму игъэзэщIэну икIи и IэнатIэм хьэлэлу бгъэдэмытыр хуабжьу и жагъуэт.

Шэч хэмылъу, апхуэдэ лэжьэгъу гуп зэбгъэуIуныр а зэманым тынштэкъым, ауэ КIуэкIуэр абыи пэлъэщри, федеральнэ IуэхущIапIэхэм щылажьэ куэди ныбжьэгъу къищIыну хузэфIэкIащ. Абы икъукIэ мыхьэнэшхуэ иIэт, сыту жыпIэмэ, егъэджакIуэхэм, дохутырхэм, хабзэхъумэ IэнатIэм Iутхэм, нэгъуэщI бюджет IуэхущIапIэхэм щылажьэхэм иратын ахъшэ республикэм илътэкъым, къызыхэкIыни щыIэтэкъым. Арати, езым хузэфIэкIри а Iуэхум хилъхьэрт, абы нэхърэ нэхъыбэж и лэжьэгъу гупым хэтхэми яригъащIэрт.

– Сэ, – жиIэ хабзэт КIуэкIуэм, – министрым лъэкIыныгъэ гуэр иIэу, а къулыкъум ар пэлъэщу икIи хуэфащэу къыщыслъытэнур ди республикэм хуэфащэ ахъшэм тIэкIу нэхъ мыхъуми щIигъуу къытхуихьыфу щытмэщ. Ар зыхузэфIэмыкIынум и IэнатIэр кърегъани нэхъыфIщ. Хьэкъыу фпхыкIыну сыхуейщ: дэ нэгъуэщIу дыкъелынукъым мы зэман Iейм.

Къыхэгъэщыпхъэщ абыхэм я нэхъыбэр Президентыр зэрыхуейм хуэдэу къызэрыщIэкIар икIи а зэманым я гуащIэ емыблэжу зэрылэжьар. Псалъэм папщIэ, Министрхэм я Кабинетым хэту щытахэу Алътуд Юрэ, Сэхъу Владимир, Сэхъурокъуэ Хьэутий, Щауэжь Хьэсэнбий, Аброкъуэ СулътIан, нобэ дунейм темытыжми псоми фIыуэ тлъагъуу щыта Тыркуин Анатолэ сымэ, нэгъуэщIхэри. КIуэкIуэ Валерэ зи пашэу лэжьа а гупым я фIыщIэщ а зэман гугъум дыкъызэрикIар. Псалъэм къыдэкIуэу къэзгъэлъэгъуэнщи, Президентым къыдэлажьэхэм я нэхъыбэр я къалэнхэм фIыуэ пэлъэщт. Апхуэдэт вице-президенту, Правительствэм и УнафэщIу лэжьа Губин Геннадий, Правительствэм и УнафэщIу щыта Черкесов Георгий, абы и къуэдзэ Нэхущ Заурбий, министру щытахэу Шыхъуэстэн Борис, Емуз Анатолэ, Ерчэн Темболэт, Ахметов Хьэзрэт, Налшык къалэ щIыпIэ администрацэм и Iэтащхьэу щытахэу Берд Хьэзрэталийрэ Щоджэн Мухьэмэдрэ, Шэджэм районым и Iэтащхьэу щыта Мамбэт Михаил, нэгъуэщIхэри. Ахэр псори цIыху жыджэр защIэт, зэманым къигъэув Iуэху мытыншхэм пэлъэщт, цIыхухэми ягурыIуэрт.

КIуэкIуэ Валерэ политик Iущт, жыжьаплъэт. Абы къыхэкIыу Урысейм и япэ Президент Ельцин Борис ди республикэм и Iэтащхьэм пщIэ лей къыхуищIырт, и чэнджэщ къырихьэлIэрт. Абы и щыхьэт щапхъэ куэди щыIэщ, цIыхухэми ящIэж Ельцин къэрал IуэхукIэ Налшык зыбжанэрэ къызэрыкIуам и мызакъуэу, зигъэпсэхунуи мызэ-мытIэу зэрыщыIар. Псалъэм къыдэкIуэу къэзгъэлъэгъуэнщи, Урысейм щIыналъэ Iэджэ иIэщ а зэманым Урысейм и Iэтащхьэу щытар зэи щымыIауэ.

Егъэлеяуэ КIуэкIуэм пщIэ къыхуищIырт Путин Владимири.

«Сэ сылэжьэху улэжьэнущ» къызжиIащ Президентым!» – егъэлеяуэ и гуапэ зэрыхъуар имыбзыщIу къызжиIэжат КIуэкIуэ Валерэ. ФIыуэ къилъагъуу зэрыщытам и щыхьэтщ КIуэкIуэр дунейм щехыжам къэрал лIыщхьэр Налшык къызэрыкIуэфари, иужькIи и кхъащхьэм кIуапхъэу къызэрилъытари.

Къэрал къулыкъу зезыхьэм, республикэ унафэщIым къалэн куэд и пщэ къыдохуэ. А къалэнхэр ягъэзащIэу, куэдым ящогъупщэ унафэщIу хэзыхари щIыхахари. Ауэ КIуэкIуэ Валерэ апхуэдэтэ-

къым. Сыт хуэдэ закон, указ е унафэ ямыгъэхьэзырами, ар япэу зэплъыр къыхалъхьэ Іуэхум цІыхум и сэбэпу хэлъыр зыхуэдизырт. СощІэж, зэгуэрым тарифхэр хэгъэхъуэным щытепсэлъыхь зэІущІэр екІуэкІыу ар къыщичауэ зэрыщытар: «ЦІыхум яшхын ягъуэтыркъым, фэ тарифхэр зэрыхэвгъэхъуэнырщ фызэгупсысыр!» – жиІэри. КІуэкІуэм а зэманым лэжьыгъэшхуэ иригъэкІуэкІащ унагъуэ хуэмыщІахэм ахъшэкІэ защІигъэкъуэн папщІэ. СыкъэмыпцІэмэ, мазэ къэс цІыху мин 34-36-м федеральнэ мылъкум къыхэкІ ахъшэкІэ дэІэпыкъуу щытащ. Абы къыдэкІуэу, КъБР-м и япэ Президентым гулъытэ лей хуищІырт пенсэри лэжьапщІэри и чэзум иратыным. Абы щыгъуэ къэралым и дэтхэнэ щІыналъэми улахуэ тынымкІэ щІыхуэшхуэхэр ятелъти, ди республикэм и Іэтащхьэм хабзэ ткІийуэ игъэуват Іуэхур зытетым мазэм зэ тепсэлъыхьыну. Ар сэ фІыуэ сощІэж, апхуэдэ зэІущІэ гуэрым КІуэкІуэм и губжь къыщыслъысауэ щытащи. Зэрыхъуаращ: зэхуэсым щыщІидзэм Президентым жиІащ улахуэмкІэ щІыхуэ зытелъ район унафэщІхэр а махуэм телевизоркІэ къызэрагъэлъэгъуэнур. Сэ ар зэхэсхакъым икІи зэІущІэм и кІыхьагъкІэ щІэзмыгъэту операторыр сутІыпщыжащ. «ЩІыхуэ зытелъхэм» щытепсэлъыхьынум и чэзур къэсри, камерэр зыІыгъын хуейр къыщыІэщІэмылъагъуэм, республикэ унафэщІыр губжьащ. Ар апхуэдизкІэ губжьати, тобэ ирехъуи, абы иужькІэ зы махуи симыгъэлэжьэжыныр хэлът, абы асыхьэтым къызэрыщыхъуам нэхърэ нэхъыфІу ди Іуэху зехьэкІэхэр къыщІэмыкІатэмэ...



КІуэкІуэм цІыхугъэшхуэ хэлът, адыгагъэ зэрихьэрт, лъэкІамэ дунейм цІыхуу тетыр адыгэ хабзэмкІэ игъэпсэунт. Зэгуэрым Ростов къалэ зэхыхьэшхуэ гуэр щекІуэкІауэ, ар иуха нэужькІэ Іэнэ къагъэуват. Дауи, къэзакъ хабзэ къызыдэмынэжа Ростов уэ адыгэ хабзэ щыбгъуэтынт – щыІэтэкъым. Ди республикэ Іэтащхьэр зэрымыарэзым гу лъыстати, телеоператору ди гъусэ Мамхэгъ Аслъэнрэ сэрэ нащхьэ зэхуэтщІри, зыми зыри жедмыІэу щхьэгъэрытыныр ди пщэ дэтлъхьэжри, хэгъэрейхэм «зыкъащІэжыхукІэ» Іэнэм дыкІэлъыплъат. Ар Валерэ зыкІэ и гуапэ хъуати! Куэдрэ игу къигъэкІыжырт, «къэзакъхэм адыгэ хабзэ едгъэлъэгъуатэкъэ», жиІэурэ.

КІуэкІуэр нэхъыбэрэ тхуэпсэуамэ, ди республикэр ехъулІат. Ар ящыщт фІы и лъэныкъуэкІэ фІэкІа зызымыхъуэжхэм. И щІэныгъэми, и акъылми, и зэфІэкІми нэрылъагъуу хигъахъуэ зэпытт. Ар зэхуэдэу фІыуэ къалъагъут гуащІэрыпсэухэми къулыкъущІэшхуэхэми. Псалъэм папщІэ, фигу къэзгъэкІыжыну сыхуейт УФ-м и Конституцэм и гъусэу къащтауэ щыта Федеративнэ договорыр зи жэрдэму щытахэм КІуэкІуэ Валерэ зэрахэтар. Нобэ яІэщІэгъупщыкІыжа а документым, политик, политолог нэхъ ехьэжьахэм къызэралъытэмкІэ, мыхьэнэшхуэ иІащ Урысей къэралыгъуэр мылъэлъэжу къызэтенэнымкІэ. Мис апхуэдэ щапхъэхэм яужькІэ гурыІуэгъуэ мэхъу КІуэкІуэм федеральнэ центрым куэд щыхузэфІэкІыу зэрыщытар, къэрал унафэщІхэми цІыху къызэрыгуэкІхэми фІыуэ къалъагъуныр, пщІэ къыхуащІыныр къызыхэкІар.

2006 гъэм сэ къыдэзгъэкІащ а лІы бэлыхьым, цІыху щэджащэм теухуауэ «Человек долга и чести» зыфІэсща тхылъыр. Си фІэщ хъуркъым ар иджыпсту улъыхъуэкІэ бгъуэтыжыну. Сэ КІуэкІуэ Валерэ

схуэмыпшыныж и щIыхуэ стелъу аракъым, ауэ ди республикэм щыпсэу адрей цIыху минхэми хуэдэу, егъэлеяуэ пщIэ зэрыхуэсщIыр марижысIэу аркъудейщ. Дауэ щымытми, псори арэзы зытехъуэр зыщ: а лIы щэджащэм, унафэщI Iущым лъэпкъыр, республикэр иджыри куэдрэ иригушхуэнущ.

**КЪУДЕЙ Владимир,**
*Къэбэрдей-Балъкъэрым щIыхь зиIэ и журналист,*
*1992 – 2005 гъэхэм КъБР-м и Президентымрэ Правительствэмрэ я пресс-IуэхущIапIэм и унафэщIу щыта*

## АДРЕЙХЭМ КЪАХЭЩЫРТ

Дэтхэнэ лIыщхьэми хъумакIуэ иIэн хуейщ. КIуэкIуэ Валерэ КъБР-м и Президенту зэрыхахыу, абы сыдэлэжьащэрэт жысIэу сегупсысат. Апхуэдэуи хъуащ: зэман дэкIри, Президентым и хъумакIуэхэм я нэхъыщхьэ IэнатIэр къысхуагъэфэщащ. Сэ къыспэщылът а къалэныр зыхузэфIэкIыну гуп зэзгъэуIуну.

Абы теухуа хъыбарыр къызэрызагъащIэрэ махуэ зыбжанэ дэкIауэ, Президентым и деж сраджащ: КIуэкIуэм илъагъуну, зригъэцIыхуну хуейт и хъумакIуэхэм я нэхъыщхьэу щытынур хэтми. Си гъащIэм япэ дыдэу апхуэдэ лIыщхьэ сыхуэзэну арати, хуабжьу сыпIейтейрт. Валерэрэ сэрэ дакъикъэ 40-кIэ дызэпсэлъащ. Абы си къалэнхэр къызгуригъэIуащ икIи хъумакIуэ гуп зэзгъэпэщу икIэщIыпIэкIэ лэжьэн щIэддзэну къызжиIащ. Дауи, жэуап естащ а къулыкъур нықъусаныгъэншэу згъэзэщIэну сызэрыхьэзырымкIэ.

КIуэкIуэр къыздэIэпыкъури, си IэщIагъэм Москва илъэс нықъуэкIэ щыхэзгъэхъуащ. А зэманым къриубыдэу гупыфI зэзгъэпэщащ. Абы щыгъуэм къызжиIат Валерэ: «Зыщумыгъэгъупщэ: сэ си республикэм сыщопсэу, си цIыхум сахэтщ. Гу къыфлъамытащэу фылэжьэну Iэмал къэвгъуэт». Пэж дыдэт абы жиIар: хъумакIуэхэм гу къылъамытэу, ауэ езыхэр егъэлеяуэ набдзэгубдзаплъэу щытын хуейт.

Абы игу техуэртэкъым машинэ куэд кIэрыщIауэ зыщIыпIэ кIуэну. Президентым ищIэрт ар цIыхубэм фIыуэ къызэралъагъур икIи хуейтэкъым ящышынэ хуэдэу къащыхъуну. Ауэ цIыху псори зэхуэдэкъым икIи Валерэ щымыгъуазэу езым щIыгъу гупым хъумакIуэ машинэ хэзгъэхьэну яужь ситт, ауэ абы гу щылъитэр нэхъыбэт.

КIуэкIуэм къыпхуигъэгъункIэ хъунут лэжьыгъэм теухуауэ щыуагъэ гуэр пIэщIэкIамэ, ауэ мыбдежми абы илъагъун хуейт уи къару уемыблэжу улажьэу а щыуагъэр бгъэзэкIуэжыну яужь узэритыр.

Зыпэрыт IэнатIэм къигъэув къалэнхэр гурэ псэкIэ зыгъэзащIэ цIыху гъуэзэджэм уригъусэу, уи къару къызэрихькIэ умылэжьэну пхузэфIэкIынутэкъым. Абы пщэрылъ къытщищI къалэнхэр инт икIи абыхэм нықъусаныгъэншэу дехъулIэным дыхущIэкъуу ди IэнатIэм дыпэрытащ.

Сыщыдэлэжьа япэ илъэсхэм Урысей Федерацэм и япэ Президент Ельцин Борис куэдрэ ириджэрт КIуэкIуэр. Кавказ Ищхъэрэм ехьэлIауэ сыт хуэдэ IуэхумкIи абы и чэнджэщэгъур Валерэт. Апхуэ-

дэу гуапэу, пщIэшхуэ къыхуищIу къыхущытащ Путин Владимири. Ахэр зэрыцIыхуат Путиныр УФ-м и Президент иджыри щымыхъуам.

КIуэкIуэм и унагъуэм теухуауи псалъэ зыбжанэ жысIэну сыхуейт. Абы цIыхубзым теухуауэ мыпхуэдэу жиIэу мызэ-мытIэу зэхэсхат сэ: «ЦIыхубзыр унагъуэ щихьэкIэ, и гъащIэр щхьэузыхь яхуещI зыхыхьа лъэпкъым, унагъуэм, быным. Абы къыхэкIыуи ухуэсакъыу, пщIэ хуэпщIу убгъэдэтын хуейщ уи унагъуэ къихьа бзылъхугъэм». Езым апхуэдэ щапхъэ игъэлъагъуэу псэуащ и унагъуэм, и щхьэгъусэм ехьэлIауэ.

ЩыIэ къыщIэкIынкъым КIуэкIуэ Валерэ ирихьэлIауэ абы и цIэр фIыкIэ зигу къэмыкIыж зы цIыхуи. Ар адрейхэм къахэщырт акъылыфIагъкIэ. КъызыхэкIа лъэпкъым и къуэ пэжт КIуэкIуэ Валерэ. Сэ куэдрэ сигу къокIыж: Къэбэрдей-Балъкъэрым щытепсэлъыхькIэ, и хэкуэгъухэм я гугъу щищIкIэ, абы и нэхэм нэпс къыщекIуэ щыIэт, апхуэдизкIэ и лъахэр фIыуэ илъагъурти.

**ДЖЭШ Вячеслав,**
*КъБР-м и ХэхакIуэ комиссэм и унафэщI*
*2011*



3 Заказ №2339



КIуэкIуэ Валерэрэ Сэхъурокъуэ Хьэутийрэ.





КIыщокъуэ Алим и пшыхьым.





**КӀуэкӀуэ Валерэ и къуэрылъху-пхъурылъхухэр и гъусэу.** *2000*




**КӀуэкӀуэ Валерэ и фэеплъ дэтщ абы и цӀэр зезыхьэ Къэбэрдей-Балъкъэр къэрал Аграрнэ университетым и пщӀантӀэм.**

## Къэбэрдей-Балъкъэрым и Президент КIуэкIуэ Валерэ и къэпсэлъэныгъэхэм щыщ Iыхьэхэр

### ТХЫДЭМ И ДЕРСХЭР

*Хэку зауэшхуэр ди ТекIуэныгъэкIэ зэриухрэ илъэс 60 зэрырикъум теухуа гуфIэгъуэ зэIущIэм*

Дунейпсо тхыдэм хэтщ зи мыхьэнэр зэманым дэмыкIуэду щIэблэхэм я гум къинэж къудейм и мызакъуэу, жылагъуэ зыужьыныгъэм и унэтIыныгъэ нэхъыщхьэхэр убзыхуным пызыщэ къэхъугъэхэр. БлэкIа лIэщIыгъуэм щыIа апхуэдэ къэхъугъэхэм, шэч хэмылъыжу, хэбгъэхьэ хъунущ 1941 – 1945 гъэхэм екIуэкIа Хэку зауэшхуэр.

БлэкIа зауэм къыщытхьа ТекIуэныгъэм кърикIуахэр, абы цIыхубэмрэ къэралхэмрэ я псэукIэм хилъхьар, дунейпсо Iуэхухэм хищIыхьар тхыдэм мыкIуэдыжыну къыхэнащ. Егъэлеиныгъэ хэмылъу жыпIэ хъунущ дунейпсо тхыдэм, езы цIыху цивилизацэм и къэкIуэнум я натIэ хъунур абы епхауэ зэрыщытар.

И инагъкIэ, зэхэкъутэныгъэу къишамрэ хэкIуэдамрэ я куэдагъкIэ, нэгъуэщI апхуэдэ зауэ щыIауэ цIыху тхыдэм ищIэжыркъым. Зауэхэр щекIуэкIащ Европэм, Азиемрэ Африкэмрэ я къэрал 40-м я щIыналъэхэм. Зауэм къыхэша хъуат цIыху 1 мелардрэ мелуан 700-рэ, нэгъуэщIу жыпIэмэ, а зэманым щIы хъурейм тета цIыху псоми я Iыхьэ 4/5-р щыпсэу къэрал 61-рэ. Бжыгъэ зэхуэмыдэхэм къызэрагъэлъагъуэмкIэ, зауэм хэкIуэдащ цIыху мелуан 50-м къыщыщIэдзауэ мелуан 60-м нэс. Зэдгъэпщэн папщIэ: Япэ дунейпсо зауэм хэкIуэдащ цIыху мелуан 20.

ЕтIуанэ дунейпсо зауэм мыхьэнэшхуэ щызиIэ Iуэхугъуэ хэхауэ щытщ абы текIуэныгъэр Гитлер и бий зэкъуэтыныгъэм хэта къэралхэм я къару зэхэлъкIэ къызэрыщахьар. ЗэрыпхъуакIуэхэр къыжьэдэкъуэн зэрыхуей Iэмалыншагъэм зэкъуигъэуват уеблэмэ жылагъуэ-политикэ ухуэкIэ зэмыщхьхэм щыпсэу, я дуней еплъыкIэкIэ, динкIэ, псэукIэкIэ зэтемыхуэ цIыхубэхэр. Зауэм нэIурыту къигъэлъэгъуащ, зэрыщыту къапщтэмэ, цIыху цивилизацэм и мурадыфIхэр зэбгъэхъулIэн папщIэ, цIыхубэмрэ къэралхэмрэ Iэмал имыIэу зэкъуэувэн зэрыхуейм и мызакъуэу, икIи узэрызэкъуэувэфынур.

Мис аращ фашизмэр зэрызэхакъутэрэ илъэс 60 зэрыхъур цIыху пэрыт псоми гурэ псэкIэ зэрагъэлъапIэм мыхьэнэ ин дыдэ щIиIэр.

Зауэм и политикэ дерсхэу мыхьэнэ нэхъ ин дыдэ зиIэхэм ящыщ зыщ шынагъуэншагъэм и дунейпсо, щIыналъэ зэкъуэтыныгъэ тэмэм зэрыщымыIам къыхэкIыу, ЕтIуанэ дунейпсо зауэр къыжьэдакъуэн зэралъэмыкIар. Дунейпсо организацэ щыIахэм, псом япэу Лъэпкъхэм я лигэмрэ къэралхэм я зэкъуэтыныгъэхэмрэ зэрыпхъуакIуэхэр къызэрагъэувыIэн зэфIэкI ябгъэдэлъакъым.

Къытримыгъэзэжу пIэрэ а щытыкIэм? Дэ нобэ шэсыпIэ диIэу пIэрэ ООН-ми езым и пэ итахэм къащыщIар къыщымыщIынкIэ? Иужьрей илъэсхэм къэхъуа Iуэхугъуэхэр щыхьэт тохъуэ апхуэдэ шынагъуэр Iуэхум хэпх зэрымыхъунум. Апхуэдэу щыщыткIэ, узэгупсысын щыIэщ. Дунейпсо зыужьыныгъэр зэрекIуэкI щIыкIэм нобэ ерыщу

къегъэув зэкIэ иджыри пщIэшхуэ зиIэ а дунейпсо организацэм, я нэхъ мащIэрамэ, адрей и органхэм я гугъу дымыщIыххэми, ООН-м Шынагъуэншагъэмкlэ и Советым зэхъуэкIыныгъэхэр хэлъхьэн хуейуэ.

Мыхьэнэшхуэ зиIэ етIуанэ дерсыр зыхэлъыр фашизмэм дуней псор зауэм зэрыхуишарщ. Ауэ зауэ нэужьым цивилизацэм зэрызиужь щIыкIэр щыхьэт тохъуэ фашизмэм зыкъиIэтыжын папщIэноби къару мымащIэ зэрыщыIэм.

Абы и щапхъэхэм папщIэ жыжьэ ущIэкIуэн щыIэкъым, Союзу щытам хэта язынықъуэ республикэхэм щекIуэкI Iуэхугъуэхэм уахэплъэми ирикъунущ. Псалъэм къыдэкIуэу жытIэнщи, Латвием и Сеймым иджыблагъэ унафэ къищтащ «лъэпкъ зауэлIхэми» – ЕтIуанэ дунейпсо зауэм и илъэсхэм Дзэ Плъыжьым и бийуэ зэуахэм – я пенсэм яхухэгъэхъуэным теухуауэ. Ар, дауи, тхыдэм и Iуэху дыкъуакъуэхэм ящыщу къэплъытэ хъунущ. Ауэ абы къыдэкIуэуи дэ къыдгурыIуэн хуейщ абы ещхь Iуэхухэр апхуэдэу зэрымышынагъуэншэр, нэхъыщхьэращи, национализмэмрэ расизмэмрэ я щытыкIэ нэхъ ткIий дыдэхэр къэщIэрэщIэжынымкIэ ахэр лъабжьэфI зэрыхъунур.

Абы къыхэкIыуи фашизмэмрэ абы ещхь экстремист зэгухьэныгъэхэмрэ уеблэмэ щIыпIэ щхьэхуэхэми къыщымыгъэхъуныр нобэрей дунейпсо политикэм и къалэн нэхъыщхьэ дыдэхэм ящыщ зыщ. Национализмэм, абы къигъэщI расизмэмрэ фашизмэмрэ, зы дуней зэтеухуэкIэ закъуэм и философием я дэтхэнэ зы Iуэхугъуэми и бийуэ и макъыр игъэIун папщIэ, герман фашизмэр зэрызэхакъутэрэ илъэс 60 зэрыхъуа юбилейр Лъэпкъ Зэкъуэтхэм я Организацэм къигъэсэбэпын хуей икIи къыхуэгъэсэбэпыну?! Си фIэщ мэхъу: къигъэсэбэпын хуейщ, къыхуэгъэсэбэпынущ икIи ар кIэлъэф пщIыным пхуэмыгъэзэкIуэжын Iуэхугъуэхэр къишэнущ.

Ди ТекIуэныгъэм и дерс мыхьэнэшхуэ дыдэ зиIэхэм ящыщ нэгъуэщI зыми теухуауэ.

Нобэ, илъэс хыщI дэкIа нэужь, дэ, урысейхэм, псом япэрауэ, зыхэтщIэн икIи къыдгурыIуэн хуейщ бий залым лъэщым дыщIытекIуам и щхьэусыгъуэхэр. ТекIуэныгъэр къыщIэтхьам и щхьэусыгъуэхэр мащIэкъым. Ахэр – зауэр цIыхубэм зэдай зауэу зэрыщытарщ, совет цIыхухэм яхэлъа лIыхъужьыгъэрщ, Дзэ Плъыжьым и псэ лъэщагъымрэ зауэ Iэзагъымрэщ, ди дзэзешэхэмрэ зауэ унафэщIхэмрэ я IэкIуэлъакIуагъырщ. Ауэ псом я щхьэжыр – абы щыгъуэ зыуэ дэ дызэкъуэтащ. Дызэкъуэтащ Хэкум дызэрыхуэпэжымкIэ, абы и щхьэхуитыныгъэм папщIэ ажалым дыхуэхьэзыру зэрыщытамкIэ, ди хэкур зэрыпхъуакIуэхэм ящытхъумэну дызэрыщIэкъуамкIэ. Аращ, ипэжыпIэкIэ къэралым и лъэпкъ псори зыуэ зэрызэкъуэтарщ, абыхэм я псэ лъэщагъырщ, патриотизм инырщ, езыхэм я Iуэхур зэрыпэжыр быдэу я фIэщ зэрыхъужырщ ТекIуэныгъэм и щхьэусыгъуэ нэхъыщхьэу щытар. ИкIи а пэжыр, Хэку зауэшхуэм и дерсыр ноби зыщыбгъэгъупщэ хъунукъым.

Тхыдэм и опытым къызэригъэлъагъуэмкIэ, текIуэныгъэм щIата уасэр къызэралъытэр ар къызэрахьа щытыкIэм и гугъуагъырщ, бий узыпэщIэтам хэлъа къарурщ, текIуэныгъэ къахьам иIэ зауэ-политикэ икIи стратегие мыхьэнэрщ, зэрыщыту къапщтэмэ, зауэр зэриу-

хам кърикIуахэрщ, зауэ Iэзагъ къагъэлъэгъуам и инагъырщ, цIыхуу хэкIуэдамрэ мылъкуу ихьамрэ зыхуэдизырщ.

Совет, урысей цIыхубэр, абы IэщэкIэ ЗэщIэузэда и Къарухэр Хэку зауэшхуэм и илъэсхэм щытыкIэ гугъу дыдэм иту зыпэщIэта бийм и лъэщагъымрэ бзаджагъымрэ зыхуэдар наIуэщ. Фашистхэм я зауэ унафэщIхэм совет-герман фронтым къыщагъэсэбэпащ езым дзэуэ яIам я нэхъыбапIэмрэ я европей союзэгъухэм я дзэхэмрэ. Япэ илъэситIым вермахтым къарууэ иIэ псори къанэ щIагъуэ щымыIэу Совет Армэм къыпэщIэуват. ЕтIуанэ дунейпсо зауэм нэгъуэщI зы фронти щыIакъым совет-герман фронтым хуэдэу зэман кIыхькIэ, къэувыIэ имыIэу зауэ гуащIэхэр щекIуэкIауэ.

Хэкум къыщхьэщыхьа шынагъуэшхуэм, патриотизмэм и къару абрагъуэм зэрыкъэралу цIыхубэ зауэм, щхьэхуитыныгъэ зауэм хузэщIиIэтащ.

Нобэ дэ, ныбжьэгъу лъапIэхэ, абыкIэ хуитыныгъэ диIэу дрогушхуэ, езыр мыин дыдэми, Къэбэрдей-Балъкъэрым псоми я зэхуэдэ гуфIэгъуэр къэгъэблэгъэным, ТекIуэныгъэ Иныр къэхьыным хэлъхьэныгъэшхуэ зэрыхуищIам. Ди цIыхухэм ящыщу мин 60-м щIигъу зауэм и фронт псоми псэемыблэжу бийм щезэуащ. Къэралыр зэрыщыту къапщтэмэ, ику иту цIыху мини 10 къэс хуэзэу цIыхуи 100 фронтым ираджамэ, Къэбэрдей-Балъкъэрым цIыхуи 180-рэ игъэкIуащ. Ар илъэс 450-кIэ узэIэбэкIыжмэ, езыр фIэфIу зыгухьа Хэкум ди лъэпкъыр зэрыхуэпэжым и щыхьэт наIуэщ, ди зауэлIхэм я патриотизмэмрэ лIыхъужьыгъэмрэ нэIурыту къэзыгъэлъагъуэщ.

Къэбэрдей-Балъкъэрым къыщызэрагъэпэщауэ щытащ 175-нэ, 337-нэ фочауэ дивизэхэр, къалэн хэха зыгъэзащIэ часть зыбжанэ – абы хэтахэр республикэм щыщт, къанэ щIагъуэ щымыIэу. А зэманым республикэм дзэ училищэу тIу щылэжьащ. Хабзэ екIуэкIым ипкъ иткIэ, зауэм дэкIын хуейхэр даша иужь, цIыхубэ хозяйствэм щылэжьэну къэнахэм къыхашри, 115-нэ Къэбэрдей-Балъкъэр шуудзэ дивизэр къызэрагъэпэщауэ икIи ар къанэ щымыIэу республикэм и мылъкукIэ яхуэпауэ, зэщIаузэдауэ щытащ. Дивизэм и зауэлIхэм, 1942 гъэм и июль-август мазэхэм Сталинградрэ Кавказым и щIыдагъэ къыщIэшыпIэхэмрэ хуеIэ бийм и танк, моторизованнэ дзэхэу IэджэкIэ къекуэдэкIхэм япэщIэувэри, хахуагъэрэ лIыхъужьыгъэрэ къагъэлъэгъуащ.

ИлъэсипщI бжыгъэхэр дэкIащ, зауэр тхыдэ жыжьэу къызыщыхъу щIэблэщIэхэр къэхъуащ, ауэ мы махуэм дэ тщыщ дэтхэнэми и гущIэм къыщоуш гуфIэгъуэмрэ гуауэмрэ, зауэм и гуащIэгъуэм псори зышэча, псоми къела икIи текIуа ди нэхъыжьхэм зэрахьа лIыгъэм дызэрыригушхуэр, абыхэм я фэеплъыр лъапIэу зэрыщытыр.

Совет цIыхубэм – ТекIуэныгъэр къэзыхьа цIыхубэм – зэрахьа лIыхъужьыгъэм и инагъыр лIэщIыгъуэкIэрэ ужьыхынкъым! Дэ ди щхьэр худогъэщхъ абыхэм зэрахьа лIыгъэм, къахьа ТекIуэныгъэм я инагъым. Абыхэм я фэеплъ нэхур мы зэманым псэухэми къэкIуэну щIэблэхэми зэи ягу ирыремыху, мыункIыфIыж а нурыр иджырей щIэблэм я IуэхуфIхэм ядрегъуэгурыкIуэ, цIыхубэм я зыужьыныгъэм теухуа гъуэгу мытыншыр къэзыгъэнэху вагъуэ ирехъу.

ЛIэщIыгъуэкIэрэ ирепсэу лъэпкъ куэду зэхэт ди цIыхубэ зэкъуэтыр – текIуэныгъэ къэзыхьа ди цIыхубэр! Быдэ ирехъу икIи ирегъагъэ ди Хэку иныр, абы къыгуэхыпIэ зимыIэ и Iыхьэу щыт ди Къэбэрдей-Балъкъэрыр, ди дэтхэнэ унагъуэри!

*2005*

## ЛЪЭХЪЭНЭМ ДЕКIУУ ПСЭУН

*Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Къэралыгъуэм и махуэм ирихъэлIэу*

Иджырей щIэблэм къалэнышхуэ къыпэщылъщ – XX лIэщIыгъуэр екIуу нигъэсыну, абы къриубыдэу Къэбэрдей-Балъкъэрым игъуэта зыужьыныгъэр къипщытэну, къэблэгъа лъэхъэнэщIэм хуэфащэу хэбэкъуэну. Сыт хуэдэ щытыкIэ иIэу ди республикэр хыхьэну ещанэ илъэс миным, сыт хуэдэ увыпIэ абы щиубыдыну Урысей Федерацэм, дунейпсо цивилизацэм – абыхэм я жэуапыр зыхуэдэм елъытащ КъБР-м и къэкIуэнур, абы щыпсэу цIыхухэм яIэну псэукIэр.

Мыхьэнэшхуэ иIэщ ди республикэм и блэкIам хуэфэщэн пщIэ хуэщIыным, дэтхэнэ къэхъукъащIэми езым и увыпIэ лъэпкъ, къэрал тхыдэхэм щегъэгъуэтыным, сыту жыпIэмэ аращ ди къэкIуэнур зытетщIыхьыну лъабжьэр.



КъакIуа тхыдэ гъуэгуанэм къриубыдэу адыгэхэмрэ балъкъэрхэмрэ мызэ-мытIэу хэтащ къэралыгъуэ яухуэну. АрщхьэкIэ синд къэралыгъуэми, адыгэ лIакъуэхэр Римым щыгухьами, кIасэ-абхъаз зэгухьэныгъэми, абы и ужькIэ къызэрагъэпэщахэми къэкIуэн ямыIэу къыщIэкIащ. Ди лъэпкъхэр къэралыгъуэшхуэхэм я щхьэл мывэхэм дэлъауэ жыпIэ хъунущ. Апхуэдэу щытами, дэ хуитыныгъэ диIэкъым дяпэ ита нэхъыжьхэр зыгуэркIэ дгъэкъуэншэну – зэманым къарит Iэмалхэр абыхэм зэрыхъукIэ къагъэсэбэпащ. Уеблэмэ абыхэм фIыщIэ яхуэтщIыпхъэщ 1557 гъэм Урысей къэралыгъуэм хыхьэу лъэпкъыр зэрахъумэфам щхьэкIэ.

Къэбэрдей-Балъкъэрымрэ Урысеймрэ зэгъусэу къакIуащ тхыдэ гъуэгуанэ кIыхь, ехъулIэныгъэ лъагэхэмкIи гугъуехьхэр зыпыщIа IуэхухэмкIи гъэнщIауэ. Нобэ дэ дызэкъуэтщ, а зэкъуэтыныгъэрщ ди къарур зыхэлъри, къэкIуэну дахэм дыхуэзышэри. Ауэ щыхъукIи, Урысей пащтыхьыгъуэм и лъэхъэнэм дэ зэхудиIа зэпыщIэныгъэхэм хэтщ гур къэзыуIэ Iуэхугъуэ куэд. Пщыгъуэр традзу Урысейр демократием и гъуэгум теува нэужьщ абы хэт щIыналъэхэми заужьын щыщIадзар. Совет властыр ягъэува нэужь, дыхэтащ Тэрч Республикэм, иужькIэ Бгырыс Республикэм. Абыхэм дыхуашащ ди зэхэщIыкIым зиIэту ди къэралыгъуэ духуэжын зэрыхуей гупсысэхэм. ВЦИК-м и Президиумым 1921 гъэм сентябрым и 1-м иригъэкIуэкIа зэIущIэм унафэ къыщтауэ щытащ Къэбэрдейр Урысей Федерацэм хэт автономнэ область щхьэхуэ зэрыхъуамкIэ. Мази 4 дэкIри, Балъкъэрри къыхэкIыжащ Бгырыс Республикэм икIи Къэбэрдей-Балъкъэр автономнэ областыщIэ къэунэхуащ.

Лъэпкъ къэралыгъуэ зэрыдгъуэтам мыхьэнэшхуэ иIэт адыгэхэмрэ балъкъэрхэмрэ я зыужьыныгъэмкIэ. Ар хъуащ ди тхыдэм и напэкIуэцIыщIэ. Автономием Iэмал къыдитащ социально-экономикэ,

политикэ, щэнхабзэ ухуэныгъэхэр едгъэкIуэкIынымкIэ, гъунэгъу республикэхэм пыщIэныгъэ щхьэхуэхэр яхудиIэнымкIэ.

Иджырей Къэбэрдей-Балъкъэрым къэралыгъуэ нэс щигъуэтауэ къэплъытэ хъунур XX лIэщIыгъуэм и кIэуххэрщ. Абы щыгъуэ ди къэралым щекIуэкIа зэхъуэкIыныгъэхэм, жылагъуэ-политикэ гъащIэм демократие нэсым ижь къызэрыщIихуам лъэпкъ гупсысэр, зэхэщIыкIыр куэдкIэ лъагэ ящIауэ щытащ. Къэбэрдей-Балъкъэрыр Урысей Федерацэм хэт, и щхьэ хуитыж республикэ зэрыхъуам и щыхьэту, КъБР-м и Совет Нэхъыщхьэм 1991 гъэм январым и 30-м къыдигъэкIащ Къэрал суверенитетым теухуа декларацэ. 1992 гъэм мартым и 31-м Iэ зытеддза Федеративнэ ЗэгурыIуэныгъэр, КъБР-м и Конституцэу 1977 гъэм къэтщтауэ щытар къэралым и субъект щхьэхуэу дызэрыщытым щыхьэт техъуащ.

ЖыпIэ хъунущ Урысейм федеративнэ ухуэкIэ нэс ипэкIэ имыIауэ. Демократие хуитыныгъэр зи лъабжьэ иджырей зэгухьэныгъэрщ федеративнэ къэралыгъуэ ирикъур. Апхуэдэ къэралыгъуэщIэр ухуэным иужь дыщихьэм, къалэн нэхъыщхьэ дыдэу зыхуэдгъэувыжахэм ящыщщ республикэм мамырыгъэмрэ зэпIэзэрытыныгъэмрэ щыхъумэныр. Ар гъэзэщIэным пыщIащ адрей ди лэжьыгъэ псори: хабзэхэр къыдэгъэкIынри, ахэр гъащIэм хэпщэнри, нэгъуэщIхэри. Ди дежкIэ псом нэхърэ нэхъыщхьэр республикэм ис лъэпкъхэм ящыщу дэтхэнэми и хуитыныгъэхэр къызэпымыудынырщ, зиужьыну, ефIэкIуэну Iэмалхэр етынырщ. Лъэпкъ политикэр Iущыгъэ ин зыхэлъыпхъэ Iуэхущ. Абы теухуауэ къапщтэ дэтхэнэ унафэри ебгъэпщэн хуейщ щIыналъэм щыпсэу лъэпкъхэм я хуитыныгъэхэм.

Тхыдэр щыхьэт зэрытехъуэмкIэ, лъэпкъхэр зэкъуэзыгъэувэхэращ, абыхэм я къару псори хэкум и ехъулIэныгъэм, зыужьыныгъэм хуэзыгъэлажьэхэращ къэралым и хэкупсэ нэсхэр, армыхъумэ лъэпкъхэр, щIыналъэхэр щхьэхуэ-щхьэхуэ зыщIыну хуейхэракъым. Федеративнэ ухуэныгъэм ихъумэн хуейщ абы хэт дэтхэнэ лъэпкъми и нэщэнэхэр, зыр адрейм къызэрыщхьэщыкI хабзэхэр. Абы къэралыр псэкIэ, щэнхабзэкIэ нэхъ къулей ещI.

БлэкIа илъэсхэм дриплъэжмэ, уигурэ уи щхьэрэ зэтелъу жыпIэ хъунущ ди республикэм къикIуа тхыдэ гъуэгуанэр купщIафIэу зэрыщытыр. Тхыдэм къыдита Iэмалхэр нэсу къэдгъэсэбэпауэ схужыIэнущ. Республикэр мэпсэу социально-политикэ зэпIэзэрытыныгъэ иIэу, лъэпкъхэм, динхэм я зэхуаку зэныкъуэкъу дэмылъу. КъБР-м и пщIэр нэхъри Iэта щохъу Кавказ Ищхъэрэми Урысей Федерацэми. Дэ дрителъхьэщ ди къэралым и зэкъуэтыныгъэм. Дэтхэнэми гушхуэу жрыреIэ УФ-м и Конституцэр къызэрыщIидзэ псалъэхэр: «Дэ Урысей Федерацэм лъэпкъ куэду зэхэт дрицIыхубэщ».

ИпэжыпIэкIи аращ зэрыщытыр.

ИрефIакIуэ, зреужь ди республикэ дахэм. Мамырыгъэмрэ зэгурыIуэныгъэмрэ щытепщэ щIыналъэу дапщэщи щрырет ди къэралыр.

*2000*

## IУЭХУ ДАХЭХЭМ Я КЪЕЖЬАПIЭ ИРЕХЪУ

*Кавказ зауэр зэриухрэ илъэси 141-рэ щрикъум ирихъэлIэу цIыхубэм Зэрызахуигъэзар*

Илъэс щитхум нэблэгъащ Къэбэрдей щIыналъэу щытам – иджырей Къэбэрдей-Балъкъэрым – Урысей къэралыгъуэм пыщIэныгъэхэр хуиIэ зэрыхъурэ.

А зэман кIыхьым и япэ Iыхьэм екIуэкIахэр зауэ-политикэ зэдэIэпыкъуныгъэу, ныбжьэгъугъэ зэпыщIэныгъэу къэплъытэ хъунумэ, 1557 гъэм июлым и 17-м щыщIэдзауэ ятха зэгурыIуэныгъэм ипкъ иткIэ Къэбэрдей щIыналъэр езым фIэфIу Урысей къэралыгъуэм хыхьащ.

Зы илъэс дэкIмэ, а пIалъэ гъуэзэджэр илъэс 450-рэ зэрырикъур дгъэлъэпIэнущ Къэбэрдейм и тхыдэ щIыналъэм щыпсэухэм. Шэч къытесхьэркъым абы пыщIа Iуэхухэр егъэкIуэкIыныр Урысей Федерацэм и иджырей политикэ унафэщIхэм, апхуэдэу къэралым ис лъэпкъ псоми дэ къызэрыддаIыгъынум.

Си фIэщ мэхъу тхыдэ, къэрал мыхьэнэ куу зиIэ а Iуэхур апхуэдэу цIыху псоми къыддаIыгъыу, къэралым и унафэщIхэми дин Iэтащхьэхэми зыкъытщIагъакъуэу едгъэкIуэкIмэ, ар Урысей къэралыгъуэмрэ абы и ищхъэрэ гъунапкъэхэмрэ гъэбыдэнымкIэ хэкIыпIэ лъэщ зэрыхъунур.

Апхуэдэ фIэщхъуныгъэм, псом япэу, и лъабжьэщ ди адэжьхэм зэгуэр ятауэ щыта псалъэм къыкIэлъыкIуэ щIэблэхэр, зэрыщыту ди лъэпкъыр зэрыхуэпэжыр, тхыдэм и сыт хуэдэ лъэхъэнэми абыхэм щхьэмыгъазэу хэкум къулыкъу хуащIэу зэрекIуэкIыр. Ауэ нэхъыщхьэр арщи, иджыпсту псэу щIэблэм нэгъэсауэ къагуроIуэ ди адэжьхэм зэгуэр къыхахауэ щыта гъуэгур лъэпкъым и къэкIуэнум ухуэзышэ, ди цIыхубэм я политикэ зэхэщIыкIымрэ щIэныгъэмрэ хэгъэхъуэнымкIэ Iэмал лъэщхэр къэзыт гъуэгу тэмэму зэрыщытыр.

Нобэ ди цIыхухэм я нэхъыбапIэм я акъылым къахуигъэтIасэркъым псоми ди зэхуэдэ Урысей хэкум угуэмыту, урысей щэнхабзэм и хъугъуэфIыгъуэхэр къыумыгъэсэбэпу ещанэ илъэс миным цIыху зыужьыныгъэм и гъуэгум узэрытетыфынур.

Абы нэхъри нэхъ наIуэу къегъэлъагъуэ хэкужьыр хэмыкIуэдэжу къызэтегъэнэным, ар цIыху бжыгъэкIэ зэтегъэувэжыным къыдэкIуэу, «ИгъащIэкIэ Урысейм дыгуэтынщ» жаIэу адэжьхэм зэгуэр ятауэ щыта псалъэу иужькIэ республикэм и къалащхьэм и кум а Iуэхугъуэм теухуауэ щагъэува фэеплъым тратхэжахэм щIэблэхэр илъэс щитхум нэблагъэкIэ хуэпэжу къызэрекIуэкIам пыщIа хахуагъэмрэ лIыгъэмрэ я инагъыр. Иджырей ди цIыхухэм хьэкъ ящыхъуащ лъэпкъ куэд зэрыс ди республикэм и цIыху псори лэжьыгъэмрэ зэгурыIуэныгъэмрэ зи гур хуэунэтIа зы унагъуэ зэкъуэту щытын зэрыхуейр. Лъэпкъ куэду зэхэт ди цIыхубэм апхуэдэ я зэкъуэтыныгъэрщ республикэм и купщIэр, ди гъащIэм и купщIэр, дунейпсо зыужьыныгъэм и лъагапIэхэм дыхуэзышэ теувапIэу диIэр.

Мис ноби, адыгэ лъэпкъым игъэва гузэвэгъуэ иныр илъэси 141-рэ зэрырикъур дигу къыщыдгъэкIыжым, сызэригугъэмкIэ, ди лъэпкъым щыщ дэтхэнэ цIыху зэтетми и псэр, и щхьэр лъахъшэу яхуегъэщхъ

лъэпкъым и къэкIуэнум зи гур етауэ, ауэ, ди жагъуэ зэрыхъущи, зыми щымыщу хэкIуэдахэм. А зэманым тещIыхьауэ къапщтэмэ, лъэпкъ лъэщу щыта адыгэхэр дуней псом къуэпси лъабжьи ямыIэу щикъухьауэ, блэкIаи къэкIуэни ямыIэжу къыщIидзыжащ. А зы напэкIуэцIым и закъуэщ Урысейм хэту илъэс щитхукIэ къэгъуэгурыкIуа ди лъэпкъым и тхыдэм къэралым ехьэлIауэ нэхъ мыхъумыщIэу хэтыр.

Апхуэдэ гузэвэгъуэм дэ, мы зэманым псэухэм икIи лажьэхэм, къыхэтхыпхъэ дерс нэхъыщхьэр – ди лъэпкъыр, лъэпкъ хьэлэмэтыр, социальнэ, щIэныгъэ зыужьыныгъэм и лъагапIэхэм дыхуэзышэну зэкъуэтыныгъэ лъапIэр хъумэнырщ.

ЗэрыгурыIуэгъуэщи, Алыхьым и нэфIыр зыщыхуа ди щIыналъэм я лъэр щиубыдынукъым, щиубыди хъунукъым апхуэдэ мурад лъапIэр зэгъэхъулIэным зэран хуэхъуну хущIэкъу цIыхухэм.

Абы къыхэкIыу ди лъэпкъыр зэрыщыту зыхуэпабгъэр зэкъуэтыныгъэрщ, зэдэлэжьэныгъэрщ. Аращ егъэджэныгъэм зегъэужьыныр, зэманым къигъэувхэм езэгъыу къыдэкIуэтей щIэблэр егъэджэнымрэ гъэсэнымрэ, зэрыщыту лъэпкъым и зэхэщIыкIыр къэIэтыныр ди деж къалэн нэхъыщхьэ дыдэхэм ящыщу къыщIыщалъытар. ИкIи дэ шэч къытетхьэркъым дубзыхуа апхуэдэ мурадхэр гъэзэщIа зэрыхъунум.

Зэман благъэм къриубыдэу республикэм ис дэтхэнэми лэжьапщIэ тэмэм къыIэрыхьэнымкIэ шэсыпIэхэр зэтеувэнущ. Дэтхэнэ цIыху тэмэмми и хуитыныгъэхэмрэ щхьэхуитыныгъэмрэ хъумэныр ди деж ноби тэмэму щызэтегъэуващ, ауэ пщэдей а Iуэхур нэхъыфIыжу ягъэзэщIэнущ.

Шэч къытезмыхьэжу си хэкуэгъу лъапIэхэр фикъызогъэгугъэ Урысейм щыпсэу лъэпкъ куэдхэм я сатырым зэщIыгъуу дыхэту дэ дунейпсо зыужьыныгъэм дыхуэзышэ гъуэгуанэ дахэ зэрызэпытчынумкIэ. Шэч къытесхьэркъым ар фэ псоми фи нэгу зэрыщIэкIынум.

Нобэрей махуэр – тхыдэм къыщыхьуа гузэвэгъуэр илъэси 141-рэ зэрырикъуар – ди цIыхубэм зэи ящремыгъупщэ, нобэ щыщIэдзауэ а махуэр ди лъэпкъыр жылагъуэ зэгурыIуэныгъэм, ефIэкIуэныгъэм, Iуэху дахэхэм лIэщIыгъуэ IэджэкIэ яхуэкIуэн папщIэ зытеува гъуэгуанэм и къежьапIэ ирехъу. Ди цIыхухэм я лэжьыгъэмрэ я ехъулIэныгъэхэмрэ куэдкIэ ирагъэбагъуэ зыхуэбгъэдэн щымыIэ ди хэкум – Урысей иным – и зэкъуэтыныгъэмрэ и лъэщагъымрэ.

Дыщалъхуа Къэбэрдей-Балъкъэрым щыщ дэтхэнэ зы унагъуэми фIыгъуэрэ берычэтрэ ирырелъ.

*2005*

ФЫРЭ-КЪАНЫКЪУЭ Анфисэ

# ЧЭРЭЧЭ[1]

*Тхыдэ роман*

## *Хьэт къэралыгъуэ, ди лъэхъэнэм ипэкIэ 1252 гъэ*



Зэгуэр къэралыгъуэ лъэщу щыта Хьэт пащтыхьыгъуэм и кIуэдыжыгъуэр зэрымыжыжьэр гурыIуэгъуэт. Абы и пщышхуэу Хьэтусилэ Ещанэм и ныбжьыр зэрыхэкIуатэм гу лъитэну хущIыхьэгъуэ имыIэу щIыналъэм хуэлэжьами, и жьы хъугъуэм жьышхуэ къыхукъуэуащи, гукъеуэшхуэхэр къыкIэщIозэрыхь. Нэхъ пасэIуэу дамэгъуу иIа, щIэгъэкъуэну къыбгъурыта алыдж хытIыгухэр хуэмхуэмурэ лъэщ къызэрыгъэхъури, зэрыубыдащи, уIэгъэ хъуарэ, зи лъэр щIэхуа аслъэныжьым хьэIуцыдз гуп ежауэ кIэщIэпхъуэ нэхъей, Хьэт къэралыгъуэр зэпкъратхърэ, щхьэж къыIэрыхьэр и Iыхьэу зэбгралъэфыжыну къощакIуэ. Хэт и гугъэнт гъащIэм и гуащIэгъуэм лъакъуащхьэкIэ хэту къэгъуэгурыкIуа, абы быдэ, Iущ ищIа къэралыгъуэм и егъэзыхыгъуэр зэрымыщIэкIэ къыкIэщIэзэрыхьыну?!

Хьэтхэм ящIэжыркъым Хьэтусилэ Ещанэм и тетыгъуэм ялъэгъуа тыншыгъуэм, щIэрэщIэгъуэм, зыIэтыгъуэм хуэдэ нэхъапэIуэкIэ яIэххауэ. Хьэтусилэ Мысыр фирхьэуным ирищIылIа зэгурыIуэныгъэм лъэпкъым къыхуихьат (зэман кIэщIкIэ) мамырыгъэрэ щIэрэщIэгъуэрэ. Иджы дыпсэунщ щыжаIэм, хьэ цыплъ гуартэу къызэрехьэжьащ жагъуэгъухэри, мэдзэлашхэ, зыкърадзу ячэтхъэн хьэзыру.

... ГъащIэр аращ зэрызэхэлъыр. Ар гурыIуэгъуэми, уи гум пхутегъахуэркъым. ПэщIэдзэ зиIэм кIэухи иIэщ. Къэсауэ къыщIэкIынут Хьэт къэралыгъуэм и кIуэдыжыгъуэри. ИщхъэрэкIэ къиихь жьы щIыIэжьым къыпех ажалымэ, къуэкIыпIэмкIи къухьэпIэмкIи къыщытрихьащ пшэ фIыцIэ Iувышхуэхэри, адэкIи-мыдэкIи мыкIуэфрэ, зыхуэмыгъэхъейуэ утыку къонэ Хьэтусилэ. ХэкIыпIэу щыIэр зы закъуэщ – нэгъуэщI дзеегъу[2] лъэщ къэгъуэтыныр. Ауэ, хэт? Хэт и дзыхь иригъэзыну, махэ хъуа лъэпкъыпсэр хэт и IэмыщIэ ирилъхьэну? Сыт напэри иIэу и адэжьхэм я пащхьэ ихьэжыну, фIы и фIыжкIэ лъэпкъыр зыщыгугъ пащтыхьыжьым къэралыгъуэр хигъэкIуэдэжмэ?!

## *ЖьакIэпэнэпс[3]*

Хьэтусилэ гукъыдэмыжу, нэщхъеирилэу, гупсысэ куухэм ета зэпыту гу лъызытэхэм щэхуу зэхуаIуатэрт пщыжьыр нэгъуэщI зыгуэр зэрыхъуар. Ар гуауэм акъмыкъ ищIауэ хуэзыгъэфащэхэр гъунэжти,

[1] Чэрэчэ – щIэин, цIыху хэкIуэдэжам къыщIэна мылъку.
[2] Дзеегъу – дамэгъу, акъылэгъу.
[3] ЖьакIэпэнэпс – гуауэ зиIэ цIыхухъум зыми зыкъримыгъэлъагъуу щIигъэкI нэпс.

къэралыгъуэр зэрыхуа щытыкIэм блыгущIэтхэр ирогузавэ, уеблэмэ Хьэтусилэ икIэщIыпIэкIэ трагъэкIуэту, пащтыхьым и къуэ закъуэ Тутхьэлий пщыгъуэр IэщIалъхьэмэ нэхъыфIу пIэрэ жаIэу йогупсыс. Ауэ, итIани, Хьэтусилэ и гукъеуэ кIыхьым езыр-езыру къыхэкIыжу, япэрей пащтыхь гуейм[1] зиIэтыжыным щыгугъыу, иракъухыж.

Бийр ириубыдыну зы хэкIыпIи игъуэтыркъым пщыжьым. Гъунэгъу щIыналъэхэр къызэрехьэжьэну хьэзырыххэщи, гупсысэм зэрехьэ Хьэтусилэ. Абы и къуэрылъху-пхъурылъхухэм я къэшэгъуэдэкIуэгъуэ хъужами, зэгуэр къигъэIущащ ар апхуэдэ Iуэху щIэкIэми, благъагъэкIэ иубыдынуIауэ тегушхуэркъым. Шэми шхуми ес.

Зауэ зэпымыухэм ирагъэша, зи узыншагъэми къыхигъэзыхь Хьэтусилэ зи чэзу зекIуэр зэфIигъэкIри, къекIуэлIэжащи, махуэ бжыгъэ хъуауэ и пэшым къыщIэмыкIауэ щIэсщ, зыри щIимыгъэхьэу, уеблэмэ ишхаи ирифаи щымыIэу, гукъыдэмыжу.

Пщыжьым и нэкIум жыгъэр къытеIэбащи, и нэ къуапэхэр къришэхащ, и напIэр къелIыхащ, и нэ фIыцIэшхуитIым къыщIихыу щыта мафIэми Iугъуэ къудей пимыхужу, нэщIщ.

Хьэтусилэ и къуэш нэхъыжь МывэтIалэ и тетыгъуэр щрихьэкIым мыпхуэдэ дыдэу гупсысэм щыхидзэкIэ, шордакъым къытеувэрти, сыхьэт бжыгъэкIэ щытт, и нэ дахитIыр щIэплъыпIэм тедиярэ, и IитIыр кIэнтIыIум телъу. Хэт ищIэрэт абы щыгъуэ пщым и гум щыщIэр, зэгупсысыр, зыхущIегъуэжыр, зыщIэхъуэпсыр. Иджы Хьэтусилэ иуващ абы и пIэ. Абы и Iуэхур хэплъэгъуэщи, къыгуроIуэ зэгуэр и къуэшым игъэвамрэ и кIуэцIым щыжьамрэ зищIысыр.



Къамылыфэ гуакIуэу щыта лIы Iэчлъэчым и дамитIыр къехуэхащ, мэгузавэри, и фэр гъуэжьыфэу пыкIауэ, къэхъу псори и фIэщ хуэмыщIу, и щхьэр егъэкIэрахъуэри щытщ. Елъагъу абы къалащхьэр фейцей зэрыхъуар, уэрамхэм щызэхэзекIуэ цIыху еша, мэжэщIалIэхэм я лъэр ялъэфу зэрыущыр, куэд щIауэ цIыхуIэ зылъэмыIэса уэрамыщхьэхэр фIейм щIигъэнарэ, зы удзыпи зэрымыгъэгъэжыр. Къеныкъуэкъум къегъэдзыхэ, къефыщIауэм – гуетхъ, зауэ IэнатIэм Iутхэр зыхуей хуэгъэзэн, къызэранэкIахэри шхэн хуейкъэ?! Къэралыгъуэр лъэныкъуищкIэ къахухьащи, уикIыфыркъым. Хьэтейм хузэфIэкIыр араши – къебгъэрыкIуэр къэралым къримыгъэхьэу, гъунапкъэхэр ехъумэ. ЗиIэту, япэм хуэдэу, толъкъун абрагъуэу бийм зридзыну къару иIэжкъым.

Хьэтусилэ IэщIэлъщ гъущIынэпэкIэ тхыгъэ зытедза мывэ пIащIэр. Абы тет тхыгъэр мызэ-мытIэу къытригъэзэжурэ щIиджыкIащ пщыжьым. Апхуэдизу зыщыгугъа псалъэхэр дигъэхуа и гугъэу, бабылеипщым къыхуитхыжа жэуап кIэщIым и нэ фIыцIэхэр ирожэ. Хуейкъым иджыри зы дамэгъу зэрыIэщIэкIар и фIэщ ищIыну. Дауэ къыпщыхьурэ, гъунэгъу щIыналъэхэм щхьэщэ къыхуащIрэ, Хьэт къэралыгъуэм къыпекIуэкIыу щытахэр иджы, хьэпщIэу нэхъей, Хьэтусилэ и пащхьэ къыиувауэ, мэбанэ!

Жыжьэ умыIэбэ, Бабылейм я пщым фIы и фIыжкIэ щыгугъыу хуэтхат хьэтыпщри, и жэуапыр нэгъуэщI мывэм тету къригъэхыжын и щхьэ тримылъхьэу, Хьэтусилэ и тхыгъэм и щIыбагъым къритхэжащ гур зычатхъэ псалъэхэр. ЗыгуэркIэ ащыр тIасхъэщIэххэм тхыгъэр

---

[1] Гуей – гу быдэ зиIэ, лIыгъэ зыхэлъ.

къаIэрыхьэмэ, ирыралъагъу хьэтыпщым къитхари, абы жэуапу игъуэтари, жыхуиIэу.

*«Бабылеипщу, пщIэ зыхуэсщI Шагъэрэхътий! Узэрыщыгъуазэщи, Ащыр къэралыгъуэр къыдэуэсащ. Ашэрэд ябгэм си щIыналъэм и къуэкIыпIэр ихъэхуащ, абы ипкъ иткIи, Ащырыр нэхъ лъэщ, нэхъ ин къызэрыгъэхъуащ. Ди жагъуэ зэрыхъунщи, гужьгъэжьым кърихуэкI пащтыхъыр абдеж къыщызэтеувыIэнукъым. Абы хъуэпсапIэу иIэр зыщ – Хьэт къэралыгъуэр зэрыщыту иубыдыныр. Нэрылъагъущ, дэ къыдэбгъэрыкIуэн ипэ къихуэу, дэIэпыкъуэгъу къытхуэхъункIэ хъуну щIыналъэхэм я лъэр щIихыу, дэ къызэрыдэувэлIэнур. Уигу къэгъэкIыж Хьэт къэралыгъуэм и къухьэпIэм къебгъэрыкIуэ алыдж лъэпкъхэри. Ахэр теуащ си малъхъэу мысыр фирхъэун Рамзес ЕтIуанэм, дэIэпыкъуэгъу къысхуэмыхъун папщIэ. Ауэ, фирхъэуным къригъэкIуэтыжащ алыджхэр. Апхуэдэ дыдэу, мыгувэу, Ашэрэд къобгъэрыкIуэнущ, лажьэ уимыIэу, дэ укъыддэмыIэпыкъун папщIэ. Сэ зэрысщIэмкIэ, Бабылейм иджыпсту фи Iуэхур щIагъуэкъым. Ауэ, Шагъэрэхътий, ди щIыналъэм гуахар зэрыгуахауэ, Ашэрэд и пIэ идгъэтIысхъэжыфынущ уэрэ сэрэ дызэрыубыдмэ. Уэ зы лъэныкъуэкIэ, хьэтхэр нэгъуэщI лъэныкъуэкIэ дыкъэувынщи, дгъэкIуэдыжынщ а е фIыцIэр, къызэремыхъэжьэ щIыкIэ. ФIыкIэ сыногугъэ. Хьэтусилэ ЕтIуанэ»*, – тетщ мывэм. КъызэбгъэдзэкIмэ, Шагъэрэхътий и жэуапыр: *«Дамэгъум хуэдэу укъатхэркъым, Хьэтусилэ. АтIэ, лей зезбгъэхьэну, си Iуэху зыхэмылъым сыхыупщэну яужь уитщ. Ауэ, Ашэрэд узэригугъэм нэхърэ нэхъ Iущу къыщIэкIрэ, укъыщIежьар къомыхъулIэмэ, уэри сэри дыкIуэдащ. Си лъэпкъыр мафIэм пэрыбдзэну ухъэзырщ, Бабылейм лажьэ димыIэу. Ауэ щыхъукIэ, си жэуапыр кIэщIщ икIи гурыIуэгъуэщ – укъысщымыгугъ!»*.

Хьэтусилэ зэхихыртэкъым бжэм зыгуэр къызэрытеуIуэр. «ТIыркъ» макъыр нэхъ ин хъуа нэужьщ ар и тхьэкIумэм ицырхъэу, гупсысэ мышыухэм къыщыхэкIыжар.

– КъыщIыхьэ, – Iэнэ лъахъшэ цIыкIум мывэ пIащIэр тридзэри, и сэмэгу дамащхьэмкIэ къеплъэкIащ ар, и макъым зримыгъэIэтыщэу.

– Тутхьэлий къэсыжащ, зиусхьэн! – щхьэщэ ищIащ бжэIутым.

– Къеджэ-тIэ, псынщIэу, – алъандэрэ и нэгум щIэта, зэгупсыса псори пщIыхьэпIэ шынагъуэ гуэру бзэхыжа нэхъей, Хьэтусилэ и нэгур мащIэу къэнэхужащ.

– Ди адэ, – дыгъэри нэщхъей-нэщхъейуэ зыщIэпсэ пэшышхуэм къыщIыхьэри, Хьэтусилэ и пащхьэ къиуващ зи бынхэр балигъ хъужа лIы хахуэр.

– Еблэгъэж, щIалэ! Дауэ укъекIуэлIэжа? – пщыжьым и гур къызэрыгъуэтыжа хуэдэт, Тутхьэлий зэрыIуплъэу.

Ар щыгугъырт мазэ бжыгъэкIэ къэта пщыкъуэм хъыбарыфIхэр къихьауэ, здэщыIа къэрал жыжьэм зыкъыщIигъэкъуэну къигъэгугъэу, дзэшхуэ къарит у къыздишауэ.

– Хъарзынэу сыкъэсыжащ, ди адэ. Ауэ... – и напIэр ирихьэхащ Тутхьэлий. – Ауэ хъыбарыфI къыпхуэсхьакъым.

Нэм имылъагъу Iэ щIыIэ гуэр къепхъуэу, Хьэтусилэ и гур къритхъа нэхъей, пщыр къэскIащ. И къуэм и дамэм трилъхьа Iэ ижьыр къарууншэу къещэтэхыжри, ауэ щыт шэнтжьейм щыму етIысэхащ пщыжьыр, и нэгур къызэхэуфэжауэ.

– Сыт къыбжиIар си малъхъэм? – нэхъри нэхъ хьэлъэж хъуа и напIэр къыхуэмыIэту щIэупщIащ Хьэтусилэ.

– Мэшынэ, къызэрызгурыIуамкIэ. Ащырыр бий ищIыну хуэмейуэ аращ. Ашэрэд дэ къызэрыдэбгъэрыкIуэм хуэдэ дыдэу Мысырми теуэфынущ. Мес, Мэтэнейр[1] тIэщIигъэкIащи, нобэр къыздэсым къэтхьэхужыфыркъым. Псоми зэхахащ Ашэрэд дзэшхуэ къызэрызэригъэпэщыр...

– Сыхуейкъым! ЖумыIэ зыри, – и къуэм жиIэр нримыгъэгъэсу, и Iэр хьэлъэ-хьэлъэу еIэт пщым.

А хъыбарым Хьэтусилэ и лъэр щIиудат. Я Iуэхур зэрымыщIагъуэр фIыуэ къызыгурыIуэж пщыкъуэми ирикъухыжащ и псалъэр. Гупсысэмрэ зауэмрэ зи щхьэцым тхъугъэ хезыгъэдза лIыкур зэпымычу егупсысырт къэралыгъуэр щыхупIэм зэрыщхьэщашыну щIыкIэм. Псоми я щIыбыр къыщыхуагъазэм, зы хьэкIыпIэ закъуэщ абы къыхуэгъуэтар. Ауэ ар и адэм идэнрэ имыдэнрэ къыхуэщIэкъыми, къыхудэшейкъым.

– Зэрыджатэдэпщыр сщIэми, абы сыщыгугъыу, си пхъуитI естащ. Иджы еплъ! Утыку дыкъринащ. Дауи... Си хъыджэбзитIыр яIэщIэкIуэдащ, благъагъэ ди зэхуаку дэлъыжккъым. Дэ къытхуеиж фирхьэуныр?! Езыхэр мыпсэужми, хьэтыпхъухэм къащIэна щIэблэм хьэтыр гуэри яIэу къилъытагъэнкъым си малъхъэм, – щэху дыдэу Iущащэрт Хьэтусилэ.

Тутхьэлий ищIэрт и адэр апхуэдэу щыIущащэкIэ мыгувэу къызэрыщитхъынур. Пщым и губжьыр щIыфэкIэ зыхищIэ пэтми, щхьэщигъэун и гугъэу къригъэжьащ пщыкъуэм:

– Нэптерэ и фэеплъ сын иригъэщIащ фирхьэуным. АпхуэдизкIэ лъагэщи, ущыдэплъейкIэ уи тажыр пщхьэроху. ПщIэ къыхуищIу, фIыуэ къилъагъуу щытащ...

– Сыт и мыхьэнэж абы и фIылъагъуныгъэм? Сыт жыпIэр?! Тхьэхэм я нейр зыщыхуэн лъэпкъ! ФIыуэ къилъагъурт жи... Рамзес къыдищIа псор езым щыгъупщэжами, сэ сщыгъупщакъым, Тутхьэлий. Куэд щIащ Рамзес и щIыб къызэрытхуигъазэрэ. Си пщIэми си щIыхьми кълелъэпэуащ ар. КъыбгурыIуэрэ, СЭ сыхиутащ! – Iупсыр къыжьэдиупцIыкIыу гъуахъуэу къыщылъэтащ Хьэтусилэ.

– Фи сату гъуэгухэр зэхуащIагъэнщ, мыр къыфхуэщхьэпэнщ жиIэри, кхъухьышхуэ из дыщэрэ дыжьынрэ къызигъэшащ фирхьэуным, – хэщэтыкIри, щэху дыдэу жиIащ Тутхьэлий.

– Си бынитIым я щхьэ уасэр къуигъэшэжауэ ара?! Зэпытрэ зэкIэсу укIуэ а хьэщхьэвылъэм и мылъкур! КъыбгурыIуа?! Зэпытрэ зэкIэсу! – Рамзес тыгъэ къыхуищIа хъугъуэфIыгъуэр зэи къызэримыщтэнур и нэгум къищу къуэм хуеплъэкIащ Хьэтусилэ. – Дамэгъу къытхуэмыхъуми, зэран къытхуэхъункъым, армыхъумэ, ипщэкIэ ар гуэрыр къэувмэ, аращ дызэрыхъур. Мис, бабылеипщми Iумпэм дыкъищIащ.

Iэнэм телъ мывэ пIащIэм, фIэгущыкIыгъуэу, Хьэтусилэ ещхьэфауэри, кърнутIыпщхьэхащ. Тутхьэлий и джатэ Iэпщэр быдэу икъузщ, и щхьэр ирихьэхри, хьэлъэу хэщэтыкIащ. Псори гурыIуэгъуэт.

– Адэм и бынир щIилъхьэжын нэхъ гуауэ щыIэкъым. Ауэ абы нэхърэ нэхъ гуауэжыр пщIэрэ? Бынир зэрылIар пщIэуэ, ауэ и хьэдащхьэ къудей умылъагъужауэ, узыщхьэщыхьэн кхъащхьэ нэгъунэ щымыIэу бгъеижынырщ. СщIэт сэ Нэптерэ и гум нэгъуэщI цIыхухъу зэрилъыр. Ауэ, си пщэм сыщIэгъуэлъхьэжри, Рамзес естат. Лъэпкъым и щхьэузыхь сщIащ си бынитIри. Иджы мес, пщIэншэу хэкIуэдащ пщы

[1] Мэтэней – Хьэт къэралыгъуэм къуэкIыпIэмкIэ щиIэ щIыналъэ (Митани).

джэгухэм. Си хъыджэбз тхьэIухудхэр тыхь зыхуэсщIа си лъэпкъри схуэмыхъумэу, мэкIуэдыж. Сыт а тхьэмыщкIэхэм ялъэгъуари, IэфIу мы гъащIэм трахари? Зы мыхьэнэ гуэри имыIауэ ара мы зэхэсщIыхьа къомым?! – и гущхьэр къэплъауэ ирисхьэм хуэдэу, и нэгур къызэхиуфэри, Хьэтусилэ и бгъэм теIэбащ.

Пщыжьым и щхьэр зэрехьэ. И жьэпкъыр посысыхь, и нэ топитIым къытеува нэпсыр къещэтэхыу, и напэр текIынкIэ шынэу, и щIыбыр Тутхьэлий хуегъазэ.

Хьэтусилэ ищIэжыртэкъым яужь дыдэ и бгъэм изу щыбэуар. Абы и Iэпкълъэпкъри акъылри гупсысэмрэ бампIэмрэ якудати, зыхуэгъэхъеижыртэкъым. ЦIыхубзхэр апхуэдэм деж фIыуэ магъ, я гу бампIэр ягъэтIысри, тоуж. ЦIыхухъум и Iуэхур нэхъ гугъущ. Iэмалыншагъэм зэхэзехуэн ищIа цIыхухъум уIуплъэн нэхъ хьэлъэ щыIэу къыщIэкIынкъым. Арагъэнт Хьэтусилэ и щхьэгъусэм Iэджэ щIауэ зыщIыхуимыгъазэр – имыгъэгужьеин папщIэ. Дэдей цIыхубз Iущщ, бзэ IэфIщ… Ауэ пщыжьым и гулэгущтэр[1] гуащэм иригъэлъагъуну хуейкъыми, къыпокIуэкI.

– СщIэркъым тщIэнур, Тутхьэлий… ДокIуэд! ДыкъызэфIощахэ, дыкIэрыщIауэрэ. Зыри къикIынукъым мы Iуэхум. Гузэвэгъуэу щыIэм я нэхъ шынагъуэр къытпэплъэу къысщохъу. Ауэ ди псэр пытыху, иужьрей хьэтым зы лъы ткIуэпс щIэтыху джатэ Iэпщэр дутIыпщынкъым. ЛIыгъэмрэ щIыхьымрэщ ди гъуазэри, зэи зыми зэрамылъэгъуауэ хъыжьэу дызэуэнщ иужь дыдэу! – хэкъузауэ жиIащ пащтыхьым.

Нэхъапэм пщызэхуэсым къекIуалIэрт къухьэпIэмкIэ щыIэ алыдж щIыналъэхэм я пщы лъэрызехьэхэр, хьэтыпщым дамэгъуу къыгуэувэу щыта лIы ерухэр, ищхъэрэкIэ щыIэ къашкъэ лъэпкъыжьыр, къуэкIыпIэмкIэ къикI гъуазэ къамылыфэхэр. Апхуэдэ акъылзэхэдзэми IуэхуфIхэр къыщыхалъхьэрт. Иджы хэт ирагъэблэгъэжын, хьэтхэр езыр-езырщ.

– Ажалым къищынэмыщIа, Iэмал зимыIэ щыIэкъым, ди адэ. Сэ зыгуэр къэзгупсысащи, а зым дегъэплъыж, – и гугъэр хихыжатэкъым Тутхьэлий.

– Сэ хэкIыпIэ слъагъуркъым, си щIалэ. Мы зэм дымащIэщ, етэрщэхури[2] ди куэдщ, дапэлъэщынукъым а къомым ди закъуэ… – и щхьэр къимыIэту, и нэр жыжьэ гуэрым хэплъызыхьауэ жеIэ пщым. ТэлайкIэ мэгупсысэри пещэ. – Ауэ, джэд нэхърэ джэдыкIэ нэхъ Iущщ. ЖыIэ.

Хьэтусилэ зэи и щхьэ зыхуэмыкIуа Iуэхугъуэ пщыкъуэм къыщыхилъхьэм, пщыр къилъащ. Тутхьэлий куэдрэ ныкъуэкъуащ, лъэIуащ, зизыгъэна и адэр къыхуэмыгъэдаIуэу…

Нэху бзий пытхъахуи зи гум щымыблэж пщыжьыр хэплъащ, щэху хъужри.

– Ахын адрыщI щыпсэу нартыжьхэм дэрэ зы къудамэм дыкъыкъуэжащ. Пэжщ, ди дзыхь зэдгъэз хъунури ахэращ. Ауэ, Мэуэтейм и пщыгъуэр къэзыхьэхуауэ жыхуэпIэ си вакъуэм есщIар щымыгъупщэжауэ, и гум гуауэ къысхуилъу къыщIэкIмэ-щэ?! – жиIащ Хьэтусилэ, псори зэпишэчыжа нэужь.



---

[1] Гулэгущтэр – зыгуэрым зэрыригузавэр, зэригъэпIейтейр.
[2] Етэрщэху – щэхуу бзаджагъэ зезыхьэ цIыху.

– Алэдамэ уэращ зыгъэсар, ди адэ. Уэ умыцIыхужмэ, Алэдамэ зыми ицIыхуркъым. Абы гужьгъэжь зэрихьэуи си фIэщ хъуркъым. А зыращ гугъапIэу диIэр, зиусхьэн. Дэрдэнеидзэр зэтезыукIэфар лъэпкъ тIасхъэкъым. Сэ куэдрэ сегупсысащ ди Iуэхум. А зыращ хэкIыпIэу къысхуэгъуэтари. Алэдамэ деж лъэIуакIуэ сыгъакIуэ, – жиIащ Тутхьэлий.

Хьэтусилэ и щхьэр лъагэу Iэтами, и напIэр едзыхауэ щыст, и къуэм жиIэм щIэдэIуу. Абы и гур къызэрыгъуэтыжат. Арами, и напэр къэзыгъэплъ гупсысэхэр къыкIэщIозэрыхьыжри, гупсысэм кIуэцIрощэтыж. БлэкIа зэман жыжьэм игъэзэжауэ, абы и пащхьэ къитщ и вакъуэр. «Нэптерэ къызэт, нэгъуэщI зыри сыхуейкъым!», – жиIэу. Хьэтусилэ къещIэж Алэдамэ и жагъуэ зэрищIар. Лъэпкъым щхьэузыхь хуищIа ипхъу къамылыфэ насыпыншэр псэуну хъунт, Хьэтусилэ иужькIэ зыхущIегъуэжа унафэр имыщIатэмэ. БыныфIэ хъужарэ, узыншэу, и нэгу гуакIуэм гъащIэр къигъэнэхуу, дыгъэм хуэдэу къепсу дунейм тетынут Нэптерэ, Алэдамэ иритамэ. Дэнэ щыIэ ар иджы? И чэзум Мэуэтейр благъэ къищIатэмэ, абыхэмрэ хьэтхэмрэ я зэхуаку дэс къашкъэхэри къемыпцIыжынри хэлът...

– ДызэгурыIуамэ, ди адэ, зызмыгъэгувэу, гъуэгу сытехьэнщ. Иджыпсту шы нэхърэ нэхъыбэ зыри диIэкъым. IэнэщIу сымыкIуэу, хуит сыкъэпщIмэ, хуарэ гуартэ здэсшэнт. КъищынэмыщIауэ, Ащырыр зэтеткъутэмэ, къуентхъыр ди зэхуэдэу дадэгуэшэнщ мэуэтхэм, – къыхилъхьащ Тутхьэлий.

– Рамзес къыуигъэша дыщэри яхуэшэ, – зигъэкIэщIащ Хьэтусилэ.

– Дауэ, зиусхьэн?! Дэ езыр дыхуэныкъуэщ а дыщэм. Ди гъавэр хъужыркъым, гъунапкъэхэри гъэбыдэн хуейщ, – идэркъым пщыкъуэм.

– Пэжщ, мылъку дыхуэныкъуэщ. Ауэ, хамэщI щыкIуэдыжа си пхъуитIым я гъащIэр ищэхуа нэхъей, фирхьэуным къысхуипхъа гъущI пшахъуэм сыхуейкъым. Къыткъуэувэу, мы плъыржьэрым дыхэзышыфынум тыгъэ хуэсщIмэ нэхъыфIщ ар, – ткIийуэ жиIащ Хьэтусилэ.

– Ерэхъу! Иджыри зы Iуэхугъуэ... Къашкъэхэм тенджызым дытрагъэхьэнукъым, ди адэ. Ахын Iуфэ Iусхэм, дызэрынэсу, зыкъаIэтынущ, – жи Тутхьэлий.

Иужьрей хъыбарым Тутхьэлий зэрыщымыгъуазэр къыгурыIуэри, пщыр и къуэм къыхуеплъэкIащ.

– Я зэш зэрытрагъэун ямыщIэу зэхэс уи гугъэрэ си къуэрылъхухэр?! Къэдз-нэдз дызэрыджэгу Нарыкъ къалэр къашкъэхэм къыIэщIахыжри, хьэтыдзэр щепсыхауэ дэсщ быдапIэм. Абдеж ущытекIынщи, Ахын и адрыщI Iуфэм укIэрыту тIуалэм удэкIынщ. Арнэут здэшэ, Лулимэс Нарыкъ ирехъумэ зэкIэ. Пщым и лIыкIуэ къыщынэн хуейщ къалэм, армыхъумэ, къашкъэхэр аргуэру къызэрыIэтынущ, – лIы ирикъуу къыщIэкIа и къуэрылъхухэмкIэ зэрыпагэр къапщIэу, бын уардэ къыпщIэхъуащ жыхуиIэу, Хьэтусилэ и щIалэ закъуэм гуапэу Iуплъащ.

– ЗэрыжыпIэщ, тхьэмадэ! – зэхиха хъыбарыфIымкIэ арэзыуэ икIи Iэнкун хъуауэ, щхьэщэ ищIащ Тутхьэлий.

– Гъуэгушхуэ къызэпыпчащ, щIалэ. ТIэкIу зыгъэпсэхуи, ежьэ, – пщым зиIэтри, шордакъым ихьэжащ.

Зи ныбжьыр хэкIуэта хьэтыпщым и Iэпщэм япэрей гуащIэр щIэмылъыжми, и псалъэм къару хэлъщ, и унафэхэр зэрыткIийщ, и пкъыр ныбжьым къызэфIигъэщэхами, и плъэкIэм укъелыпщI. МащIэу

пIэрэ ар пщыгъуэр зехьэнымкIэ? Нэхъ къезэгъыну пIэрэт Хьэтусилэ и пщыгъуэр зи къару илъыгъуэ, зи аслъэныгъуэ, зи фIыгъуэ дыдэ Тутхьэлий IэщIилъхьатэмэ?! Апхуэдэу зэрынэхъыфIыр наIуэми, хэт илъэгъуа пщым и фIэфIыныгъэкIэ бжьыпэр иутIыпщу!

Зэманым зехъуэж... Абы къыздихь зэхъуэкIыныгъэхэм хэпсэукIыфын хуэдэу, цIыхум къыщIэхъуэ щIэблэри нэгъуэщIу дунейм къытохьэ. Аращ адэхэмрэ бынхэмрэ я зэхуаку дэлъ щыхупIэр къызыхэкIыр. Нэхъыжьхэр щалъхуа лъэхъэнэм щыIа гупсысэкIэр нэхъыщIэхэм къагурыIуэркъым. НэхъыщIэхэм далъагъу щIэщыгъуэхэмкIэ нэхъыжьхэр арэзыкъым. Зым хъуну къилъытэр адрейм къиштэркъым. ПхужыIэнукъым Хьэтусилэрэ Тутхьэлийрэ зэгурымыIуэу, ауэ пщыкъуэр зэгупсысам пщым и щхьэр зэи хуэкIуэнутэкъым. ХуэкIуами, Алэдамэ зэригъэнэхъыкIар, и жагъуэ зэрищIар ищIэжу, зэи лъэIуэнутэкъым, зыгуэрым тримыгъэгушхуауэ.

И гъащIэм зыхущIегъуэжу зы Iуэхугъуэ закъуэ къыIэщIэщIат Хьэтусили, абы кIуапIи-жапIи къримыту илъэхъат пщыр. А Рамзес дыдэ нобэр къыздэсым игъэбиями нэхъыфIыIуэ хъунт, мыдрей къомыр къепцIыжа нэхрэ. Я зэхуэдэ бийр къагъэдаIуэщ, ягъэужьыхри, Хьэтусилэ и «дамэгъухэр» Iэхуитлъэхуиту Хьэт къэралыгъуэм къеувэлIащ. Хьэтусилэ фирхьэуныр малъхъэ имыщIатэмэ, алыджхэри, къашкъэхэри, Мэтэнейри хьэтхэм къакъуэтынут. Ауэ щыхъукIэ, мы дуней къутэжыр зи IэщIагъэр Хьэтусилэщ. ФIы ищIэ и гугъэу къыIэщIэщIа щыуагъэращ лъэпкъыр кIуэдыжыгъуэм езыхулIар. Ауэ, Алэдамэ зыхыхьэжа лъэпкъым и пщыгъуэр къызэрихьэхуам и хъыбар къылъэIэсат Тутхьэлии, зыIэщIигъэкIыфынутэкъым гугъэ закъуэу къыхуэнэжар.

Пщыми и гущIэм къыщызэщIэлымбэжа гугъэм и нэху мащIэр гъуазэ хуэхъуарэ, и нэгур нэхъ зэлъыIукIауэ, Хьэтусилэ и гупсысэхэм пищэжащ.



## *Жындыргъэ*[1]

Аскъалэ и уэрамыщхьэхэм цIыху нэжэгужэхэр, темыхуэжу, щызэблэжырт иужьрей махуэ зытIущым. Бжьыхьэ дыщафэм нэхъри дэщIэрэщIа мэуэт пщащэхэм я бостей кIыхьышхуэхэр акъужьым щIихурыхукIыу къалъэтыхь, нэрыбгей тхьэIухудхэм я джатэхэмрэ шабзапэхэмрэ зэщIалъыкI, пщафIэхэр щхьэлым щызэблокI, щауэ бланэхэм яшхэр ягъэпскIри, псыхъуэм дэтщ... ГуфIэгъуэшхуэ щыIэщ – мэуэтыпщым и къуэ нэхъыжьыр балигъыпIэ иуващи, вакъуэ адэм къешэж! А Iуэхугъуэм иращIэкIыну джэгухэр пщыхьэщхьэхуегъэзэкIыу зэхаублэнущи, псоми зыхуагъэхьэзыр, зыхунэмысахэри зэкIэлъагъэкIуэжу къажыхь.

– Къызэрысыжу, кърагъэшэну пIэрэ щауэм?!

– Вакъуэ адэм нысащIэ къыхуигъуэтауэ, и гур зыгуэрым ихьэхуагъэххэмэ-щэ?!

– Си гур къипкIыным хуэдэу, мэпIейтей...

Бостей щхъуэкIэплъыкIэхэм я кIэлъэфхэр кIэлъылъэтэжу, зэIущащэу, уэрамыщхьэм ирокIуэ пщащэ цIыкIухэр.

[1] Жындыргъэ – пхъитIым я кIапэр зэрагъэубыдын папщIэ ират пхъэ Iунэ.

4 Заказ №2339

Абыхэм я гур зэрыпыкIэзызыкIым хуэдэ къабзэу, щIэщыгъуэу мэпIейтей шынэрэ гущтэрэ зымыщIэу къэгъуэгурыкIуа гуащэм и псэри. Мэуэтейм и гуащэм и Iэр иIуэтурэ, плъыр чэщанэм къоплъыых. Удынэ маплъэ тенджызымкIэ, зыщхьэщигъэун, игу щIэпхъуар тригъэпыIэн и гугъэу. Зэ фIэкIа зыIумыплъа и щIалэ пажэр балигъ хъуауэ къыхуашэжри, зыхуэмышыIэжыххэу, мэгузавэ.



**Ащыр пащтыхь Ашэрэд.**

И нэгу къыщIегъэхьэж япэ быныр щигъуэта, ипэIуэкIэ зэи зыхимыщIа гурыщIэ абрагъуэм цIыхубзым и Iэпкълъэпкъым зыкъыщриубгъуа, дыгъэ шыр нэхъей щхьэцыплърэ, нэхутхьэху хъужауэ, щIалэ цIыкIур физгъалъхуэм къыщыIэщIилъхьа махуэр. Iэ пIащэлъэ пIащэрэ щхьэ хъурей цIыкIуу... Хуэсакъыпэу зрикъузылIа шыр цIыкIум и хуабагъыр, абы и IэфIагъыр, и щабагъыр. Мыщэ шыр нэхъей, анэ бгъафэм зрикъузылIауэ, щIэщэIухьу быдз ефэу. Зэи къэмыхъуа телъыджэ гуэр къыщыщIауэ, зэи зыми зыхимыщIа гурыщIэ зыхищIауэ къыщыхъурт Удынэ абы щыгъуэ. Дауи, пэж гуэр хэлът абы – япэ дыдэ нэрыбгеикъуэ щхьэхуиту дунейм къытехьэу арат. Ар псэунут, зыми лей кърихынутэкъым, щыхупIэм щидзынутэкъым.

Сытым хуэдэу гужьеят Удынэ, лъхугъэм гугъу иригъэхьарэ, жэщ псом IэфI дыдэу жеяуэ, и дыгъэ шыр цIыкIур къыбгъурымылъыжу къыщызэщыуам. Абы и гугъат щхьэгуащэм гужьгъэжь къыхуиIэу, «ныбжь» къигъакIуэу щIалэ цIыкIур иригъэдыгъуауэ, яукIауэ, и гъащIэр къэзыгъэнэхуа цIыхухъум дигъуэта и бын пажэр имыIэжу.

– Дэнэ щыIэ Дыгъэмыс? – жиIэу, и макъым къызэрихькIэ кIийуэ Удынэ и пэшыбжэр къыщыхиудым, Iэгъуэблагъэм къыщызэщIэуша мэуэтхэм я псэр IукIат.

Дыгъэмыс и лъыхъуакIуэ ежьэну зыкъэзыхуэпа анэр шэщым щыщIэлъадэм ирихьэлIэу абы къыхуеблэгъащ щIалэ цIыкIур «зыдыгъуар».

– Нэрыбгей хьэлыр зыхыумынамэ, жысIэщ, сыкъэгузавэри, къэжэпхъыху семыжьэу, щIалэр ныжэбэ щIэсхащ. Жан сэрэ вакъуэу къыдощтэ фи щIалэр. Си гуапэу спIынущ, нэхъри благъэ дызэхуищIынуи сыщогугъ, – жиIат Щэуей.

Нэрыбгейр къызэщIэнауэ, мафIэр къыIурылъэлърэ хъуаскIэр ипхъыу къежьами, зызэтриубыдэжщ, мащIэу пыгуфIыкIри, и щхьэр ищIат.

Иджы мис, абы лъандэрэ имылъэгъуа и щIалэр лIыпIэ иувауэ къыхуашэж. Удынэ куэдрэ и нэгу къыщIигъэхьэрт Дыгъэмыси, вакъуэ адэхэм я деж щыIэ адрей и къуэ нэхъыщIэхэми я нэкIур, ахэр япэу шым зэрышэсыр, шабзэ зэрашэщIыр, джатэ Iэпщэр зэраубыдыр, Iэпщэрыбанэм зэрытегушхуэр. Ар фIы и фIыжкIэ ящыгугъырт и щIалэхэм. Адэ гъэхъунэм[1] кърашыжу дзэ ерууэ къащIэува щIалэ бланэхэм нэхърэ мынэхъ тIасхъэу къыщIэкIынуи хъуапсэрт. ЩэныфIэу, гъэсауэ, зэпIэзэрыту, лIы хахуэу, ягурэ я щхьэрэ зэтелъу и нэгу къыщIигъэхьэрт анэм. Ар щIэхъуэпсырт и къуэхэр лIы псоми ефIэкI мэуэтыпщым хуэдэ хъужыну.

Удынэ и щхьэц Iув гъуаплъафэр лъагэу Iэтащ, щхьэкум щызэхуэхьэсарэ, тажым щIэгъэпщкIуауэ. Гуащэм и пщэху кIыхьымрэ нэкIубгъуэмрэ хуиту уIуоплъэ. Бостей щхъуэ-хужьыфэр зи пкъы уардэм хуэфIу ис бзылъхугъэм и дахагъэр дэкIуэдакъым лъхугъэми, къызэтемыувыIэу блэлъэт гъэхэми. Нэхъапэм нэрыбгейуэ зэрыщытар игъэбелджылыуэ, Удынэ и бостейм къытелъщ дэщI кIэщIыр. Хьэцыпэ[2] шыхьахэр бгъэгу тхыпхъэу къызыхэуIукIа дыжьын пIащIэр физшу фащэм ещхькъым, дауи. Удынэ и лъэIукIэ цIыхубз фащэм кърагъэзэгъа хьэпшып щхьэпэр пкъым хуэфIу исщ, ипсыхьам хуэдэу.



Къэхъуну псори зыми ищIэркъым, хуэхьэзырщ ар сытми. Ехъумэ и джатэр иджыри, зэщIэлъыкIауэ, хьэзырыххэу. Нэрыбгей фащэр бостей кIыхькIэ ихъуэжами, Iутщ нэжьгъущIыдзэм и псэ IэубыдыпIэншэр. Ар зэрыдахэщ, IэфIымрэ лъагъуныгъэмрэ нэхъ Iущ, нэхъ щабэ, нэхъ гуакIуэ, нэхъ щIыкIафIэ ирихъуауэ. Илъэс тIощI ипэ бзылъхугъэм и гущхьэм къыщызэщIэна мафIэр зыкIи нэхъ кIащхъэ мыхъуауэ, нобэр къыздэсым маблэри, абы къегъэнэху, къегъэхуабэ, къару къыхелъхьэ, егъэгушхуэ. А мафIэсым зэхисхьащ гуныкъуэгъуи, закъуэныгъи, гукъеуи.

Мэуэтейм цIыхухъуу исыр зыхущIэплъу щыта нэрыбгей тхьэIухудыр псэгъу зыхуэхъуа лIы хахуэм пщыгъуэр къихьэхуа нэужь зиIэтащ щIыналъэм, лъэпкъым. ДэщIэрэщIащ гъуазэ лъэрызехьэм. Иджы зы хамэ лъэпкъи тегушхуэжыркъым Мэуэтейм къытелъэдэну, тхьэхэм я нэфI зыщыхуа щIыналъэм зыкърапщытыну.

– Удахащэщ, – бзылъхугъэм и щIыбагъымкIэ даущыншэу къыдыхьэри, пщыр Iущэщащ макъ лъахъшэкIэ. – Щхьэ ухэплъэрэ аргуэру?

Теун хуейми, а псалъэхэр гуащэм зэрызэхихыу, нэхъри и гур щIэпхъуащ, IурымэхыкIыу, жьы къыпиубыду, хьэлъэ гуэрым и кIуэцIыр иришэхыу.

[1] Адэ гъэхъунэ – нэрыбгейхэм къащIэхъуэ щIалэ цIыкIухэр ирамыгъэукIыжын щхьэкIэ щэхуу щапIу щыта щIыпIэ.

[2] Хьэцыпэ – жызум пащIэ.

– СщІэркъым... Си гур къипкІыным хуэдэу къоуэ. Схуэубыдыжкъым. Ди щІалэр лІыпІэ иувауэ ди пащхьэ къихьэжынущ нобэ. ПщІэрэ, Алэдамэ, сэ нэхъ насыпыфІэ мы уафэ лъабжьэм щІэмыту къысщохъур. А гурыфІыгъуэм апхуэдизкІэ сыкърехьэкІри, нэ тезгъахуэмэ жысІэурэ, сошынэж, – тхьэмбылыфэ мащІэ къызыщІэувэ налкъут хъуреишхуэр зэрыс дыжьын Іэлъыныр иІуэтурэ жиІащ Удынэ, щІэплъыпІэм и нэр къытримыхыу.

– Нэрыбгейхэм уэ нэхъ лъэщ яхэмытами, нэрыбгейуэ ущытыну укъагъэщІатэкъым тхьэхэм. Япэу сызэрыпІуплъэу къызгурыІуат ар, – пщым, и щхьэгъусэм гъунэгъу дыдэ зыхуищІри, и пщэ хужьым ІупэкІэ еІусащ.

Гуащэр пыгуфІыкІри, и напІэр ирихьэхащ:

– УогушыІэ. Сэ апхуэдизкІэ согузавэри, ди щІалэ нэхъыжьым и пащхьэ сыкъыщымэхыу, си напэр текІынкІэ сошынэ! Уэху! – шэщІауэ хэщэтыкІащ Удынэ.

– Къызэплъыт мыдэ, – Алэдамэ бзылъхугъэр къригъэзэкІри и нэгум иплъащ.

Лъэгуажьэ лъабжьэм къакІуэ къэпталыщхъуэр дыжьын ІуданэкІэ хэдыкІащи, тхыпхъэр бжьыхьэ дыгъэпс щабэм полыд. Абы щІэпха бгырыпх бгъуфІэм сэмэгурабгъумкІэ джатэ гъэщІэрэщІамрэ къамэ кІэщІымрэ щыщІэлъщ. Къэптал щІыІухэр Алэдамэ и пщэм нэсу дэпхеящи, лей зыкІэрымылъ пщым и Іэпкълъэпкъ уардэр къыхегъэщхьэхукІ, фэ плъыжь-фІыцІафэр зытебза дыжьын таж лъагэри щхьэрысщ. Гуащэм и пащхьэ къит лІы гуакІуэр пІейтеиншэу погуфІыкІ, и нэгум ущиплъэкІэ гум зыдигъэпсэхуу, дэтыншу. Удынэ абы и жьакІэ Іувым Іэ делъэри, аслъэныгъуэ иува цІыхухъу къекІум и бгъэ лъагэм и щхьэр трелъхьэ.

– Мы си гум щыщІэ псори къызэрысІуэтэн псалъэ тхьэхэм къытІуралъхьакъым иджыри, Алэдамэ. Ауэ, сызэрылъаІуэр зы закъуэщ – нобэ фІыгъуэу дбгъэдэлъым и уасэр ттауэ къыщІэкІыну, ар тпшыныжыну къытпэщымылъу.

– Абыхэм уемыгупсыс, Удынэ. И чэзукъым. Сыт къызыхэпхар мыпхуэдиз гузавэр?! – къэуІэбжьащ итІанэ пщыр.

– ГъащІэ щыхъукІэ, шынагъуэ куэд щыІэщ. Пэжщ, мащІэкъым ди нэгу щІэкІар. Ауэ, абы щыгъуэ си щхьэр хэслъхьэ мыхъумэ, зыри сфІэкІуэдыртэкъым. Иджы быниплІ диІэщи, абыхэм согупсыс. Сыт абыхэм къапэщылъыр, сыт хуэдэ гужьеигъуэ ирихьэлІэну... Нобэ Дыгъэмыс къытхуашэж. Тхьэм ещІэ пыжьынэ цІыкІуу си Бэгъырсейрэ Іупэплъ шыру Алъпщауэрэ дащыІуплъэнур. ГурыфІыгъуэу сиІэр Атисэ закъуэщи, гу щысхуэну и къулыкъум къыдэхуэркъым.

– Нобэ хуэдэу къэсыжынщ ди щІалэхэри, лІы хъуахэу. Шэч къытумыхьэ, дахэ. Атисэ нэрыбгейщ, уи лъыр абы деж щытекІуащ, сыт пщІэн?! Уэ залымыгъэкІэ уагъэІэзамэ, абы игу-и псэм Іэпихыу, ищІэр ищІэжу яхыхьащ къэрэгъулхэм. Уи гур умыгъэныкъуэ. ДыкъигъэщІэхъуркъым пщащэм. Си щхьэкІэ, сропагэ. ИІэ иджы, нех. Дахэгъэхьэ цІыхухэм. Еплъыт, хьэзырыххэу щызэхэтщ псори утым, – гуащэм и щІыбым и Іэр щабэу трилъхьэри, бжэмкІэ и щхьэр ищІащ Алэдамэ.

Абы хэту къэрэгъул чэщанэхэм ящыщ зым гъуор щагъэджащ... Зэи къызэрымыхъуауэ, Удынэ къигъэскІащ абы, уафэр къехуэхыу къи-

гъэщтам хуэдэу. ТIури зэуэ щIэплъыпIэмкIэ плъэмэ – аддэ жыжьэ дыдэу, зэкIэлъхьэужьу къеуэрт кхъухь зыбжанэ.

– Морагъэнт си гум сыщIызэрихуэр! – нэщхъей-нэщхъейуэ жиIащ Удынэ, и щхьэр ищIри.

Тэлайрэ щыму щытащ зэлIзэфызыр, тIуми я нэр щIэплъыпIэм етауэ. Хэт ищIэрэ къэблэгъахэр къызыкIэлъыкIуар... Хьэлъэзешэ кхъухькъым, зыкъым икIи тIукъым зэрыхъур. Ахэр нэхъ гъунэгъу къэхъуху Алэдами и нэгур нэхъри къызэхоуэ. КъыгурыIуакIэт абы Мэуэтейм къыхуеблэгъа хьэщIэхэр дэнэ щIыпIэ къикIами.

– Хьэтхэр... – щэху дыдэу жеIэ гуащэм, кхъухьхэр гъунэгъу къыщыхъум.

Алэдамэ и щхьэр ищIащ.

Ар япэм куэдрэ егупсысырт Хьэт къэралыгъуэм къыщынатэмэ и гъащIэр зэрыхъунум. Хьэтусилэ щIыналъэ гуэрым и тет къищIынти, чэнджэщэгъуу къуэувэнт... Хьэмэрэ, зауэм хэкIуэдат куэд щIауэ?! Хэт ищIэрэ. Удынэ пэшэгъу къыхуэхъуа, ар псэгъу ищIа нэужь, псори щыгъупщэжыпащ. И чэзум къыгурыIуат абы Маисэ удыжьым и псалъэхэр: игъэва псоми, къызэпича гъуэгуанэми нобэрей махуэм къызэрыхуашар. Игури абы дэпсэхужат.

Иджы мес, зи бжэм хьэлъкъ иритыжа и блэкIар, щIы лъабжьэм къыщIэпща хьэдэджадэ нэхъей, къыкIэлъокIуэ. Хэт а кхъухьым исыр, сыт къызыкIэлъыкIуэр, сыт хуэдэ хъыбар къыхуахьыр?!



Хабзэм къызэригъэуву, псыхъуэм нэрыбгей гуп щызэхэуващ, хьэщIэм пэплъэу. Пщыр и пIэ исыжу, быдапIэм къыдэнэну къылъысми, хьэтыпщым и лIыкIуэу хы адрыщI къикIахэр щрагъэблагъэм, Алэдамэ жыжьэу къахэплъэри, пащтыхьыкъуэр къицIыхужати, къапежьащ.

– Еблагъэ, си къуэшыжь! – хьэщIэ лъапIэу Тутхьэлийм IэплIэ быдэкIэ пежьащ мэуэтыпщ къэуIэбжьар.

– Алэдамэ! Алэдамэ! Уи благъэр куэд ухъу, тхьэхэм я нэфIыр зыщыхуэн! – зы адэ-анэм я бын нэхъей лIы зэфэгъуитIыр зэрымыутIыпщыжыфу щытщ, я нэпсыр къытеуварэ, гуфIэгъуэр я нэгум къыщызэщIэушауэ.

– Тутхьэлий! Си къуэшыжь! – нэгъуэщI зыри хужыIэжыртэкъым Алэдами.

– Сыт ухуэдэ, Алэдамэ? Уи хъыбар зэхэтх мыхъумэ, уи напэлъагъум дыщIэбэгыу илъэс дапщэ кIуа! – зэрыутIыпщыжащи, къуэш пэлъытэр зэпеплъыхь пащтыхьыкъуэм.

– ДыфIщ, Тутхьэлий, дыкъызэрыплъагъущ, – Алэдамэ, хьэщIэм зэрыщыгуфIыкIар и нэгум къищу, жэуап ет.

– Мыр си щIалэ нэхъыжьырщ, Алэдамэ, – иужь ит щIалэмкIэ къеплъэкIащ пщыкъуэр. – Арнэут.

– Уи гъащIэр кIыхь ухъу, щIалэфI! – Алэдамэ щIалэщIэм и дамащхьэм теIэбэри, Хьэтусилэ и къуэрылъхум и нэгум хуиту иплъащ. – Хьэтыпщым вакъуэ сыхуэхъуа нэужь, зыми сыщымыщIэу сыпсэуащ. Уи гур зэхъуапсэу уи нэм къыфIэнэр тыгъэ пхузощI, Арнэут.

– Уи лIыгъэм и хъыбархэм сыщIапIыкIащ, зиусхьэн. УсцIыхуным нэхъ щIыхь лъаги згъуэтынкъым, – щэныфIэу жэуап итащ щIалэщIэм.

ГъэсэныгъэфI, хьэл-щэн дахэ зыхэлъ, псэлъэкIэ зыщIэ хьэтыр набдзэгубдзаплъэу зэпиплъыхьащ Алэдамэ. Езым нэхърэ зы мащIэкIэ нэхъ щхьэпэлъагэу узыIуплъэ щIалэщIэр зэрыгукъабзэр и нэгу дахэм

къищырт. НыбжькIэ щIалэ дыдэми, гъащIэм и дыджымрэ и гуащIэмрэ зыгъэунэхуа, ауэ абы гущIэгъуншэ иджыри имыщIа щауэм и нэгум нэху хуабэ кърихырт. МамырыгъэкIэ къазэрыхыхьам и нэщэнэу, дэщIыр зыщихри, фэ Iув кхъуэщыныфэм къыхэщIыкIа фащэ щитIэгъащ, Iэщэр зыкIэрихащ. Iущыцэ! Зауэ губгъуэм зэрыщылIыфIами и Iэужь къытенащ абы и нэгу нэхутхьэхум – сэмэгурабгъумкIэ телъщ дыркъуэ кIыжагъащIэ зыбжанэ. ЩIалэм и нагъуэхэр нэщхъейщ, езыр гуапэу пыгуфIыкIми. И Iупэ лъабжьэр нэхъ пIащэщ... Ауэ щыхъукIэ цIыхуфIщ, щабэщ, щIыхьымрэ напэмрэ егъэнэхъапэ. ЦIыху гуапэу, дахащэу узыIуплъэ щIалэщIэм, къашкъэхэм ящыщ и анэшхуэм илъ нэхъыбэу зэрыхэтыр къапщIэу, нэхутхьэхущ, щхьэцыгъуэщ.

– Афэрым, щIалэ! – арэзыуэ и щхьэр ищIри, гуапэу пыгуфIыкIащ мэуэтыпщыр, хьэщIэхэр уардэ унэмкIэ иригъэблагъэуи и Iэр ищIащ.

Нэрыбгейхэмрэ мэуэт зауэлIхэмрэ зэпэзанщIэу щытщ, я пщымрэ хьэщIэхэмрэ гъуэгур хуит хуащIауэ. Гуащэри хьэщIэ лъапIэхэм къапежьауэ, къокIуэ щэныфIэу, и кIэзехьэхэр щIыгъуу.

– Дэуэдапщэ гуэрым дыкърихьэлIа хуэди?! – гу лъитащ Тутхьэлий, мыпIащIэу, зиплъыхьу здрикIуэм.

– ЩIалэ нэхъыжьыр вакъуэ адэм къешэж нобэ, – жи Алэдамэ.

– Сыт жыпIэр! Ар сыту фIыгъуэшхуэ, – мэгуфIэ Тутхьэлий.

Абы хэту, уэршэрыр къызэпиуду, псыхъуэмкIэ къыщыIуащ щыщ макъ. Кхъухьым къелъэри, псыхъуэм дэт мэуэтхэм зы шы къарэ къахэлъэдауэ арат. Хэт ищIэрэ ар зыгуэрым игъэщтами, тенджызым тету къызэрыкIуа гъуэгуанэ кIыхьыр иужэгъуами... БыдапIэм и бжэ зэIухахэмкIэ иунэтIащ шы гужьеям. Аркъэн кърадзми яхуэмыубыд, шууей кIэлъыщIэпхъуэми, зыбгъэдэзымыгъэхьэ шы мыгъасэр зэрылъэпкъыфIыр наIуэщ.

– Ар зыгъэIэсэфым и кIэн къикIакъэ! НыбжьэгъуфIи гъусэ пэжи игъуэтащ... Сыт нэгъуэщI хуэныкъуэ зекIуэлIыр?! – фIалъэ лъакъуитIымкIэ щIыр къриудрэ, къызэтхэуэкIыу, Аскъалэ и уэрамыщхьэхэр Iисраф зыщI хуарэм кIэлъыплъу жиIащ мэуэтыпщым. – Мо шы къарэр лIы ирикъурщ зыхуэфащэри, зы гъэунэхупIэу ди джэгу-зэпеуэм щыщ ирехъу: зыгъэIэсэфым ейщ.

БыдапIэм цIыхуу дэтыр кIэлъоплъ шым и ужь иувахэм. Гуащэми хуэм зещI, цIыхухъухэм зэран яхуэмыхъун папщIэ.

Шыр, гужьеяуэ фэ тетми, емышыж гуэру къыщIэкIащи, зы цIыху зылъэщIимыгъэхьэу, шууейхэри гъунэгъуу зримыгъэкIуалIэу мэджэгу. Зэм-зэм хуарэр зэщIэувыкIащ. Абы и тхьэкIумэхэр гъэкIащ, зыгуэр ицырхъам хуэдэу. И пэ гъуанэхэр быхъуу зэIокI, иримыкъужу папщэу, и кIэр егъэджэгу. Мэуэт зауэлIхэмрэ нэрыбгей лъэрызехьэхэмрэ щтэIэщтаблэу, хуэм дыдэу йобгъэрыкIуэ абы. Ауэ шым и Iуэху зэримыхуэххэу, аддэ жыжьэу щыт мэуэт гуэрым и лъэныкъуэмкIэ зреч хуарэм. ЩIакIуэ пIащIэ фIыцIафэр къеубгъуэхарэ, хъурыфэ пыIэм къыщIэплъ цIыхухъур бгъэгукIэ ирихынкIэ шынагъуэщи, зэхьэрхуэрэгъухэр зэрыгъэкIийуэ зэрохь абыкIэ:

– ТекI гъуэгум! УиукIынущ! Уоунэхъу! Лъэныкъуэ зегъэз!

ЦIыхухъур щытщ, зригъэнауэ, жьажьэ нэхъей, зыри зэхихыркъым. И щхьэр щIэгуащ, хъурыфэ пыIэми зыри иримыгъэлъагъуу къыщIэкIынущ. Зигъэхъейркъым. ПщIантIэм дэтхэр джэгуу къызэрехьэжьами, шы мыгъасэм цIыху къызэрыIэщIэукIэнкIэ хъунур къагурыIуэжауэ, зэрызохьэ. Абы хэту цIыхухъум зыкъреч, шабзэшэ

утIыпщам хуэдэу. Шым къыпежьауэ къожэ, «хэт бгъэгукIэ ирахми деплъынщ», жыхуиIэу. ЛIыр еукI, жаIэу, щтауэ, цIыхубзхэм я нэгур щаубыдым, цIыхухъур лъэныкъуэкIэ малъэ, хуарэ къыблэлъэтым и сокур Iэ сэмэгумкIэ епхъуатэ, зеIэтри, шыплIэм зредзэ. Мэуэтхэмрэ хьэщIэхэмрэ къэуIэбжьауэ зэщIоувыIыкI, адэкIэ къэхъунум кIэлъыплъу. Зи бгым зэи зы цIыху имыса хуарэм зеутхыпщI, мэтхауэ, мапкIэ-малъэ. Мэлыхъуэу фэ зраплъа цIыхухъуми шы сокур ерыщу иIыгъщ, имыутIыпщу. ШыплIэм, зыкIэриукIауэ, дэсщ ар. Уеблэмэ и пыIи щхьэрыхуакъым.

– Телъыджэ! – егъэщIагъуэ Тутхьэлий. – Япэу срихьэлIэу аращ мыпхуэдэ! Шым езым къыхиха хуэдэщ шууей хуэхъунур!

– Зэхуэфащэщ, къемыхуэхмэ! – и хьэщIэ лъапIэхэр къызэрыуIэбжьамкIэ арэзыуэ, и пащIэкIэ щIогуфIыкI мэуэтыпщри.

Зэм-зэм шыр йошри, къызэтоувыIэ. КъагъэжыIэщIащи, щэху мэхъуж. БыдапIэм щалъэгъуа псори гъэщIэгъуэн зыщыхъуа къалэдэсхэм Iэгуауэшхуэ яIэт, зэрыгъэкIийуэ. Нэрыбгейхэр зэгуэпауэ, цIыхухъум ней-нейуэ хуоплъэкI, шы лъэрызехьэр абыхэм ящыщ гуэрым къызэрыIэрымыхьам папщIэ, мэуэт щауэхэми бауэбапщэу лъэныкъуэ зрагъэзыж.

«Мыдэ къэкIуатэ», жыхуиIэу, мэуэтыпщыр нэкIэ къоджэ мыцIыхум. ЩIалэр асыхьэту шым къолъэтэх, Алэдамэ и пащхьэ къоувэри, щхьэщэ ещI.

– Афэрым! Пхуэфащэщ уэ а хуарэр! – арэзыуэ жеIэ мэуэтыпщым.

– Шыгъэудж телъыджэ дыхэбгъэплъащ, щIалэ. Кхъухьым сыкъызэрехыу апхуэдэ джэгу сыкърихьэлIэну си гугъэххакъым, – погуфIыкI хьэщIэ лъапIэри.

– ЗыкъэдгъэцIыхут, щIалэфI. Хэт ухъуну? – жи Алэдамэ.

МыцIыхум и пыIэ хъурыфэр зыщхьэрехри, иджыри зэ Iэсэ дыдэу щхьэщэ ещI щыму.

– Си псэм ищIат ар! – зэхэпх къудейуэ жеIэ и пIэм ижыхьа гуащэм, щIалэ хахуэм и щхьэц гъуаплъафэр къыщыщIэщым. – Дыгъэмыс... си щIалэ!

Абы хэту къуэкIыпIэ дыхьэпIэр зэIуахри, нэрыбгей къэрэгъулхэм пщIантIэм къыдашэ нарт хьэщIэ лъапIэхэр. Абдеж Алэдами къыгурыIуащ, и пащхьэ къит щIалэ щхьэцыплъыр и къуэ нэхъыжьыр зэрыарар.

Вакъуэ адэм бгъурыту, хабзэм къызэритIасэу, пщIантIэм къызэрыдэмыхьэжам, ар хы адрыщI къикIа и хьэщIэхэм къызэрыдалъэгъуам иригубжьынрэ, лIы нэсу къыщIэкIыу, хуарэ мыгъасэр телъыджэу къызэригъэдэIуам ирипэгэнрэ къыхуэмыщIэу, Алэдамэ и нэщхъыр зэхэлъу хуеплъэкIащ щIалэм.

– Пщым и къуэращ!

– Дыгъэмысщ!

– И анэм ещхьщ, къыпачам хуэдэу!

– ЛIы лъэрызехьэ къыхэкIакъэ-тIэ!

– ЩхьэзыфIэфIу къыщIэкIынщ, япэ ищри, къекIуэлIэжащ...

КъызэщIэващ цIыхухэр арыххэу.

– Ди щIалэр шу закъуэ хьэлщ, мэуэтыпщ... ЕмыкIу къыумыщI, мафIэм хэлъэта хъуаскIэри мафIэщ, – Щэуей гухэхъуэу пыгуфIыкIщ, шым епсыхри, хъуэхъукIэ бгъэдыхьащ мэуэтыпщым. – Емыпэс

жызумыгъэIэ, ауэ фIыхэр хужысIэнщ уи щIалэми, дунейм тетым Нэхунэр[1] я лейщ! И гушыIэхэр гъуэмылэ папщIэщ, дыщэплъым и фIыр зи IэщхьэщIыIу телъщ, и щхьэр зымылъагъухэр гъуанэм къыхудоплъ. Дыщэхъыр зи тепхъуэ, зи щысхэр афэ джэдыгу, зи щытхэр пынджыгу[2] джанэ. Псы жызыIэм дыжьыныбжьэр ириту, пщIантIэм дэкIмэ, щIыгъунибгъур дэщIыгъуу, ирикъугъэхэр[3] и уэркъ хабзэу си Нэхунэр узотыж!

– Благъэ зэхуэмахуэу Псатхьэм дызэкъуигъэт! Еблагъэ, Щэуей! – и щIалэм ищIамрэ ар абы зэрыхуигъэгъуну щIыкIэмрэ хузэхуэмыгъэхъуми, и унэм Дыгъэмыс цIынэу зэрыщIахрэ имылъэгъуа и ныбжьэгъужьым быдэу IэплIэ хуищIащ Алэдамэ.

– ФIэхъусыж, си щIалэ! – гуапагъэмрэ хуабагъэмрэ и нэгу дахэр нэхъри къигъэнэхуауэ, цIыхухъу гупым Удынэ къахыхьэри, къекIуэлIэжа и къуэ пажэм, хабзэм тету, мэрэмэжьеибжьэ IэщIигъэуващ.

Дыгъэмыс гуащэм бжьэр къыIэщIихри, и вакъуэ адэм хуишиящ. ПщIантIэм дэтхэр зэIущащэрт... Абыхэм ягъэщIагъуэрт пщыкъуэм гъэсэныгъэ дахэ зэрыхэлъыр, зэрынэгу зэIухар, зэпIэзэрыту, щыпкъэу, екIуу зэрызиIыгъыр, ямылейуэ и напщIэ къудей зэрыхэмылъэтыр, абы къыдэкIуэуи и адэ-анэ лъэрызехьэм хуэфащэ зауэлI хъыжьэу фэ зэрытетыр.

– Упсэу, Нэхунэ! Ауэ, мэуэтыпщым хуит сыкъищIмэ, дэ нэхърэ нэхъыщхьэIуэу цIыху къылъихьа си гугъэщи... Мэт, ди хьэщIэ лъапIэ, къефэт мы фадэ пIащIэм! – жиIэри, Щэуей IэщIагъэува бжьэр Тутхьэлий хуишиящ.



Алэдамэ и гуапэ мыхъуу къэнакъым апхуэдэ хэлъэтыр, икIи арэзыуэ и щхьэр ищIри, Тутхьэлий хуеплъэкIащ.

Хьэтыкъуэр апхуэдэ пщIэ къызэрыхуащIам къриуIэбжьауэ, фадэбжьэр Щэуей къыIэщIихщ, лъагэу иIэтри, хъуэхъуащ:

– И адэу къызыхыхьэжам и дыщэ пкъощи, и нэхъуеифIхэр Псатхьэм игъэбагъуэу, и цIэр фIыкIэ ягъэIуу, и пщIэр лъагэу яIэту, игъэпсэу мы дыгъэ быныр! Хы адрыщI щыпсэу хьэтыпщым тыгъэу къыфхузигъэшащ хуарэ гуартэрэ мо кхъухьыжым из хъугъуэфIыгъуэри, махуэ фхухъу!

Щхьэж хуэфащэ пщIэрэ щIыхькIэ ирагъэблэгъа цIыхухъухэр уардэунэмкIэ щызэрыхьым, пщIантIэм щызэхэт мэуэт щIалэгъуалэми джэгум пащэжащ, Iэгумрэ къафэмрэ кърагъэблу. Кхъухьым кърашэха хьэщIэхэм арыххэу Iэнэ къыхуагъэуващи, машхэ-матхъэ.

И кIэзехьэхэр щIыгъуу пщIантIэм къыдэна гуащэр лIыпIэ иувауэ къыхуашэжа и щIалэ пажэм кIэлъоплъ, гу щимыхуэжу, и фIэщ мыхъужу. Пщащэ цIыкIухэр лъэныкъуэкIэ къыщытщ, щIакIуэ фIыцIэр зыщигъэщэту, наIуэ къэхъуа къудан гуакIуэм, укIытапэурэ хуеплъэкIыу, я нэкIущхьэр къызэщIэнауэ, пыгуфIыкIыу. Ахэр абы зыкIэ гуакIуэу, теплъафIэу, зэпIэзэрыту, щэныфIэу Iуплъащи, лейуэ зы псалъэ къызэрыжьэдэмыкIам зыкIэ дихьэхащи, афIэкIа Iуэху яIэжтэкъым.

---

[1] Нэхунэ – вакъуэ адэм, и гъэсэным и цIэ дыдэмкIэ емыджэу, гъэфIэныцIэ къыфIищырт.

[2] Пынджыгу – мыбдеж: шылэ (щэкI лIэужьыгъуэ). /Шёлк.

[3] Ирикъугъэхэр и уэркъ хабзэу – вакъуэ адэм зыхуигъэсахэр хабзэ хуэхъуу.

Щауэри якIэлъокIуатэ нэхъыжьхэм, я ужь зыкъригъэнауэ. Зэзэмызэ и напIэр къыщиIэткIэ, тенджыз щIэншэу нащхъуэ дахитIыр къогуфIыкI, и пкъы уардэм ис дэщI екIум нэр топщIыкIри, узригъэплъыркъым. Джатэ кIэрылъмэ, дэгъуэщ, сэжьей кIэрыщIамэ, жанщ. Фащэм я нэхъ дахэр щэнщи, ар и Iэщэ нэхъыщхьэщ.

Алэдамэ и хьэщIэхэмрэ и блыгущIэтхэмрэ игъэтIысауэ, щхьэгъэрытым щыхуеплъэкIым гъэщIэгъуэни гуапи щыхъуащ и щIалэ пажэм махъсымэ кхъуэщыныр IэщIэту, къызэрыувар.

– Мыр сыт, пщыкъуэр щхьэгъэрыту къытщхьэщытыну къытехуэрэ? Ар дауэ ухъу?! – къыгурыIуакъым Тутхьэлий.

– Пэжыр жыпIэмэ, вакъуэм деж къикIыжа щIалэм тхьэлъэIу щыхуащIыжкIэ, щIалэгъуалэм ящIыгъуу джэгуу, къафэу пщIантIэм дэтын хуейт, – жиIащ Щэуей, хьэт хабзэхэмрэ нартыжь щэнымрэ зэрызэхуэмыдэр къыгурыIуэри. – Ауэ, си вакъуэ щIалэр сцIыхужмэ, и адэ къыхуеблэгъа хьэщIэ  лъапIэхэм пщIэ къыфхуищIу аращ щхьэгъэрыт къалэныр и пщэ щIыдилъхьэжар.

ЩIалэм и гъэсэныгъэ дахэр и напщIэ телъу, Алэдамэ Iэнэм щысхэм захуигъэзащ:

– Тхьэшхуэм и нэфIыр зыщыхуэн си хьэщIэ лъапIэхэ! Мэуэт хабзэкIэ тхьэлъэIур тхьэмахуэкIэ зэхэтщ. ФыдихьэщIэщ, фыдигуапэщ, фыгуфIэ, фыгушхуэ, фефэ-фешхэ. Ди тхьэлъэIур Псатхьэм деж нэсыну, ар зыхуэгъэзам и натIэ къритха гъащIэ гъуэгуанэр лIы хуэдэу къигъэщIэну сохъуахъуэ! Нартхэм хьэщIагъэр псом нэхърэ ягъэнэхъапэри, Тутхьэлий, си лъахэ уисыху, уи узыр си узщ, уи гуфIэгъуэр си гуфIэгъуэщ. Еблагъэ! – жиIэри, фадэбжьэр иIэтащ пщым.

Мэуэтыпщым къызэIуиха Iэнэм пэрыс хьэщIэ лъапIэхэмрэ щIыбым дэт щIалэгъуалэмрэ зыхуей зэрыхуэзэм зэпымычу кIэлъыплъ гуащэм къыхуашэжа щIалэмкIэ арэзыт. Ауэ абы и нэ щызу Дыгъэмыс зэпиплъыхьыну, и лIыгъэр здынэсри игъэунэхуну къыхуэгъэсыртэкъым. Анэгур быным пэплъэу кIуа илъэс бжыгъэхэм къриубыдэу, Дыгъэмыс ицIыхуар нэгъуэщI анэщ, нэгъуэщI адэщ. Плъыржьэрыр къытеуами, уз къефыкIами, къыкIэлъыплъар нэгъуэщIщ. ЩIалэм ицIыхуркъым къэзылъхуа адэ-анэр, къыдалъхуахэри зэи илъэгъуакъым. Ауэ щыхъукIэ, щIэхфэх къесэну къыщIэкIынукъым къызыхыхьэжахэм. Апхуэдэуи арэзыщ Удынэ. Едэ, IэплIэкIэ къыпемыжьэми, и гупсысэ дзыхь къыхуимыщIми. КъызэрекIуэлIэжа къудейми щогуфIыкI. КъицIыхунщ хуэм-хуэмурэ.

– Дэнэ щыIэ Атисэ? Ныщхьэбэ сытеплъакъыми, – йоупщI гуащэр и кIэзехьэхэм ящыщ зым.

– Сэри слъэгъуакъым, гуащэ. Лэжьыгъэм пэрыт хъунщ, – къет жэуап пщащэм.

– Сыт лэжьыгъэ?! И дэлъху нэхъыжь къекIуэлIэжащ. Iуэху зэблэу щыIэ хъунтэкъым. КIэлъыгъакIуэ зыгуэр, – жеIэ Удынэ, ипхъу закъуэм зэрыхуэгубжьар наIуэу.

Жэщ уафэм вагъуэу къитIысхьэр Iузэв псыхъуэм щызэхуихусауэ, Мэуэтейр къагъэнэху хуэдэт. ЗэрымыщIэкIэ къызрихьэлIа гуфIэгъуэр зэи имыухыжыным щIэхъуэпсу къыщIэкIынт Тутхьэлий. Зэми ар нэщхъей-нэщхъейуэ къахэплъэрт Iэнэм щысхэм. Абы гу лъызыта тхьэмадэм, дауи, къыгурыIуат и хьэщIэр гукъеуэшхуэ гуэрым къызэрырихужьар. Армыхъумэ, сытым къыхихыу къежьа ар?! МыдэкIи,

Дыгъэмыс къазэрыхыхьэжа щIыкIэм мащIэу ирибэмпIами, гукъэкIрэ гъэсэныгъэфIрэ зыдилъэгъуа и щIалэ пажэм, къэдыгъуауэ, хуоплъэкI Алэдамэ. Щауэри и адэм зэзэмызэ къоплъ, шыIэныгъэр зэримыхамэр къапщIэу, Iэнэр дахэу зэрехьэ.

Тутхьэлий къыщIежьа Iуэху хьэлъэр къызэрыкIэщIэзэрыхьари и зэманыр зэрызэпэшэчари хужымыIэу, и ныбжьэгъум и гуфIэгъуэр къытримыгъэужьыхэфу, и гукъеуэр иримыхьэлIэфу, зэхэтащ тхьэлъэIур. И кIуэцIыр ижькIми, зыхуигъэшэчащ. Ауэ, гуфIэгъуэ Iэнэр щызэхуащIыж пщыхьэщхьэм утыку къримыхьэу хъуакъым Хьэт къэралыгъуэм и Iуэху зыIутыр...

– ХьэщIэнышыр къэхьыт, щIалэ! – тхьэмахуэкIэ ягъэхьэщIахэм зэрызаIэтыжым и нэщэнэу, жиIащ нартхэм я пашэм.

Щэуей зыщIэупщIар хьэзырыххэти, ямыгъэгувэу къыщIахьащ мэлыл гъэва пщтырыр. Нышыр Iэнэм щысхэм яшха нэужь, мэуэтыпщым блэгъур къищтэщ, лыр къыкIэриупсыкIри, Щэуей хуишияш:

– Мыбы иплъи, зыгуэр къыджеIэ, си ныбжьэгъужь!

Щэуей блэгъур куэдрэ набдзэгубдзаплъэу зэпиплъыхьащ, зэм и нэщхъыр зэхиуфэу, зэми и напщIэр лъагэу иIэту. ИкIэм-икIэжым, Тутхьэлий и гум къипсэлъыкI нэхъей, жиIащ:

– Дэнэ лъэныкъуэкIэ бунэтIынуми къысхуихыркъым, ауэ гъуэгуанэ кIыхь, гъуэгуанэ хьэлъэ къыппэщылъу солъагъу. Уи джатэжьыр улъиящи, и чэзу къэсащ псыф пщIыну, си къуэшыжь. Ауэ... КъызгурыIуащэркъым, – и нэм хуихьыпэщ, жыжьэу IуишиикIыжри пхырыплъащ ар блэгъум. – ХэщIыныгъи къокI, нэхъыбэжу къыпхилъхьэжи хуэдэщ.

Тутхьэлий а псалъэхэр щызэхихым и цыр уащ. Мэуэтхэр мы зауэм фыныхыхьи, филъ вгъажэ, лей зытевгъэхьэ, жиIэу, лъэIуэну къызэрежьам теукIытыхьыжа хуэдэ, и напIэр ирихьэхри, хьэлъэу хэщэтыкIащ ар.

– Мэт, Нэхунэ, мафIэм егъэут! – жиIэри, Щэуей и вакъуэм хуишияш блэгъур.

ЩIалэ цыплъым блэгъу упсар жьэгум щхьэщихьэри, мафIэ иригъэуащ, «цIыч» жиIэу къупщхьэр къэчэху.

– Мыдэхьыт иджы, дегъэплъыт! – жи Щэуей.

Iэнэм пэрысхэр а Iуэхугъуэ телъыджэм даущыншэу, яфIэгъэщIэгъуэн дыдэу кIэлъыплъырт. Нартыжьхэм быдэу я фIэщ хъурт блэгъур зэи зэрыщымыуэр. Апхуэдиз лIыр даущыншэу пэплъэрт Щэуей адэкIэ жиIэнуми, жьэгу мафIэм къыпиху хъуаскIэ цIыкIухэр зэрылъатэр зэхэпхырт.

– БжэщхьэIум къэсамэ, бжэр Iух, жыхуаIэм хуэдэу, къэблэгъащ Iуэхушхуэ. И ужьыр махуэ тхухъу! – жиIэщ, Щэуей блэгъур IэпэкIэ жьэдищIыкIри, Iэнэ кIапэм трилъхьэжащ.

Нартыжьхэр ирагъэжьэжрэ, дзэзешэхэр зэбгрыкIыжу, зэныбжьэгъуитIым я закъуэ къызэхуэна нэужьщ Тутхьэлий къызытекIухьа Iуэхур къыщиIуэтар.

– Япэ сищу жызмыIэмэ, сыкъыщIэкIуам узэрыщIэмыупщIэнур сощIэ, Алэдамэ. СыпIащIэми, гуфIэгъуэ сыкърихьэлIати, ар къыптезгъэункIыфIэну сыхуеякъым... – хуэмурэ иришэжьащ Тутхьэлий псалъэмакъыр.

– ЖыIэт уэ, Тутхьэлий! СынодаIуэ! Гу лъыстащ зыгуэрым укъызэрыхигъэзыхьым... Си къарум къихьмэ, пхуэзмыщIэн щыIэкъым, – игъэгушхуащ ар мэуэтыпщым.

– Къыщезгъэжьэнури сымыщIэ, ди Iуэхур апхуэдизкIэ зэхэзэрыхьащи. КIэщIу жыпIэмэ, дзеегъу фыкъытхуэхъуну лъэIуакIуэ сыкъежьащ, – мэщатэ хьэтыкъуэр.

– Апхуэдэу гузэвэгъуэ дыдэ къыфлъэIэсауэ ара?! – хьэтхэр фIырыфIкIэ Мэуэтейм нэс лъэIуакIуэ къызэрымыкIуэнур гурыIуэгъуэт.



**Ащыр хьэкIэкхъуэкIэхэр мэуэтхэм къыхаутIыпщхьэ.**



– Си фIэщ хъуркъым нэхъ Iеиж щыIэу, – и щхьэр къыфIэхуащ Тутхьэлий. – Дамэгъуу къыткъуэтар бий къытхуэхъужри, хьэ джафэу утыку дыкъинащ. Алыджхэр зэпымычу къыдоныкъуэкъу, къашкъэхэр къыдофыщIауэ, зыщIыпIи тхуэмыхьыжыххэрэ етщIэнур къытхуэмыщIэ Ащыр къэралыгъуэр лъэщ къызэрыгъэхъуащи, нобэпщэдейуэ къыттеуэнущ. УощIэж, мысырыдзэр къыщыттеуам щыгъуэ, хьэтхэр Къуэдэш деж щызэуэху, ащырхэм ди къуэкIыпIэ щIыналъэр гуатхъауэ щыташ. Иджы къытригъэзэжащ, Мэтэнейр щIыгъуу. АпхуэдизкIэ къарууншэ дыхъуащи, ди гъунапкъэхэр ерагъыу тIыгъыу аращ, зытIэту дезэуэн дэнэ къэна! Дауэ къыпщыхъурэ ар, Алэдамэ! Дэ дызэрыщытамрэ дыкъызэрынамрэ... ЗдыжысIэм соукIытэ.

– УмыукIытэ, Тутхьэлий! ЕмыкIу пылъкъым абы... – зэхиха псори и гум щIыхьауэ, и нэгур къызэхоуфэ мэуэтыпщым. – Рамзес-щэ?! Фирхьэуным зэгурыIуэныгъэ ефщIылIати! Зыуи къывдэмыIэпыкъуу ара?

– Алыджхэр бзаджагъэ хуекIуэри, къыдэувэлIэн ипэ къихуэу, Мысырым теуат. Абыхэм я лъэр щIахыу, дэIэпыкъуэгъуншэ дащIын я гугъэу. Ауэ, пэлъэщакъым. КърагъэкIуэтыжащ. Апхуэдэ дыдэу, ди адэр

бабылеипщым елъэIуати, ар Ашэрэд – Ащырым я пщым – щышынэри, дызригъэпсэлъэххакъым. ДэIэпыкъуэгъуи диIэкъым, ди малъхъэри тпэIэщIэ хъуащ. Дауи... Си шыпхъуитIыр къаукIащи, благъагъэ ди зэхуаку дэлъыжккъым. Сыту дищIыжыну дэ Рамзес. Ди ипщэ щIыналъэр пимычыну напэ къылъыкъуэкIащи, ари Iэджэ и уасэщ.

– Сыт мы жыпIэр! Дауэ къызэраукIар? – къэуIэбжьащ Алэдамэ, зэгуэр фIыщэу илъагъуу щыта бзылъхугъэм и хъыбар щызэхихым.

– Нэптерэ Мысырым яшэри, илъэсиплI нэхъ дэмыкIыу, си шыпхъу нэхъыщIэри Рамзес фызу иратащ. Ди адэм и гугъат фирхьэуныр благъэ тIуащIэ къищIмэ, ди Iуэху нэхъ кIуэтэну. Ауэ, Нэптерэ «къеуэлIа узым къахуегъэлакъым», илъэс нэхъ дэмыкIыу, Тэшмий щхъухь кърыгъэшхри игъэлIащ фирхьэуным и шыпхъу куэпэчым. Иужьым физу къишэжащ апхуэдиз зэхэзыщIыхьа, къыдалъхуа и шыпхъур! ГуфIэн хуеяуэ аращ а напэншэр, я лъы фIейр хьэтыпхъухэм зэрагъэкъабзэм папщIэ. Фирхьэунхэм я хабзэр аращи, я шыпхъухэр физу къашэжурэ, щIэблэ нэджэIуджэ къащIоувэ... – бампIэм къызэгуитхъырт Тутхьэлий.

Алэдамэ апхуэдизкIэ игу щIыхьат и ныбжьэгъум къихьа хъыбар гуауэри, зы псалъи къыхудэмышейуэ щыст. Хьэуэ! Абы хьэтыпхъум зэгуэр хуиIа гурыщIэхэр къызэщIэушэжауэ аратэкъым... Мэуэтыпщым и жагъуэ хъуар «уей-уей» жезыгъэIэу щыта пащтыхьыгъуэмрэ пщышхуэмрэ апхуэдэ икIагъэ къазэрылъысарат, къыщыхъуа щIыналъэ дахэр кIуэдыжыгъуэ зэриуварат.

– Сыт хуэсщIэфынур си вакъуэ адэм? – имыцIыхуж адэм и пIэ иувауэ щыта пщыжым дэIэпыкъуну игу ирилъхьащ Алэдамэ.

– Мэуэтхэм фи зэхэтыкIэ дахэмрэ фыухуа къэралыгъуэ уардэмрэ сыхэплъэри, сыкъызэрежьам сыхущIегъуэжащ, Алэдамэ! УощIэ, фэрыщIагъ схэлъкъым, си гум имылъи жысIэкъым... Пэж дыдэу, сыхущIегъуэжащ. Сыхуейкъым мы мафIэ лыгъейм фэри фыхэсшэну. Сэрат ар къыхэзылъхьар. Ди адэм и гущхьэ къэкIыххэтэкъым къолъэIуну. Ауэ, утыку дыкъыщинэм, уи дежкIэ си гур жащ, уи хъыбарыфI нэIуати, – и щхьэр зэрехьэ хэтыкъуэм, укIытэжауэ.

– ЖумыIэххэ, Тутхьэлий! Щыгъэт! Дамэгъу ухуеймэ, сэ сыщыIэкъэ! Хъарзынэу пщIащ укъызэрыкIуар. Сэ пхуэсщIэфынуращи, дзэ уэстынщ, сыббгъурытуи сызэуэнущ. Мы щIыналъэм лъаIуэ къекIуэлIауэ, зы цIыхуи дэIэпыкъуэгъуншэ тщIыкъым, си къуэш закъуэр дауэ утыку укъизнэрэт?! Зэхэпхагъэнщ, зауэлI лъэпкъыщIэ къыщыунэхуащ мыбыкIэ... Зыхьэхэр. Ахэр шуудзэ лъэрызехьэщ. Мэуэтхэр шабзауэу дгъэувынщ, – жиIащ Алэдамэ хэкъузауэ. – Уи щхьэр Iэт, си къуэш! КъызэрызгурыIуамкIэ, деужьэрэкIын хуейщ...

– Дымыгуващэрэт, Алэдамэ! – и гугъэр хихыжыным зытIэкIу зэриIэжыр къапщIэу, жэуап итащ Тутхьэлий.

– Ей, щIалэ! – бжэм адэкIэ къыщыт хъумакIуэм еджащ мэуэтыпщыр.

– СынодаIуэ, зиусхьэн, – арыххэу къыщIэбэкъуащ щIалэ къуданышхуэ.

– Уэзрэдж къеджэт мыдэ псынщIэу, – и дзэзешэр къагъэсыну унафэ ет.

* * *

Дыгъэмысрэ Арнэутрэ шууэ зэрыдэхат. ЩIалитIым я адэхэр зэгуэр зэщIыгъуу Нарыкъ и мэзыжьхэм къыщаущыхьу щытащ мыпхуэдэу. Псатхьэм пхуигъэтIыгъуэ псори пщIэнукъым. ЗэпэIэщIэ хъуа зэшитIым – Алэдамэрэ Тутхьэлийрэ – я гугъатэкъым я бынхэр зэгуэр зэрихьэлIэжыну. Дыгъэмыс псалъэм щIэфыгъухь и хьэлми, хьэщIэм хьэщIагъэ ехыпхъэкъэ?! И жагъуэ зэримыщIыным пылъщ, ауэ, зэзэмызэ и гупсысэхэм кIуэцIрощэтри, и нащхъуитIыр мэплъыз. Хэт ищIэрэ ар зыщIэхъуэпсри, зыщIэбэгри, зыхуэлIэри... Арнэут и бысымыр зэрыхэгупсысыхьам гу лъитащи, зэран зэрымыхъуным яужь иту, мэз Iувым кIуэцIроущыкI.

Бжьыхьэ дыгъэм уи нэр иришIу къепсми, къыпих гуащIи щыIэкъым. Я нэр щIаукъуанцIэрэ, гъуэ пылъэлъыжа пщIащэ гъуэжьплъыжьыфэхэр шы лъэгум зэрызэхигъэщащэм и щхъыщхъ макъым щIэдэIуу, къуданитIыр здрикIуэм, Арнэут егъэщIагъуэ:

– Нанур анэ быдзышэкIэ иримыкъуауэ щхьэ ятрэ мэуэтхэм?

– Нэхъапэм щIалэ цIыкIур къэжэпхъа нэужь яту щытащ. ИужькIэ, нэрыбгейхэр нартхэм къахыхьэжри, нану цIыкIухэр щалъхуа унагъуэм жэщ къыщрамыгъэкIыу, вакъуэ адэхэм ядыгъуу щIадзащ, – мащIэу погуфIыкI Дыгъэмыс.

– Ар сыт щхьэкIэ?! – игъэщIэгъуащ хьэщIэм.

– Нэрыбгейхэм щIалэ цIыкIу къащIэхъуэмэ, яукIыжу щытащ пасэм. А хьэл мыгъуэр къахуинарэ, щIалэхэр яукIыжынкIэ нартхэр шынэрти, бзаджагъэ хуекIуэри, апхуэдэ хабзэ кърагъэжьащ – нанур къызэралъхуу ядыгъуу, – и анэр имыцIыхуу къызэрыхъуар и гум къызэреуэр къапщIэу, нэщхъей-нэщхъейуэ и набдзэ Iувым къыкIэщIэплъащ Дыгъэмыс.

– Нэрыбгейхэм я хъыбар телъыджэхэм сыкъррагъэдэIуащ мэуэтхэм. Ауэ, нэрыбгейхэр дэкIуэну хуит къызэращIрэ я къэралыгъуэм кIэрыхуакъэ? – фIэгъэщIэгъуэнщ Арнэут.

– Къэралыгъуэр зы махуэм щэщэжрэ?! – погуфIыкI цыплъыр.

– ЩыIэщ, зы махуэм щэщэжи... – нэщхъей мэхъу хьэщIэр.

Дыгъэмыс шыр къыжьэдикъуэри, и гъусэм къыхуеплъэкIащ. Абы и тхьэкIумэм къицырхъат Арнэут и псалъэм щIэлъ узри, Iуэхум и пэжыпIэр къитIэщIыну къыхэхъыжьат. ЩIалэ цыплъыр и гъусэм и нэр къытримыгъэкIыу йоплъ, модрейри нэщхъей къэхъуауэ щытщ щыму.

Абы хэту, ипщэкIэ зы физ шу къэсащ. Шыр зэрыбауэмрэ абы тес нэрыбгейр къызэрызэщIэплъамкIэ гурыIуэгъуэт ахэр куэд щIауэ къызэрыжэри, Iуэхушхуэ гуэрым къызэрытекIухьари. Пщащэм и щхьэц фIыцIэр тIууэ еухуэнэхами, жыIэмыдаIуэу къелъэлъэха натIэцыр псынщIэу ирилъэщIэкIри, и пащхьэ къитхэм къахэплъащ. Ар щIалитIым пагэу къоплъ, зэм, и напIэр къригъэлIыхыу, хьэщIэр зэпеплъыхь, зэми и нэ фIыцIэ пIащитIыр цыплъым треубыдэ. Нэрыбгейр ныбжькIэ щIалэ дыдэщ, и нэгу дахэр дыркъуэншэщ, и нэпкъ сэмэгум анэл цIыкIуитI зэкIэлъыкIуэу хэсщ, мащIэу зэрыжьакъэри йокIупс. Выфэ Iувым къыхэщIыкIа джанэ кхъуэщыныфэ зэвыр хъыджэбз Iэпкълъэпкъ лантIэм ипсыхьащ, и куафэм къытеуэжу, абы щыщыпс гъуэншэдж щыгъщ, сэжьей кIэрыщIащ, и щIыбым шабзэр идзащ.

– Тхьэмахуэм щIигъуауэ уагъуэтыжыркъым, дэнэ ущыIа иджыри къэс? – и шыпхъур къызэрицIыхункIэ и теплъэр къыхуаIуэтати, и пащхьэ къитыр хэтми къыгурыIуат Дыгъэмыс.

– ИужькIэ. Нэвгъэзэж быдапIэм. ПсынщIэу! – жеIэри, нэрыбгейр и шым йолъэдэкъауэ. – ПсынщIэу!

* * *

Бжьыхьэ пщэдджыжь щIыIэтыIэм кърихьэкI мэ гуакIуэхэр гум IэфIу тегъуалъхьэрэ гупсэхугъуэ къыуитми, гуащэр гузавэу нэху къекIат. ХьэщIэ Iуэху фIэкIа зымыщIэж, тхьэмахуэкIэ зи нэгу имыплъа щхьэгъусэр пэшым къыщIыхьэу, Удынэ абы щыIуплъэм, гуащэр хэщэтыкIащ.

– Зауэм уриджэу аракъэ хьэтыкъуэм? – къыгурыIуакIэт абы псори.

– Аращ. Утыку къысхуинэнукъым, – жиIам зэрытемыкIынур наIуэу, гуащэм и нэм щIэплъащ мэуэтыпщыр. – Унэщхъейщ аргуэру.

Зи IэплIэр зэIузыхауэ пыгуфIыкI щхьэгъусэм зрикъузылIащ Удынэ.

– Уэри сэри зауэлI лъэпкъ хъыжьэщ дыкъызыхэкIар. УощIэ, сэ ажалым зэи сыпикIуэтынукъым. Ауэ... Мы сигу къигузэвыкIыр тепыIэркъым.

– Сыт узыщышынэр? – жи Алэдамэ.

– АпхуэдизкIэ лъы куэд тлъэгъуащ, хьэдэ куэд щIэтлъхьэжащи, зэи зыми сримыгужьеижыфыну, нэхъ Iеиж сымылъагъуну къысщыхъурт. Ауэ, мы зауэм укъимыкIыжыну къысщохъури, абы сешх, – зыгъэгузавэр ерагъыу къыдришейри, щхьэгъусэм нэхъри зришэкIащ гуащэм.

– Дэтхэнэ зыми пIалъэ гуэр тщIэлъщи, псори щхьэусыгъуэ зырызкIэ дыкIуэдыжынущ, дахэ.

– СощIэ. ИтIанэми...

ЗэщхьэгъуситIым я гурыщIэ щэхухэр зэхуаIуатэу гъащIэ IэфI къызэдагъэщIами, я бынхэр балигъ хъужами, Удынэ къизэуа и хуитыныгъэм гу щихуатэкъым. ЦIыхубзым и нэрыбгей къарур хэкIауэ хуэбгъэфэщэнур щыуагъэшхуэт. Ар зэры-Удынэт. Ауэ, хуейтэкъым ар джатэм епхъуэну, лъы игъэжэну, залымыгъэ зэрихьэну. Абы и гущхьэм гурыщIэ IэфIыр къыщыгъэгъати, и фIыгъуэ дыдэм псори щэщэжынкIэ шынэрт.

Гуащэм и лэгъунэбжэм зыгуэр къытеуIуащ, гурыIуатэр къызэпиуду.

– Зиусхьэн... Си гуащэ! Атисэ къэсыжащ, – жиIащ кIэзехьэхэм ящыщ зым.

НыбжьыщIищыр зэбгъурытрэ, Тутхьэлий абыхэм я пашэу хасащхьэ пэшым щIэтт, зэщхьэгъуситIыр епIэщIэкIыу щыщIыхьам.

– Атисэ! Дэнэ ущыIа иджыри къэс?! – щIэупщIащ гуащэр, хъыджэбзым зэрыIуплъэу.

– Щхьэусыгъуэншэу убзэх уи хабзэкъым. Ауэ щыхъукIэ, хъыбар гуэр къэпхьащ... – гуапэу Iуплъащ пщыр ипхъу закъуэм.

– Пщащэ цIыкIур уипхъуу ара, къызэрыщIэкIымкIэ?! – къэуIэбжьащ Тутхьэлий.

– Мэуэтыпщым и хьэщIэ лъапIэхэр фызигуапэщ, ауэ иужькIэ дызэрыцIыхунщ. НэхъыщхьэIуэ щыIэщ, ди адэ, – псынщIэ дыдэу къыIурыщэщащ Атисэ. – ТIасхъэщIэх гуп къыдэуэсащ.

– Дэнэ къикIыу? – къэуIэбжьащ мэуэтыпщыр.

– Хьэт кхъухьхэм хъурзэр щрадзыха махуэм хьэщIэхэм шууеищ къахэкIщ, мэзым зыщагъэпщкIури, кIыфI зэрыхъуу заукъуэдийри, ипщэкIэ ехащ. Нэрыбгей зыбжанэ пэшэгъу сщIыри, дакIэлъыпхъэращ абыхэм. Зэрызагъэпсэхуи щымыIэу, зы щIыпIэми куэдрэ зыщамыIэжьэу, щIащыкIащ Iэгъуэблагъэр. Ауэрэ дынэсащ Къэлъхъеймрэ Нарт хэкумрэ ди зэпылъыпIэм. Мы псыхъуэм къамыгъэс хьэлъэзешэ гуэр лъыхъуэу арат, къызэрыщIэкIамкIэ. Ащыуэм[1] къикIа кхъухьым дэкIуеящ... – зэкIэлъыкIуэу къиIуатэрт пщащэм.

– Ашэрэд и тIасхъэщIэхщ! Шэч лъэпкъ къытесхьэркъым абы. Ди Iуэху зыIутыр лъагъэIэсыжмэ, екIурэ-ещхьу къежьэнщ ащырыпщыр, – и щхьэр игъэкIэрэхъуащ Тутхьэлий, къытехьауэ.

– Пэжу хубогъэфащэ, зиусхьэн. Дубыдри, къедгъэIуэтащ къызыкIэлъыкIуар. Ауэ я пщым деж зыри нахьэсыжыфынукъым, умыгузавэ... – жи нэрыбгейм, и напIэр мыхуадэу.

– КъытхуумыщIа щыIэкъым, дахэ! Си напэр къэптхьэщIыжащ. Армыхъумэ, бзаджащIэ гупыр къыздалъэгъуамэ, си ныбжьэгъум деж емыкIу къыщысхьатэкъэ! Дэ бзэгузехьи тIасхъэщIэхи къытхэкIын хуеякъым. Мэуэтейм дыкъызэрыкIуэр зыщIар цIыху зыбжанэщ! Ауэ щыхъукIэ, сытым дежи тщIыгъуа гупщ къыдэпцIыжар. Еплъ дыкъызэрызэхэнам! – Iэнкунт Тутхьэлий.

– Гу лъумытэу, къыпщIэхъуэну псор пщIэркъым. Мэуэтхэм дгъэунэхуа тIасхъэщIэххэм я бзаджагъэр къыпхуэIуэтэнкъым! Къэралым и Iуэхур щызэхэзэрыхьхэм дежи апхуэдэхэр куэд къызэрогъэхъу, – и хьэщIэр зэрыува щытыкIэм къызэрыришыным пылъщ Алэдами.

Хьэт зэадэзэкъуэм я напэр текIауэ къащыхъурт, Алэдамэ абыхэм дзыхь яхуищIми. Арнэут къызэщIэнауэ, и нэм губжьыр къыщIех, къепцIыжахэр и пащхьэ кърагъэуватэмэ, асыхьэту я щхьэр фIихыфынут. ЩIалэщIэм, и Iэбжьанэхэм Iэгум зыхаукIэжауэ, и IэштIымыр екъуз.

Удынэ и пхъум гуапэу хуеплъэкIри, мащIэу и щхьэр игъэхъеящ.

– КъызэрызгурыIуамкIэ, ди хьэщIэхэр IуэхуфIкъым фыкъезышэжьар. Мы псалъэ зэIэпахри щIагъуэкъым – фи щIыбагъкIэ шынагъуэ гуэр зэIуащэ. Нартхэм хьэщIэ я щIасэщ, мы жысIэри ди хабзэм къезэгъыркъым, ауэ псынщIэ-псынщIэу фежьэмэ нэхъыфIщ. ТIасхъэщIэххэм зэрыжаIамкIэ, ащырыпщым илъэс бжыгъэкIэ къызэригъэпэща дзэшхуэр къызэрехьэжьэнущ нобэ-ныжэбэ. Алыджхэри Iуэхуншэу зэхэсынукъым ар ящIэу, – хъыджэбзым Тутхьэлий зыхуигъэзащ.

– Узэрыдахэм хуэдэуи уIущщ, хъыджэбз! Тхьэшхуэм укъихъумэ! – и щхьэр ищIащ Тутхьэлий, хэщэтыкIри.

Абы игъэщIагъуэрт хьэтхэм я Iуэху зыIутыр зэман кIэщIкIэ мы пщащэ псыгъуэ цIыкIум къызэритIэщIыфар, а псори зэпишэчыжу, нэхъыщхьэр къызэрыхигъэщхьэхукIар.

[1] Ащыуэ – Азие.

– Уи нэмыс нэхъ лъагэ ухъу, зиусхьэн! – псалъэмакъым къыхоIэбэ хьэт щIалэр. – ТIасхъэщIэх гуп къызэдэтшауэ къыщIэкIри, ди напэр текIащ. Абы иужь зыгуэркIэ дынолъэIунуи къысхуегъэкIуркъым.

– ЖумыIэххэ! – идэркъым Алэдамэ. – Сэ уи адэр фIыуэ соцIыху, ар зауэлI хахуэщ, щIыхь зиIэщ, дзыхь щIыхуэзмыщIын хьэли Iуэхугъуи зэи дэслъэгъуакъым.

– Си адэм и пщIэмрэ и щIыхьымрэ дэ тIум къыттумыгуашэ, зиусхьэн. Ар езым къилэжьыжащ. Си напэр сэ езым къэстхьэщIыжыну схузэфIэкIатэми!.. – и щхьэр къыфIоху Арнэут.

Арнэут гу къабзэу, ерыщу, напэмрэ щIыхьымрэ игъэнэхъапэу къызэрыщIэкIам ирогуфIэ мэуэтыпщыр.

– Бзаджагъэ щалэжьар ди щIыналъэти, абы и унафэр дызэрыхуейуэ тщIыжащ, – къытехьэщ нэрыбгей пщтырри, хьэщIэм щIэнэкIащ. – Дауи, ахэр уи пащхьэ къитшэрэ, уи IэкIэ уэдгъэукIамэ, уи гур нэхъ зэгъэнут.

Атисэ и нэщхъыр зэхэлъу хьэщIэ щIалэм щыхуеплъэкIым, Арнэути абы и нэр къытриубыдащ. Хьэтыкъуэр есатэкъым бзылъхугъэм и макъым зригъэIэту, абы и щIыIужкIэ, цIыхухъум унафэр къыIэщIахрэ, щхьэзыфIэфIу зыхуейр ялэжьу. НэхъапэIуэкIэ нэрыбгей зымылъэгъуа Арнэут къыгурыIуэртэкъым нэжьгъущIыдзэхэм я зэхэтыкIэр, хузэхуэгъэхъуртэкъым абыхэм апхуэдиз хуитыныгъэ щIратар.

– Атисэ! – гуащэм ипхъу жьакIуэр фIыуэ ицIыхужырти, псалъэмакъым зримыгъэубгъуу, нэщхъкIэ щыпкъэу пигъэщхъащ.

Нэрыбгейм и напIэр ирихьэхащ, зэрыригъэлеяр къыгурыIуэжри. 

Арнэути и Iупэ лъабжьэр щIиупщIэри, и щхьэр мащIэу ирихьэхащ. Псори щымщ. Гу зэщызымыхуа, зэрымыцIыхуа зэанэзэкъуэр зэхуоплъэкIри, я напIэр ирадзыхыж. Атиси, къэдыгъуауэ, зэм и анэм, зэми и дэлъхум къахущIоплъ, гуащэр и къуэ къекIуэлIэжам зэрыхуэгумащIэм гу лъитащи, хузэгуэпу.

Дауи, Удынэ и хъыджэбз закъуэр сытым дежи щIыгъуу къэгъуэгурыкIуащ, щIалищыр вакъуэ адэхэм зэбграшами. И щIалищым яхуигъэтIыгъуэ анэ лъагъуныгъэм хуэдэ Атиси хуиIэн хуеящ, ауэ пщащэм къыщыхъурт и анэр къыхуэгущIыIэу, нэмыплъ кърниту, уеблэмэ къыфIэмыIуэхущэу. Удынэ ипхъу закъуэр щхьэзыфIэфIт, нэрыбгейхэм яхыхьэну хуэпабгъэрти, зыхуейр зыIэригъэхьащ, анэм жиIэм емыдаIуэу. НэрыбгейхэрщIыIэр зэрыгущIыIэр, зэрыерыщыр, зэрыябгэр ищIэжырт гуащэми, хуейтэкъым езым игъэва псори хъыджэбзым игъэунэхуну. КъызэрыгуэкI анэхэр япхъухэм зэрахущытым хуэдэу, Удынэ и пхъум хущытыфыртэкъым. Езы Атисэ зыхущигъэтыртэкъым. ЗэблэпсэлъыкIыу, зэгурымыIуэу, хъыджэбзым и къипкI-къилъыр къытекIуэу, гуащэми ар хуемыгъэнэхыу къогъуэгурыкIуэ. А Iуэхугъуэм теухуауэ дэтхэнэми и уз кIуэцIылъыжщи, дунейм къытрамыгъэхьэу я гукъеуэхэр ягъэвыж зэанэзэпхъум. И щхьэ трилъхьэу, а псалъэмакъыр езышэжьэн е дэзычыхын къахэкIыркъым языхэзым.

– Хуит сыкъэфщIмэ, Iуэху сиIэщ, – къэпсэлъащ Атисэ, и адэм зыхуигъазэу.

– КIуэ, тIасэ. Уи Iуэху зехуэ! Афэрым, си дахэ! – гуапэу хуэгуфIащ пщыр и пхъум.

Нэрыбгейм зигъэбзэхащ, щхьэщэ ищIри.

– Мэуэтыдзэр нэхущым ирихьэлIэу псыщхьэм хьэзыру тетынущ. КъищынэмыщIауэ, нэрыбгей минищ нокIуэ. Гъуэгу махуэ дытригъэувэ! – жиIэри, пэшым къыщIэнахэм яхэплъащ мэуэтыпщыр.

ЩIалитIым щхьэщэ ящIу щIэкIыпIэмкIэ щагъазэм, Алэдамэ и бын пажэм кIэлъыджащ:

– Дыгъэмыс! Уи хуарэр гъэхьэзыр. ЗекIуэ накIуэ. Бгъэунэхунщ...

Удынэ и щхьэгъусэм и щIагъыбзэр къыщыгурыIуэм, гугъэ хэлъу щIалэм хуеплъэкIащ. Ягъэунэхунур хуарэр аратэкъым, атIэ езы Дыгъэмысти, анэр щыгъугъырт щIалэр фIым и фIыжу къахущIэкIыну.

## *Етэрщэху*

И гъунэгъу щIыналъэхэм я унафэ щIэтрэ, къэралыгъуэ лъэщыжьхэм тын яриту лъэхъэнэ кIыхькIэ къэгъуэгурыкIуа Ащырейм и зыIэтыгъуэу, и къару илъыгъуэ дыдэу гуэрэныгум къиува къэралыгъуэт. КъэралкIуэцI Iуэхухэр мыщIагъуэу, Ащырейм и щIыналъэхэр зыкъомрэ къызэрелъэфэкIами, толъкъуным ещхьу зэм зиIэту, зэми ещэтэхыжу къэгъуэгурыкIуами, я Iуэтэжыгъуэт иджы.

Хьэуэстэным[1] и къуршыщхьэхэм къыщежьэрэ, Хьэтейм кIуэцIрыжу, БабылеймкIэ ежэхыж Фыратрэ[2] къуэкIыпIэмкIэ щежэх Идыджлэтрэ[3] я зэхуаку зэрыдэсым къыхэкIыу, къуэкIыпIэ псом и хьэрычэтыщIэхэм я зекIуапIэу зэрыщытыр къагурыIуэжат ащырхэм. Ащырейм хиубыдэ щIыналъэхэм я тетхэр зэныкъуэкъунымрэ фыгъуэнымрэ къыдэмыхуэурэ, зыхуей хуэмызэу щыщыта лъэхъэнэм къикIат къэралыр.

Къэралыгъуэр зэрефIэкIуар зи фIыщIэхэм ящыщт Ашэрэд Езанэр. Уардэунэ абрагъуэ иIэтарэ, къалащхьэр къигъэщIэрэщIауэ, цIыхухэр зыщыщIэ щымыIэрэ, къэралыгъуэр лъэ быдэкIэ игъэувауэ, пщыгъуэр ирихьэкIырт абы. Мывэкъалэ лъагэхэмкIэ къегъэбыдэкIа унэшхуэм къыщызэхуэса блыгущIэтхэмрэ дзэзешэхэмрэ тепсэлъыхьырт Хьэтейм зэрытеуэну щIыкIэм.

Мэтэнейм къикIа хьэщIэхэм зэпаплъыхь зыщIэт пэшышхуэр: ягъэщIагъуэ блынхэм я лъагагъыр, щIэгъэкъуэнхэм тедза тхыпхъэхэмрэ мывэ сурэт телъыджэхэмрэ. Я гугъат абыхэм Хьэтуссэм пэпщIын щIыпIэрэ ухуэныгъэрэ цIыхуIэм зэи къимыгъэщIыфыну. Ауэ, мис, Ащырейм и къалащхьэр – Ашур къалэр – телъыджэу къызэрещIэкIам уегъэшынэ, уегъэгузавэ. Дыщэмрэ дыжьынымрэ къикъутэ уардэунэр зэи мыщэщэжыну, жьыри псыри къыпэмылъэщу, илъэс мин бжыгъэкIэ щытыну къыпщохъу. Абы лэжьыгъэу ирахьэлIари мылъкуу текIуэдари яхузэхуэмыгъэхъуу, заплъыхь хьэщIэхэм.

«Алыдж хытIыгухэмрэ Алащэм[4] тес лъэпкъхэмрэ зэуIуу Хьэт къэралыгъуэм къухьэпIэмкIэ къыщытеуэмэ, Хьэтусилэ и щIыналъэм дыркъуэшхуэ кърадзынущ, и зэхуэдитIри зэуэ IэщIахынущ. Ауэ, дызэригугъэм хуэдэу, тыншу затынукъым хьэтхэм. ЛIыжьым къигъэщIэ-

---

[1] Хьэуэстэн – Армение.

[2] Фырат – Евфрат (псы).

[3] Идыджлэт – Тигр (псы).

[4] Алащэ – Кипр.

5 Заказ №2339

нур къигъэщIами, лIэгъуей хъуами, къызэтенащ зэрыерыщу. Япэм хуэдэу, борэну къызэрехьэжьэфынукъым, ауэ и псэр пытыху, джатэ Iэпщэри иутIыпщынукъым. Ди щхьэщыгу итхэр щыхьэткъэ: благъэ сщIыну сыарэзытэм, сипхъу нэхъыжьыр Хьэтусилэ и къуэрылъхухэм ящыщ зым естынт, иужькIэ дызэщIыгъуу алыджхэм дапэщIэувэнт. Идакъым си дамэ къыщIэувэну. Пагэщ... Плъагъурэ, Хьэт къэралыгъуэр зыгуэрым и жыIэм тету нобэм къэсакъым. Есащ псори езым и ныбжьым щIэту. Абыи зыгуэрурэ сыфIэкIынт... Сигу схутемыгъэхуар – Хьэтусилэ си гъунэгъу щIыналъэхэр бий къысхуищIыжыну къызэрызэщIигъэстырщ. Сэ ар езгъэнэхыну щремыгугъ!» – жи, лъагэу хэIэтыкIа тахътэм плIаплIэу зизыгъэщэта ащырыпщым.

Зи жьакIэ Iувым тхъугъэ хидза пщы ябгэр и блыгущIэтхэм пагэу къахоплъэ. Ашэрэд и гъущI Iэпщэр тахътэ Iэдакъэм хуиту телъщ, ныбжькIэ аслъэныгъуэм фIыуэ щхьэпрыкIами, Iэпкълъэпкъ уардэщ. Лъэдийм теуэ къэптал гъуафэ Iэщхьэ кIэщIым къегъэнахуэ абы и Iэблэ быдэхэр. НалкъутналмэскIэ гъэщIэрэщIа дыщэ бгырыпх бгъуфIэр и бгым щIэпхащ, абы хуэдэкъэпсу уи нэр зытепщIыкI таж лъагэ папцIэри щхьэрыгъщ. Ашэрэд и напIэпщ хьэлъэм бзаджэу къыщIолыдыкI и нэ удзыфитIыр. Яхоплъэ хасэм къекIуэлIауэ зэфIэт и чэнджэщэгъухэм, дзэзешэхэм, блыгущIэтхэм. Абыхэм ящIэж япщ къамылыфэр къызэрымыкIуэу зэрыябгэри, я псалъэхэр зэпашэч, лей къазэрыжьэдэмыхуным пылъщ.

– Шагъэрэхътий къыпщымышынэу, хьэтыпщым зэи зыпищIэнукъым, зиусхьэн. Ди гъунэгъу щIыналъэхэм Хьэтусилэ нэхъапэм щиIа пщIэр зэрыщимыгъуэтыжым егъэгумэщIри, адэкIэ-мыдэкIэ зедз. Си гугъэкъым дзэ щIагъуи къыхуэгъэувыну. Сыт и мыхьэнэ ар благъэ пщIыкIэ? Ауэ щыхъукIэ, укIуэу, уи Iыхьэр къэпщтэну арщ къыпхуэнэжари, дэ... – иригъэжьат Мэтэнейм и тетым.

– ИкIи къэсщтэнущ, Сауштэр, быдэу щIы уи фIэщ, къэсщтэнущ, – и макъым зригъэIэтри, къызэпиудащ ар Ашэрэд. – Илъэс дапщэ дэкIыжа Мэтэнейр къызэрысхьэхурэ? Иджыри къыздэсым сыкъыумыщIыхуауэ ара? Мы гъащIэм сытри щычэзу-чэзущ. Нобэ зыр хагъащIэ, пщэдей нэгъуэщIым зеIэт. Ар дунейм и хабзэщ. Ауэ, уигу игъэлъ, Сауштэр, бийм нэмыплъ епт хъунукъым зэи. Абы къызылъыкъуихыну псори къыпхуэщIэнукъым. Сэ сыхьэкIэкхъуэкIэкъым! Хьэтусилэ сэ схуэдэ цIыхухъущ, пщыщ, жысIэри, фIыкIэ сыбгъэдыхьэну яужь ситащ. КъыщысхуэмыгъэдэIуакIэ, си ныбжьэгъугъэм къыщелъэпэуакIэ, благъэу къыщысхуэмейкIэ, гуэныхь стелъыжккъыми, сэри сыщысхьынукъым. Жыжьэрыплъэкъым ар, къызэрыщIэкIамкIэ. Узэфэну псым ухэубжьытхэ зэрымыхъунури ищIэу къыщIэкIынукъым. Деплъынщ ар и пагагъэм здынихьэсым.

– Ари пэжщ, зиусхьэн. Пэжу, сызэригугъэм хуэдэу, Хьэт къэралыгъуэр махэу щытамэ, нобэм къэсынтэкъым, – жиIэри, Мэтэнейм и лIыкIуэм зиущэхужащ.

– Ди къуэкIыпIэ щIыналъэм и дзэр Идыджлэт къикIагъэххэщ. Арапхъэр[1] къытхуэупсащ шуудзэ мин бжыгъэкIэ. Ахэр ди дзэпэу, къалащхьэм дыдэкIынурэ, Мэтэнейм къыщыдэжьэ лъэсыдзэм дахыхьэжынущ. Хьэтхэм я къарур зэрыщыту ди зэпылъыпIэм къадзынущи,

[1] Арапхъэ – Ащырейм и къуэкIыпIэмкIэ, Идыджлэт адрыщI щыIэ щIыналъэ.

дзэ хьэзыр дызэрырихьэлIэнур зэвгъащIэ. Ауэ, хьэтхэм я къухьэпIэ гъунапкъэхэмкIэ никъуэкъуэгъу щыIэщи, сыт ямыщIами, къэралым и зэхуэдитIыр зэрыIэщIэкIынур быдэу къыгуроIуэ Хьэтусилэ. Алыджхэм езэуэнумэ, дэ къуэкIыпIэр дубыдынущ, дэ къыдэзэуэнумэ, алыджхэм къухьэпIэр ящтэнущ, – игурэ и щхьэрэ зэтелът Ашэрэд.

– ТIум щыгъуэми, хьэтхэм я кIуэдыжыгъуэр къэсащ, зиусхьэн. КъыдэувалIэмэ – къухьэпIэм теплъэкъукIынущ. Дэ нэхъыбэ дохъур, къытпэлъэщынукъым. Я щхьэр зауэм халъхьэмэ, къэралым и зэхуэдитIыр дыдейщ, – жи, нэгъуэщI гуэрым. – Арами, гужьеярэ иримыкъуж алыджхэр абдежым къыщызэтеувыIэну си гугъэкъым. Ныкъуэкъуэнущ адэкIи. КъытпэщIэувэнущ.

– Пэжщ ар, зиусхьэн! Хьэт щIыналъэм дыхуеймэ, хы Курытым нэс дымыIэбэу хъунукъым. ДызэувалIэр къыдгурыIуэжу, зекIуэ девгъажьэ. Ар зы илъэскъым икIи илъэситI Iуэхукъым, – жи Сауштэр.

Пщызэхуэсым кърихьэлIахэми, Ашэрэди ящIэжырт хьэтхэм я хьэкуэстэгу цIэрыIуэхэм теухуауэ ипщэкIэ хъыбар телъыджэхэр къызэрыщрахьэкIыр, Къуэдэш зауэм щагъэлъэгъуа ехъулIэныгъэр лIыгъэм и щапхъэу нобэр къыздэсым зэраIуэтэжыр. Мысырыдзэм хьэлэчыр зэрыхалъхьауэ щыта хьэкуэстэгухэр[1] гулъытэншэ зэращIар игу къеуэу, зауэлI гуэрым и щхьэр зэрихьэрт.

– ЖыIэ, Хьэшмий. А уи Iупэ пIэжьажьэр къэтIэщI, – Ашэрэд зыхуигъэзащ Арапхъэм и тхьэмадэм.



– Зи щIыхьыр ин! Дызэригугъэм хуэдэу хьэтхэр къарууншэкъым, къызыкъуахынури тщIэркъым... Унафэ гуэри тщIын и пэ къихуэу, Хьэтусилэ и хьэкуэстэгухэм дазэрыфIэкIыну щIыкIэм девгъэгупсыс. Дигурэ ди щхьэрэ зэтелъу дежьауэ, дыкъыхагъащIэмэ, лIо тщIэнур?! – алъандэрэ зыми къыхудэмышеяр лIы гъур кIыхьым пщы ябгэм ириупцIащи, хасэм къекIуэлIахэр мэIущащэ, зоплъыжь, зэщIохъае.

– Уи псэр умыужэгъужамэ, уи жьэр щыгъэт! – зэхэпх къудейуэ къыжриIащ абы къыбгъурыт блыгущIэтхэм ящыщ зым.

– М-м-м! – блыгущIэтхэм къахэплъэщ, и напщIэ лъэныкъуэр иIэтри, гурымащ Ашэрэд. – Абы семыгупсыса уи гугъэу ара?

Пщым и макъ гъуагъуэм зыщригъэIэтым, пэшым щIэтхэр щым къызэрыгъэхъужащ.

– Дауэ ухъу, зиусхьэн. Къэралым и дзэм уэращ и тетыр, зэпумышэчарэ узылъэмыIэсарэ хэлъкъым мы Iуэхум. Ауэ...

– «Ауэ» къыхыумыгъэкI, Хьэшмий. Дэри диIэщ хьэкуэстэгу. Къуэдэш зауэм лъандэрэ хьэт хьэкуэстэгухэм зэхъуэкIыныгъэ ягъуэтакъым. Хьэтусилэ щыгъупщэжащ зэманыр и пIэм зэримытыр. ЩIэщыгъуэ Iэджэ къызэрагупсысами щыщ хищIыкIыркъым. Хьэтхэм я фIэщ мэхъу я шыгу зэщIэщIахэм текIуэн зыри щымыIэу. Ауэ, плъагъунщ, уей-уей жезыгъэIэу щыта хьэтхэр къэзгъэуIэбжьыжауэ! – игурэ и щхьэрэ зэтелъу, ину жиIащ Ашэрэд.

Арапхъэм и тетым и щхьэр ищIри, и IитIыр и ныбэм деж щызэтрилъхьащ. КъызэрыщIэкIымкIэ, Ашэрэд и гурылъхэр хэIущIыIу имыщI щхьэкIэ, куэд зэхуигъэхъуат.

---

[1] Хьэкуэстэгу – зауэ IуэхукIэ къагъэсэбэпу щыта, шэрхъитI зыщIэт щызакъуэгу, шыгухурэ шабзэмрэ бжымрэ хуэIэкIуэлъакIуэ зауэлIрэ фIэкIа имыхуэу. /Боевая колесница.

– Псалъэ лейрэ шэчрэ къыхэмыкIыу, си унафэхэр вгъэзэщIэну аркъудейщ фи къалэныр. Мы зекIуэр зыгуэрым дзыхь хуэсщIу щытатэмэ, си дзэзешэм и пщэ дэслъхьэнт, – и дзэзешэр къызэрытыр трилъэщIэну я ужь итт Ашэрэд. – Хьэтейр къэтхьэхумэ, алыдж лъэпкъхэм дащымышынэу, езыхэри къыттемыгушхуэу дыпсэунущ. Армырмэ, фIы щIэтхынкъым, хы КурытымкIэ къыщызэрехьэжьахэм утыкур яубыдмэ. ЩIы нэхъыбэ зиIэращ нэхъ лъэщыр. Алыджхэр зэгухьащи, екIуэкIыу дызэдрагъэхьынущ, япэ димыщмэ. ИужькIэ зытхуэIэтыжынкъым. А псори зэхищIыкIрэ, Хьэтусилэ дызэгуигъэуватэмэ, мы бэлыхьми дыхэтынутэкъым.



**Илэун зауэр.**

– Япэ умыуэ, къоуами хуумыгъэгъу, жаIэ. Ауэ, дэ иджыпсту япэ дымыуэмэ, ди мыгъуэ махуэр жыжьэжкъым. Пэжщ ди пщым жиIэр. Ныкъуакъуэ защIэкIэ Хьэт къэралыгъуэм и лъэр апхуэдэу псынщIэу щIэзыхыфа лъэпкъыр лъэрызехьэщ. Блэр гъуэмбым къимыкI щIыкIэ яукI! – жиIащ Сауштэр.

– Дэгъуэщ! Арапхъэм и шуудзэр мыгувэу къэсынущи, хьэзыру фыщыс. ФыкIуэ, – жиIэри, Ашэрэд и Iэр ищIащ.

Пщы ябгэм и блыгущIэтхэм щхьэщэ ящIрэ, щIыбкIэ икIуэту щызэрыщIэхыжым, кIуэцIыбжэ гъэпщкIуар зэIуихри, епIэщIэкIыу пэшым къыщIыхьащ щIалэ лъахъшэ зэIэщIэлъ. Абы и нэ фIыцIитIыр ирихьэхщ, щхьэщэ ищIри, пщым и пащхьэ къиуващ. ЩIалэр Ашэрэд и къуэу зэрыпщIэн щыIэтэкъым: ар теплъэкIи хьэлкIи и адэм ещхьтэкъым. Нынурт и лъэгуажьэ лъабжьэм къэсу щыгъ джанэ гъуафэр зэрыфIеймрэ и щIыфэ къамылыфэм пщIэнтIэпс щыгъэхэр къызэрещэщэхымкIэ гурыIуэгъуэт гъуэгуанэшхуэ къызэрызэпичар.

Махуэ бжыгъэкIэ зэрымыжеяри, зэрызимыгъэпсэхуари къапщIэу, ешаифэт.

– Еблэгъэж, щIалэ! Игъуэу укъэсыжащ. Ауэ... Мыр сыт?! Уи фэм уитыжкъыми. ЛIо къэхъуар? – щтэIэщтаблэу зыкъиIэтри, и къуэ закъуэм пежьащ Ашэрэд.

– Ди адэ... Апхуэдиз зэманыр ауэ сытми дгъэкIуэдауэ аращ. Зыми демыжьэу, алъандэм Хьэтейм дебгъэрыкIуамэ, дыкъикIат, – къыIурыщэщащ бауэбапщэу къыщIэлъэда щIалэщIэм.

– Сыт къэхъуар, зо? – щIалэм и дамащхьитIым теIэбэри, и къуэр иудынащ пщым.

– Къэфхьыт! – къызэрыщIыхьа бжэмкIэ джащ Нынурт.

Абы хэтуи хъумакIуэхэм зэпаIыгъыу пэшым къыщIахьэри, пщым и пащхьэ кърагъэуващ чэщей чейр.

– Мыр сыт? – къыгурыIуэркъым Ашэрэд.

– Къэлъхъейм къикIыжа кхъухь хьэлъэзешэм, и псэр пыт къудейуэ, и бзэгур къигъэжарэ зы псалъи къыпызмыхыфу, къехыжащ ди дзэпщыр. Мы чейм илъу къихьыжащ и гъусахэм я щхьэр. Сэ сщIэркъым хьэтыпщым и лIыкIуэр хэт деж лъэIуакIуэ игъэкIуами, ауэ мыпхуэдэм тегушхуам игурэ и щхьэрэ зэтелъщ, – жиIэри, Нынурт чейм и щхьэр тригъэпкIащ.

Ашэрэд абы иплъащ, и нэщхъыр зэхэлъу. ТIасхъэщIэххэм я щхьэр мыфу гъуэгуанэ кIыхькIэ къызэтенэн папщIэ, фом хэлъу къыхурагъэхьыжауэ арат. Зауэ IэнатIэм хьэжьпэжь хэхъухьа ащырыпщым ар щилъагъум и цыр уами, щIалэм зыкъримыгъащIэу, и нэщхъыр зэрызэхэлъу, хуеплъэкIащ:

– Дэнэ щыIэ дзэпщыр?

– Къалащхьэм къысхуэшэсакъым, зиусхьэн. ЛIащ, – и щхьэр ирехьэх Нынурт.

– Апхуэдэу къызэщар хэтми къэпщIакъым, ара?!

– Зыми зыри къапысхыфакъым. Кхъухьым тесахэм зыри ямылъэгъуауэ жаIэ, – и дамэр дрегъэуей пащтыхьыкъуэм.

– Мммм... – зэрихабзэу къэгурымри, Ашэрэд, къытехьауэ, пэшым псынщIэу щIэкIащ.

Нынурт и адэр ицIыхужмэ, ащырыпщым и кIуэцIыр мафIэм írижьыкIырти, лъыпс защIэкIэ мыхъумэ, дунеижьым псыуэ тетымкIэ пхуэгъэункIыфIынутэкъым а мафIэсыр.

## *Гунагъ*[1]

Хьэтуссэм и IэплIэр хузэIуихат апхуэдизу зыхуэныкъуэ хьэщIэ лъапIэхэм. ХъыбарыфIыр псынщIэу зэIэпахыркъэ, псоми ящIэрт пщыкъуэр хы адрыщI кIуэуэ, мэуэтыдзэр къызэришар. Уеблэмэ, хьэуар нэхъ псынщIэ хъуауэ, дыгъэр нэхъ нэхуу къепсу, дэIэпыкъуэгъур къызэрысар псэущхьэ нэгъунэ зыхащIарэ, гуфIэу къыпщыхъурт.

Хьэт къэралыгъуэм и пщышхуэр икIи гуфIэрт, апхуэдиз зэман дэкIауэ и вакъуэм зэрыIущIэжынуми иригузавэу, тепыIэншэт. ТIысамэ – щымысыфу, тэджамэ – щымытыфу, и Iэ пыдиикIахэр зэригъэIуэтрэ, щатэу, Хьэтусилэ, къикIукI-никIукIыу, пэплъэрт и хьэщIэхэм.

[1] Гунагъ – гум и хъуапсэр здынэсыф.

– Къэсащ, зиусхьэн! БыдапIэм къыдохьэ, – пщы зэхуэсыр щызэхашэ пэшым и бжэр зэIуихри, къыщIэбэкъуащ хъумакIуэр.

– ЗанщIэу мыбыкIэ къыщIэфшэ, – зегъэкIэщIри, тахътэм зрегъэзагъэ Хьэтусилэ.

Иужьрей зэманым и нэгу щIэкIа псоми ирагуха нэхъей, къызэфIэщэха пщыжьыр нэжэгужэ къэхъужат, и лъэр жан хъужаи хуэдэт. Абы и нэ фIыцIэ хъуреитIыр зэм бжэм треубыдэ, ар Алэдамэ къызэIуихыу, и пащхьэ къызэриувэнур къыхуэмыгъэсу, зэми и напIэр иредзыхри, егъэупIэрапIэ, куэдыIуэрэ зы щIыпIэм теубыдауэ зэрыщытым и нэр щIригъэсыкIыурэ, ехузри. Зэм-зэм бжэр зэIуахри, я щIалэгъуэр зэкIэрымыхуу зэрызэдахьам хуэдэу, зэбгъурыту къыщIобакъуэ Тутхьэлийрэ Алэдамэрэ.

– Алэдамэ... Тутхьэлий... – хуэм дыдэу зыкъеIэт пщыжьми, мэуэтыпщым и нэр треубыдэ. – Лъапэ махуэкIэ укъытхыхьэжауэ тхьэм къыщIигъэкI, си щIалэ.

– Упсэу, ди адэ! – мэуэтыпщыр Хьэтусилэ гъунэгъу дыдэу бгъэдэкIуатэри, и щхьэр ищIащ.

– ГъащIэр зэрыжэ... Еплъ, пщы ухъужащ! – Хьэтусилэ и гузавэр хуэм-хуэмурэ щхьэщокI.

– Мы гъащIэм зыгуэр къызэхъулIэххамэ, уэращ зи фIыщIэр, зиусхьэн! Сэ ар зэи сщыгъупщакъым икIи сщыгъупщэнукъым, – гуапэу пыгуфIыкIащ Алэдамэ.

– Мыдэ къэкIуатэт, – и IитIыр вакъуэм хуишийри, и гур къызэфIэзэрыхьауэ, хьэтыпщым и макъыр ехуэхащ.

Вакъуэм зэрыIущIэнум, абы и нэгум зэриплъэнум щышынами, Хьэтусилэ къыгурыIуат Алэдамэ губжь къызэрыхуимыIэр. Абы пщыжьыр къигъэгумэщIат.

– Уи гур умыухыж, ди адэ, – Алэдамэ абы пежьэри, быдэу IэплIэ хуищIащ. – УмыгумэщI!

– Тутхьэлий, афэрым, си щIалэ! Си гум гугъэ нэхур щыбгъэблэжащ, упсэу! – Iэ зырызымкIэ лIитIыр гуапэу зришалIэри, IэплIэ яхуищIащ пащтыхьыжьым.

– Къалащхьэм укъэсыху уи нэгу щIэкIа щIыпIэхэр къыпхуэмыцIыхужу укъыкIуэцIрыкIа хъунщ... – къэралыгъуэр зэрыщэщэжым теукIытыхьауэ, пащтыхьыжьым и жьэпкъыпэр пыкIэзызыкIырт. – Иужьрей илъэсхэм къыткIэщIэзэрыхьа гузэвэгъуэр къызэрытIэпIыкI мыхъумэ, зи тхуэгъэужьыхыркъым, Алэдамэ.

– Ажалым къищцынэмыщIа хэкIыпIэ гуэр зимыIэ щыIэкъым, Хьэтусилэ, зыгуэр хъужынщ ари. Къыббгъурыувэу, зауэ губгъуэм ныбдихьэну мэуэт мин тIощI къекIуэлIащ. Хьэтхэмрэ мэуэтхэмрэ къаруушхуэ дызэрогъэхъу. Умыгузавэ, – вакъуэ адэм и нэгум иплъэурэ, жиIащ Алэдамэ.

Пщыжьым и фIэщ хъужыртэкъым апхуэдизу зэкъуэншэкIауэ къилъытэ цIыхухъум и нэгур зэIухауэ, губжь къыхуимыIэу, гуапэу къызэрыIуплъэр.

– Дзэзешэм зэрыжиIэмкIэ, Ашэрэд къежьакIэщ. Фырат къикIмэ, къэсагъэхxэу бжы. Къаркъэмышымрэ Мэтэнеймрэ я зэхуаку дэж псыращ бийр зыIыгъыр. Тхьэхэм дыкъауижэгъужатэкъыми, абдеж псым и чэнжыпIэкъым. КъищцынэмыщIауэ, Мэтэнейр яхьэхуа нэужь абдеж телъа лъэмыжыр дгъэсыжат. Абы зымащIэкIэ иIэжьэнущ Ашэ-

рэд. Дэри зыдмыгъэгувэу дежьэмэ, нэхъыфIу къысщохъу, – къыхилъхьащ Тутхьэлий.

Пщыжьым щIалэхэр иутIыпщыжри, тахътэм етIысэхащ.

– Пэжщ, си щIалэ. Ди къухьэпIэ щIыналъэхэм я дзэр къежьауэ къокIуэри, ахэр къызэрысу, зыдмыIэжьэу, дежьэнщ. Псори хьэзырщ, Iэщэми, шыхэми, хьэкуэстэгухэми кIэлъыдгъэплъыжащ, зэщIэткъузащ. Дзеегъу дымыгъуэтмэ, дызэрыхъу дыхъуу зытIэтыну дигу илъу арат, – и нэпс къыфIекIуар зэпилъэщIыхьыжу, игу къызэрыгъуэтыжауэ, жеIэ Хьэтусилэ.

– Дауэ сыпкъуэмыувэрэт, ди адэ. Ар щхьэ уигу къэбгъэкIыхха?! НэхъапэIуэу зыкъэдвгъэщIатэми, Псатхьэр си щыхьэткъэ, дызыщымысхьыжынт, – Алэдамэ и жагъуэт Хьэт къэралыгъуэм апхуэдэ лей къызэрытехьар, тхьэмыщкIэгъуэ зэрихуар.

– Уа, щIалэ! – Хьэтусилэ еджащ бжэIутым. – Ди хьэщIэхэм гъуэгуанэшхуэ къызэпачащ, иIэ, псынщIэу Iэнэр къытевгъэувэ. Гуащэми фыкъеджэ. Сыт хуэдэу гуфIэну Дэдей!

Тхьэмахуэ бжыгъэкIэ къэкIуа мэуэтыдзэр гъуэгуанэм зэхиукIауэ, ешауэ къэсын я гугъами, зекIуэ хьэлъэр нартхэм зыуи къащымыхъуам хуэдэу зэрыжант. Уеблэмэ, зыгъэпсэхугъуи хуэмейуэ, къалащхьэм дэкIыу, иджыпстуи зауэ IэнатIэм Iуувэну хьэзырыфэт. Къалэдэсхэм яфIэгъэщIэгъуэнт, еувалIэу къыхащыпыкIа нэхъей, мэуэт зауэлI екIухэр. Нэхъ телъыджэж ящыхъуат фыз шу ябгэхэр. Абыхэм Хьэтуссэ и уэрам IэхуитлъэхуитхэрIэмащIэу щрикIуэкIэ, къалэдэсхэм блынхэм зракъузылIэрт, нэхъ телъыджэ ямылъэгъуам хуэдэуи, я щхьэр ягъэкIэрахъуэурэ кIэлъыплъырт Iэщэ-фащэкIэ зэщIэузэда, щIакIуэ Iувхэм къыщIэщ дэщI екIухэмкIэ зэщыхуэпыкIа тхьэIухудхэм. ЗауэлI мин тIощI бгъэхьэщIэныр хьэтхэм дежкIэ зэрыIуэхушхуэр зэхэзыщIыкI нартхэм бысымым зыкъытрамыгъэхьэлъэн папщIэ, я щхьэ Iуэху зэрахуэжмэ нэхъ къащтэу, щакIуэ кIуэрт.

Зи чэзу щакIуэм къикIыжа нарт гупым кърахьэлIа нышыр IэкIуэлъакIуэу зэIызых щауэ екIухэм къахэплъэу шордакъым тетт Хьэтусилэ, мэуэтыпщыр щIыгъуу. Хьэтыпщым илъэс тIощIыкIэ имылъэгъуа и вакъуэм гу щимыхуэжу зэпиплъыхьырт, хьэщIэхэр къазэрыхуеблагъэрэ зы махуэ имыутIыпщауэ, хы адрыщI къыщекIуэкI къэхъукъащIэхэм тригъэпсэлъыхьу зыбгъэдигъэст.

Узыфэ хьэлъэ зыщхьэщыкIыу, зи нэр къэплъэжа, хьэлъэ гуэр зи плIэм дэкIыжу, хуиту бэуэжа, зи гур псэхужам хуэдэу, нэжэгужэт Хьэтусилэ. ЩIымахуэр къэсами, Хьэтуссэр къэралым и курыкупсэм зэрисым къыхэкIыу, дунейр хуабэнэпцIт: дыгъэр зэм къыкъуэкIырт, зэми пшэм къуилъэфэжурэ зигъэпщкIужырт, хьэщIэхэм гъуэрыгъуапщкIуэ къадэджэгу нэхъей..

– АтIэ, уи щхьэгъусэм и фIыгъэкIэ къыфщIэуващ мо зауэлI телъыджэхэр, – Алэдамэ къыхуиIуэта хъыбарыр игъэщIагъуэу, и щхьэр игъэкIэрэхъуащ пщыжьым, зыхьэхэм яхэплъэурэ.

– ЗэраукIын илэжьами, пэжщ, гуащэм и фIыщIэкIэ къэунэхуащ нартхэмрэ нэрыбгейхэмрэ я зэхуаку къыдэкIа лIы ерухэр. Ахэр мыдрей нарт лъэпкъхэм нэхърэ куэдкIэ нэхъ лъэщщ, зиусхьэн. Уеблэмэ, фIэщщIыгъуейуэ къаруушхуэ къалъыкъуокI, пелуанщ. Плъагъункъэ! – пщIантIэм щызэхэзекIуэ зыхьэхэм яхэплъэурэ, арэзыуэ жиIащ Алэдамэ.

– Тхьэм къихъумэ! Телъыджэщ! – хуэмыухыжу игъэщIагъуэрт пщыжьым. – Куэдрэ, куэд дыдэрэ сыногупсысащ, Алэдамэ. Дауэ хъуа, дауэ екIуэлIэжа, и адэ-анэр псэууэ ирихьэлIэжа, сыт хуэдэу зигъэлъэгъуа, жысIэурэ. Еплъ ар зэрыхъуа!

– Зэрыхъун хуейм хуэдэу хъуащ, зиусхьэн! – ипхъу къамылыфэр зэгуэкIуа щIалэм зэгуэр зэрыримытар игу къэкIыжу, нэщхъей къэхъужа лIыжьым хуеплъэкIри, пыгуфIыкIащ мэуэтыпщыр.

– Пэжщ... Апхуэдэу къэмыхъуатэмэ, нобэ къыслъихьэжа гугъэр зэи згъэунэхунутэкъым. Апхуэдэу жыпIэкIи, абы щыгъуэ укъызэрызэлъэIуар пхуэсщIатэмэ, Хьэт къэралыгъуэм и тхыдэ лъагъуэм нэгъуэщI щIыпIэкIэ зиукъуэдиину къыщIэкIынт. Ауэ... СынокъуэншэкIащ... Си хъыджэбзыр уэстамэ, псэут иджы, – гукъэкIыж хьэлъэхэр пшэ фIыцIэу къыщхьэщыуващ Хьэтусилэ.

– БлэкIам къыпхуегъэгъэзэжынукъым. И гугъу умыщI абы. ПцIыр сыткIэ щхьэпэ, лей къыстехьа си гугъэу, куэдрэ къызэфыкIащ сэри ар. Ауэ, гъащIэм и пIэ ирегъэзагъэ псори. ГъащIэм нэхърэ дэ дынэхъ Iущкъым, – жи Алэдамэ.

– Ашэрэд Фыратыпсым къызэрикIыу, ди щIыналъэм къихьэнущ. МэтэнеймкIэ къыпхыкIынумэ, япэу зрихьэлIэнур Къаркъэмышщ. НэгъуэщI зекIуапIэ ищIынукъым абы, – псалъэмакъыр нэгъуэщI лъагъуэ тришащ пщыжьым.

– Абы ди фейдэ хэлъщ, зиусхьэн. Къаркъэмыш екIуэкIыу бгылъэщ, лъагапIэм тетщи, псым укъызэпрыкIыу абы укъыдэкIуеиныр гугъуехьышхуэ ящыхъунущ къум пщтырым къикIа, гъуэгуанэшхуэ къызэпызыча ащырхэм. Ар езыхэм ящIэу къыщIэкIынукъым. ЯщIэми, зыщыгугъыр къызгурыIуэркъым. КъищынэмыщIауэ, щIымахуэщ. Хьэт къэралыгъуэм и къуэкIыпIэ щIыналъэхэм нэхъ щIыIэ иIэкъыми, къалащхьэм нэс къыкIуэцIрыдмыгъэкIыу, дапежьэрэ, Фырат Iуфэ дыщызэрихьэлIэмэ, Iуэхур нэхъ тынш хъунущ. А щIыпIэм Ашэрэд щызэуэфынукъым, щIымахуэ шылэри хуэшэчынукъым, – гу лъитащ мэуэтым.

– Абы сыщогугъ сэри, – арэзы техъуащ Хьэтусилэ. – Нобэ-пщэдейуэ къэсынущ ди къухьэпIэ щIыналъэхэм я дзэри, махуэ зытIущ зедгъэгъэпсэхунщи, дежьэнщ.

– КъухьэпIэр зекIуэм нежьэрэ, алыдж лъэпкъхэр абы ирихьэлIэу къыптеуэмэ-щэ?! – игъэщIэгъуащ Алэдамэ.

– Илэуным[1] и тетым къухьэпIэ щIыналъэхэр иIыгъыну дыкъигъэгугъащ. Къытхуэпэжщ ар, зэман жыжьэ лъандэрэ дыкъызэдокIуэкI. Дызыщыгугъыр а щIыналъэм и мывэкъалэхэрщ. Илэуным пэлъэща зэи срихьэлIакъым. Тхьэхэм дыкъамыужэгъужамэ, алыджхэм я гум IейкIэ дыкъэкIыу, нэгъуэщI щIыпIэ теуапIэ ящIынкъым, армыхъумэ, дызыдэкIа къалэр щIым щыщ ящIауэ дыкърихьэлIэжынри хэлъщ! – нэщхъей-нэщхъейуэ пидзыжащ абы Хьэтусилэ.

– Ауэ щыхъукIэ, ащырыдзэр зэхэдмыкъутэу хъунукъым, Хьэтусилэ. КъуэкIыпIэр зыIэщIэдгъэкIынкIэ Iэмал иIэкъым!

ЦIыхухъуитIыр, щхьэж и гупсысэм зэщIиштэжащи, щым къызэрыгъэхъужауэ зэбгъурытщ. Псэ зэпылъхьэпIэ, гъэунэхупIэ... Сыти фIэщ абы. Хэплъэгъуэт Хьэтейм и Iуэхур.

– Уи щIалэр бжьыфIэщ, гъэсэныгъэ дахэ хэлъщ, зауэ IэнатIэми зэрыхуэIэрыхуэр наIуэщ. Пхуэфащэу игъэсащ, хэт ипIами. Мэуэт ха-

[1] Илэун – Хьэтейм и къухьэпIэ гъунапкъэмкIэ щыIэ щIыналъэ. (Троя).

хуэмрэ нэрыбгей Іущымрэ щІэблэ дахэкІэ къывэташ Псатхьэр. ГъащІэ кІыхь ухъу! – нарт зауэлІхэм зэхаубла джатэрыуэ джэгум къахэжаныкІ щІалэ цыплъымкІэ и щхьэр ищІри, пыгуфІыкІащ пщыжьыр.

– Арнэутрэ абырэ зэныбжьэгъу зэрыгъэхъуащ занщІэу, – а Іуэхугъуэр зэригуапэр къапщІэу, щыпкъэу жиІащ Алэдамэ.

– Зэфэгъущ, хьэлкІэ зэтохуэри аращ щІызээзэгъыр. Гу лъыптами сщІэркъым, Лулимэс – Тутхьэлий и къуэ нэхъыщІэр – апхуэдэкъым. Ар пщтырщ, къипкІ-къилъыр и хамэкъым, куэдми езэгъыркъым. Ар хуабжьу си жагъуэщ. А щІалитІыр зы анэм къилъхуауэ диІатэмэ, си хьэдэр нобэ ягъэсми, си гур зэгъауэ адэжьхэм я пащхьэ сихьэжынут. Лулимэс щтэращтэм дагъуэта бынщ... Уэри сэри дощІэж щтэращтэм и къуэр зэригъасэ щІыкІэр, – пщыгъуэр къызыІэщІигъэкІа къуэш бынир игу къэкІыжащ пщым.

– Лулимэс щІалэ хахуэщ, зиусхьэн. ЗауэлІщ. Тутхьэлий къэсыжыху къашкъэхэр иІыгъащ абы. Хым къызэпрыкІа дзэр зэралъагъуу, заущэхужащ псыхъуэм дэсхэми. А зымкІэ уигурэ уи щхьэрэ зэтелъу уежьэ хъунущ – къашкъэхэм, мышынэу, зыкъаІэтынукъым, зекІуэм ущыІэху. Абыхэм къагурыІуакІэщ нартхэмрэ хьэтхэмрэ я зэхуаку дэсу, къипкІ-къилъыр афІэкІа зэрахуэмыгъунур. Абы Лулимэс и фІыщІэу хэлъри хэбгъэкІуадэ хъунукъым. Щтэращтэм къилъхуами, нэмыплъ хуэмыфащэу лІы нэсщ, – идэркъым Алэдамэ.

– Арами, блэкІам си нэгу щІигъэкІар сщыгъупщэркъым, сщІэнури сщІэркъым. ЕмыкІу сыкъыумыщІ, Алэдамэ, зыгуэр бжесІэнут... Ашэрэд благъэ дызэхуищІыну хуейуэ, ипхъу нэхъыжьыр Арнэут къритыну яужь итащ. Хуэзгъэдэхакъым. Псом япэрауэ, мыцІыхур благъэ щІыным Іущ сищІащ. ЕтІуанэрауэ, благъэ жиІэурэ, Ашэрэд Хьэтейр зрилъэфэлІэну хэтауэ аращ, ар сэ къызгурымыІуэ и гугъэми. Егупсысыт... Сыту напэтех: игъащІэ лъандэрэ тын къыдэзыту щыта щІыналъэм и жьауэ дыщІэувэн хуейуэ! Аслъэныжьыр хьэІуцыдзым деж лъэІуакІуэ кІуауэ уи нэгу къыпхущІэгъэхьэрэ?! ИкІагъэкъэ?! Иджы еплъ: уэ пхъу уиІэщ, Арнэут щІалэ хахуэщ. Уэ нэхъыфІ згъуэтынукъым сэ. Дызэрыгъэубыд, благъэ дызэхуэгъэхъу! – жи пщыжьым.

Мэуэтхэм я хьэлтэкъым благъагъэкІэ дамэгъу зрагъэгъуэтуи, Алэдамэ зэи егупсысатэкъым Атисэ зыгуэрым иритыну. Хьэтыпщым къиІэта Іуэхугъуэм Іэнкун къищІауэ, вакъуэ адэм и жагъуэ имыщІу «хьэуэ» зэрыжиІэнур къыхуэмыщІэу, пщыжьым хуеплъэкІащ ар.

– Атисэ нэрыбгейщ, зиусхьэн. Сыт хуэдэ унафэ хуэзмыщІами, дэкІуэн ІуэхукІэ нэжьгъущІыдзэм узригъэпсэлъэнукъым. Мэуэтхэм къытхэтІысхьэжа нэрыбгейхэр хуеймэ – унагъуэ зэрагъэпэщу, хуэмеймэ – залымыгъэ ирамыхыу, емыкІу къамыщІу есащ. КъищынэмыщІауэ, Арнэутрэ Атисэрэ зэ зэжьэхэуауэ срихьэлІащи, зэщхьэгъусэу си нэгу къысхущІэгъэхьэркъым, – гушыІэм зритыжри, дыхьэшхащ Алэдамэ.

– Сыт жыпІэр! Зэщыхьауэ арат? – дыхьэшхэн щыхъуащ ар пщыжьми.

– Я зэхуакум хъуаскІэр къыдидзу! – и щхьэр игъэкІэрахъуэщ, гухэхъуэу къэдыхьэшхщ мэуэтри, дыщІигъужащ. – Сыт щыгъуи сыббгъурыувэнущ, зиусхьэн. Ар зыщумыгъэгъупщэ. ЗыгуэркІэ укъызэлъэІунуи уи дзэр умыгъэш. Абы щхьэкІэ благъэ дызэхуэмыхъункІэ Іэмал имыІэуи щыткъым. Сэ зэи укъэзгъэщІэ-

хъунукъым. НыбжьыщIэхэр зэгуакIуэрэ, ди щхьэ и унафэ тщIыжынущ жаIэми, зэран сахуэхъунукъым.

Хьэтусилэ и вакъуэм хуеплъэкIри, и нэм нэпсыр къыщIэуващ. Апхуэдэ Iущыгъэ и чэзум къыкъуэкIыфатэкъым езыми, нобэр къыздэсым Iэбэ пэтми, лъэIэсыжыртэкъым пщыжьыр.

– Сэ быдэу сощIэ – мыр си иужьрей зекIуэщ, – гупсэхугъуэ гуэр и нэгум къищу жиIащ Хьэтусилэ.

– Сыт жыпIэр, зиусхьэн?! – игъэщIэгъуащ ар вакъуэм. – ЗекIуэм унемыжьэмэ, нэхъыфIтэкъэ?

– Къэсащ си чэзур, Алэдамэ. Куэдщ ар. Илъэс тIощIым щIигъукIэ зесхьащ пащтыхьыгъуэр. Си щIалэ закъуэр лIыпIэ иуващ, и фIыгъуэ дыдэщ. Хьэтейр хуэныкъуэщ пащтыхьыщIэ, и къару илъыгъуэу, и жаныгъуэу. Си кIуэдыжыгъуэр къыщысакIэ, зауэ губгъуэм си хьэдэр кърахыжмэ нэхъ къэсщтэнущ, гъуэлъыпIэм сыхэлIыхь нэхърэ, – пыгуфIыкIри, и щхьэр ищIащ пщыжьым. – ЗауэлIу срекIуэдыж, лIыжь кхъахэ мыхъуу.

– Язынымкъуэхэр лIауэ дунейм тетщи, хэти псэууэ щIым щIэлъщ, зиусхьэн. Уэ хуэдэ пщыхэр зэи кIуэдыжыркъым! Зи цIэр IуэрыIуатэм къыхэнэхэм уащыщщ. Абы нэхъыбэ сыткIэ тхьэм уелъэIун?!

## *Ди лъэхъэнэм ипэкIэ 1251 гъэ*

ЗауэлI мин плIыщIым щIигъу къызэрыгъэхъуа хьэт-мэуэтыдзэр Къаркъэмыш лъагапIэхэм къыщыщхьэщыхьэм ирихьэлIэу, Ашэрэд Фырат псыхъуэм къыдыхьэным иджыри махуитI гъуэгуанэ къыпэщылът. ИщхъэрэкIэ удэплъейми, ипщэкIэ уеплъыхми, нэм къиплъыхьыр къуакIэбгыкIэщ. Тхьэхэм я хэщIапIэ нэхъей, гъэмахуэкIэрэ дахащэу къызэщIэгъагъэ къуэ задэр иджыпсту уэс Iувым щIигъэнащи, нэр ирищIу топщIыпщIыкI. КъуэкIийм дож зэпэщIэува лъэпкъитIым пIалъэ яхуэхъуа, пасэрей лъэпкъыжьхэм я хъыбар гъэщIэгъуэнхэр зи лъынтхуэм хэлъу къезыхьэкI псыжьыр. 

Хьэтыдзэм и гъуазэ къалэныр зи пщэ далъхьа Тутхьэлийрэ мэуэтхэм я пашэмрэ щыхупIэм къыщхьэщыхьэщ, Iэдакъэжьауэ ящIри, псым и адрыщI Iуфэм щыщIэдзауэ, жыжьэ дыдэу зызыукъуэдий бгылъэмкIэ плъащ.

– ТIасхъэщIэххэм зэрыжаIамкIэ, махуитI дэкIмэ, нэхущым къэсынущ ащырыдзэр, – щэху дыдэу жиIащ Тутхьэлий.

– Ашэрэд и цIыхухэр мы псым къикIыфынукъым, – гу лъитащ мэуэтыпщми. – Гъэмахуэу щытами, зыгуэрт. Модэ плъэт, Тутхьэлий. Моддэ, жыжьэу. Мэхъей зыгуэр. ТIасхъэщIэх къаутIыпща хъунщ...

– НтIэ, нтIэ, мес, къэслъэгъуащ. ТIу мэхъу. Фыкъаплъэ, фыкъаплъэ! Нэвгъэсыж Ашэрэд деж дызэрыхьэзырыр! – погуфIыкI пщыкъуэр. – Дызэрыгугъэр къыдэхъулIэмэ, ащырыдзэр къэсынурэ, къызэхэувэнущ, Фырат къызэрызэпрыкIынур къахуэмыщIэу. ТэлайкIэ гупсысэнщи, лъэмыж къытралъхьэну яужь ихьэнщ. Ди щIыналъэр дэ тхуэдэу зыми ицIыхужыркъым. Псым и чэнжыпIэхэр дощIэ. Ахэр абы пэрытыху, дэ тIууэ зыдгуэшынщ, псым дызэпрыкIынщи, биидзэр къэдухъуреихьынщ. ИкIи къимыкIыфу, лъэныкъуищымкIи къаувыхьарэ, ямыгъэзэжыфу...

– Пэжщ. Мэуэтыдзэр ипщэкIэ, хьэтхэр ищхъэрэкIэ дакъыщытеуэрэ, къуэкIыпIэмкIэ я кIуапIэр зэхуэтщIыжмэ, ди IэмыщIэм илъу бжы, – и нэщхъыр зэхэлъу щIэплъыпIэмкIэ плъащ Алэдамэ.

– Депсыхынщи, дыпэплъэнщ къэсыху. Сыт щIауэ дыкъакIуэрэ... Гъуэгуанэшхуэ къызэпытчащ, зауэлIхэм замыгъэпсэхуу хъунукъым, – шыр къриIуэнтIэкIри, дзэмкIэ къигъэзэжащ Тутхьэлий.

АдрыщI бгылъэм щызэхэзекIуэ тIасхъэщIэххэм тэлайрэ кIэлъыплъри, Алэдами уэрым[1] яхыхьэжащ.

* * *

Зигурэ зи щхьэрэ зэтелъу къежьа ащырыпщым и дзэр хьэтмэуэтыдзэм нэхърэ щыкIэ нэхъыбэми, къумым щыпсэу лъэпкъым зэмыса щIыIэр ефыкIырт, щIымахуэ шылэм кърихьэлIати, щIыIэ узым ирихыр я куэдт. ГугъапIэшхуэхэр кърихьэжьэу къежьа пщы ябгэр абы иригубжьарэ, и цIыхухэр игъэлыгъуэу ишхыным хуэдэу, къызэщIэнауэ къэсащ.

Ашэрэд къыгурыIуэжат зэрепIэщIэкIар, унафэ псори и пщэ дилъхьэжу, зэрымычэнджэщам фIы къызэрыримыкIуари наIуэт. КъищынэмыщIауэ, дзыхь зыхуищI, и даIуэгъу, и дзэзешэ нэхъыфI дыдэр, къэзыукIар имыщIэу, кIэрыхуащи, ари къоуз. Абы къыхуэгъэдэIуэнут пщыр, Iуэхур езэгъырабгъуу зэтриублэнут. А псори Ашэрэд езым къыгурыIуэжми, къезыхъуэным и щхьэр зэрыфIихынур ящIэри, блыгущIэтхэри щымщ.



Гъунапкъэм уекIуэлIар зырикIщ, Фырат псыр зи бгъуагъым, зи уэрагъым, зи кууагъым дзэр зэпрышын хуейкъэ? ЩIыпIэр уэсым щIигъэнащи, уи лъэр хуиту пхузэблэхыркъым, псым лъэмыж телъхьэн хуейщи – Iэгъуэблагъэр нэщIщ, мэзыр жыжьэщ. Тхьэмахуэ дапщэ хъуауэ бгылъэ защIэкIэ къакIуэрэ ащырыдзэр! Хьэт къэралыгъуэмрэ Мэтэнеймрэ я зэпылъыпIэм къэсащи, адэкIэ кIуэтэфыркъым.

Абдеж щызэхэту зэманыр ягъакIуэ зэрымыхъунур гурыIуэгъуэти, Нынурт бзаджагъэ гуэр и щхьэм къищхьэрыуэри, пщым дэгуэшащ. Ашэрэд гупсысэщ-гупсысэри, арэзы техъуащ щIалэм къыхилъхьам. Арыххэуи, Нынурт дзэм и нэхъыбэр къищтэщ, Сауштэр гъусэ ищIри, ищхъэрэкIэ дэкIуеящ. Мэтэнейм я пщым зэрыжиIамкIэ, Фырат ищхьэIуэкIэ удэкIуеймэ щыIэ щIыналъэм деж псыр чэнж щохъури, хьэтхэм уатеуэфынущ, абыкIэ ущызэпрыкIыу. Абы ирихьэлIэу лъэмыжри тралъхьэнщи, иныкъуэр ищхъэрэкIэ мыдрейр къуэкIыпIэмкIэ къащытеуэнщи, я пIэм ирамыгъэкIыу, хьэтхэр зэтраукIэнщ. АпщIондэху къакIэлъреплъ, ирагугъэ ащырыдзэр Къаркъэмыш щепсыхауэ, лъэмыжым фIэкIа Iуэху ямыIэу зэхэту...

Ащырхэм зытраухуар къайхъулIэнрэ къаймыхъулIэнрэ зыми ищIэртэкъым. Хуагъэфащэ защIэ мыхъумэ, и пэжыпIэм гур тезагъэу пщIэнукъым. ЩIымахуэ жэщ щIыIэхэр кIыхькъэ?! Ащырыпщыр зэгупсысынрэ зэхуигъэхъунрэ и куэдт.

## Блэгъуиплъэ

Дзэр зекIуэ зэрежьэрэ, Мэуэтейр нэхъ джафэ хъуауэ, цIыхухэр уэрамыщхьэхэм щыземыкIуэжу, Iэгъуэблагъэр щыму, уеблэмэ

---

[1] Уэр – мыбдеж: дзэ лIэужьыгъуэ.

Iузэври нэщхъейуэ къыпщыхъурт, апхуэдизкIэ нэщIт быдапIэри. Дунейри, Мэуэтейм зыкъыдищI нэхъей, уэтIпсытIщ, зэм уэс щабэу кърегъажьэри, уэшхыпсыр хэту къотIэтIэх, зэми уаем зыкъызэкъуех, щIыщхьэр тощтыкIыжри, уи лъэр пхузэблэмыхыу щтырыгъу мэхъу. Чэщанэ Iэтахэм жьыуейр, щIэфиихьыжу, щызэприхуми, нэрыбгейхэр, сыт щыгъуи хуэдэу, я къэрэгъул чэщанэм тетщ. ЩIакIуэ Iувхэм зыкIуэцIашыхьарэ, я лъакъуэм мыщафэ бацэр фIэлъу, щхьэрыхъуэныр я щхьэм быдэу ешэкIарэ, я нэ жыжьэрыплъэхэм фIэкIа къыщIэмыщу, тетщ лъагапIэм. Абыхэм ящыщ зым и нэм къыфIонэ жылэм и гъунэ дыдэм деж щыт унэ Iушэ цIыкIум зы фызыжь къыщIэкIыу, епIэщIэкIыу, уардэунэмкIэ къызэриунэтIар.

– Мы уаем сыт мыгъуэм зэрихуэрэ мори, – и напщIэ лъэныкъуэр еIэт, и нэр зэрегъэдзэкIри, тенджызыщхьэм треубыдэж нэрыбгей набдзэгубдзаплъэм.

– Гуащэм ириджа хъунщ аргуэру. Щэху гуэр зыхуаIуатэ а тIуми, си гур яхуэфIкъым, – къыпедзыж абы етIуанэм.

– Щэхуу! Дызэхахмэ, фIы щIэтхынкъым. Фэ тIур фи жьэм фытекIуэдэжауэ флъагъунщ, – мэгъумэтIымэ ещанэр.

Плъыр чэщанэр дэнэ къэна, зрикIуэ гъуэгур зымылъагъужыххэ фызыжь набгъэм Аскъалэ и уэрам зэв нэшэкъашэхэр фIыуэ ецIыхури, хуэгъэфащэ защIэу нос уардэунэм. Абы и щIыб къыдэшам, щымысхьыххэу, уэшх-уэс зэхэлъыр йощащэ, ирихьэжьэу, мэзыжьым щIидзэжын нэхъей, жьапщаер фызыжьым кIэщIэроIэри, ерагъыу и лъэм тету аращ.

– Гуащэм сыхуэмызэу хъунукъым, тIасэ. Жэт, кхъыIэ, хъыбар егъащIэт! – бжэм деж щыт хъумакIуэхэм ящыщ зым зыхуегъазэ абыи, куэд дэмыкIыу мэуэтей гуащэм и пащхьэ ирашэ.

– Ди закъуэу, дахэ! Ди закъуэу дызэгъэпсалъэт, – мэлъаIуэ зи дыжьын щхьэц псыфыр Iэлъэщ1 фIыцIэ лъабжьэм къыщIэблэбл фызыжьыр.

– Сытым укъысхуихьа, нанэ? – щIоупщIэ гуащэр, псори щIегъэкIри.

– Ди пщыр иужь дыдэ зыIуса Iэнащхьэм къытефхыжа блэгъур къыпIысхати... ПщIэжрэ? – фызыжьым IэщIэлъ баш кIыхьым зытрегъащIэ, щхъуэ-хужьыфэ хъужа и нэхужьыбэр къыщIегъэщри, гуащэм Iуроплъыхь, зыгуэр илъагъу нэхъей.

– СощIэж. Сыт ар? – щIыIэ уаем фызыжьыр фIырыфIкIэ къызэремыжьар къыгуроIуэри, и гур щIопхъуэ Удынэ.

– Алъандэрэ си щхьэнтэ щIагъым щIэлъащ ар. Щыму. Зы псалъи къызжимыIэу. ТIэкIу сыщхьэукъуэнщ жысIэри, зызгъэукIурият нетIэ... СепщIыхьащ а блэгъум сиплъэу. ЗэгъащIэ, гуащэ, мы дунейкъутэжым къыдэхъеину псы къиум къыпхуихьынущ хъыбар. Уи нэр щIэплъыпIэм тумыгъэкI.

– Сыт псы къиум къихьыфынур? ЖыпIэр къызгурыIуэркъым, – и нэщхъыр зэхеукIэри, зыкъеIэт Удынэ.

– Умыжей ныжэбэ, гуащэ! ЩIэплъыпIэм уи нэр къытумых... Уи нэр щIэплъыпIэм къытумых... – къытригъэзэжрэ жиIэу, щIыбкIэ икIуэтурэ, фызыжьым зегъэбзэхыж.

Удынэ ундэрэщхъуауэ къонэ. Ныуэжьыр къызэрыфIэмыщIам и щыхьэту, фызыжьым къыкIэрыжа псыр лъэгум итщ... Абы къыхуихьа хъыбарым къикIри, зыхуихьынури имыщIэу, егупсыс зэпы-

ту жэщ къытехъуащ Удынэ. И щхьэгъусэмрэ и къуэ пажэмрэ зэрежьэрэ, и гупсысэ псори абыхэм етащи, хэплъэу къэна бзылъхугъэр къахуэцIыхужыркъым. ГугъэфIэну къыхуэна ипхъу закъуэм деж гулъытэрэ хуабагъэрэ щигъуэтыну хъунт, ауэ Атисэ и къулыкъум къыдэхуэркъым.

Псори зэхэзэрыхьыжауэ, махуэхэр фагъуэу, шхыныр IэфIыншэу, цIыхухэри зы нэкIуу къыщохъу Удынэ. Сыт апхуэдэу щIыщытыр, сыт къефыкIыр? Дэнэ кIуэжа и лIыгъэр, и ерыщагъыр, и хахуагъэр? ПщIыхьым хэтым хуэдэщ, зыщIыпIэ кIуэцIрыщэтауэ зыкъыхуэмыIэтыжу къыщохъу гуащэм. Зыри къыгурыIуэжыркъым, щIэплъыпIэм фIэкIа плъапIэ иIэжкъым абы. Iэмалыншэщ. Зыкъиузэду якIэлъыкIуэн хуэдэу мэхъу, ауэ гуащэ къалэнхэр ехьэкIын, цIыхухэр зыхуей хуэгъэзэн зэрыхуейр игу къокIыжри, и Iэпэ-лъапэр шхэуэ мэтIысыж. Къыхуэгъэсыжыркъым и щIалэмрэ щхьэгъусэмрэ. Иджы хъыбар гуэрым и гугъу къыхуищIащ фызыжьми, плъыр чэщанэхэм я зым докIуей.



**Ащырхэр Цэпкъ быдапIэм йобгъэрыкIуэ.**

Хэт ищIэрэ, фызыжь делэм зэхэщIыкIыгъуэу жимыIэфами, лIыкIуэ къиутIыпща хъунщ Алэдамэ. Атисэ и тетыгъуэщ ныжэби, абы щIыгъуу пэплъэнщ.

УпщIэ леи къыхэмыкIыу, псалъэмакъ щIагъуи емыкIуэкIыу, жэщ псом яхэтащ гуащэр къэрэгъулхэм. Фызыжьым жиIэм зэредэIуам, ар и фIэщ зэрищIам щхьэкIэ, и щхьэ хуэшхыдэжу нэху къыщытещхьэм, аддэ жыжьэу, щIэплъыпIэмкIэ, хыщхьэм щхьэщыт пшагъуэм кхъухь фIыцIэшхуэ хэгъуэщыхьарэ, толъкъунхэм кърадзэкIыу къыщыхъуащ Удынэ. Хэт ищIэрэ а кхъухь закъуэр зищIысри, къыздикIри, здэкIуэри. КъызэрыщIэкIымкIэ, пэжт фызыжьым жиIар.

– Атисэ, Атисэ! – и гур къызэрыгъуэтыжауэ, къопсалъэ Удынэ. – МафIэ едз хьэуазэм. Мо кхъухьыр къешэлIэн хуейщ.

Хъыджэбзми зреч, плъыр чэщанэм телъ хьэуазэ шыхьам мафIэ щIедзэри, Iугъуэ фIыцIэшхуэр пихурэ, умылъагъункIэ Iэмал имыIэу, мафIэшхуэр къызэщIолыбэ.

ПсэзэпылъхьэпIэ ихуа хытетхэми абы гу лъатауэ къыщIэкIынщ, кхъухьым зыкъреIуэнтIэкIри, гъуэгугъэлъагъуэу къахуэбла мафIэмкIэ хуэм дыдэу къегъазэ.

Алыдж кхъухь фIыцIэшхуэр псыхъуэм къыщыдыхьам, абы къыпежьа зауэлIхэмрэ нэрыбгейхэмрэ ягъэщIагъуэ пэтми, яхуэухыртэкъым къарихьэлIа хытетхэм я тхьэмыщкIагъэр. Куэд щIауэ ерыскъы щыкъуей я джий емыхауэ, псы къабзэ щхьэкIэ никъуэлIэ хъуарэ, хыпсым еIубарэ узым къызэфIигъэщэхауэ, гупым я лъэр къыщIэувэжыртэкъым. УапкърыупщIыхьми, езы дыдэхэм къыбжаIэфыну къыщIэкIынтэкъым сыт щIауэ хым тетми. ГурыIуэгъуэр зыщ – кхъухьым исхэр алыджщ, я шыфэлIыфэкIи зауэлIщ.

– Минрэ тхьэмыщкIагъэ къалъысами, мыхэр бийщ, ди анэ. «ГущIэгъуншэщ» къысхужумыIэ, ауэ мыхэр сымаджэщ. Сыт къеузми, тщIэркъым. Уз зэрыцIалэ къытхахьэмэ, дыпэлъэщынкъым. Плъыржьэрымрэ узымрэ зэридзэу гугъу едгъэхь нэхърэ... – къригъэжьат Атисэ, кхъухьым кърахьэхахэм зэраIуплъэу.

– Ямыгъэпсалъэу зыри яукIыркъым! Бийми, мыхэр хы адрыщI къикIащ. ЗекIуэ едгъэжьахэм я хъыбар гуэр къапытхыну фэ изоплъ. Нафшэ быдапIэм, – унафэ ищIри, къалэ дыхьэпIэмкIэ, епIэщIэкIыу, иунэтIащ гуащэм.

Анэм жиIар зэрыпэжым, абы езым и щхьэр зэрыхуэмыкIуам ирибэмпIэжауэ, узыфэ гуэр къыхахьэнкIи шынэу, Атисэ япэу къыIэрыхьэ лъэрытетым, «накIуэ» жыхуиIэу, кIэщIэрыIэри, тэрмэшкIэ иригъэлъэгъуащ здэкIуэну лъэныкъуэр.

ХьэщIэхэр уз зэхуэмыдэхэм яубыдауэ, къару яхэмылъыжу къыщIэкIри, хэт ныбажэм, хэт плъыржьэрым ихьащ, хэти гужьеяуэ шхынымрэ псымрэ зридзри, зэгуиудащ. Апхуэдэу, Мэуэтейм зи псэр къэзыхьэса гупым щыщу зы закъуэщ къызэтенар. Ар, и лъэр къыщIэувэу, япэу къызэрытэджу, гуащэм и пащхьэ ирашащ.

Бостей щIыху кIыхьышхуэм гуэбэнэч фIыцIэр къытелъу, таж папцIэ лъагэр щхьэрыгъыу дэшхуей шэнт лъагэм ист Удынэ. Зи ныбжь дахэм дэщIэрэщIа бзылъхугъэ щыпкъэм екIурт и гуащэ щIыхьыр. Абы и нащхъуэхэр уэд хъуа алыдж сырыхум триубыдауэ, зэпхрисыкIыным хуэдэу, зэпиплъыхьырт. Хэкум и хъумакIуэу къагъэна нэрыбгейхэм ящыщ зыбжани щытщ, гъэрыпIэ ихуа зауэлIым и щIыбагъ къыдэту. МыцIыхум и плъэкIэмкIэ гуащэм къыгурыIуат ар зауэлI къызэрыгуэкIыу зэрыщымытыр. Фэмрэ лымрэ къыхуэна, ныбаджэмрэ гъуэгуанэ хьэлъэмрэ къаруушэ ищIа дамэдум и зыIыгъыкIэм хэлът гъэщIэгъуэн гуэр. Ар нэщхъейт, зэпIэзэрытт, щыпкъэт. Сыт къемыфыкIами, и закъуэ дыдэу щIыпIэ мыцIыхум къыщыхутами, шынэ жыхуаIэр имыщIэ нэхъей, и щхьэр лъагэу иIыгъщ.

– Уи цIэр къиIуэт, цIыхухъу, – къэпсэлъащ Удынэ, лIым зыхуигъазэу.

– Си цIэр Уэдэсейщ[1]. Етаджэ[2] алыдж хытIыгум срипщщ, – гугъу ехьыпэу къыдришейри, жэуап итащ лIым.

– УкъызрихьэлIа щIыналъэр пцIыхурэ?

– Сыщыгъуазэкъым...

– Мыр Мэуэтейрщ, Нарт Хэкум и щIыналъэхэм ящыщ зыщ. Сэ мэуэтыпщу Уэрышыкъуэ Алэдамэ срищхьэгъусэщ. Удынэщ си цIэр. МыбыкIэ дауэ фыкъэгъуэща? – зэпIэзэрыту жеIэ гуащэм.

– Псори жысIэжынщ, гуащэ. Ауэ, япэщIыкIэ, фIыщIэ пхуэсщIыну сыхуейт хьэщIагъэ къызэрызэфхам, ажалым сыкъызэрыIэщIэфхам папщIэ. Плъыржьэрым сыхэтыху къысщхьэщыта цIыхубз телъыджэхэм я хъыбар зэхэсха мыхъумэ, зэи срихьэлIатэкъым, – къехьэлъэкIыпэурэ зэкIэлъигъакIуэрт алыджым.

– Алыджхэм мы псыхъуэр яубыдыну мызэ-мытIэу къыдэбгъэрыкIуащ. Абы хыумыщIыкIIауэ щыткъым уэ, дауи. Арами, дэ хьэщIэм пщIэ худощI. КъызжеIэт, Уэдэсей, дауэ фыкъэса мыбы? – фызыжьым къызэригъэгугъа хъыбарым хуэпIащIэрт гуащэр.

– Хьэтыпщым и дзэр зэщIикъуэри, къуэкIыпIэмкIэ иунэтIат, Ащырым езэуэну. А хъыбарыр алыджыпщхэм къызэрытIэрыхьэу, дызэкъуэувэри, Хьэтейм и къухьэпIэм дытеуащ...

– ХьэIуцыдз! ЩIыбырыуэ мыхъумэ, бийм фи гупэ хуэгъэзауэ фызэуэфыркъэ?! – къилъащ Атисэ, алыджыпщым и псалъэр къызэпиуду.

Удынэ и пхъум нэщхъкIэ щыхуеплъэкIым, пщащэ пщтырым зиущэхужри, и Iупэр зэтрикъузащ. Ар хуит къащIатэмэ, Уэдэсей и пIэм ириукIыхьыну хьэзырт, апхуэдизкIэ иригубжьат алыджхэм къалъыкъуэкIа икIагъэми.

– Пыщэ! – жи гуащэм.

– Хьэтейм и къухьэпIэ щIыналъэм унэсын папщIэ, хы Курыт Iуфэм тес Илэуным удэкIын хуейти, абы дебгъэрыкIуащ. Зи гугъу сщIы щIыналъэр зэи зы цIыхум къыхуэмызэуауэ, къалэм узэрыдыхьэфын Iэмали щымыIэу, мывэкъалэ лъагэкIэ къещIэкIауэ апхуэдэт. Дзэр къытпежьэри, зэхэуэ гуащIэр зэхэдублащ. АрщхьэкIэ, дызэрытемыгъакIуэу, быдапIэр къытхуэмыщтэурэ дыкъикIуэтыжащ, илэунхэри я быдапIэм дэтIысхьэжащ. Псыхъуэм дыдэсащ апхуэдэу, ди пщышхуэм игъэзэжын имыдэу. Уз зэрыцIалэр къыщытхыхьэм, къарукIэ дазэрыпэмылъэщынур къыдгурыIуэри, илэунхэм дебзэджэкIащ. Я лIыгъэм щхьэщэ хуэтщI хуэдэ, тыгъэ къахуэдгъанэу дежьэжаифэу, пхъэкIэ зэтIулIа шы абрагъуэр псыхъуэм къыдэднэщ, ди кхъухьхэр дгъэпщкIури, ди дзэри лъэныкъуэ едгъэзащ. Илэунхэм я гугъакъым а шым лъэпкъыр кIуэдыжыгъуэ иригъэувэну... «Мы шым фIы къытхудэкIуэнукъым, мафIэ щIэдвгъадзи, дывгъэгъэс!», – жиIэурэ, пщым и къуэхэм ящыщ зыр мызэ-мытIэу лъэIуа щхьэкIэ, зыри едэIуакъым. БыдапIэм дашэу, тхьэлъэIу джэгу зращIэкIыжа «тыгъэм» зидгъэпщкIуат зауэлI гупми, жэщ зэрыхъуу, ди зыгъэпщкIупIэм дыкъикIщ, бжэхэр зэIутхщ, алыджыдзэр хуиту ныдыхьэри, жей IэфIым хилъэфа Илэуным мафIэ щIэддзэри, дгъэсащ. Япщри, пщыкъуэхэри, быдапIэм цIыхуу щызэхэзекIуэри зэтедукIащ. Псэууэ зы цIыху тIэщIэкIакъым. А псор къэхъунутэкъым бжэхэр зэIуахрэ, хуиту дыдагъэхьатэмэ. Алыджхэм къыткъуэуватэмэ... Хьэтыпщым хуэпэжу къыщIэкIри, я щхьэр халъхьащ, – леишхуэ



[1] Уэдэсей – Одиссей.

[2] Етаджэ – Итака.

зэрызэрихьам зэрыхущIегъуэжар наIуэу, алыджым, зыхуэмышыIэжу, и нагъуэ хъуреитIым топым хуэдэу нэпс къыщIэжри, и хъыбарыр зэпигъэуащ.

Атисэ ерагъыу зиIыгъыу арат. Ар къытричырт зыгуэр жиIэну. И Iэхэр пIэжьажьэрт.

– АдэкIэ... – и нэщхъыр зэхэлъу хьэщIэм зыхуигъэзащ Удынэ.

– Зауэм цIыхур хьэкIэкхъуэкIэ щохъу, лей Iэджи щызэрехьэ. Сынывоплъри, зауэлI лъэпкъщ сыкъызрихьэлIар. СыкъывгурыIуэну сыщогугъ... Ауэ си щхьэкIэ апхуэдэ гужьгъэжь къыслъыкъуэкIыну си пщIыхь къыхэхуэнтэкъым. ЗыкъыщысщIэжам, си хъуреягъыр мафIэт. ЦIыхухъуи, цIыхубзи, быдзафи, жьыкIэфэкIи, къытпэщIэхуэр зэхэдупщIатэрт. Ар яфIэмащIэу, щIым щылъ хьэдэхэм джатэпэкIэ кIуэцIыпыджи къытхэтт... «Сыт тщIэр?» – жысIэри, си пIэм сижыхьауэ, зысхуэмыгъэхъеижу, зысплъыхьу сыщытащ тэлайкIэ. ЩIыналъэр къэдзэуат, Илэуныр дыдейт, ауэ цIыхупсэ къыдэдмынэу щIызэтедукIамрэ къалэр щIэдгъэсамрэ зы мыхьэнэ гуэри хэслъагъуэртэкъым. Хъийм дикIам хуэдэт. СыкъызыхэкIа лъэпкъыр сцIыхужмэ, ахэр абдеж къыщызэтемыувыIэу, къалащхьэмкIэ кIуэцIрыкIынут, хьэдэ Iуащхьэхэр къызэтранэу, къапэщIэхуэр мафIэм падзу. Си гум къысхуидакъым ар. СыкIуэфынутэкъым адэкIэ, си гуэныхьыр згъэбагъуэу. Апхуэдиз гъащIэрэ лъырэ си напэм телъу сыпсэуфынутэкъыми, хьэкIэкхъуэкIэ дыдэ сымыхъу щIыкIэ Етаджэм икIа зауэлIхэр зэщIэскъуэжри, Илэуным дыкъыдэкIыжащ. Зэрыхъуари дыкъызэрыгъуэщари къызгурыIуакъым, ауэ хыр къиукъубеикIщ, дунейр къутэжым хуэдэу къызэкIуэкIри, псыщхьэм дытриущыкъуеихьащ. Си гъусахэм я хъыбар сщIэркъым, махуэ дапщэкIэ псыщхьэм дытетами жысIэфынукъым, толъкъунхэм дыкъахьащ. Щыблэ и ней къытщыхуащ, дэ ар зэи къытхуэгъунукъым, сощIэ, – къиIуэта псоми ириукIытэжауэ, и щхьэр ирихьэхри, щым къэхъужащ алыджыр.

– Ифш мыр си пащхьэм! – къызэкIуэкIарэ, шэнтым и Iэдакъэр зэхигъэщэщэным хуэдэу икъузу, жиIащ гуащэм, папщэри.

НэрыбгеитIым лIыр яубыдри, мыдрейхэри абыхэм я ужьым иту, чачэу щIалъэфащ алыджыр.

– Хуит дыкъэщIи, дыгъэукI хьэщхьэвылъэр! Хуэфащэкъым абы псэуну, – Атисэ арэзытэкъым гуащэм и унафэмкIэ.

– Атисэ! Дапщэщ балигъ ущыхъунур?! Сапэ защIэкIэ Iуэху ящIэркъым, – къыщитхъри, зыхуэмышыIэжу, гуащэр и пхъум текIиящ, зэанэзэпхъур къыщызэхуэнэм. – КъызгуроIуэ, щIэпхъаджэ куэд зэрихьащ... Ауэ дэ абы сыткIэ дыкъыщхьэщыкIрэ, зыкIи къыджьэхэмыуар къетлъэфажьэрэ дукIмэ? КъищынэмыщIауэ, ар сэбэп къызэрытхуэхъужыну псори тщIэркъым.

Атиси къытехьауэ бауэбапщэрт. Абы и Iупэр зэтрикъузэщ, и щхьэр иридзэкIри, щэтащ.

– ЫхькъыIм зыри, Атисэ! Ыхькъым! Умыщатэ!

Хъыджэбзыр, минрэ нэрыбгейми, и нэпсым къызэпижыхьауэ, и жьэпкъыпэр пыкIэзызыкIырт. Нэрылъагъут абы гукъеуэшхуэ зэриIэри, жиIэн зэрикуэдри.

Гуащэм абы гу щылъитэм, щабэу къэпсэлъащ:

– Атисэ... КъызгуроIуэ, сэбэп ухъуну ухуейщ, гукъыдэжым узэрехьэ, уи лъыр пщтырщ. Ауэ...

– Ауэ, ухуеякъым уипхъу закъуэр нэрыбгей хъунуи, ар къоныкъуэкъу. Аращи, сыт жызмыIами – къуаншагъэщ! – и анэр къызэпеуд хъыджэбз гуащIэм, и нэпсыр къежэхыу.

Удынэ абы къриуIэбжьауэ Iэнкунщи, жиIэнури зэрызищIынури къыхуэмыщIэу, пщащэр зэпеплъыхь.

– КъыщебгъэжьакIэ, уи гум илъу хъуар жыIэ, си хъыджэбз. Гукъеуэ уиIэмэ, жыIэ. А уи гум илъым делъахъэ тIури, кIуапIи-жапIи къыдимыту. ЗэхэдгъэгъэкI псори, и чэзу къэсауэ фэ изоплъ, – ифI зыкърешэж анэм.

– «Уи гум илъым» жыпIа?! Сэра иджы псори зи ягъэр? Уэ уи гум зыри илъкъэ? СыткIэ илъын?! – и щхьэ щодыхьэшхыж пщащэр, и нэпсыр ирилъэщIэкIыурэ. – А уи бгъэм мыл кIанэщ илъри, сэ си кIуэцIым щыжьэм сыт хууиIуэху!

– Зыгуэр къызэрофыкIыр, къызэроныкъуэкъур, гукъеуэ узэриIэр сощIэ. СыткIэ сынокъуэншэкIа? – зыкъиIэтри, и пхъум бгъэдэкIуэтащ Удынэ.

Анэм и иужьрей псалъэр щызэхихым, Атисэ и фэр зэуэ къызэкIуэкIащ, гуащэр и уIэгъэм къытеувэу ириIуэнтIыхьыжа нэхъей.

– Пэжым ухуейщ, ара?! Арамэ, къэдаIуэ, гуащэ! Уэ... Уэ... – жьы къыпиубыду зэщыджэрт пхъур. – Уэ зэи гулъытэ къысхуэпщIакъым. Вакъуэ адэхэм зэбграша уи къуэхэм гупсысэ псори етауэ, къэрал Iуэхухэр сэ нэхърэ бгъэнэхъапэу сыкъэтэджащ. СощIэ, нэрыбгейхэм сазэрыхыхьар пфIэфI хъуакъым. НэхъыфIкIэ укъысщыгугъа хъунт. Ауэ, сыгупсысэщ-сыгупсысэри, езым къызэринэкIа къулыкъум сыпэрыувэмэ, гулъытэ нэхъ къысхуищIыну пIэрэ, жысIэри, зеспщытати, Iуэхур нэхъри зэIысщIа мыхъумэ, зыкIи нэхъыфI укъысхуэхъуакъым! Сэ сыхуэмея уи гугъэрэ, гуапэу укъызэплъу, си щхьэфэм щабэу Iэ къыдэплъэу, щапхъэ птесхыу, сыпкIэщIэсыну?! Ауэ, а псори уэ сыту пщIыну, гуащэ?! Къапщтэмэ... УзыхэхъукIа нэрыбгейхэм гущыкI яхууиIэу, абыхэм я псэукIэр уи псэм темыхуэу укъэхъуащ уэри. Абы къыхэкIыу, хъыджэбз цIыкIу къыпщIэхъуэну ухуеяуэ къыщIэкIынкъым. Гужьгъэжь зыхуиIэ нэрыбгей гъащIэр уигу къэзгъэкIыж хъунщ... СщIэркъым... УкъызэрыкIа лъэхъэнэ хьэлъэм срифэеплъ?! КъызгурыIуэркъым! Апхуэдэу сыгупсысэурэ, уи къуаншагъэ хэмылъу къыщIезгъэдзыну иужь ситащ зыкъомрэ. Ауэ сыт сымыщIами, зыри хъуркъым. Уи щIыб фIэкIа, уи гупэ слъагъуркъым. Къысхуэгъэгъу, ди анэ! Си къуаншагъэ хэлъкъым дунейм сыкъызэрытехьам.

Бауэбапщэрэ щатэу къытехьат пщащэри, губжьым зэридзэрт. Удынэ, и гущхьэр уз мыцIыху гуэрым кърисыкIыу, абы имыгъэбауэу, и пхъур зэпиплъыхьырт.

– Си хъыджэбз дахэ! Атисэ... – щабэ дыдэу къыIурыщэтри, и пащхьэ къит пщащэ псыгъуэр зыщIиубыдащ гуащэм. – Апхуэдиз гукъеуэ пкIуэцIылъ си гугъакъым. Гу лъызмытэурэ, усIэщIэкIыпэти. Пэжщ! Пэж дыдэщ, Атисэ, сэ цIыхубз ябгэхэм сахэхъукIащ. Щхьэж и Iуэху зэрихуэжу дапIати, уэри апхуэдэу ущытын хуейуэ щIэзгъэувар сщIэркъым. Анэ хуабагъэ зымылъэгъуа, ар зищIысыр зымыцIыху сэ Iэнкуну сыкъогъуэгурыкIуэ иджыри къэс. Сыт мыгъуи си анэ сэ?! ЩIалэхэр апхуэдэу псынщIэу зэрысIэщIахар нэхъыфIу къыщIэкIынщ. Илъэс тIощI дэкIыжами, анэдэлъху щытыкIэр зыхэбныну



6 Заказ №2339

тыншкъым. Нобэр къыздэсым гъащIэщIэр си щIэщыгъуэщ. ИтIанэми... Сыт мыгъуэ мы жысIэ къомыр?! Къысхуэгъэгъу, си дахэ! Зызмыгъэгувамэ, сызэрыногуэуэкIар зыгуэркIэ схуэгъэзэкIуэжыххэнумэ, къысхуэгъэгъу!

Удынэ гу лъимытэу къанэртэкъым и пхъумрэ езымрэ зэрызэхуэщIыIэм. Апхуэдэ щытыкIэр зэрыкъуаншагъэр ищIэжми, анэ пхъашэу къэгъуэгурыкIуа цIыхубзым напIэзыпIэм зыкъридзэкIыу, и пхъум Iэ щабэ-Iу щабэ зэрыхуэхъунур хузэхуэгъэхъуртэкъым. Зырызэ фIэкIа зыIумыплъа и щIалэхэм щегупсыскIэ къэгумащIэми, езым хуэдэ нэрыбгейм зэреубзэнур къыгурыIуэртэкъым. Алъандэрэ Удынэ кIуэцIкIэ къэзышха, илъэс бжыгъэкIэ зыщIэфыгъухьу кърихьэкIа псалъэхэр иджы къызэрытIэпIыкIащи, пщащэр имыутIыпщыжу, и нэпс къежэххэри хуэмыгъэувыIэжу, гъуэгырт гуащэр. Абы къыщыхъурт и нэпсхэм дэщIыгъуу зы хьэлъэ гуэр кIэрыхужауэ, иджы хуиту, и бгъэм щызу къэбэуэжауэ.

– Мы ди Iуэху зэхэзэрыхьари, дызыхэпсэукI лъэхъэнэ хьэлъэри... Псори зэзгъэзахуэрт, нэхъыщхьэ дыдэм сытеплъэкъукIауэ. Сщыгъупщэжат си гъащIэм и мыхьэнэ нэхъыщхьэр. Сызэмыгупсысыныпхъэхэм сегупсыс зэпытурэ, псори фагъуэу, ныкъуэу, щIыIэу къысщыхъуу хъуат. Си щхьэм нэсыртэкъым, хуабагъэрэ анэ лъагъуныгъэрэ ухуэныкъуэу, уи закъуэ дыдэу утыку укъызэризнар. Къысхуэгъэгъу! – зи нэр къэплъэжам, зи гур зэIузыхыжам хуэдэу нэжэгужэ къэхъуащ Удынэ.

Зэм-зэм пщащэр иутIыпщыжу, и нэгум хуиту щиплъэм, псалъэншэуи гурыIуэгъуэ хъуат пщащэм и гукъеуэхэр нэпс защIэкIэ анэм зэрилъэсыжар.

– Си анэ! – гуфIэгъуэ нэпсхэр къыфIыщIэжырт Атиси. – Уэр нэхъыфIрэ нэхъ дахэрэ дунейм зы бзылъхугъэ темыту къысщыхъурт сыщыцIыкIум. Узигъуазэт, узищапхъэт. Сызыхуейри зы закъуэт – си щхьэфэм Iэ къыщIыдэплъэн гуэр злэжьыну, гу къыслъыптэну.

– Зы Iуэху щхьэпэ гуэр злэжьыххэнумэ, зыгуэрым срипэрмэну Псатхьэм сыкъигъэщIамэ – ар нэрыбгейуэ сызэрыщытар, гуащэ къалэнхэр зэресхьэкIыр аракъым. Си бынхэм – уи дэлъхуищымрэ уэрэ – анэ сыфхуэхъун папщIэт мы дунейм сыкъыщIытехьар. Фэращ си гъащIэм и купщIэр, зэи зыщумыгъэгъупщэ ар. Сызэхэпхрэ, зэи уигу иумыгъэху.

Атисэ зызэпилъэщIыхьыжщ, арэзыуэ и щхьэр ищIри, и гур псэхужауэ хэщэтыкIащ.

– Ди анэ, Уэдэсей жиIам теухуауэ... КъызэрыщIэкIымкIэ, алыджхэр къызэрехьэжьагъэххэщ. Хьэтхэр зауэм Iутмэ, дзэр зэрыщыту къуэкIыпIэмкIэ щыIэмэ, алыджхэм къэралыгъуэр ящтэнущ, зыри зэран къахуэмыхъуу. Абы и закъуэ, зы лъэныкъуэкIэ ащырыдзэр, мыдреймкIэ алыджхэм къаухъуреихьынурэ, хьэтхэри мэуэтхэри къызэтраукIэнущ. Унафэр зыIэщIэлъыр уэращ, ауэ, дыхущIегъуэжынщ, зыгуэр дымыщIэмэ, – шэнтым етIысэхыжа анэм и лъапэм зыщригъэщэтэхри, щэхуу жиIащ Атисэ.

– Пэжщ! Аращ зэрыхъунури. Жыжьэ унэмыс, мыбдеж щыта алыджыр къыщIэпхъуэжащ, и лъэпкъэгъухэм ящышынэри. ХьэщхьэрыIуэ дыдэ хъуащ мыхэр, – зэригъэщIэгъуэнур къыхуэмыщIэу, и щхьэр игъэкIэрэхъуащ гуащэм.

– ЛIо тщIэнур?

– ДакIэлъыкIуэнущ мэуэтхэм. Сэ мыбдеж сыщысу, си лъэпкъыр къезгъэукIынукъым, – хэкъузауэ жеIэ Удынэ.

– Мэуэтыдзэр зэрыщыту дэкIащ... Хэт кIэлъыкIуэнур? – егъэщIагъуэ пщащэм.

– Мэуэтхэр къэтми, нартхэр куэд дохъу, Iуащхьэмахуэ лъапэ щыIэщ нэжьгъущIыдзэ мин бжыгъэхэр. ДыкIуэнщи, делъэIунщ. ИIэ, дахэ, зыгъэхьэзыр! Догувэ, – зиIэтри, гуащэм бжэмкIэ игъэзащ, Атиси абы и ужь иуващ.

* * *

Щалъхуа щIыпIэм илъэс бжыгъэкIэ зи лъапэр изымышия бзылъхугъэр, и гъусэхэр щIыгъуу Хьэрэ-Кхъуэрэ къызэрыпекIуэкIыу, гукъэкIыжхэм зэщIащташ. Удынэ и тхьэкIумэм итт цIыхубз ябгэхэм я зэрызехьэ макъыр, Мэшыкъуэ щызэхашэ джэгу-зэпеуэхэм зэрегъэхьэжьа нэрыбгейхэм я гуфIэкIэр. И нэгу къыщIохьэж гуфIэгъуэуи, нэщхъеягъуэуи, гугъуехьуи, ехъулIэныгъэуи мы щIыналъэ телъыджэм щилъэгъуар. И щIалэгъуэр, и гуащIэгъуэр, и хъыжьэгъуэр. Гуащэр мащIэу погуфIыкIри, шым йолъэдэкъауэ. БыдапIэм къыдэплъ чэщанэ хэIэтыкIахэм тет къэрэгъулхэр набдзэгубдзаплъэу къазэрыкIэлъыплъыр, я щIыбагъми тIасхъэщIэх гуп къызэрыдэтыр ящIэми, Мэуэтейм икIа бзылъхугъэхэмрэ Iуащхьэмахуэ лъапэ щыпсэу нэрыбгейхэмрэ зэрызэмызэгъыр ящIэжми, ягурэ я щхьэрэ зэтелъу, зэпIэзэрыту мэкIуатэ хьэщIэхэр. БыдапIэм щекIуалIэм ирихьэлIэу, бжэшхуэхэр зэIуахри, хы Iуфэм Iус нарт лъэпкъым и лIыкIуэхэр ирагъэблагъэ.



Абыхэм къапежьауэ, пщIантIэкум ит нэрыбгей гупым зы дэгъуэшхуэ къахэкIуэтри, Iэр иIэтащ, «фыкъызэтеувыIэ», жыхуиIэу. Удынэ и гупыр, зэщIоувыIыкIри, къопсых.

– Еблагъэ, Удынэ! Апхуэдиз илъэс дэкIауэ, сытым укъытхуихьыжа? – погуфIыкI тхьэIухудыр.

Мэчанэ, нэрыбгейхэм я щхьэгуащэ сырыхур, Удынэ и ныбжьыну цIыхубз Iэчлъэчышхуэт. Бланафэ Iувым къыхэщIыкIа джанэ Iэщхьэ кIыхьрэ гъуэншэдж зэврэ щыгъщ, дыгъужьыфэ бацэр и лъащхьэм ешэкIащ, абы щыщыпси и плIэм теубгъуащи, бгылъэм щызэприху жьы уаер зыхимыщIэххэу, щIымахуэ шылэр зыуи къыщымыхъуу, щытщ ар, и хьэщIэхэм къахоплъэри. ЦIыхубз лъагэ нэкIущхьэплъым и щхьэц кIыхьыр жьыбгъэм зэрехьэри, тэмэму игъаплъэркъым. И плIабгъуэм щIакIуэ хужьу тепхъа и щхьэц кIыхьыр ешыхьри, пщампIэм деупщIэ, и нэгум хуиту уригъаплъэу. Гъэмахуэ уафэ къабзэм и плъыфэу нэ къуэлэнитIыр къогуфIыкI. ЦIыхубзым Iей игу илъ хуэдэкъым, Атисэ зэрыхуигъэфэщамкIи, и анэмрэ щхьэгуащэмрэ фIыуэ зэроцIыху.

– ФIым дыхуиблагъэ, Мэчанэ! – щыпкъэу и щхьэр ещI Удынэ.

– ФынышIыхьэ. ХьэщIэ ди щIасэщ, – бгъунжу мэуври, бжэмкIэ и щхьэр ещI щхьэгуащэм.

Мэуэтейм и лIыкIуэхэр къагъэхьэщIа нэужь, Удынэ кIыхьлIыхь зимыщIу, къызытекIухьар щхьэгуащэм хуиIуэтэну ирешажьэ. Загъэхуэбэжу жьэгум пэрыс бзылъхугъэхэр мы щIыIэ уаем къезыхужьа Iуэхугъуэр зэрыкуури, зэрыхьэлъэри къыгурыIуат нэрыбгей Iущым. ИкIи, ипэжыпIэкIэ, хьэщIэр къыщыпсэлъэнур къыхуэмыгъэсу, пIэцIеижырт.

– Уэрэ сэрэ дызэтемызагъэу щытащ, Мэчанэ. ПщIэжрэ? – и щIалэгъуэ-пщтырыгъуэр игу къэкIыжри, пыгуфIыкIащ Удынэ.

– Ар гуапэу дигу къэдгъэкIыжрэ, мыпхуэдэу дызэхуэгуфIэу, дызэдэуэршэру жьэгум дыпэрысу зэман диувэну хэт и гугъэнт?! – и дзэ налкъут мыщIэшхуэхэр къаплъэу, зэрылъэлъу дыхьэшхащ щхьэгуащэри.

– Зэгуэр дызэрыукIыж пэтащ. Иджы еплъ.

– ДызэрылIынкIэ шынэри, Къатинэ Мэуэтейм уигъэкIуат...

– Уэр фIэкIа си щхьэ зэсхьэлIэн сымыгъуэту, лъэIуакIуэ сыкъыпхуэкIуащ, – нэщхъей къохъуж Удынэ.

– Сыт къэхъуар?

– Мэуэтыдзэр хы адрыщI зекIуэ зэрызэпрыкIам ущыгъуазэу къыщIэкIынщ.

– Зэхэтхащ...

– Хьэтыдзэмрэ мэуэтеймрэ зэуапIэм Iутыху, къэралым и адрей гъунапкъэм алыдж лъэпкъхэр къытеуащи, зрикIуэм яжьэрэ хьэдэ Iуащхьэхэмрэ къызэранэкIыурэ кIуэцIрокI. Мэуэтхэр зекIуэм къимыкIыжынкIэ сошынэ, Мэчанэ. Ар лъэпкъитIми кIуэдыжыгъуэ тхуэхъунущ: хьэтхэмрэ мэуэтхэмрэ, – жьэгу мафIэр зыщIэджэгухь нащхъуэхэм гузавэр щIэзу жеIэ Удынэ.

– Уи лIым укIэлъыкIуэу, а мафIэсым псэууэ къыхэпшыну уогугъэ, ара? – къытохьэ щхьэгуащэр. – КъэралыгъуиплI зэхэлъэдэжауэ, щIым и гъунэм щызэроукI. Уэ а мафIэсым дыхэбгъэхьэу, дыбгъэкIуэдыну ара цIыхухъу щхьэкIэ? Еплъ а цIыхухъум къыпхуихьам – уи щхьэр зэкIуэкIащ.

– Япэ уилъэдауэ, мыхъумыщIэ жумыIэ, Мэчанэ! Щхьэгуащэ ухъужами, узэрыпщтыру укъэнащ, – зыхуэшыIакъым гуащэми.

– ЛъэIуакIуэ кIуэхэр апхуэдэу псалъэркъым, Удынэ, улъэпэрэпэнщ, – игурэ и щхьэрэ зэтелъу, пыгуфIыкIащ сырыхур.

– Псоми ящIэж алыдж лъэпкъхэр къыщыттеуам щыгъуэ, нартхэр зэрыубыду, бийр зэрыхагъэщIар. Абы Iущ дрихъуауэ щытын хуеящ, – пщащэ псыгъуэр цIыхубзитIым я зэдауэм къыщыдэуэм, пэшым щIэсу хъуар хуеплъэкIащ абы.

– Мыпхуэдэу Мэуэтейм нэрыбгейхэр зэрыщагъасэр, гуащэхэм я псалъэмакъым хэпхъуэу?! – щхьэгуащэм и набдзагъуэ псыгъуэхэр лъагэу иIэтри, Удынэ зыхуигъэзащ.

– Мыр Атисэщ, мэуэтыпщым ипхъу закъуэрщ, – щыпкъэу жэуап итащ Удынэ.

– КъызэрыщIэкIымкIэ... – егъэщIагъуэ Мэчанэ. – Уэщхь хъужащ уи пхъур, Удынэ: мафIэщ.

– КъыткIэщIикъузауэ, Iуэхушхуэм дыкърихужьащ, гуащэ. Си адэм и закъуэкъым а зауэм Iутыр. Мэуэтыдзэр зэрыщыту кIуащ Хьэтейм. Абыхэм къамыгъэзэжрэ, псы Iуфэр нэщI хъумэ, алыджхэр аргуэру къызэрехьэжьэнущ. ИкIи, уи фIэщ щIы, лIэщIыгъуэ псокIэ къыдэзэуа пщIондэ, ди хэкур ямыхьэхуауэ мыувыIэну. ИгъащIэ лъандэрэ ди адэжьхэр зыпэщIэт Iуэхугъуэщ мыр. Псоми дощIэ алыджхэм псэхугъуэ зэи къызэрыдамытынур. Арами, я зи чэзу теуэгъуэ къэс мыпхуэдэ псалъэмакъ едмыхьэжьэмэ, зыми къыгурымыIуэу ара дызэкъуэхумэ – ар ди кIуэдыжыгъуэ зэрыхъунур. Хы

адрыщI къыщекIуэкI гузэвэгъуэм хуэдэ зэи зы цIыхум имылъэгъуам хуэдэу, шынагъуэщ. Къэралыгъуэ псо щощэщэж! Зи Iыхьэ хилъэфыну абы къепщIэкIамрэ, лъыуэ щагъэжэнумрэ уи нэгу къыпхущIэгъэхьэрэ?! Зым и щхьэр игъэщхъыу, лъаIуэу, адрейм зигъэпагэрэ и мыхьэнэр дрихуейуэ фызэхэмысмэ, сыт хъунт! ЩIалэгъуэм къыщежьа фи зэныкъуэкъур зыми щыщкъым иджыпсту. Уэ, гуащэ, къыппытхыну дызыхуейр зы закъуэщ: е «хьэуэ», е «нтIэ», – къызэрыкIат пщым и пхъур.

– Си Iуэху зыхэмылъ зауэм си щхьэр щхьэ хэслъхьэн хуей, жыпIэ хъунщ, Мэчанэ, – и пхъум и псалъэм къыпещэ Удынэ.

– ИкIи пэжщ жысIэми, – арэзы тохъуэ щхьэгуащэр. – Зыгуэрхэм я зэныкъуэкъум мэуэтхэр хэпщIамэ, ар дэра зи щхьэузыр?

– А упщIэм и жэуапу мыр къозэгъыну? – жеIэри, Мэуэтейм къикIа нэрыбгейхэм бжэкъуагъым къуагъэува чеищым я зым Атисэ йолъэпауэри, егъэукIурий, «жыгъыжьгъ» макъым пэшыр къигъэзууэ дыщэр къищэщу.

– Дыщэ IэбжьыбкIэ ящэхуххэм я фэ къызуплъауэ ара? – и пащхьэ къищэща мысыр дыщэр къыфIэмыIуэхуу, щхьэгуащэм и нэщхъыр зэхэлъу Удынэ хуеплъэкIащ.

– НэжьгъущIыдзэхэр къызэптрэ, си лъэпкъыр къесшэлIэжмэ, кхъухь из дыщэ къыпхузэдезгъэшэжынщ нэрыбгейхэм, – зэпIэзэрыту жеIэ Удынэ.



Бжэм Iут нэрыбгейхэм я нэр, мафIэм пэлыд дыщэм хуэдэу, къицIуукIащ, ар щызэхахым. Атисэ къыгурыIуакIэт, гуащэм зрилъэфыхьми, зихъунщIэми, нэжьгъущIыдзэхэр абы емыдэIуэххэу, зекIуэ ежьэну зэрыхьэзырыр.

– Нэхъ псынщIэIуэу гупсысэ, гуащэ. Зэман диIэкъым, – ерыщт Атисэ.

– Уи дыщэм дыкъыхуэнакъым, гуащэ! – икIагъэ гуэр ирапэсу, ар и гум щIыхьа хуэдэ, и щхьэр лъагэу иIэтри, щэхуу жиIащ щхьэгуащэм. – ФIыкIэ ушхыж уи мылъкур. ГъущI кIапэкIэ сыкъыумыгъэделэми, сыббгъурыту сынэкIуэнут. Нобэ хуэдэ махуэщ нэжьгъущIыдзэхэр тхьэхэм къыщIагъэщIар. Мы Iуэхум кърикIуэнкIэ хъуну псор къызгурымыIуэмэ, си гуащэ щIыхьыр схуэфащэ?! Хым узэрызэпрыкIын кхъухь уиIэмэ, нэрыбгей мин тIощI узот.

Удынэ, и гур къызэрыгъуэтыжарэ и нэгур къигуфIыкIыу, Мэчанэ щхьэщэ хуищIри, и пхъум хуеплъэкIащ. Зэанэзэпхъур зэщыгуфIыкIырт, псэхужауэ.

– Уи пхъур хъыджэбз гуащIэщ, Удынэ! Хахуэщ. Дэгъуэу бгъэсащ. Абы и хъыбарыфI щызэхэтхыжын махуэри къэсынщ, къаплъи, къэдаIуэ! – хьэщIэхэр игъэгушхуащ щхьэгуащэм. – ИкIэщIыпIэкIэ дежьэнщ, умыгузавэ. Алэдамэ, и IуэхуфIхэмрэ и лIыгъэмрэ я хъыбар къэIужауэ, пщIэ зыхуэтщI пщыщ. Утыку къранэм хуэдэкъым ар!

## *МафIэпс къьех*

Апхуэдизрэ игъэфIа хъуэпсапIэм лъэIэсыным зы IэфракIэбжьэ фIэкIа иIэжтэкъыми, ащырыдзэр сыт хуэдэ гугъуехь иримыхьэлIами, Ашэрэд икIуэтыжыну игу къигъэкIыххэртэкъым. Илъэс бжыгъэкIэ

зэригъэпэща дзэшхуэм щIыIэр къегуэуэкIами, пщыжьым сытри ишэчыну хьэзырт. Фырат зэпрыкIыу, хьэтхэм зэрателъэдэнур къыхуэмыгъэсу, Ашэрэд гукъыдэжым зэрихьэрт.

Пщэдджыжьыпэу, ащырыпщым и блыгущIэтхэр бланэфэ шэтырым щызэхуишэсауэ, къапэщылъ зауэм зэрыхуэхьэзырым тепсэлъыхьу, хэщIыныгъэу яIэр къапщытэу зэхэст.

– ХьэкIэкхъуэкIэхэр дапщэщ иужь дыдэу щывгъэшхар?

– Вэсэжэщ фIыуэ ягъэшхащ, зиусхьэн. ЗэрыжыпIам хуэдэу, дыгъуасэрэ нышэдибэрэ, псы къищынэмыщIа, зыри яIухуакъым, – и Iэр и ныбэм деж щызэтелърэ, и щхьэр ехьэхауэ, жэуап ет джэдыгу Iувышхуэ зыщыгъ блыгущIэтым, къызэрещIыIэкIыр къапщIэу кIэкуакуэу.



**Ащыр зауэлIхэр.**

– Хъарзынэщ. Нызцхьэбэ лы тIэкIу-тIэкIу ефти, куэдщ ар. Пщэдей зытIэтынущи, мэжэлIауэ, лъы хуэлIауэ етшажьэмэ, нэхъыфIщ, – арэзыт Ашэрэд.

– Нынурт ищхъэрэкIэ зэрыдэкIуейрэ куэд щIащ, зиусхьэн. Иджыри къэс хъыбар лъэпкъи щыIэкъым. Пщыкъуэм дыпэмыплъэу зытIэтыну? ЗыкIэлъыкIуар къехъулIарэ къемыхъулIарэ дымыщIэу, дауэ дежьэн?! – игъэщIэгъуащ Арапхъэм и пщым.

– Нынурт сэрэ зэхуэдгъэува пIалъэр къэсащ, Хьэшмий. Саушт эр щIыгъущ пщыкъуэм. Мэтэнейм и пщым хуэдэу мы щIыпIэхэр зыми ицIыхуркъым. Сэ шэч къытесхьэркъым ахэр зыкIэлъыкIуар къазэрехъулIам, уэри къытумыхьэ. Лъэмыжыр нобэ нащIысынущ. Псым дызэрикIыу, Нынурт къытхыхьэжынущ, ищхъэрэкIэ дришея дзэр нэхъыбэж къызэрыгъэхъуауэ. Хэт къыдэмыIэпыкъуами, Хьэтусилэ зыми зыри къыхуищIэжыфынукъым. ЗэфIэкIащ абы и Iуэхур.

Фырат и адрыщI Iуфэм къыщхьэщыт бгыжьхэм тхьэмахуэ бжыгъэкIэ къыткIэлъыплъу тета хьэтыдзэм къалащхьэм игъэзэжынукъым, – хэкъузауэ жеIэ Ашэрэд.

– Нэхъапэм хуэдгъэфащэ мыхъумэ, и пэжыпIэр тщIакъым. Иджы тIасхъэщIэххэм къызэратIэщIамкIэ, мэуэтхэр щIыгъущ хьэтыпщым, – щыпкъэу къэпсэлъащ Мэтэнейм и дзэзешэр.

– Хьэтусилэ хуэдэу, уэри уи фIэщ хъууэ ара мэуэтхэм дыкъызэтраукIэфыну?! – хуэмыфащэ ирапэса хуэдэ, и напщIэр хеш Ашэрэд.

– ПцIыр сыткIэ щхьэпэ, мэуэтхэр лъэпкъ лъэрызехьэщ, – и дамэр дригъэуеящ дзэзешэм.

– Деплъынщ! – жи пщым, пагэу.

ЩIыбымкIэ къыщыIуа зэрызехьэ макъым къызэпиудащ пщым и псалъэр. ЯпэщIыкIэ псоми я гугъащ Ашэрэд къыздиша аслъэныжьхэм ящыщ аргуэру къикIыу, зауэлIхэр игъэщтауэ. Макъхэр нэхъри къыщызэрыIэтым, пщыжьым и тхьэкIумэм къицырхъащ зыпэмыплъэхха, къэзыгъэуIэбжьа псалъэхэр:

– Хьэтхэр къызэрохь! Зиусхьэн, хьэтхэр ипщэкIэ псым къыщызэпрыкIри, къыттеуащ, – жиIэурэ, шэтырым къыщIэлъэдащ тIасхъэщIэххэм ящыщ зы.

– Дзэр вгъэшэс! ПсынщIэу! ХьэкуэстэгухэрзэщIэфщIэ! – щIыналъэ жыжьэм къыздриша и тахътэм зизыгъэщэта пщыжьыр, напIэзыпIэм къелъэри, и макъым къызэрихькIэ блыгущIэтхэм яхэкIиящ.

БлыгущIэтхэмрэ дзэзешэхэмрэ шэтырым къызэрыщIэхри, зэбгрыжащ, щхьэж жэуап зэрихь уэрымкIэ яунэтIу. Унафэ щIагъуи ящIыну зэман яIэжтэкъым ащырхэм – хьэтыдзэр, ипщэ щIыналъэмкIэ Фырат къыщызэпрыкIарэ, щIэплъыпIэр къагъэуфIыцIу, къызэрыхьырт. Джэдур дзыгъуэм ещакIуэ и гугъэжми, дзыгъуэр джэдум къебгъэрыкIуауэ къыщIэкIат.

Ашэрэд къыхуагъэса хьэкуэстэгум зридзэщ, бжыкI папцIэ кIыхьыр лъагэу иIэтри, и макъым къызэрихькIэ къэгъуэхъуащ:

– ФеужьэрэкI! ПсынщIэу! Шуудзэр вгъэшэс! ТIукIэ дынэхъыбэщ, фымыгужьей!

ЗэрыхъукIэ нэхъ псынщIэу хьэкуэстэгухэр зэщIащIэщ, дэщIхэр зыщадзэри, зауэлIхэр къызэхэуващ, унафэм пэплъэу. Ащырыпщыр зэрыува шыгум щIэщIа пщIэгъуалэ екIухэм зрачыну хьэзырыххэу, щIы щхьэфэ тещтыкIар фIалъэ лъакъуэхэмкIэ кърауддырт, щIэпырхъыхьыжрэ я щIыфэр ягъэтхытхыу. Пщыжьми хуэщIырт унафэ ткIийхэр – икIэщIыпIэкIэ мывэ къалэу кърherегъэувэкIащ мэIу лъагэ-бгъуэшхуэхэмрэ бжыкI папцIэ кIыхьхэмкIэ къызэщIэузэда зауэлIхэр хьэзырыххэу зэрыт хьэкуэстэгухэр. Шуудзэм и щIыбагъ къыдэтт джатэ зэщIэлъыкIахэр ягъэдалъэрэ, мэIу хъурей IэкIуэлъакIуэхэр зи джабэм кIэрызыкъузэ зауэлI псынщIэхэр. Абыхэм къакIэлъыкIуэрт шабзауэ Iэзэхэри. Ащырыдзэм къатеуахэр тIукIэ нэхъ мащIэу фэ ириплъати, ахэр напIэзыпIэм зэпкъраудыну щыгугъырт Ашэрэд.

– Мыхэр хьэткъым, зиусхьэн. Я шыфэлIыфэкIэ – мэуэтхэщ, – къэблэгъа пэIущIэм яхэплъэри, жиIащ Мэтэнейм и дзэзе-

шэм. – Гупсыси чэнджащи дыхыумыгъэту, къарууэ диIэри, уи хьэкIэкхъуэкIэхэри занщIэу едутIыпщмэ нэхъыфIщ. МащIэщ, жыпIэу, нэмыплъ яхуумыщI! Уэ езыр зэхэуэм ухэмыхьэу, иужь зыкъинэ. АдэкIэ деплъынщ.

Ашэрэди гу лъитат, ягурэ я щхьэрэ зытелъу, хуабжьу къызэрыхь уэрым ащырыдзэм и пэIущIэр, шэмэджым ирихам хуэдэу, ирилъэсыкIынкIэ шынагъуэ зэрыщыIэр. Дэуэнуи губжьынуи зэман иIэжтэкъыми, арэзы хъуащ пщыр.

– Хьэкуэстэгухэр япэ фищ! Шуудзэр зэрыщыткIэ феувэкIи, фежьэ! Фи къару къиихь къэвмыгъанэ! Лъэсыдзэр иужь фыкъини, епсыхыр зэхэвупщIатэ, щысхь имыIэу. Еуэ биидзэм! – Ашэрэд и бжыкIыр лъагэу иIэтри, и тэмакъыр щитхъыным хуэдэу къыщыгъуахъуэм, ащыр хьэкуэстэгухэм зрачащ.

– Пхъуэтэрхэр[1] япэ фиувэ! – кIуэрыкIуэм тету унафэ ищIащ Алэдамэ, ащыр хьэкуэстэгухэр шуудзэм япэ къэрагъэуvауэ къазэрыпежьэр щилъагъум.

Абы хэтуи мэуэт шуудзэр зэлъэщIэкIуэтри, шы пщыкIутIпщыкIутI зыщIэщIа нартыгу абрагъуэхэр мэуэтыдзэм и бгъуагъкIэ япэ къиуващ. Ижь-ижьыж лъандэрэ нартыжьхэм зауэм къыщагъэсэбэп шыгу лIэужьыгъуэм и хъыбар ипэIуэкIэ зэи зэхэзымыха ащырыпщым и фэр пыкIащ, абы къахэплъэри. Сыт хуэдэ хьэкуэстэгу лIэужьыгъуэри пхъуэтэрым ирихыфыну гъущI пэIущIэ Iутщ, шы бгъэгухэри, нэпкъхэри гъэбыдащ, езы шыгур лъагэщи, итхэм уазэрылъэмыIэсыным и гугъу умыщIыххи, шэрхъ лъагэхэм гъунэгъу узэрыхуэхъуу, ущIилъэфэнурэ узэхихьэжэнущ.

ТIасхъапIэ имыIэрэ дунейр зи инагъ нартыгухэр кIуэрыкIуэм тету ащырыдзэм и хьэкIуэстэгухэр иралъэщIыкIащ, зыуи къащымыхъуу. Шы укIурияхэр гужьеярэ, етхауэу, я гур зэгуэудыным хуэдэу папщэу, щыщу зэхэлъу къызэранэкIыурэ, биидзэм хэлъэдащ мэуэтхэр. Хьэкуэстэгум нэхъ псынщIэу зигъазэми, бгъэIэкIуэну нэхъ тыншми, пхъуэтэрым зэрыпэлъэщын Iэмал ягъуэтакъым ащырхэм. Ари я тIасхъапIэ хъуащ биидзэм.

КъахуэмыгъэувыIэу кIуэцIрызыкъутыкI пхъуэтэрхэм ягъэукIурия зэрыпхъуакIуэхэм холъэщыхь мэуэт шуудзэри, джатэ IэкIуэлъакIуэхэм къапыткIу лъы ткIуэпсхэр уэс хужьым триупцIэрэ, тхыпхъэ плъыжьхэр хуарэ лъэгукIэ зэхаущэбэжу, зэрохь.

НапIэзыпIэм къызэрыкъуэха уэрыр уафэхъуэпскIыу къащыхъуат ащырхэм. Хэти Iэнкунщи, зыкъыхуэщIэжыркъым, хэти зиIэтыжыну къыщеIэкIэ, мэуэт бжыкIым щIым хегуэж. Зэрызохьэ, зэрогъэкIий.

Мэтэнейм и дзэзешэм Ашэрэд и сэмэгурабгъу зыкъищIащ.

– Хъарзынэу япэ сибгъэщатэкъым. Шы лъэгу сащIат, уэр мыхъуамэ, – ащырыпщым и нэгу щIэкI псор и фIэщ мыхъуу щытт, и пIэм ижыхьауэ.

Зауэ губгъуэм щызэхэлъэда дзитIым Iисраф зэрызэрыщIыр, ащырыдзэм хьэлэчу къыхалъхьар, апхуэдизу зыщыгугъа и шуудзэмрэ хьэкуэстэгухэмрэ къащыщIам и щхьэфэцыр дэхъеяуэ, зыхуэгъэхьеижыртэкъым Ашэрэд.

[1] Пхъуэтэр – шы пщыкIутI зыщIэщIа нарт шыгу лIэужьыгъуэ.

– МэIур иумыхьэх, зиусхьэн. Нэхъ лъагэу Iэт. Уи лIапIэ къыщIэщмэ, мобыхэм я шабзауэхэр блэукIынукъым, зэгъащIэ! – дзэзешэм гу лъитат биидзэ къэблэгъэпам нэрыбгей уэр зэрыхэтри, фыз шу ябгэхэм я гущIэгъуншагъэмрэ бзаджагъэмрэ я хъыбар шынагъуэхэр зэхэзыхыжам и нэщхъыр зэхэлъу Ашэрэд хуеплъэкIащ.

– Мэуэтхэри нэхъ укъуеящ. Я шуудзэм иджыри зы тIэкIу кIэрыхумэ, лъэсыдзэр дутIыпщынщ, – тIэкIу-тIэкIуурэ и фэм къихьэжырт ащырыпщыр.

– ЯпэщIыкIэ хьэкIэкхъуэкIэхэр яхэутIыпщхьэ, зиусхьэн. Дэ езым зыкъыдамыдзыжын хуэдэу, лъыкIэ ирикъумэ, лъэсыдзэр дутIыпщынщ. Армыхъумэ, хьэлэчыр къытхалъхьэжынщ ди аслъэнхэм, – жи дзэзешэм.

– Гу хъыринэхэр къэфху! – джащ Ашэрэд, къызэплъэкIри.

Арыххэуи, хьэкIэкхъуэкIэ мэжэлIахэр зэрыубыда шыгухэр къахури, кърагъэувэкIащ. Ащырыдзэр зымащIэкIэ къызэрыгъэгужьейуэ зэрызехьами, зыкъащIэжауэ мэзауэри, гъуэзыр къащхьэщех. Алъандэрэ щIыIэм дрихуейуэ зэхэтами, иджы мафIэр къаполъэлъ. Пэжу, ащырыдзэр фIыуэ нэхъыбэт мэуэтхэм нэхърэ. Хуэхьэзырт мэуэтхэр биидзэр зэребэкIым, ауэ нарт лIыхъужьхэм я гущхьэ къэкIыххатэкъым щхьэ матэ хъужарэ, мэжалIэу джэду абрагъуэхэр къыхаутIыпщхьэну. Хьэт кхъухьхэм я пэм фIэщIыхьа хьэкIэкхъуэкIэ щхьэ бацэм я псэущхьэ теплъэну зэи я гугъатэкъым абыхэм.



Мэуэтыдзэм къахэлъэда джэду мэжэщIалIэхэр гъунэгъу зыхуащIмэ, зэрапэмылъэщынур быдэу зыгурыIуа лIыхъужьхэмрэ нэрыбгейхэмрэ я шабзэшэхэр къытраунащIэрт. Мыдрейхэми шы, цIыху, жаIэу, зэхэдз ямыщIу, къапэщIэхуэм зрадзу, яубыдыр гуатхъыу, ирикIуэрт. Джатэр зыIэщIэщэта, шабзэши зымыIыгъыж, шым къещэтэхауэ Iэщэншэу утыку къина мэуэт зыбжанэхэм сэжьейр яIэщIэлъу пэщIэувэрт зи жьэр ущIауэ къебгъэрыкIуэ хьэкIэкхъуэкIэ шынагъуэхэм. Абыхэм я гур зэIухауэ щIэплъэрт ажалым и нэ щIыIэм. А псоми къахэплъэу жыжьэу щыт ащырыпщым и щIыфэр тхытхырт. Ар щIыIэм дрихуейуэ аратэкъым, атIэ, Iэ пцIанэкIэ аслъэныжьхэм къапэщIэувa пелуанхэр псэууэ зауэ губгъуэм къикIмэ, ащырыдзэм кърващIэнур и нэгу къыщIэувэурэ, зэридзэу арат. Мэуэт зауэлIхэм я плIэм иубгъуа мыщафэхэр зытраха хьэкIэкхъуэкIэхэм я псэр къаIукIа нэхъей, шыни икIуэти ямыщIэу, кIуатэрт нартыдзэр.

– КъэфшэщI шабзэшэхэр! – хьэзырыххэу, еувэкIауэ зэхэт шабзауэхэм захуигъэзащ Ашэрэд. – ФутIыпщ!

Мэуэтыдзэм и шуукIэр пигъэщхъыу, хэщэщащ шабзэшэ мин бжыгъэхэр. Ащырыдзэм и зэхуэдитIымрэ кърауштa аслъэныжьхэм я нэхъыбапIэмрэ зауэ губгъуэм Iуащхьэу къыщызэтранами, мэуэтхэми хэщIыныгъэшхуэ яIэт. МыувыIэжыххэу къытракъутэ шабзэшэм куэд дыдэ зэрырихынур къыгурыIуэри, Алэдамэ и джабэм кIэрыщIа гъуо кIэщIым щэнейрэ ипщащ. Абы къикIыр псоми ящIэрт: мэуэтыдзэр икIуэтыжу арати, зыкъагъэзащ. Ашэрэди и дзэм къыхэнэжар ириджэжащ, пшапэ зэхэуэгъуэм мэуэтхэм къакIэлъыпхъэрыну темыгушхуэу.

Шэтыр щIыхьэпIэм деж щызэщIагъэна мафIэм пэрыст мэуэтыпщыр, и уIэгъэхэм цIыху иримыгъэIусэу, езым зэщIипхэжу.

– ЗинэкIэ къалъхуам и бзаджагъэр плъэгъуа! ХьэкIэкхъуэкIэ мэжэлIа къытхиутIыпщхьащ! – губжьым зэщIищтати, и Iэпкълъэпкъыр зэрешари, уIэгъэхэр зэрыузри акъылкIэ къыгурымыIуэжу щыст Алэдамэ, и дзэпщым худэплъейуэ.

Мэуэтыпщым и щхьэц фIыцIэм къыхэж пщIэнтIэпсыр, и натIэмрэ нэзэрыхъэмкIэ къежэхыжмэ, и напэм кIэрыгъуа лъыр къигъэщIытэрэ, ткIуэпс плъыжьу и жьэпкъыпэмкIэ къыпыткIужу щыст, ину бауэу.

– Куэд тхэщIа, Уэзрэдж?

– Мэуэтыдзэм и Iыхьэ щанэр диIэжкъым, зиусхьэн! – кIэщIрэ гурыIуэгъуэу жэуап итащ дзэзешэм.

ЛIы пащIапцIэ нэ фIыцIэм и нэпкъ лъагэхэр еупщIэтэкIауэ, Алэдамэ и пащхьэ къитт. Дзэпщ псыгъуэ лъагэм и бгым илъ джатэм и Iэпщэм Iэ сэмэгур телъу, и Iэ ижь едзыхам лъыр пыткIуу зэфIэтт, уIэгъэ бжыгъэншэхэр телъми, ар къехьэлъэкIыу и пщым зыкIи зыкъримыгъащIэу.

– ЗыкъамыщIэж щIыкIэ тедмыгъазэу хъунукъым. Ахэр куэдкIэ нэхъыбэщ. ЩIалэр дэнэ щыIэ? – къекIуэлIэжагъащIэрэ, гу щимыхуэу кърищэжьа и бын пажэм зэрыхуэгузавэр къыдалъагъумэ, фIэемыкIуу, жиIащ пщым.

– Узыншэщ, зиусхьэн. Моуэ, Iэгъуэблагъэм щыслъэгъуа къудейщ, – абдеж щыхузэфIэкIынур арати, пщым и гур а зымкIэ игъэпсэхуащ Уэзрэдж.

– Напэтех! Сэ зэрысщIэжрэ, нартыдзэр етIуанэ икIуэту аращ, – увыIэжыфыртэкъым Алэдамэ.

Мэуэтыпщым и щхьэр игъэкIэрахъуэри, мафIэм щхьэщагъэува шыуанышхуэмкIэ къагъэва мылыпсым хъыдан хикуэщ, икъузыжри, и напэр быдэу зэпилъэщIыхьащ:

– Нэхущым ирихьэлIэу хьэтхэр къэмысмэ, дэр-дэру иджыри зэ дакIэлъыгъуэзэжынщ ащырыдзэм. Езыхэр япэу къыттеуэмэ, фIы щIэтхынкъым. Мы сэ слъэгъуар дзэ лъэщщ... КIуэ, Iэзэ зыкIэлъыгъэплъи, къэгъэзэж, дэ иджыри унафэ тщIын хуейщ. ЩIалэми къысхуеджэ.

ЛIы псыгъуэ къамылыфэм и щхьэр ищIри, шэтырым щIэкIыжащ.

Алэдамэ къыгурыIуэртэкъым хьэтыдзэм апхуэдизу зыщIиIэжьар. Цэпкъ[1] деж хьэтхэр псым къикIыу, зэрыпхъуакIуэхэм ищхъэрэкIэ къащытеуэн хуеящ. Зэхуагъэува пIалъэм щыфIишым, ащырхэм лъэмыжыр нащIысыпэ, жиIэри, бийр Фырат иримыгъэкIыу, мэуэтыдзэр теуауэ арат. Иджы зэрыпхъуакIуэхэм я лъэр щIаудащи, Алэдамэ щогугъ хьэтхэми замыгъэгувэну, Хьэтейм ирамыгъэхьэу, ащырхэр Къаркъэмыш деж щызэтраукIэну.

– СынодаIуэ, зиусхьэн! Укъызэджат? – адэр тегупсысыкIауэ, щIалэр зэрызэхимыхыр къыгурыIуэри, и макъым мащIэу зригъэIэтащ Дыгъэмыс.

Алэдамэ абы къыхуеплъэкIащ. ЩIалэр, дауи, уIэгъэ защIэт, ауэ узэрыгузэвэн дыркъуэшхуэ телътэкъыми, адэм и гур псэхужауэ, и щхьэр ищIащ.

– Сыноджат. Дауэ къыпщыхъуа япэ махуэр? – хуиту зэпсэлъэн щIэдзэн хуейти, щхьэусыгъуэфI къигъуэтат адэм.

[1] Цэпкъ – Хьэт къэралыгъуэм къуэкIыпIэмкIэ щиIэ щIыналъэ.

– Ди Iуэхур щIагъуэкъым, – щIалэщIэр мы Iуэхум зэрегупсысагъэххэр наIуэт.

– Сыт абы къикIыр? – Алэдамэ къэуIэбжьами, щIалэм зыкъримыгъащIэу къыхуеплъэкIащ.

– Хьэтхэм загъэгуващ. Щхьэусыгъуэншэу утыку дыкъранэнутэкъым абыхэм. Ауэ щыхъукIэ, зы шынагъуэ гуэр къащыщIауэ арагъэнущ.

– Пэжщ. Ауэ сыт къащыщIар, сытым къызэтригъэувыIа?! КъызгурыIуэркъым, – и дамэ лъэныкъуэр дригъэуейри, и щхьэр игъэкIэрэхъуащ Алэдамэ.

– ИтIанэ, зиусхьэн... Ащырхэм я лэжьыгъэр ямыгъэувыIауэ, лъэмыжыр тралъхьэ. Ныжэбэ зыдмыIэтмэ, псым икIынущ. Нэху щыху дежьэмэ, дыхущIегъуэжынщ. ЗымащIэщ къахуэнэжар. Унафэ зыщIыр уэращ, зиусхьэн. ЗауэлIхэмрэ нэрыбгейхэмрэ зэрешари къызгуроIуэ, ауэ, икIэщIыпIэкIэ датемыуэмэ, ахэр псым зэпрыкIынущ.

– Сэ абы тIасхъэщIэх сутIыпщакъым. Уэ ар дэнэ щыпщIэр? – щIыIэ-щIыIэу и гум зыгуэр къэкIауэ, щIоупщIэ пщыр.

– Слъэгъуащ...

ЩIалэр щхьэзыфIэфIщ, ерыщуи фэ тетщ. Езыхэри апхуэдэу щытакъэ: Алэдамэрэ Удынэрэ. Быныр бгъасэкIи, умыгъасэкIи мыхьэнэ иIэкъым. Сыту жыпIэмэ, лъыр къытекIуэу къыщIэкIынущи, къэзылъхуахэм ещхь хъужынущ, дауи щIы! Ауэ щыхъукIэ, Алэдамэ и щIалэ пажэм еныкъуэкъун хуейуэ къыщыхъуакъым. Бын ущимыIэм деж а псори зэхуэбгъэхъуну урихулIэркъым, узыщIигъэгупсысыкIыжыркъым. Уи щхьэм илъыр нэгъуэщIщи. ИужькIэщ, щIэблэ къыпщIэхъуа нэужьщ, шынэмрэ гужьеигъуэмрэ зищIысыр щызыхэпщIэр, уэ уи нэгу щIэкIа псори бгъэхъари абыхэм дежкIэ шынагъуэу къыщыпщыхъур. Ауэ, быным зэ IэщIэбудынщ и гукъыдэжыр, етIуанэу IэщIэбудынщи, ещанэм и щхьэр ирихьэжьэнщи, уи дамэ лъабжьэм щIэкIынщ, е зыщIригъэхынщи, зыми имыIысу къыпхуинэнщ. ТIури щIагъуэкъым, ауэ а тIум языхэзым иримыхулIэн папщIэ, Алэдамэ зыгуэр жиIэн хуейт. Хэплъэщ-хэплъэри:

– Дэгъуэщ, щIалэ! Дэгъуэщ. Ауэ, дяпэкIэ Уэзрэдж е Ассей жеIэ уздэкIуэр. Сэ уи анэм узыншэу ухуэсшэжыну псалъэ къыспихащ, – арэзыуэ и щхьэр ищIри, пыгуфIыкIащ адэр.

ЩIалэми и щхьэр игъэщхъри, пищащ:

– Зиусхьэн, сэ зэрысщIэмкIэ, ащырыдзэр куэд дыдэ мэхъу. Хьэтхэри дэри дызэхэту, тIукIэ нэхъыбэнущ. Ауэ, апхуэдиз щыслъэгъуакъым сэ мыбдеж. Дауэ уеплъырэ, и нэхъыбапIэм ищхъэрэкIэ драмыгъэзеяуэ пIэрэ?! Нехауэ щытатэмэ, дызэрихьэлIэнут. Хьэтхэм зыщIаIэжьари арауэ къысщохъу – ищхъэрэкIэ зауэ щаубламэ, дынэмысу хъунукъым.

Алэдамэ и гуапэ хъуат ныбжькIэ щIалэ дыдэми, мыр и япэ зекIуэми, Дыгъэмыс лIы ирикъуу Щэуей зэригъэсар. ЩауэщIэр щIыкIафIэт, гупсысэ куу иIэт, жыжьэрыплъэт. Апхуэдэ бын къыбдалъагъуну сыт и уасэ!

– Пэжщ жыпIэр. Апхуэдэ дыдэу сегупсысат сэри. КуэдкIэ нэхъыбэн хуеящ ащырыдзэр. КъызэрыщIэкIымкIэ, мыбыхэм дакъе-

щакIуэурэ, нэхъыщхьэм дытрагъэплъэкъукIащ: дэ ащырыдзэр зэхэткъутэ ди гугъэжу дакъытеуа щхьэкIэ, дыкъагъэпцIауэ къыщIокI! ИщхъэрэкIэ хьэтхэр щызэтраукIэ! Ар дауэ тIэщIэкIа?! – пщым и нитIыр къыщихуауэ щIалэм къыхуеплъэкIащ, алъандэрэ хузэхуэмыгъэхъуа гуэрым и щхьэр нэса нэхъей.

– Аращ. Ашэрэд Мэтэнейм къыщикIкIэ, япэу зыIущIэну щIыналъэр Къаркъэмышти, абы дыщыгугъащ. Мыхэр ищхъэрэIуэкIэ дэкIуейуэ, быдапIэм дыхьауэ къыщIэкIынущ. НэгъуэщI сщIэркъым узэрегупсысынур, – щIалэм ахэр куэд щIауэ зэрызэпишэчыр нэрылъагъут.

Алэдамэ къыщыщылъэтым ирихьэлIэу, шэтырым къыщIэуващ Уэзрэджрэ нэжьгъущIыдзэхэм я гъуазэмрэ.

– Уэзрэдж! Ассей, мыдэ фыкъэкIуатэт псынщIэу, – пщыр етIысэхыжри, и дзэзешэмрэ нэрыбгеймрэ яIуплъащ. – Нышэдибэ лъандэрэ ащырыдзэм дезауэ ди гугъэу дызэхэт щхьэкIэ, биидзэм и нэхъыбапIэр къэтщ.

– Ар дауэ?! Дэнэ здэщыIэр? – къэуIэбжьащ ещIэкъуауэу къыщIыхьа нэрыбгей щхьэц фIыцIэр.

– Иджы къызгурыIуащ дыщызэгурыIуа махуэм хьэтхэр къыщIэмысар, – и щхьэр игъэкIэрахъуэри, щэтащ Уэзрэдж.

– Дыгъэмыс зэрыжиIэмкIэ, ащырхэр къызэтемыувыIауэ, мафIэ пыгъэнакIэ, лъэмыжыр нагъэс. Пщэдджыжь ащырыдзэр псым икIынущ, ныжэбэ датемыуэмэ, Уэзрэдж. ИщхъэрэкIэ хьэтхэр щызэтраукIамэ, мыхэр къэралыгъуэм хуиту идгъэхьэмэ, сыт и мыхьэнэж мэуэтхэр дыкъыщIежьам? Зауэ тхьэрыIуэм депцIыжамэ, сыту тщIыну ди джатэжьхэр? – пщыр къытехьащи, зыхуэмышыIэжу и макъым зрегъэIэт.

Абы и щхьэр фIиудыжырт, а псоми нэхъапэIуэкIэ зэремыгупсысам, ащырхэм закъызэригъэгъэпцIам щхьэкIэ. Алэдамэ и кIуэцIыр ижьыкIырт, и пIи изэгъэжыртэкъым. ЗыпIэтынущи, уIэгъэ зыгъуэтар куэдщ, дзэм зигъэпсэхужакъым, шыхэри аращ. ЗамыIэтщи, бийр тепыIэнукъым.

– Апхуэдэ Iэджэми дыкъелащ, зиусхьэн. ИкIэщIыпIэкIэ зыдгъэхьэзырынщ, – жиIэри, и щхьэр ищIащ Ассей.

– Жэщу дазэрытеуэнури нэхъыфIыххэу къыщIэкIынщ: зэрыгъэгужьеинущ, – арэзы техъуащ дзэпщри. – Ауэ зауэ губгъуэм къидна хьэдэхэр къетшэлIэжакъым, уIэгъэ хъуахэр къитха мыхъумэ. Абы я гущIыIум дауэ дрикIуэн?!

Алэдамэ ар щызэхихым, и гур къиузыкIам хуэдэу, и нэгур къызэкIуэкIащ.

– ДакъыпекIуэкIынщ. КъуэкIыпIэмкIэ дыкъекIуэкIынщи, дахэлъэдэнщ ащырыдзэм. Апхуэдэу нэхъ тыншыххэ хъунущ. ЩыхупIэм едгулIынщ, здикIуэтын ямыIэу. Ди Iуэхур нэхъ къикIынущ, дынэхъ мащIэми, – щэху дыдэу къэпсэлъащ алъандэрэ щыму лъэныкъуэкIэ щыта Дыгъэмыс.

– Пэжщ щIалэм жиIэр, зиусхьэн. Ащырыдзэр лъэмыжым икIын папщIэ, хуэм-хуэмурэ егъэзыхыгъуэм ехыу, псыхъуэм дыхьэн хуейуэ аращи, зэрыгъэгужьеяуэ зэрехьэжьэмэ, ар куэдым я кIуэдыжыпIэ хъунущ. Я шуукIэм мафIэ топ хэдгъэлъэдэнщи, шыхэр щтауэ зэрехьэжьэ-

нурэ, а къуэм псэууэ зы цIыху къыдэкIыжынукъым, – арэзы техъуащ дзэпщыр.

– Нобэ фIыщIэ пхуэсщIыну узгъуэтыжакъым, щIалэфI! ГъащIэ кIыхь ухъу, – Дыгъэмыс дежкIэ къеплъэкIри, щхьэщэ ищIащ нэрыбгейм.

Пщыкъуэр укIытауэ, щыпкъэу и щхьэр мащIэу игъэхъеящ.

– Ащыр хьэкуэстэгухэм ящыщ зы къыстеукIуриери, си лъакъуэр щIиубыдат, зиусхьэн, – пщыр, фIэгъэщIэгъуэну къыщыIуплъэм, жиIащ Ассей. – НэжьгъущIыдзэхэм я гъуазэр фиIэжтэкъым, Дыгъэмыс мыхъуамэ. Си щIэлъэныкъуэр зэ пхъуэгъуэм гуитхъынти а къысщхьэщыува джэду щхьэ бацэм. ЩIалэр къэсщ, хьэкIэкхъуэкIэм бжыкIкIэ кIуэцIыпыджэри, ажалым сыкъыIэщIихащ. Пелуану къыпхущIэкIащ уи щIалэр, зиусхьэн – хьэкуэстэгур иIэтри, сыкъыкIэщIилъэфыжащ. Тхьэм къытхуихъумэ!

А псалъэхэр щызэхихым, мэуэтыпщым и губжьыр мащIэу щхьэщыкIащ. Дыгъэмыс и напIэр едзыхауэ щытт, зэпIэзэрыту, и нащхъуэхэр игъэпщкIуу, и адэм и пащхьэ иту къызэрыщытхъум иримыарэзыуэ, и Iупэр зэтрикъузэу.

– ИIэ, Уэзрэдж. Ассей. ФыкIуэ, зывгъэхьэзыр. ЩIалэм къызэрыхилъхьам хуэдэу тщIынщ, – и щхьэр ищIащ мэуэтыпщым.

ЦIыхухъухэр щытхъу псалъэм щIэфыгъухьами, нэрыбгейр щIалэм зэ хуеплъэкIыжри, пыгуфIыкIащ:

– Афэрым!

Жэщыбгым ирихьэлIэу мэуэтыдзэм къыхэнэжам зиIэтщ, зэрыжаIам хуэдэу къуэкIыпIэмкIэ екIуэкIри, тIыси псэхуи ямыIэу, бжьэм хуэдэу лажьэу зэхэт ащырхэм я щIыбагъ къыдэуващ. Мэуэтыдзэм хьэлэчыр халъхьарэ, закъыхуэмыщIэжауэ зэхэсу и нэгу къыщIигъэхьэрт Ашэрэди, апхуэдэ жьышхуэ къыхукъуэуну и гущхьэ къэкIыххэртэкъым. Псым икIыным зымащIэ тIэкIу фIэкIа къэнэжатэкъыми, къэхъуа щыIэкъым жыхуиIэу, махуэм и нэгу щIэкIа зэхэуэр щыгъупщэжауэ, лэжьакIуэхэм ящхьэщытт Ашэрэд. Ащырыдзэр, хуэм-хуэму бгым къыдэкIыурэ, ныджэм щызэхэувэрт, гъуэгур зэрызэIуахыу, Хьэтейм и къуэкIыпIэ щIыналъэм зэрилъэдэным хуэдэу.

– Сыт хъыбар? – жьы уаер щызэприху псыхъуэм дэт пщыжьыр щIэх-щIэхыурэ къызэплъэкIырт.

– Щэхущ! Шынагъуэ щыIэкъым, – жэуап ятыжырт бгыщхьэм хуэм дыдэу къызэрехьэх зауэлIхэми.

ЩIыр зэгуэхуу мафIэпс къыдиутхыкIам къилыпщIауэ къыщыхъуащ Ашэрэд, бгыщхьэмкIэ зэрыгъэкIий макъым зыкъыщиIэтым. Къуэм дэт ащырыпщыр гужьеяуэ ищхьэмкIэ дэплъеящ. МафIэ бзийр пылъэлъу мо кIыфIым къахэлъэда хьэуазэ топхэм щыщтэри, шыхэр зэрехьэжьащи, яхуэмыубыдыжу, бгы задэм къощэщэх. Фырат адрыщI къыщыхуэсэбэпыну Ашэрэд апхуэдизу зыщыгугъа хьэкуэстэгухэр зэпкърыщэщурэ къуэм дощащэ. Зэрыгъэгужьеяуэ къыщIэпхъуа зауэлIхэри гъатхэпэм къех уэм хуэдэу, бгыщхьэм къелъэлъэхырт. Ащырхэм я жэщтеуэу, щэхуу къебгъэрыкIуа мэуэтыдзэм къиутIыпщ шабзэшэ мин бжыгъэхэр вагъуэ ижым пылъэлъ дэпу къахэщащэрт зэрыпхъуакIуэхэм. Iэгъуэблагъэри псыхъуэри нэхушхуэ къэхъуащ,

ихъуреягъкIэ мафIэст. МафIэ топхэр мыувыIэжу къахэлъадэрти, гу хъыринэхэм ираубыдэжа аслъэныжьхэр шынауэ гъуахъуэрт, шыхэм я сокумрэ я кIэмрэ мафIэр щIэнащи, псэущхьэхэр гужьеяуэ, здэкIуэр ямылъагъужу, зожэ, Iэгъуэблагъэр зэщIачэу щыщу.

– ФыникI лъэмыжым! Псыхъуэм дэту хъуар зэрыщыту фыникI лъэмыжым! – Ашэрэд шэсри, и макъым къызэрихькIэ къэкIиящ.

Пщы къамылыфэр, и блыгущIэтхэмрэ зауэлI мардэрэ[1] щIыгъуу, теуващ лъэмыж нэмыщIысам.

– Лъэмыжыр нагъэсакъым, зиусхьэн, псыри щIыIэмылщ. Дыхэлъэми, дыкъелынукъым! Дрихьэжьэнущ, уэрыIуэу къокIуэ, – идэркъым Арапхъэм и тетым.

– Мы къуэм дыкъыдэнэми, мэуэтхэм дакъелынукъым! Нежьэ, – къызэкIуэкIащ Ашэрэд.

Мэтэнейм и дзэпщыр шым елъэдэкъауэщ, япэ ищщ, лъэмыжым техьэри, къызэтемыувыIэу икIи къызэмыплъэкIыу ирикIуащ. Лъэмыж нықъуэщIыр щиухым деж, адэкIэ кIуэн имыдэу, шы щтам кIэбдз лъакъуитIым тету зыщиIэтым, дзэпщым абы щIопщыр трикъутэри, псым хигъэпкIащ. Мыдрейхэри абы и ужь иуващ.

МафIэмрэ щыхупIэмрэ къела ащырыдзэр мэуэтей шабзэшэхэмрэ джатэжьхэмрэ ирахыу, нартхэр нэпкъым къыщыщхьэщыхьэм, и лъабжьэр гуIэгъуэжьт: биидзэр ныджэм щызэхэлът, мафIэпс къежьэу, бгыщхьэм кърилъэсэхам хуэдэу. Ащырхэми апхуэдизрэ тралъхьа лъэмыжым е езыхэм мафIэ щIадзэжа, мэуэтхэр якIэлъымыпхъэрын папщIэ, е мафIэтопхэм пылъэлъам зридза... Дрисейрт!

КъуэкIыпIэмкIэ нэхулъэм зыкъыщызэкIэщIитхъыу, тхьэмбылыфэ къыщыхъум ирихьэлIэу бгыщхьэм къытенар мэуэтхэм я закъуэт.

– Ныдэвгъэзей иджы! Нэхъ псынщIэIуэу, – Алэдамэ щэхуу и дзэзешэм зыкъыхуигъазэри, нартыдзэм зиукъуэдиящ.

*КъыкIэлъыкIуэнущ*

[1] Мардэ – мыбдеж: батальоным хыхьэ дзэ пакIэ (ротэ).





# ХЬЭТУ Пётр

## ДИ ЛЪАХЭР

Ди лъахэм и дахагъэр зымылъагъур
гущIэгъур зыхуэщIыпхъэхэм ящыщщ…
НалкъутналмэскIэ къищIыкIащ лъэс лъагъуэр,
мес, шыщIэм губгъуэр зэхежыхь, мэщыщ…
Псыхъуэжьым адкIэ мэзыр щоуфафэ,
ущIыхьэм, таурыхъищэ къыщIэпхынщ,
мыдкIэIуэ щиху сатырхэр пфIощIыр къафэу,
макъамэр, щIэдэIукIи, зэхэпхынщ.
ГуфIэгъуэр и нэгу илъу дыгъэ нагъуэм
сырымэу жэщ щхьэтепхъуэр, мес, зытрех…
Пэж дыдэу, щихухэм, феплъыт, загъэщIагъуэ,
гъуэз дыжьыныфэр нуру къащхьэщех, —
акъужьыр щабэу тхьэмпэхэм ирожэ,
защимыгъэнщIу, гуапэу ядоджэгу…
А псом ятхьэкъур си псэр, сигу яхуожэ:
ди лъахэм и дахагъэр щIэтщ си нэгу…

## НАСЫП

Мынасыпу жыIэ пщэдджыжь пшэплъ дарийр,
дыгъэ бзий гуакIуащэу лъагъуныгъэ бзийр;
погуфIыкIыр анэр — дыгъэщ и сабийр,
агъэбыгъи хъуауэ, ещIыр лъабэдий;
мынасыпу жыIэ щIасэм и ба IэфIыр,
гъуэплъ хъужауэ бжьыхьэм и тыхь гуапэ уэфIыр;
мынасыпу жыIэ бзур зэрыбзэрабзэр,
мы дунейр мамыру уафэр зэрыкъабзэр;
мынасыпу жыIэ, уиIэу узыншагъэ,
бэм сэбэп уахуэхъурэ щхьэпэм уи IэщIагъэр;
мынасыпу жыIэ, лъахэ, жьэгу уиIэну,
лъэпкъыр фIыщэу плъагъуу псэкIи зыхэпщIэну...

## АДЫГЭ ФАЩЭ



Адыгэ фащэу щытхъур зи бащэ,
Гуащэми пщащэми екIуу ящыгъ,
Шууейм Iуэху щIэгъуэм ипкъ зыгъэлъащэ,
Мы дунеижьым утыкур щыпIыгъщ.
Уэ укъыщожьэ Адыгэ хабзэр,
Ди лъэпкъ Щэнгъасэр къыщежьэ лъахэм,
Хамэ бзылъхугъи лэныстэ игъабзэу
Къигупсысакъым уэр нэхъ нэхъ дахэ.
ЩIалэ къуданхэм хуэфIу Iэпкълъэпкъым
УщатIэгъамэ —Iэгур хуаIэтыр,
Нэхъ хьэлэмэтыр — лъэпкъ зыгъэлъэпкъыу,
Хамэм ефIэкIыу уэрщ уафэм щIэтыр.
Уэ ущахыжми, щыгъын фIэдзапIэм
Укъэпсэлъэным хуэдэу уфIэлъщ,
Уэри псэ пхэлъщи, уэр нэхъ нэхъ лъапIи,
Пхуэди щымыIэу, ди псэм ухэлъщ.
Уэ ущыIэхукIи адыгэ щыIэнущ,
Бзэри мыкIуэду «фащэ» жаIэнщ,
Уэ урагъуазэщи щIэблэ къэкIуэнум,
Я мурадыфIхэри дахэу зэщIэнщ.

## ЦIЫХУБЗЫМ ТХЬЭМ КЪЫХУХИХАР

ЩIытетыр сыт цIыхубзыр мы дунейм?
Дзыхь хуащIу, и пщэ Iэджи далъхьэ —
Къулыкъу... Унафи ирагъэщI, ухуейм,
Уэрэди гуапэу хузэхалъхьэ.
Ар анэщ, пхъущ... Ар Сэтэнейщ,
ИкIи Iущыцэщ, Мэлэчыпхъуу,
Ар унэгуащэу псом ялейщ,
Ар ныси мэхъу е ябжыр шыпхъуу.
Ауэ нэхъыщхьэу Тхьэм къыхухихар
Сабий къэлъхуныр — а къалэнырщ,
Хэмылъу шэч, и натIи къритхар —
Мыбэлэрыгъыу лIы хъумэнырщ.
Ар анэщ, пхъущ... Ар Сэтэнейщ,
ИкIи Iущыцэщ, Мэлэчыпхъуу,
Ар унэгуащэу псом ялейщ,
Ар ныси мэхъу е ябжыр шыпхъуу.



## ДАДЭ И ЧЭНДЖЭЩХЭР

1

Сыт къуамыщIами, хъийм уимыкI,
гъэIэсэ губжьыр, къуэш, бзэрабзэ,
щыт нэхъ губзыгъэу — пыгуфIыкI,
мы гъащIэм иIэщи зы хабзэ:
уи губжь-уи Iей къыббгъэдэкIам
уи деж фIэкIыншэу къегъэзэжыр,
вы бжьакъуэм еуэ къыхэкIам,
пщыгъупщэжам, уегъэгуIэжыр;
телъыджэу къыпщыхъунщ дунейр,
хьэжэпхъажэным укъыхэкIмэ,
къэпщIэнщ блэкI псори зэрылейр,
уэ фIыри Iейри зэхэбгъэкIмэ;
зыIэти, уи щхьэм пщIэ хуэщIыж,
фIым удэплъеймэ — уафэр къащхъуэщ,
бгуэшыну уи фIыр пщIам гупыж —

уи гъащIэ-псыри шэджэнащхъуэщ;
уи IэфI-хуабагъэр цIыхум ет,
уи псэ-къаруми уемыблэжу,
ептам, щIыгъужу фIыщIэр: «хьетщ!»,
уи деж фIэкIыншэу къегъэзэжыр.

2

Гур здэплъэм уи лъэр нэмысамэ,
уэим пщыхъужу, зумыухыж,
насып щагуэшым къыплъысар уэ
мис арагъэнщи — ууеижщ;
махуэщIэм IущIэ, бгъэщIэгъуэжу,
хуэпщIыжу фIыщIэ къыпхуищIам,
IуэхуфIхэр щIэ, ущIемыгъуэжу,
хупыгуфIыкI узыIущIам;
уэ пхуэмыфащэ зыщумыкъуэ,
уи фащэрщ уэкIури — ар зехьэж,
зыхыумыгъаIуэ ущхьэныкъуэу,
уэ уи тIысыпIэр зэгъэщIэж;
уэ уумей — умыщIэ-пщIэжми —
ухэIэбамэ, уи Iэр щIех,
уэ батэр бгъэшу уи гугъэжми,
абы зэреджэр — напэтехщ.

## ФЭЕПЛЪ

Аргуэрыжьу Бжьыхьэм зегъэщIагъуэ, —
теплъэгъуафIэщ, щIы, ухуеймй, сурэт...
Сэ сытетщ си адэм пхиша лъагъуэм, —
«щыхэпща» щIыпIэжьхэм сэ сыхэтщ.
Мы мэз лъапэм, здэщытам и пщыIэр,
джафэт щIыри, удз къытекIэжащ...
Си гур ину къоуэ, темыпыIэу, —
гъэ блэкIахэр си гум къэкIыжащ.
Мы щIыпIэжьхэр гуапэу къызопсалъэ,
адыгэбзэ дахэ яIурылъщ,
зэхызох, содаIуэ я пшыналъэм,
къызгурыIуи сфIощIыр я гурылъ.
Къэудж щIыкIэу, пшэплъыр мэщэнауэ,

гуэлым тоджэгухь и бзий къэнар…
Мы щIыпIэжьхэр схуэбгынэнкъым, хьэуэ,
сядэм и фэеплъу къысхуэнар…

## УДЗ ГЪЭГЪАМ СОПСАЛЪЭ

Си нэхунэу удз гъэгъам сопсалъэ,
Хуабэу, щабэу, гуапэу Iэ дызолъэ.
Сызэхихыу сфIощIыр сэри дахэм,
Къыспэджэжу псы хуэлIа и налъэр.
Псэ зыIутым щхьэж иIэжщ и пIалъэ,
Зи псэ жыгъейхэм Iузэщ, чэнжщ я пщалъэр,
ЗыхэпщIэну мыемыкIу псэ къабзэу махэр —
Удз гъэгъам — щIызокIэ псы — сопсалъэ.

## БЖЬЫХЬЭ ТХЬЭМПЭХЭР



Бжьыхьэр уэфIщи, жьыр къепщэн мэщхьэх,
Тхьэмпэр земылъатэ — заущэхуащ,
Ипщэ лъахэм кърухэр зэрохьэх,
Я джэ макъым тхьэмпэр яхьэхуащ.
Къыпыхуари пытри хъуапсэнэгущ,
Кърухэм я псэхэр кIэлъыпхъэращ,
ПлъапIэу яIэр — хуит щыхъунур — уэгущ,
Жьапщэм гукIэ щIеджэри аращ:
«Къепщэ, къепщэ, жьапщэ, къепщэ, ей,
Ди пкъы хуадэм псэщIэ къыхэлъхьэж,
Къру лъэтэжхэм дыщIэгъэхьи, ей,
ГъадэщIыдэ гъуэгу дытегъэхьэж!..»

## ХУР НЭХУНЭ

Бжьыхьэр къокIуэ, бжьыхьэр къосыр — Хур Нэхунэр,
СыщIишынущ абы, сощIэ, сэ си унэм,
Мэз дыщафэм схулъэмыкIыурэ сишэнущ,
ГупсысапIэ лъахэ щэхум сыхишэнущ.
Бжьыхьэр къокIуэ, Хур Нэхунэр, бжьыхьэр къосыр,
Уафэм пшэхэр щхъуэ-фIыцIафэу щызэхуосыр,
Дыгъэ фагъуэр къысхукъуоплъ абы я къуагъым…
Сыту пIэрэ къызиIуэкIри мо кIий къуаргъым?

Уи гугъати уи гъэмахуэм кIэ имыIэу,
Уи гугъати упсэуну угушыIэу...
Месыр пщIащэр къыпощэщыр, еплъэкIыжу,
И блэкIар — и зэманыгъуэр — игу къэкIыжу.
Уи гукъеуэр уэшх къешхам илъэсыжами,
Уи псэм узу щыхьэщIар хигъэкIыжами,
УIэгъэжьу хагъуэ гуэрхэр къыхэнаи,
Къыпщигъэхъуу фIыгъуэ гуэрхэм ухэнауэ.
Гум зехузыр, нэр мэплъызыр, псэр мэщатэ,
Жьы еIуящIэхэр къуршыбгъэхэу золъатэ...
ПщIыхьу пIэрэт-тIэ? Гъэмахуэр исыкIаи —
И пшыхь гуапэхэр щыIаи-щымыIаи?
Уи фIэщ хъужырт а Хур Плъыфэр мыкIуэсэну,
Къыпщыхъужырт ар сыт щыгъуи уи гъусэну,
Ауэ, месыр, къуалэбзури мэлъэтэжыр, —
ЩIыпIэ хуабэ, лъахэ жыжьэхэм здешэжыр.
Укъегъанэ ущхьэзакъуэу, ухэплъызэу,
Хьэуа щIыIэр къыхуэмыщтэу уи бгъэм щызу...
Къыпхуоплъыхыр бгы щхьэ тхъуахэри нэщхъейуэ,
Ахэм ящIэ уи гум щыщIэр, псэм щыхъейхэр...
Бжьыхьэр къокIуэ, мис, къэсаи Хур Нэхунэр,
СыщIишынущ абы, сощIэ, сэ си унэм,
Мэз дыщафэм схулъэмыкIыурэ сишэнущ,
Си щхьэм тхъугъэ щIыхидзари къызжиIэнущ.



## БЖЬЫХЬЭ УДЖ

Бжьыхьэ уэфIым и макъамэр,
гур ихузми, мэIур гуакIуэу.
Сэ уэ зыр узимыIамэ,
зым щымыщт дунейм щызгъакIуэр.
Нэщхъей дыдэщ дунеижьыр, —
пщIащэпыхущи — псэр мэпыхьэ...
Уэрщ, уэращ сэ сыщIэхъыжьэр,
мы удж-пыхуми сыщIыхыхьэр...

## БЖЬЫХЬЭМРЭ СЭРЭ

Пшапэр зэхоуэ хуэм-хуэму,
паркым зы цIыху имытыж,

нобэ си закъуэщ аргуэру...
Хьэуэ — сэ сщIыгъущ гукъэкIыж...
Жьыри йохъу-йолъ, зигъэплIабгъуэу,
псоми я щхьэфэ тоухь...
Мазэ дыщафэр, алабгъуэу,
кIарцыжь «ефам» ходжэгухь.
Пкъом фIэлъ уэздыгъэр мэкIыргъыр,
къибжу къулъхуолэ, мэсыс...
Си псэр мыбдеж щызыIыгъым —
сигъэмэхащ — согупсыс...
... Бжьыхьэу хэтар сщIэж си гъащIэм
си гукъэкIыжми хэтынщ,
зыхызагъащIэу нэхъ гуащIэу
си псэм зэриIэр уахъты.

## БЖЬЫХЬЭ ПШЫХЬХЭР



Гъэмахуэм хуэдэу, хуабэщ пшыхьхэр, —
иджыри гуакIуэщ мэзыр, губгъуэр, —
жумыIэм уи псэр тIэкIу пфIишыхьу
кIуэ пэтми пшагъуэ зызыубгъум;
абы къыдэкIуэу гукъэкIыжхэм
ухадзэу нэхъри гупсысапIэм,
уи фIэщу махуэ бгым дэкIыжхэр
зэхэбдзу купщIэрэ куэнсапIэу.
... Мис, пщIащэпыхум къыхэкIауэ,
щхъыщхъыжу Бжьыхьэр мэIущащэ:
«Си дотэ, сыт пхузэфIэкIар уэ?..
Дунейм утетыфа хуэфащэу?..»

* * *

Сыпхуэзэм, уи Iэр субыдынщ
сиIам уэрэду,
Си гукъэкIыжхэр къэлыдынщ,
зэрыджэм хуэдэу...
Иджыри си псэм уэ ухэлъщ
нэхунэ хуабэу,
иджыри ткIуакъым си гухэлъ,
пхуэсщIар нэхъапэм;

бжезмыIэфахэр бжесIэжынщ,
сызэIымынэу, —
си псалъэ щIыхуэр уэстыжынщ,
зыцIыкIу къэмынэу:
ди къуалэбзур кIэлъыпхъэращ
кIуэса гъэмахуэм,
сэ езы дыдэри аращ —
сIэщIокI си махуэр.
Мы бжьыхьэ уэфI къыпхуэмызар
къыпфIощI зэщыджэу...
Сэ дэнкIэ нэр сымыгъэзам —
мэлыд зэрыджэр.

* * *

Зи теплъэр гуакIуэу Бжьыхьэ гъуатIэ,
балигъым и гупсысэ щэху,
уэ сыптхьэкъуныр сэ си натIэщ,
борэныр бжэм къытеуIуэху.
Ауэ ар жыжьэу хы гъуэз къащхъуэщ...
Уэ зэкIэ сыткIи узэкIужщ, —
бгъэзащIэу и унафэр Уащхъуэ,
уи пIалъэ гъуэгур къыбокIуж.
ЩIыуэпсым сытри щIэтщ уи хабзэм:
уэлбанэр, уэфIыр, жьы блэжар,
жыг къэпIейтейхэр, бзу бзэрабзэу
хуабапIэ лъыхъуэ ежьэжар...
Сыту сфIэфIыIуэ гъуэплъ-гъуэжьыгъэм
нэр щIэзукъуанцIэу сыпхыплъыну,
уи уафэ къащхъуэ-уафэ бзыгъэр
си псэм щызгъафIэу изгъэлъыну...
Сэ сеузэщI уи жумартыгъэм,
бжызоIэ: берычэт бесын!
Си дэрэжэгъуэу а уи тыгъэр
зыхэзыщIэнми лъызгъэсынщ.

## ГЪЭР IЭДЭБ

Дыгъэ нэбзийхэм псэр ягъафIэу,
сэ сфIэфIщ псыхъуэжьым сыдэсыну;

сощIэж щIыуэпс сфIэлъагъугъуафIэм
си махуэри зэригъэсынур...
Къатхъэнсолыкъум, хьэцыбанэм
жьы тIэкIу къыкъуэухэр ходжэгухьыр,
къыпфIэщIу мафIэ зэщIэнарэ
щызэтрисхьэну гъуей къэухьыр.
Уплъамэ адкIэ — гъуэплъщ мэзыщхьэр,
бгы щхьэхухэм бзийхэр щыхисхьэжу;
гукъани щыхъэркъым си гущхьэм,
къысщохъу бий лъэпкъи симыIэжу.
Щыджэгу бдзэжьейр къыхэлыдыкIыу,
йожэхыр псыр, къыздэуэршэру...
Сызэрыпсэум сыщогуфIыкIыр,
щIыуэпсым щытми сригъэру.

* * *



СыныбжьыщIэ фIэкI умыщIэу,
гур къилъэту, си лъэр щIокI,
сиIэтыжу си гурыщIэм,
гъуей телъыджэм сэ сыпхокI...
ЗыпщызгъэнщIыркъым, мэз лъахэ,
сыту куэдрэ сыкъэта!..
Зэхызох макъамэ Iуахэр,
таурыхъищэм ящIэтар...
Зэи сэ спкърымыкIыжхэу,
зыгъэхуабэр си псэ жар
гукъэкIыжхэрщ... ГукъэкIыжхэм
сэ мыбдеж сыкъашэжащ.

* * *

Нэхущыр къулъшыкъухуэплъэщ,
нэхъ щIыIэтыIи хъуащ,
гу лъыптэу махуэм хощIыр,
дакъикъэр лъапIэ хъуащ, —
бгъуэтыжкъым хущIыхьэгъуэ,
бжьыхьэкIэм гъащIэр кIэщIщ...
Зэролъэлъыж бэджыхъхэр, —
абджынэхэр солъэщI...

## ПИСЬМО ГЪУЭПЛЪ

Щызэlуздзым ди щхьэгъубжэр,
жьым письмо къысхущlихьащ...
Тхьэмпэр телъщ иджы си стlолым, —
ди кхъужьейм ар къигъэхьащ.
Сыкъеджащ а письмо гъуэплъым:
жыгыр lущу къыщlэкlащ...
Сигъэджалъэу сэ сыхоплъэ, —
гум щlыхьащ къызиlуэкlар...

## ПЩIАЩЭПЫХУ

Хуеплъэкlыжу зыпыта къудамэм,
тхьэмпэу къэнэжар къыпыхужащ,
пщlащэпыху гъуаплъафэм и макъамэр
хуэнэщхъейуэ щlэх ужьыхыжащ;
уафэм щхъуафэу пшэуэ къыфlищlахэм
щlылъэм зеиншафэ къытрагъауэ,
хьэщlэ махуэ жыгыу щlэрэщlахэм
щыгъын гуэри пщlэркъым ящыгъауэ;
жэщкlэ жьы-абрэджыр зэщlофие,
пщlащэр къагъэуджыр, ящlыр джэгу,
пщэдджыжьыпэм псори зэщlодие, —
щlэлъыгъар я набжьэ кlуащ я лъэгу.

## ЖЬЫ-АБРЭДЖЫМ СИ ПСЭР КIЭЛЪОПХЪЭР

Пшэм, темыпыlэжу, жьыбгъэр кlэлъоущыр,
псэри кlэлъопlащlэ махуэ нэху блэкlам...
Бжьыхьэ уэфlым тхьэмпэр елэ-егъэгъущыр, —
сурэтыщl телъыджэм еплъ къыlэщlэкlам!
Сызэрыт жыг хадэр соплъ къызэрыуджым,
тхьэмпэ къыlэпыхур щабэу щlым щогъуэлъ,
си псэри, бзум хуэдэу, кlэлъопхъэр «абрэджым»,
сызэпщlыхьхэр нахуэ хъуну си гухэлъщ.
Пшапэри зэхоуэ, мо вагъуэбэ нэхум
щезэшащ си вагъуэр — ари ункlыфlынщ.
Уафэм щабэ дыдэу кърипхъых щыгъэхум
гъащlэм и телъыджи, и пщlи дэкlуэдынщ...

* * *

Бжьыхьэщ. Жьыбгъэр къызэпхокI щыгъыным,
жыгхэм тхьэмпэ щIагъуэ пымытыж,
хуэдэщ сигури иджыпсту къэгъыным, —
зы хуабагъи псэм имыгъуэтыж.
Си лъэс лъагъуэм къытехащи жэпыр,
цIууэ — мастэ папцIэу — нэр ирещI,
схуэмыхьыжу слъэф си гъащIэ-къэпым
къыхегъахъуэ хьэлъэр, — согумэщI.
Дунеижьым и псэр щIыIэмылу
къызэрысхущцытым и щыхьэтщ:
лъэныкъуабэу псым щещIа къамылу,
сэ схуэмахуэу симыIэж сыхьэт...

* * *



Бжьыхьэ лIыкIуэу Iэзэ-удхэм
тхьэмпэ щхъуантIэр ящIыр гъуэплъ,
щыкIа уэшхым къыпиудхэр
нэпс япыткIуу щIым щогъуэлъ.
МэуфIыцIыр жыгхэр гуIэу,
нэщхъей дыдэу къолъэхъшэх,
къыухэр — кIийми — зэгурыIуэу
щIыпIэ хуабэм зэрохьэх.
Уэрэ дэрэ — дыцIыху пэтми —
дыпсалъэншэщ, дызэбийщ...
Дэ дыпагэщ... Дыинатхэщ,
дыкъиинхэщ, дысабийщ...

ГУ КЪЫЗЭФIЭНЭГЪУЭ

Жьым имыIэ гущIэгъу —
жыг пIыщIар егъэсысыр...
Пшэхэр, бдзапцIэу, уэндэгъущ,
щIым ныбэгукIэ йоIусэ.
ЩымыIауи къыпфIощI
зэманыгъуэ дахащэр...
Нэпс дияхэр солъэщI, —
Бжьыхьэ, тIэкIу схуэгумащIэ.

## ХЪУЭПСАПIЭ

Зехузыр си гум, зыхэсщIауэ
бжьыхьэ нэщхъейм къыщIигъэщар:
мэзэш, жьыуейхэм ятIэщIауэ,
жыг хадэр, бзум ящыгъупщар.
Iумылыр «щыгъми» афэ джанэу,
щихъумэ щIыкIэу щIыIэуейм,
мы си псэ хъуапсэм хуэдэу, дауи,
гуапагъ-хуабагъэт ар зыхуейр.

* * *

Иджыри тхьэмпэр пыхужакъым,
атIэми жэщкIэ щIыIэ хъуащ,
си вагъуэ закъуэри ижакъым,
цIуужу исщ — къысщымыхъуа.

Иджы нэ жану сыжыжьаплъэщ,
гъэ куэд блэкIам сащIакъым нэф,
мо мазэ изу зи нэр гъуаплъэм
акъыл тIысакIэ сопсэлъэф.

Си гъащIэм куэдкIэ сыгугъами,
и ныкъуи лъэр нэзмыхуса,
атIэми псэр щымыгъэгъами
уэрэд нэщхъыфIэхэр сусащ.

Зэран сыхъунуи сигу къэкIакъым,
гужьгъэжьи си гум имылъа,
си махуи пщIэншэу сфIисыкIакъым,
IуэхуфIхэм гъунэхэр ислъащ.





ЛЫКЪУЭЖЬ Нелли

# МЫЩIЭВАГЪУЭ

*Адыгэ псысэхэр зи лъабжьэ пьесэ*

## ХЭТХЭР:

Шыкъумцlий — щIалэщIэ.
Нэжьгъущlыдзэ — гъущIыдзэ зыIут нанэжь, мифологием щыщ персонаж.
Плъыр-дадэ — лIыжь.
Домбей — щIалэ мыжь-мыщIэ.
Щхьэжь — етIуанэ щIалэщIэ.
Дахэжан — щIалэхэм я ныбжьэгъу хъыджэбз.
Уэзрэдж-ябгэ.
Алмэсты пашэ.
Алмэсты хъыджэбз.
Испы — нарт эпосым узыщрихьэлIэ цIыху цIыкIужьей.
Джэду.
ТIы.
Алмэстыхэр, хьэщхьэвылъэхэр, бзаджэнаджэ-нэджэIуджэхэр.

Пщэдджыжьыпэщ. ХэIэжыну и гъуэгу техьэжа мазэм Плъыр-дадэ лIыжьыр къоувэхри, сценэм къохьэ. Зэхэпх къудейуэ, ауэ жыгъыруурэ ар мэфий. ИтIанэ и Iэр зыгуэрым хуещI. Къуалэбзу цIыкIум и макъ къоIу. ЛIыжьымрэ бзумрэ зэм зэпадзыжу, зэм зэдежьууэрэ «ТIыс, дадэ! ТIыс, дадэ! Къоджэ зы бзу...», — жыхуиIэ уэрэдыр ягъэIу. Къуажэ адакъэхэр зэпэджэжурэ маIуэ. Бзу цIыкIумрэ езымрэ я уэрэдым ахэр зэран къазэры-

хуэхъур фIэмыфIу, П л ъ ы р - д а д э макъхэр къыздиIукIымкIэ и Iэр ещI. ДэнэкIи щым мэхъу. Абы и уэрэдыр къыщригъэжьэжкIэ, хьэ банэ макъ къоIу, жэмхэр мэбу. П л ъ ы р - д а д э къыгуроIуэ и уэрэдыр и кIэм зэрынрамыгъэгъэсынур. КъыпыгуфIыкIыурэ, абы и Iэр ещIри, дунейр къызэщIегъэушэ. Зи щхьэкIэр зэгуэгъэза, мэлыщхьэ теплъэ зиIэ баш иIыгъымкIэ, щIым зэрытеуэу, мазэм хэIэжын щIедзэ. Макъ псори зэдежьууэу махуэщIэр кърагъэблагъэрэ пэт, дыгъэри къыкъуэкIыу хуежьа къудейуэ, къыздикIари къыздихуари мыгурыIуэгъуэу, адакъэшым тесрэ Н э ж ь г ъ у щ I ы д з э р и шыплIэм дэсу, У э з р э д ж - я б г э уафэм къолъэтэх.

Н э ж ь г ъ у щ I ы д з э *(Уэзрэдж-ябгэ жриIэу)*. Нелъэдэкъэуэ жысIакъэ сэ. Мы си нэм кхъуэбанэ папцIэу къыщIэуэ вагъуэхэр иджыпстуупцIэ къытIэрымыхьэмэ, сытIэулIэщ. Ущымысхь адакъэш джабэм, уи шырыкъу шыгъэцIывхэмкIэ и фэр итIыкI. КIыфIыгъэрэ фIеягъэрэ! ЩремыIэ дадэ хужь, дыгъэ, мазэ, вагъуэ, дуней нэху!

У э з р э д ж - я б г э. СынодаIуэ, си къэрэкъэшыпэу яшэн къудей. Уэ пщIыр ди унафэщ, бзаджэнаджэрэ нэджэIуджэу дунейм тетым я гуащэ! ЛIэ къыджеIэ къудей, зытлIэжыну дыхьэзырщ!

П л ъ ы р - д а д э, и башыр адакъэш лъэджажэм фIэгъэнауэ, зыкъомрэ ялъэф, итIанэ езыр къыхыфIахуэжри, башыр зыIэрагъэхьэ.
П л ъ ы р - д а д э къэхъуар къыгурыIуат, ауэ Iэмалыншэщ.

П л ъ ы р - д а д э *(и щхьэр фIиудыжу)*. Еууей, мы сэ си жьыщхьэ къысщыщIар...

Уэгум ихьэжа шу зэпэкIэсым яIыгъ башыпэм фIэса МыщIэвагъуэр уафэм къохуэхыж. Ар Д а х э ж а н х э я унэ уэнжакъым йохуэри, пэш ятIэ лъэгум къоджэразэ. Д а х э ж а н деж гъэпщкIупIэ къыщилъыхъуэ хуэдэ, МыщIэвагъуэр абы и Iэщхьэм йолъатэри, и Iэдийм хошыпсыхь. Д а х э ж а н фIэхьэлэмэтщ и пэшым къыщIэлъэтар, ауэ ар зищIысыр къыхуэщIэркъым. Хъыджэбзым и Iэгур иущIмэ, и Iэдийм зэщIэблэу щIедзэ. И Iэгур зэхуищIыжмэ, нэхум зегъэпщкIуж.
ЩIыбымкIэ дзапэ уэрэд къыщоIу. И щхьэ хуэпсэлъэжу, Ш ы к ъ у м ц I и й къохьэ.

Ш ы к ъ у м ц I и й. Сыт, си уэгунэбзу цIыкIу, си ныбжьэгъу закъуэ, укъэуша уэри? Сэри сыкъэушащ. ИIэт, дыздэгъэфийт. Хэт нэхъ кIыхьу мыфиинрэ?

Б з у цIыкIум и макъыр къоIу, къепсалъэ хуэдэ.

Ш ы к ъ у м ц I и й *(тхьэусыхэу)*. Сэ сыджэгуну сыкъыщIокI, зыри къэмыуш щIыкIэ. Ауэ ди хьэблэ щIалэжь цIыкIухэм сызыхагъэхьэркъым. Абыхэм зэрыжаIэмкIэ, сэ сытеплъэншэщ. Мес, Домбей къаруушхуэ хэлъщи, абыкIэ зегъэщIагъуэ. Щхьэжь тхылъ куэд еджащи, узригъэпсэлъэххэкъым. Махуэ псом я пэр зыр зым худрагъэкъейри дэтщ, хэт нэхъыфIми яхузэхэмыгъэкIыу. Сэ абыхэм садэхъун?! СыцIыкIущ, сымахэщ, тхылъи седжэрейкъым. Ахэр къызэрысщыдыхьэшхыр си жагъуэ мэхъу. А псом я щIыIужкIэ —

сыукIытэхщ. *(ХощэтыкI.)* Аращи, абыхэм сахэмыхьэн щхьэкIэ си джэгулIэр пщэдджыжьым изогъэкIри, махуэ псом унэм сыкъыщIэмыкIыу сыщIэсщ. Псэлъэгъуу сиIэр фэращ — къуалэбзухэрщ, дыгъэрщ, вагъуэхэрщ, мазэрщ... Язынықъуэхэм деж къысщохъу мазэм зы лIыжь гуэр щыпсэууэ. Ар, шэч хэмылъу, цIыху гуапэщ. Мэлыхъуэу хузогъэфащэ. Сыту сыхуейт сэ абы сыхуэзэну, сепсэлъылIэну... *(Ар жеIэри, бжьамий цIыкIу къызыкъуехри, епщэу щIедзэ.)*

Д о м б е й р э Щ х ь э ж ь р э къызэрыкъуох. Ш ы к ъ у м ц I и й ахэр къызэрилъагъуу, жыгыщхьэм допщей. ЩIалэхэм зыгуэр зэпаубыдащ.

Щ х ь э ж ь. Сэращ.

Д о м б е й. Хьэуэ, сэращ...

Щ х ь э ж ь. Хьэуэ...

Д о м б е й. Сэращ, жызоIэ.

Щ х ь э ж ь. Сэ сынэхъ губзыгъэщ! Сэращ нэхъыфIыр! Сэращ Дахэжан япэу егуэкIуар.

Д о м б е й. Сэ сынэхъ къарууфIэщ. КIуэ, сэ нэхъ теплъэ сиIэу къыпщыхъуркъэ? Сэращ нэхъыфIыр! Абы къыхэкIыуи, Дахэжан пылъынур сэращ, зо! Игу нэхъ сыдохьэ. Моуэрэ зыкъыумыгъэубэлэцу, дахэкIэ къызгурыгъаIуэт абы къыхихар сызэрыарар...

Щ х ь э ж ь. Уей, уэрмырат-тIэ! Сэ сынэхъ тIасхъэ цIыкIу къыпщыхъумэ, ущоуэ, щIалэ. Сэ тхылъу сызэджамрэ... *(ЗегъэпсчэуIу, и фIагъ гуэр иджыри къигубзыгъыжыну, арщхьэкIэ къыщыхуэмыгъуэтыжкIэ, и гупсысэм зрегъэукъуэдий.)* Уэ еджэкIэ къудей пщIэркъым. УщеджэкIэ «быIшыI» жыпIэурэщ узэреджэфри. А псом къыхэкIыуи, сэращ Дахэжан зыхуэфащэр.

Д о м б е й. Сэ сыкъарууфIэщ, жысIэм къикIыр къыбгурымыIуэмэ, зэхэщIыкI: налыр зы IэгукIэ къызогъэшыф, чырбышыр щхьэбгъукIэ согъэщащэ. Уэ уи щхьэ къэбыр ерагъкIэ къыпхуехьэкIыж къудейщ. Сэращ дахэм игъэныбжьэгъунури, и чэзу къэсмэ, псэгъу хуэхъунури.

Щ х ь э ж ь. Гу лъыпта Дахэжан малъхъэдису хэлъыр зыхуэдизым?

Д о м б е й. Лъыстэу къэнэжа?.. Уей, узыIэпешэм.

ТIуми ягъэпщкIу гущIагъщIэлъ гурыщIэ гуэр зэрызэхуаIуэтылIам хущIегъуэжауэ, зэпщэфыIэу зызэрадз. Д о м б е й м Щ х ь э ж ь зэщIеубыдэри егъэгыз. Щ х ь э ж ь зыгуэрхэр къебж, Д о м б е й р э езымрэ я зэхуаку дэлъ лъабакъуэ бжыгъэр къепщ. ЗыщIыпIэ къурагъ кIыхь къыщегъуэтри, Д о м б е й, зыбгъэдимыгъэхьэурэ, и щхьэм а башымкIэ тоджэгухь.

Д о м б е й. Си щхьэр бгъэузащ. IукI мыбдеж, жысIакъэ, дахэкIэ.

Щ х ь э ж ь. Щхьэр узын щхьэкIэ, куцI илъын хуейуэ хуэбгъэфащэркъэ? Си дзажэр пкъутэ пэтащ, сэ абы ухущIезгъэгъуэжынщ, зэ умыпIащIэ уэ.

Д о м б е й. Дзажэ фIэкIа пхэмылъмэ хэт зи лажьэр?

Щ х ь э ж ь. Дахэжан езым дегъэупщI. Къытхэдэнщи, къыхихым ейщ езыр итIанэ. *(Макъ псыгъуэкIэ маджэ.)* Дахэжа-а-а-н!

Д о м б е й *(макъ гъумкIэ)*. Дахэжа-а-а-н!

Абдежым абджынэ къутэ макъ къоIу.

Д а х э ж а н къафэурэ къыщIожри, унэм и хъуреягъыр къефыхь. Д о м б е й р э Щ х ь э ж ь р э ябгъэдолъадэри, яхуогуфIэ. Абы и дахагъэр нэхъри къыхигъэщу, и Iэдийм нурыр къыщхьэщех.

Щ х ь э ж ь. Дахэжан! Дахэу щыIэм я нэхъ лей!

Д о м б е й. Iыхьы...

Щ х ь э ж ь. Данагъуэ Iупэ, бэрэтIинагъуэ!

Д о м б е й. Iыхьы...

Щ х ь э ж ь. Щхьэцыпэ дыкъуакъуэу, набдзэ зытелъым я нэхъ дахэ.



Д о м б е й. Iыхьы...

Д а х э ж а н. Ахьей, сыдахэ!.. Дахэу щыIэм сралейуэщ зыкъызэрысщыхъужыр! Псом хуэмыдэжу, иджы зысфIэдахэжщ, сыт щхьэкIэ жыпIэмэ, вагъуэ нэгъунэ уафэм къехуэхащ сэ сщIыгъун папщIэ. Феплъыт!

Д а х э ж а н и Iэгур еущIри, и Iэдийр къызэщIэблэу щIедзэ. АпхуэдизкIэ нуру ар маблэри, Д о м б е й рэ Щ х ь э ж ь р э я нэр яуфIыцI.

Д о м б е й. Мыр сыту лъэщ!..

Щ х ь э ж ь. Егъэлеящ! *(Унафэ хуищI хуэдэ.)* ДэитIум нэхъ уигу ирихьыр къыхэхи, къыхэпхам пылъ!

Д о м б е й. ЛыукI къыхэкIыну ухуэмеймэ!

Д а х э ж а н *(дыхьэшхыу)*. Фэ щы фохъу!

Щ х ь э ж ь р э Д о м б е й р э *(зыжьэу)*. Хэт ещанэр?

Д а х э ж а н. Мес.

Ш ы к ъ у м ц I и й жыгым къоджэрээзх.

Щ х ь э ж ь р э Д о м б е й р э. Мыри? *(ШыкъумцIий бгъэдохьэхэри)*. Мыбдеж укъыткIэщIэдэIухьу щхьэ утес? *(И пщафэр яубыдри къаIэт.)*

Щ х ь э ж ь. Мы гъэрибыр[1] дэ къытпэпщIуи?!

Д о м б е й. Мы цIыкIужьеипсэр дэ тхуэбгъадэуи?!

Щ х ь э ж ь р э Д о м б е й р э. Ар дэ дымыдэнщ!

Щ х ь э ж ь Ш ы к ъ у м ц I и й и лъагагъыр къепщ.

Щ х ь э ж ь *(Шыкъумц Iий зыхуигъазэу)*. Пут дапщэ уи хьэлъагъын?

Ш ы к ъ у м ц I и й. ПутитI.

Щ х ь э ж ь Д о м б е й р э Ш ы к ъ у м ц I и й р э зрегъапщэ. Д о м б е й IэкIэ унафэ хуещIри, ар Ш ы к ъ у м ц I и й йолъэпауэри утыкум иредзыж.

Д а х э ж а н. ТхьэмыщкIэ... АтIэ, абы щыгъуэм зэпеуэ дощIри — текIуэм си макъ жьгъыру дахэ дыдэмкIэ уэрэд жызоIэ!

Щ х ь э ж ь р э Д о м б е й р э. Дыарэзыщ!

Д а х э ж а н. Созэшри, хэт фэ тIум нэхъ сытригъэуфын!

Д о м б е й. Сэ!



Макъамэ къоIу. Д о м б е й Д а х э ж а н къыдеш къигъэфэну. Хъыджэбзым зигъэхъеиху и Iэдийм нэху къызэпхидзым езым нурыр къыщхьэщригъэхыу щIедзэ, нэхъри нэхъ дахэж ищIу. Д о м б е й япэщIыкIэ хуэму, итIанэ щIигъэхуабжьэурэ бауэкIэщI хъуху къофэ. Д а х э ж а н къыпыIуокIуэтри, пыгуфIыкIыу абы йоплъ. Д о м б е й хъыджэбзым къыдэфэуи къыпхуэщIэнукъым, и щхьэр щIикъауэ къофэ, макъамэмрэ и Iэпкълъэпкъыр зэрищIымрэ шурэ лъэсрэ я зэхуакуу. Макъамэр къеуэн зэриухыу, ар къытохуэ.

Щ х ь э ж ь. Ар тегъэукIэ сытми! Сытегъэу жиIамэ, зыукIыж жиIа? Мыдэ къакIуэт, Дахэжан.

Д а х э ж а н къыIуеш, лъагапIэ къыхуелъыхъуэри трегъэувэ, лъагъуныгъэ усэ къыхуоджэ. Д а х э ж а н мэдыхьэшх.

П л ъ ы р - д а д э, зыщIыпIэ къещэтэхам хуэдэу, абдеж къыщохутэ. Ешауэ, и лъакъуэхэр зэблихыф къудейуэ, къохьэ. Ар зыгуэрым хуабжьу зэригъэщхьэжагъуэр Iупщ Iщ.

Д а х э ж а н *(сабийхэм дежкIэ къемыплъэкIыу дадэр щыблэкIкIэ, абы кIэлъыпсалъэу)*. Уа, феплъыт мо дадэм. И теплъэкIи сыту гъэщIэгъуэн. Гугъу ехьаифэ тетщ. *(ЛIыжьым лъэщIохьэри.)* Дадэ, гъуэгу кIыхь къэпкIуаи хуэдэщ. Мис мы ди хъыринэм итIысхьэ. Зыгъэпсэху. Псы щIыIэ къыпхудэтхынщ.

П л ъ ы р - д а д э. Хъунут фIы дыдэ, си хъыджэбз.

Д а х э ж а н. Зыгуэр фыкIуи, дадэ псы щIыIэ къыхудэфх.

Щ х ь э ж ь. Сэращ кIуэнур.

---

[1] Гъэриб — хамэ щIыпIэ къыщыхута, дэхуэха цIыху.

Д о м б е й. Сыту? Сэращ зыжриIар!

Щ х ь э ж ь. Дауэ уэру? Си дежкIэ моуэ зыкъигъазэри къызжиIащ. Сэ сыкIуэнщ.

Д о м б е й. Дауэ жиIэу! Абы щыгъуэ сэращ ар зэплъар! Сэ сокIуэ.

Ахэр зэдэуэху, Ш ы к ъ у м ц I и й псыхьэ макIуэ. Къосыжри, псы зэрыт фалъэр дадэм IэщIегъэувэ.

П л ъ ы р - д а д э *(псы къыхуахьам тIэкIу хофри)*. Псым хуэдэу уаулъагъу. Псыр псэхэлъхьэжщ, жыхуаIэрати, сыбгъэтхъэжаи...

Щ х ь э ж ь р э Д о м б е й р э *(ШыкъумцIий йобгъэрыкIуэ)*. ЕIым-еI, уэ ди япэ укъилъадэу, укъытпэщIэзэрыхьу...

Ш ы к ъ у м ц I и й. Сэ фэ фыслъагъу хъуркъым. Фыслъагъунуи сыхуейкъым! *(И IэгуитIымкIэ и нитIыр зэхуещIри, лъэпэрапэурэ йокIри, зегъэпщкIу.)*

П л ъ ы р - д а д э *(и щхьэр ищIурэ)*. Мыр зэвгъащIэ, фигу ивубыдэнуи сыныволъэIу: цIыкIущ жыфIэу фытемыгушхуэ, инщ жыфIэу фыщымышынэ. И жагъуэ фщIащ лажьэ зимыIэм. ЛIым я нэхъ мыгъуэми Iуэхугъуибгъу игу илъщ. Абы зыкъывигъэцIыхуну иджыри зэман ихуэнщ. Евмыудых щIалэр.

Щ х ь э ж ь р э Д о м б е й р э. Iуэхушхуэкъым, дадэ.

П л ъ ы р - д а д э. Хьыммм.... Мы лъэныкъуэмкIэ нетIэ нэхушхуэ гуэр щыслъэгъуа къысфIэщIри сыкъэкIуауэ арат. Сыщыуауэ къыщIэкIынщ.

Д а х э ж а н. Ущыуакъым, дадэ! Ар си дахагъэм дихьэха зы вагъуэ цIыкIу ныжэбэ ди уэнжакъымкIэ къихуэри си Iэдийм къыхэтIысхьауэ къаблэу ращ!

П л ъ ы р - д а д э *(къэгуфIэжауэ)*. Дэнэ щыIэ! *(Дахэжан и Iэгур еущIри, и Iэдийр нуру блэуэ щIедзэ.)* Сыту фIыщэт си МыщIэвагъуэр къызэрынар. Башымрэ абырэ зы тщIыжын хуейщ иджы, ауэ дауэ?

Ш ы к ъ у м ц I и й къыкъуокIыж.

Д а х э ж а н. Ухэт уэ, дадэ? Дэнэ укIуэрэ, дэнэ укъикIыжрэ, сыт уи ныбжь, жаIэу, нэхъыжьым зэремыупщIри къызгуроIуэ, ауэ, итIани...

Ш ы к ъ у м ц I и й. Мазэм мэлыхъуэу ит дадэр уэрмырауэ пIэрэ?

П л ъ ы р - д а д э *(къыпогуфIыкIри)*. Пэжым упэгъунэгъущ, си щIалэ. Мазэр зэзэмызэ кхъуафэжьейуэ изохужьэри, мо хьэршышхуэм сызэпросыкI, сыкъызэпросыкIыж. Сэ щынитI согъэхъу —

зыр фIыцIэу, зыр хужьу. Ахэр щынэ къызэрыгуэкIкъым, атIэ дунейм зихъуэжыныр зэлъыта щынитIщ. Хужьыр махуэм мэхъуакIуэ, ар уэгум зэрикIыжу, фIыцIэр къохьэ, жэщри абы къыздешэ. А тIур згъэхъунымкIэ дэIэпыкъуэгъу къысхуэхъурт си мэлыхъуэ башыр. Сэ жэщымрэ махуэмрэ и чэзум зэрихъуэкIыным сыкIэлъыплъырт, мэлхэр згъэхъуурэ. Дунейр мыбгъунлъэу зэтесIыгъэт. Иджы, пщэдджыжь хуегъэзэкI хъуати, щынэ фIыцIэр уэгум икIыжащ. Щынэ хужьым сыпэплъэу сыздэщытым, куэд щIауэ си бий, кIыфIыгъэр зи щIасэ НэжьгъуэщIыдзэрэ Уэзрэдж-ябгэрэ си башыр къыстрахащ. Иджы дунейр кIыфIу къэнэнущ. Дунейр щыкIыфIым и деж бзаджэнаджэхэм я дуней тетыгъуэщ, я хьэмтетыгъуэщ. МахуэкIэ бзаджэнаджэхэм зыкъагъэхъейркъым, дыгъэм и лъэщагъым щошынэри. Жэщым цIыхухэр мэжейри, бзаджэнаджэхэм дунейр зэщIащтэ. ПщIыхьэпIэу цIыхухэм къахуокIуэ.

Иджы, си башыр къэзгъуэтыжыху, дыгъэр къыкъуэкIынукъым. ЦIыхухэри къэушынукъым... Си башыр щадыгъуам фэ фыкъэушакIэу ирихьэлIащи, фэращ мыжейуэ къэнар. Адрей цIыхухэр псори жейм къыхэнащ.



Д о м б е й. Абы къикIыр пщIэрэ уэ, Щхьэжь! Сэр нэхъ къаруфIэ мы дунейм иджы тетынукъым!

Щ х ь э ж ь. Сэр нэхъ акъылыфIи дунейм тетынукъым!

Д а х э ж а н. Сэр нэхъ дахи!

Ш ы к ъ у м ц I и й. Нан-э-э-э!!!! *(Унэхэм щIолъадэ. Псори къигъэушыну хэтщ, ауэ зыри къыхуэгъэушыркъым.)*

П л ъ ы р - д а д э. А-а, си тIасэхэ, бзаджэнаджэхэр зыхуейр фэри езыхэм ещхь фащIынырaщ. Фи щхьэ фIэкIа нэгъуэщIым фемыгупсысмэ, аращ къэхъунури. Сэрщи, си къарур мащIэ хъуащи, бзаджэнаджэхэм дяпэкIэ сапэлъэщыжыну къыщIэкIынукъым. Башыр бзаджэнаджэхэм къахуэнэмэ, махуи нэхуи зэи щыIэжынукъым. Дунейр бзаджэнаджэ тIысыпIэ хъунурэ, и джэлэсым[1] ижынущ. Дуней къутэжа жыхуаIэракъэ, итIанэ... МыщIэвагъуэмрэ башымрэ нэхъ псынщIэIуэу зы щIыжын хуейщ.

* * *

У э з р э д ж - я б г э р э Н э ж ь г ъ у щ I ы д з э р э бгъуэнщIагъым щIохьэжри, я къуентхъым джэгу иращIэкIынумэ, къеблагъэ! Къызэдофэ. Зы И с п ы нэ зэмыфэгъу цIыкIу, гъуэмбым къопщри, ахэр ирегъэблэгъэж. Абы и теплъэр гъэщIэгъуэнщ — и фащэр кIэ дыкъуакъуэу зэгуэгъэзауэ елъэф, пхъэцIыч IэщIэлъым япэщIыкIэ макъ иримыгъэщIауэ псалъэркъым. ЖиIэри псалъитI къудейщ: «ИугъащIэ Н э ж ь г ъ у щ I ы д з э !»

[1] Джэлэс — мыбдеж: космосым щиIыгъ увыпIэ, щиIэ щытыкIэ. /Орбита.

8 Заказ №2339

Бзаджэнаджэ гупи утыкум къизэрыхьащи, иракъутыхьыжу къофэ. Апхуэдэу зыкъомрэ екIуэкIа нэужь нанэжьым и Iэр ещIри, псори къызэщIегъэувыIыкI.

Н э ж ь г ъ у щ I ы д з э. Си бдзаджэнаджэхэу, си гъукIэгъэсэнхэу, си гъущIыдзэхэр тыхь лъапIэ зыхуэсщIынхэ! Нобэ ди махуэшхуэщ. Ди текIуэныгъэщ! Уэсри хужьщ, утеувэмэ, мэуцIэпI жумыIэмэ! (*Псори зэщIодыхьэшхэ!*) Куэдщ, дэ бжыхь дзакIэкIэ дызэрызекIуар! Хъуни хьэуэ къыдэбэнари, фочауэ макъыу къытщхьэщагъэукIари. Нэплъэжыгъуэр къэдзэужащ! (*Псори мэкIий, мэфий, я номиныкIэхэмкIэ къэлъътмакъыр къапхъэнкIыхьу защI.*) ЩремыIэ афIэкIа махуэ бзыгъи, дыгъэ бзии!..

У э з р э д ж - я б г э. Псори дызэлъэIуу, дызыщIэлъэIуам дыхущIезымыгъэгъуэж ди тхьэIухуд нэ закъуэу, ди нанэ ябгэ! Нобэ мы башыр лъагэу зыхуэтIэтыр уэращ! Зыхуэфащэр уэращ! Ди пашэр уэращ! Дуней псом и тепщэр уэращ!

П с о м и. Уэращ!

Н э ж ь г ъ у щ I ы д з э. Зэ догуэт! Мыдэ къэхьыт а башыр. ДаIэ мыбдеж иса МыщIэвагъуэр? Фэракъэ сызэупщIыр?! ДаIэ, зо! КIэтIийнэф узым ихьын гуп, щIапIэкIуэдыр къыфхуэзгъэкIуэни!

П с о м и (*зыжьэу*). Дэнэ кIуа-а-а?! (*Уэзрэдж-ябгэ зыхуагъаззэри.*) Дэнэ пхьа-а-а?!

Н э ж ь г ъ у щ I ы д з э (*зэкуэфауэу*). Гъуэгугъэлъагъуэ МыщIэвагъуэращ а тIэщIэхуауэ къыщIэкIыр. А-а, дыунэхъужакъэ иджы. Ар щIым лъэIэсамэ, Плъыр-дадэ гугъапIэ гуэрхэр къыхуонэж. А Iэбжьанэм хуэдэу зи пщIантIэкур джафэ хъун цIыху цIыкIухэ, сытуи фримыкъурэ нэхукIэ. Уэ сытхэр си Iэмалыж иджы.

* * *

П л ъ ы р - д а д э (*и щхьэр къызэрыфIэхуам хуэдэщ*). Дунейр бзаджэнаджэ тIысыпIэ хъуащ, жыпIэркъэ иджы.

Щ х ь э ж ь. Сэ! Сэращ къэзыхьыжынур уи мэлыхъуэ башыр. Сэр нэхъ Iущ дэ къытхэткъым! Сэр фIэкIа ар зыхузэфIэкIыни щыIэкъым.

Д о м б е й. Уэ, бзаджэнаджэм упэлъэщын дэнэ къэна, жьы къыпщIихумэ, уоджалэ. Сэ сыкъарууфIэщи, зыри къыспэлъэщынукъым.

Ш ы к ъ у м ц I и й. Сэри сеплъарэт...

Щ х ь э ж ь. Уи щхьэм укIэлъыплъыжыфарэт уэ. ЗызыщIэж щыIатэмэ, зызылIэжи щыIэнт.

Ш ы к ъ у м ц I и й. Дадэ, дунейм сытетынкъым сэ ар къэпхуэзмыхьыжауэ!

Д о м б е й. Ахьейми къэтхьыжын. Уэр нэхъ лIыфIи къытхэтщ дэ.

Щ х ь э ж ь. Уэ ухэмытми, ар къызэрытхьыжын щхьэ тфIэтщ дэри.

Ш ы к ъ у м ц I и й. Сэ зэи сывгъэпсалъэркъым, ар си жагъуэ мэхъу. *(Мэгъынанэ.)*

П л ъ ы р - д а д э. Умыдзыхэ, си щIалэ. Псори фызэдежьэнщ. Бзаджэнаджэхэм я тIысыпIэр Мэзыжь кIыфIырщ. Абы фынэсрэ дыгъур къыфхуэгъуэтмэ, ди насыпщ. КъывэмыхъулIэмэ, сыт тщIэн, ди насыпыр аращи, къэвгъэзэж. Армыхъумэ, жэщым бзаджэнаджэхэм я къару илъыгъуэщи, фапэлъэщынкъым, жызоIэри согузавэ. *(ЩIалэгъуалэм еуэршэрылIэу.)* Апхуэдэу фи къарум фыкъигъэгугъэу щыжыфIэкIэ, сыхьэтым я нэхъыфIым тхьэм фыхуишэ! Гъуэгу махуэ!

Мэлыхъуэ башыр къахьыжыну лIыжьым псалъэ иратри, гупым загъэхьэзырын щIадзэ.



Д о м б е й. Уэ цIыкIужьейм сыт уи зекIуэ?

Щ х ь э ж ь. Уэ сыткIэ сэбэп укъытхуэхъуфыну?

Ш ы к ъ у м ц I и й. Сэ аргуэру зыми сыхабжэкъым. Ди тхьэ, щхьэ апхуэдэу сыкъэбгъэщIа?.. ЦIыху цIыкIу щыIэкъым, мурад цIыкIущ щыIэр. КъывгурыIуа? ЯжеIэт, дадэ, мыбыхэм. *(И щхьэр игъеижу, уэрэд къыхедзэ.)*

*СыIэмащIэщ — сылъэмащIэщ,*<br>*Сэ сы-ШыкъумцIийщ.*<br>*Сэ зы цIыхуми сыкъамыдэ,*<br>*Сэ си закъуэпцIийщ.*<br>*Теплъэ щIагъуи сэ симыIэ,*<br>*СыцIыкIунитIэIейщ,*<br>*Къысхуэныкъуэу хэт сэ щыIэр?*<br>*СытхьэмыщкIэIейщ.*<br>*КъулбацицкIэ зэм къызоджэ,*<br>*Зэм сы-Жьыгъумбацщ.*<br>*СызищIысыр зым имыщIэ,*<br>*ЖаIэр: «уахьмакъщ».*<br>*Фэншэ-лыншэу, ди тхьэу Тхьэшхуэ,*<br>*Щхьэ сыкъэбгъэщIа?*<br>*Закъуэныгъэ шхуэмылакIэр*<br>*Щхьэ сыбгъэубыда?*

П л ъ ы р - д а д э. Зэи зыщывмыгъэгъупщэ «Мывэ хъурей уи япэкIэ бгъажэмэ, ухуозэж», «Iей пщIауэ, фIым ущымыгугъ», «Зэхьэзэхуэр мэунэри, зэижитIыр мэунэхъу», жыхуиIэ лъэпкъ гупсысэхэр. Фежьэ, цIыкIухэ, феужьэрэкI. Гъуэгу махуэ!

Щ х ь э ж ь. ФынакIуэ. Дызэныкъуэкъуурэ, зэман дгъакIуэкIэ, ди Iуэхур зэфIэкIынукъым. Iэбэлагъым Iэпхъуамбэхэр щызэкъуэтмэ — къарущ. Бийм дежкIэ IэштIымщ, фIы зигу имылъым щхьэкIэ шыкIуртIымщ. ЗылI и быну дызэкъуэвгъэт.

Зэныбжьэгъухэр гъуэгу тохьэ. КIуэм-лъейм, кIуэм-лъейурэ, ахэр щхьэщыхьащ зы къуэкIиижь гуэрым. Абдеж алмэстыхэм я псэупIэт. Я пщыIэ-унэхэр щытт. Я нэхъыщхьэр тахътэбаным исщ, и нэр мыштыкум ирыригъэсыкI Iугъуэм хегъэплъызэри. Ар цIыхубзщ. Мыдрейхэм хэт мафIэ ещI, хэт джэдкъаз кърехуэкI, хэти сабий егъашхэ. ЦIыхухъу нэхъ щIалэхэм, псы къргагъахъуэурэ, Iэтэу зэтелъ ятIэм хакIэ. АдэкIэ, алмэсты дзэ псо щызэхэтщ: хэти сатыру кIуэуэ зегъасэ, хэти шабзэшэ, сэшхуэ елъ. Абыхэм ящыгъ щIагъуэ щыIэкъым, я щхьэхэр чыну псыгъуэу къох, цыбэхэщ.

Ш ы к ъ у м ц I и й. УэI, сыту нэджэIуджэ мыхэр.

Щ х ь э ж ь. Щэху зыщI, щIалэ, гу къытлъатэмэ, фатихьа-а-а.

Д а х э ж а н. Абыхэм я гъусэу сурэт зытрезгъэхащэрэт. Мис итIанэт си дахагъэр белджылы щыхъунур.

Д о м б е й *(и Iэпхъуамбэхэр зэригъэлъэлъу, алмэстыдзэм хоплъэ)*. ЗэфIэпщIыкIыну зэрыхъуэпсэгъуэ мы гуп цIыкIур.

Ар жиIэн имыух щIыкIэ зэныбжьэгъухэм я щIыбагъымкIэ зы алмэсты щIалэщIэ (Б ж ь э п I ы т I) къыдохутэри, зы аркъэнкIэ напIэзыпIэм гупыр зэрепх, и дзапэ уэрэдыр зэпимыгъэууэ. Ахэр алмэстыхэм къахехуэри, я пашэм и тIысыпIэм и бгъумкIэ щрепх. Псори зэрызохьэ, зэныбжьэгъухэм къащодыхьэшх, я щыгъынхэр щаудыну хэтщ.

А л м э с т ы х э м я щ ы щ з ы м. Зыщ ятеткъым, гъэлыгъуэни хуейкъым, зэ шхэгъуэ тхуэхъунщ.

А л м э с т ы п а ш э м. ФыувыIэт!

Псори щым мэхъу.

А л м э с т ы п а ш э м. Я пщэм пхъэшку[1] ифлъхьэт! *(Алмэстыхэм, зэрызехьэу, абы жиIар ягъэзащIэ.)* Фигу къэзгъэкIыжынщи, дэ дызауэлI лъэпкъщ! Сэ, зэрыфщIэжщи, сыдзэзешэщ, фэ фризауэлIщ псори зэлъэIуу зыми емылъэIуж НэжьгъущIыдзэ! Дэ НэжьгъущIыдзэ щхьэкIэ ди псэр ттыну дыхьэзырщ. Япэ уэгъуэри, япэ удынри къытлъысу, пащтыхь гуащэм и гъуэгум цIыху къы-

[1] Пхъэшку — кIапсэ кIапэм фIэщIа пхъэ тхьэгъу, зыгуэр тыншу ирипкъузын папщIэ къагъэсэбэпу.

тедмыгъэхутэныр ди фарзщ! *(Къотэджри.)* ДызилӀыщӀэр — НэжьгъущӀыдзэщ!

П с о м и *(зэдэууэ)*. НэжьгъущӀыдзэм дэ дридзэщ!

А л м э с т ы п а ш э м. Ди щӀыхь зэи дымыгъэкӀуэдын!

А л м э с т ы х э м. ЩӀэуэ диӀэр — алмэсты-ы-щ!!!

А л м э с т ы п а ш э м. АдэкӀэ... Нобэ къыщыщӀэдзауэ, куэсэ цӀыху цӀыкӀухэр тшхынукъым. Е, дукӀынурэ, я хьэдэмкӀэ хьэлӀамапхъэ къэтхъуэжынущ. ЕмыкӀущ, дэ дыцӀыхущ, ахэр тшхы хъунукъым, ахэри цӀыху пэлъытэщ. Ди лӀэщӀыгъуэм цӀыхум цӀыху ишхыныр щыдгъэтын хуейщ. Ахэр гъэр зыщӀа алмэсты щӀалэщӀэм къезэуэфын, къытекӀуэфын къахэкӀмэ, я гъусэ хъыджэбзым и псэр дымыгъэныну къызогъэгугъэхэр. Сэ абы нэгъуэщӀ унафэщ тесщӀыхьынур!

Псори зэщӀодыхьэшхэ.

А л м э с т ы п а ш э м *(гъэрхэм закъыхуегъазэри)*. Лыгъэшыгъэ къэзыгъэлъэгъуэфын, утыкум мышынэу къихьэфын къыфхэт?



Д о м б е й. Къытхэтщ. Уи дзэ псом сахуэгъэзащ!

Щ х ь э ж ь *(Домбей дежкӀэ зегъазэри)*. Сэ сыкъаруужьщ, сыпелуан къутахуэщ! Еуэ-тӀэ, иджы лӀыгъэ гъэлъэгъуапӀэ укъихутащ. Я дзажэналъэхэр зэхэгъэщащэ. Хьет жегъэӀэ... Уэ пхуэдэу къызыфӀэщӀыжа дунейм тет сытми?..

Д о м б е й. Тетщ... Уэ! Къезгъэухынщ сэ иджыпступцӀэ абы и гъащӀэр. Фи щхьэщыгум зыгуэр щхьэщылъэтмэ, зэвгъащӀэ, — ар зи псэ хэзудахэращ.

Д о м б е й р э Б ж ь э п Ӏ ы т Ӏ р э ятӀащхьэм хагъэувэри, я щхьэм кхъуэщын зырыз фӀакъуэж. ЯтӀэр зэхаутэурэ, я щхьэр зэрагъэунтӀэӀуурэ, ахэр зозауэ. Б ж ь э п Ӏ ы т Ӏ мэджалэ. Псори зэрогъэкӀий. Кхъуэщыныр я щхьэм къыфӀахыжри, псы пэгун тракӀэри зыкърагъэщӀэж. ТӀуми я щхьэм алмэсты шыр зырыз трагъэтӀысхьэри, лъакъуэпэщӀэдз зэхуащӀурэ ӀэпщэрыбанэкӀэ зозауэ. Аргуэрыжьти, Б ж ь э п Ӏ ы т Ӏ лъэгуажьэмыщхьэу къызэфӀощахэ.

А л м э с т ы п а ш э м *(и Ӏэр ещӀри, зэзауэр къегъэувыӀэ)*. ЦӀыху пэлъытэр текӀуащ! *(Псори зэщӀофие.)* Солъагъу узэрыпелуан къутахуэр, шыд адэжынэу укъызэрырахуэкӀымкӀэ. *(Псори зэщӀодыхьэшхэ.)* Мо Ӏуплъэгъуэджэр зэрытекӀуам щхьэкӀэ пщыӀэ щхьэхуэ хухэфх. *(И Ӏэр алмэсты хъыджэбз гуэрым хуещӀри.)* Уэ! Щхьэгъусэ ухузощӀ абы. *(Псори мэгурым, БжьэпӀытӀ лъэгуажьэмыщхьэу йохуэх.)* Мыщафэ тевдзи, зи насып къэкӀуахэр пщыӀэм

щIэвгъэхьэ, мыдрей гъэрхэр щIыунэм ивдзэ! ИужьыIуэкIэ сэ абыхэм я унафэр сщIынщ. ФызэбгрыкI псори! Аращ си унафэр.

Д о м б е й пщыIэм здыщIэсым, мыщафэр и пащхьэм деж щохуэхри, абы алмэсты хъыджэбз къыкIуэцIокI, и тхьэкIумитIыр тегъэшарэ и пэ гъуанитIыр къешэхауэ. Д о м б е й щымщ.

А л м э с т ы х ъ ы д ж э б з ы м *(губжь хэлъу)*. Е ахьмакъ, дахэ уищыпэлъагъу? Е лэгъунэ щауэ мыфэмыц, сыт зо си БжьэпIытIу щIалэ къуданым сыкъыщIыIэщIэпхар? Зытеубгъуэ мо си мыщафэри, зегъэхь шындэбзиймкIэ. Си щIалэм уи ныбжьэгъухэр щIыунэм кърисгъэкIыжауэ, къыппоплъэхэр. Нэху мыщ щIыкIэ уэ укIуэсэжыфмэ, сэ лIы сратыжынущ. Аращ ди хабзэр. Фэ фыкъэзыубыдаращ сэ лIыуэ сызратынури, ди Iуэху зэблэвмыгъэуууэ, псынщIэIуэу фыбгынэ ди щIыпIэр.

Зэныбжьэгъухэр къыщIопхъуэж.
Мэз кIыфIым Н э ж ь г ъ у щ I ы д з э зэхуэс щрегъэкIуэкI.

Н э ж ь г ъ у щ I ы д з э. Куэсэ хьэсэу зи жьакIэр «зыхуэспщIэн» Уэзрэджу елыркъэш кIуэкIэр зи мардэ, щхьэ иджыри къэс удэмышэсыкIрэ гъуэгугъэлъагъуэ МыщIэвагъуэкIэ зэджэр къэпхьыну. Ар димыIэмэ, ди дуней тетыгъуэр къутэжакъэ иджы. 119

У э з р э д ж - я б г э бзаджэнаджэхэр зэщIегъэшасэ. Псори зэрогъэкIий. «ФынакIуэ, фынэшэс, вагъуэ жиIамэ, дыгъэр къэтхьынкъэ!», — жаIэурэ вагъуэ гъуэгугъэлъагъуэр къахьыну дожххэр.
МыдэкIэ зэныбжьэгъухэр Д о м б е й щыдыхьэшхыурэ я гъуэгу хагъэщI.

Щ х ь э ж ь. Лэгъунэ щауэкъым абы къыбжиIэн хуейр, лэгъунэ щыхьщ.

Д а х э ж а н. Тхьэ, абыхэм я гъусэу зы сурэт зэрызытрезмыгъэхар сигу къоуэмэ.

Д о м б е й. Уей, тIэу фIэкIа срагъэIакъым армыхъуамэ, сэ зэхэзгъэщэщэнутэм абы и къупщхьэлъапщхьэр.

Ш ы к ъ у м ц I и й. Мы дуней кIыфIыжьыр зэ нэху къэхъужарэт. Плъыр-дадэ къыщIэдгъэгугъаращ дызэгупсысын хуейр.

Щ х ь э ж ь. ДыщIэвгъапхъуэт, девгъэплъыт хэт нэхъ псынщIэу мо Iуащхьэм дэжеифми.

Псори зэдолъри, Iуащхьэм нэмыс щIыкIэ гъуэмбышхуэ гуэрым, зэрыгъэкIийуэ, йохуэ. Здехуэхым, зы тIы фIыщIэжьрэ зы тIы хужьрэ къызэрыкъуохури, щIалэгъуалэр бжьакъуэпэкIэ зэрадзэу щIадзэ. ТIы хужьым ахэр гъуэмбым кърherдзыжыну хэтщ, арщхьэкIэ тIы фIыщIэжьым ахэр щIыкъатиблкIэ иредзых. Мохэр здехуэхым бэджыхъым

хуэдэу зэрыхъа, шейтIан IупскIэ зэщIэшха хъым хозэрыхьхэр. Зыр зым дэIэпыкъуурэ, ерагъкIэ зыкърагъэутIыпщыжри, щхьэ къупщхьэ къызэблэкIа бгъуэнщIагъыр зэпаплъыхь. Утыкум шыуанышхуэ гуэри щызэфIэдзащ, дакъэжь мафIапхъи и щIагъым къыкIэщIэлъщ. Абы хэту, зы И с п ы цIыкIу зэуэ къыкъуокIри, «хьэщIэхэм» къемыплъыххэу, шыуан щIагъым мафIэ щызэщIегъанэ. Абы и нитIыр зэмыфэгъущ (Арлекин нэкIущ).

МафIэ бзий къызыпылъэлъ зы къуэщIий къещтэри едзакъэм игъэныщкIуурэ, бгъуэнщIагъым иIэ гъуанэм йопщкIухьыж.

Щ х ь э ж ь *(гъуанэм и щхьэр ирелIури)*. Ярэби, къуэш, мы бгъуэнщIагъым дызэрикIыжыну щIыкIэр къыджумыIэфыну пIэрэ?

И с п ы м. ЦIыIу.

Д о м б е й. ЩхьэкIэ кIуэцIрысхыну ухуэмеймэ, мы уи дзыгъуэгъуэм къикIи, лIы хуэдэу къыдэпсалъэ.

Д а х э ж а н. Гъуджэ фимыIэу пIэрэ? Iейуэ сыкъиуцIэпIащ фи къыщIыхьэпIэм...

Ш ы к ъ у м ц I и й. ХьэщIагъэ тIэкIу къыдэпхым хъуркъэ.

И с п ы м. Къуажэхь фыкъыздэджэгун-тIэ?

Щ х ь э ж ь. Къуажэ дэнэ къэна, зэрыдунейуэ къыпфIэсхьынщ, къикI мыдэ.



И с п ы цIыкIур гъуэмбым къопщыжри, къикIукI-никIукIыурэ мэпсалъэ.

И с п ы м. КIыхьлIыхь дымыхъун щхьэкIэ занщIэу вжызоIэ: си къуажэхьхэр къыфхуэщIэмэ, щIыпIэ нэхъ дахэу щыIэм яз фызот. КъыфхуэмыщIэрэ — зы лъэбакъуэ фэзгъэчкъым, икIыжыпIэри фэзгъэлъагъукъым. Хъым фижыхьауэ фисынщ. ДызэгурыIуа?

Щ х ь э ж ь. Узахуэщ, арэфым хуэдэу, къипхъ, сыпхуэгъэзащ сыткIи.

И с п ы м *(япэщыкIэ пхъэцIычым зэ йоуэ, итIанэ къыхокIиикI )*. ИугъащIэ НэжьгъущIыдзэм! Япэ къуажэхьыр мыращ: «Ар уиIэмэ, насып уиIэу къалъытэ». Сыт ар?

Щ х ь э ж ь. Акъыл.

И с п ы м *(езыр щIыбкIэ икIуэтурэ пхъэцIычым зэ йоуэ, итIанэ къыхокIиикI)*. ИугъащIэ НэжьгъущIыдзэм! ЕтIуанэ къуажэхьыр мыращ: «ПелуанитI зэзауэмэ, текIуам ар нэхъыбэу иIэу къалъытэ». Сыт ар?

Д о м б е й. Къару. Хэт ар зымыщIэр.

И с п ы м *(япэщIыкIэ пхъэцIычым зэ йоуэ, итIанэ къыхокIиикI.)* ИугъащIэ НэжьгъущIыдзэм! Ещанэр мыращ: «Абы дзищэ-мыхъумыщIагъищэ егъэпщкIу». Сыт ар?

Д а х э ж а н. Дахагъэ, на-а-а. Фи фIэщ мыхъумэ, фыкъызэплъ.

Д а х э ж а н и щхьэцыр пиухуэныкIыжын щIедзэ, згегъэдадий.

И с п ы м *(япэщIыкIэ пхъэцIычым зэ йоуэ, итIанэ къыхокIиикI)*. ИугъащIэ НэжьгъущIыдзэ! ЕплIанэр мыращ: «Къарусызым, IэмащIэлъэмащIэм зэреджэр»...

Ш ы к ъ у м ц I и й *(ар зэпеудри)*. Апхуэдэ дэ къытхэткъым.

И с п ы м *(гутехуэгъуейуэ мэдыхьэшхри, ШыкъумцIий и хъуреягъыр къижыхьурэ пхъэцIычым йоуэри, къыхокIиикI)*. ИугъащIэ НэжьгъущIыдзэм!.. Езыр бжьизрэ и жьакIэр блэм хуэдэу илъэфмэ, адакъэш тесрэ шыгъэцIывкIэ шы джабэр иритIыкIмэ, хэт хъуну ар?

Щ х ь э ж ь. Уэзрэдж-ябгэ!

И с п ы м. ИугъащIэ НэжьгъущIыдзэ и дзэзешэм! ИугъащIэ! *(Зы лъэбакъуэ ечыж, абрэмывэ щылъыр натIэпэкIэ зэгуегъэжри, щIалэгъуалэр нэгъуэщI пэш къыщIохутэ.)* Мис, зи цIэ ираIуэри бжэщхьэIу тесу къыфхущIэкIащ.

ЩIыбагъ защIэкIэ икIуэтыжурэ, И с п ы р мэбзэхыж. У э з р э д ж - я б г э къыкъуокI.

У э з р э д ж - я б г э *(тахътэм зигъэзыжу исщ)*. А-а-а-а, си ужь иту фыкъэсаи. Гъуэзэджэщ, гъуэзэджэ зэфэзэщщ. *(Уэзрэдж-ябгэ зэкIуэцIылъэлъу дыхьэшхыурэ и жьакIэр ирежьых, къахоплъэ, къотэджри и жьакIэр илъэфу, я зэхуакум щэнейрэ докI.)* Ярэби, зэрыжылэу псори жейуэ къыщынам щыгъуэ къэушагъэххэу щытахэр фэрмырауэ пIэрэ, тIу?



Псори щымщ.

Зыкъэвумысым нэхъыфIщ, тIасэ, фи фIэщ фщIы, нэхъыфIмэ. Сэ сыт мыгъуэ, жьыхуегъэзэкI сыхъуащ, си зекIуэхэми щIагъуэ къикIыжыркъым. А уафэм къехуэха мывэкIэщхъыр къызэфтыжмэ, дахэ цIыкIуу дызэбгъэдэкIыжынщ. Хьэуэ, жыфIэрэ, нэгъуэщIу дызэпсэлъэнщ. Нэхъ гуащIэу, сэ сщIэ мыгъуэрэ, нэхъ сыру.

Щ х ь э ж ь *(Дахэжан къыхэпсэлъыкI пэтрэ зэпеудри)*. Уэзрэдж-ябгэу зи щIыхьыр ин, а уэ жыхуэпIэм дэ зыри хэтщIыкIыркъым. Моуэ мэракIуэщыпэ дыкъыдэкIауэ арати, зэрымыщIэкIэ...

У э з р э д ж - я б г э *(къолыб, ауэ зешыIэ)*. Хъунщ, хъунщ... Мыхъумэ, зэрыхъум хуэдэу щIы, жиIакъэ. *(Дахэжан зыхуегъазэри.)* НакIуэ, тхьэIухуд, цIыхубз пшэрыхь хущанэ, жыхуаIэращи, тыхь тIэкIу пхуэсщIынщи, фезгъэжьэжынщ, си дахэ дыдэ. Сэ мы-

гъуэ сыт, жьы сыхъуащ, сыноби, сыпщэдеи. ФыкъакIуэ, тIасэ, фэри си ужь фыкъиувэ. Сэ иджыпсту фэзгъэлъагъункъэ фи гъуэгури.

Уэзрэдж-ябгэр апхуэдизу зэрыцIыхуфIым зэныбжьэгъухэр къигъэуIэбжьауэ, лIыжь цIыкIум и ужь йоувэри щIокIхэр. Уэзрэдж-ябгэм бжэр зэрыIуихыу, адакъэшыр уафэм къолъэтэхри, Уэзрэджым абы зыIэзыбжьэу зытредзэ, къызоIэбэкIри Дахэжан къепхъуатэ, ар и жьакIэм, щIакIуэм хуэдэу, хегъэджэразэри, уэгум йохьэж.
Зэныбжьэгъухэм я пэр къыпылэлу гъуэгу къытохьэж.

Домбей (*Щхьэжь жриIэу*). Мис, уи губзыгъагъэм дызыхуишам еплъыж. Уэ сыпщымыгугъамэ, я кIуэцIыр къисхынут сэ абыхэм.

Шыкъумц Iий уафэм дэплъеймэ, Плъыр-дадэ нэщхъей дыдэу мазэм тету блэсыкIыу елъагъури, и нэм щIоIуэтыхь.

Щхьэжь. Сэ акъылкIэ сыпэлъэщынут зо, ауэ абы бзаджагъэщ къигъэсэбэпар.

Къыздэк Iуэхэм, Щхьэжь Домбей йохъуцацэ.



Щхьэжь. Домбей, плъагъуркъэ Дахэжан и щхьэ кърикIуар?
Домбей. Ы-ы-ы...
Щхьэжь. Дгъэзэжмэ нэхъыфIу къыпщыхъукъэ?
Домбей. Сыту?
Щхьэжь. Зи сытри?.. Дэ тщIэркъым Плъыр-дадэ и башыр здэщыIэр, ауэ щыхъукIэ, къэдмыгъуэтыжыфынри хэлъщ.
Домбей. ХьэмэшыпхэмкIэ укъыщемыкIуэкIыу, жыIэт узыхуейр?
Щхьэжь. Е щхьэдыкъ, зыгуэрым Iыхьэ-Iыхьэу димычатхъэ щIыкIэ, дыгъэкIуэсэж. Ди баши къэткъым дэ, ди Дахэжани къэткъым.
Домбей. Хэт дызычэтхъэнур?
Щхьэжь. ХьэIуцыдзхэм, мыщэхэм, сэ сщIэрэ блэ къыдэуэнкIи мэхъу.
Домбей (*«блэ», псалъэр зэрызэхихыу, къэщтауэ*). Мы дунейм теткъым блэ нэхъ сызыщышынэ. МыбыкIэ щыIэу жыпIэрэ блэ?
Щхьэжь. ЩыIэу къэнэжрэ, жыгхэми тесщ, щIыми щызопщэ, лъати яхэтщ.
Домбей. ШыкъумцIий-щэ?
Щхьэжь. ШыкъумцIий кърен'э. А сэ слъагъум нигъэзэжыну хуеинукъым, Плъыр-дадэ хэкъузауэ псалъэ быдэ иритащи. Хэт

ищIэрэ, ныткIэлъыжэ хъужыкъуэмэ, ари, шэч хэмылъу, здэтшэжынщ.

Д о м б е й. Уей, сэ блэ здэщыIэмкIэ сымыкIуэфыну. ДыщыкIуэсэж хъунум деж хъыбар сыгъащIи, дыщIэпхъуэжынщ... ШыкъумцIийт иджы сэ блэм зыщIезмыгъэшхар.

Щ х ь э ж ь. Сэ сыгубзыгъэщ, уэ укъаруужьщ, зыми имыIысыр ШыкъумцIийщи, и зэфIэкIыр къигъэлъэгъуэнумэ хуитщ иджы.

Псалъэмакъыр здекIуэкIым, хьэIуцыдз къугъ макъ къоIу. Д о м б е й р э Щ х ь э ж ь р э я щхьэр фIаудыж, щхьэ нэхъ пасэу дыщIэмыпхъуэжарэт, жыхуаIэу. ХьэIуцыдзхэр нэхъри нэхъ гъунэгъу къэхъуху, къугъ макъыр нэхъ шынагъуэ мэхъу: «Хьэу-у-у! У-у-у», жаIэу. Псори мэгужьей. Абы хэту гъунэгъу дыдэу зы мыщэжь къыщогъуахъуэ. Гупыр нэхъеижу мэгужьей.

Ш ы к ъ у м ц I и й и гъусэхэм къахоплъэ.

Ш ы к ъ у м ц I и й. ХьэкIэкхъуэкIэхэм фезмыгъэшхыу фыкъезгъэлмэ, хэт нэхъ лъэщми, хэт нэхъ Iущми, Дахэжан жефIэжыфынкъэ?

Д о м б е й. Дахэжан ущыгугъыжуи къыщIокI иджыри... Дапхуэдэуи дыпщытхъун мыгъуэт.

Ш ы к ъ у м ц I и й. Хьейдэ-тIэ, фыныдэпщей мо жыгеижьым! Нобэ жыгыщхьэ тесыныр къуалэбзум къалъыдгъэсынкъым.

Жыгеижьым езы Ш ы к ъ у м п ц I и й псом япэ допщей. И ныбжьэгъухэми къудамэ зырыз яубыдри тотIысхьэ. Ш ы к ъ у м ц I и й жыг щхьэкIэ дыдэр къылъысати, зиплъыхьщ-зыкъиплъыхьри, зы мафIэ нэху къилъэгъуащ.

ИIыгъ матэ цIыкIум щIэх-щIэхыурэ кърипхъуэт гъуджэм «пу мэшалыхь» жимыIауэ имыплъэжыф джэдур, зигъэбырыбрэ зигъэщабэрыкIуэу, къыкъуокIри, щIалэхэр зытес жыг щIагъым деж къыщоувыIэ, сэхусэплъ тIэкIу и напэм щецIэлъ.

Д ж э д у м *(и щхьэ хужиIэжу)*. Шэч лъэпкъ къытесхьэркъым сэ нанэжь нэхъыфIу сыкъызэрилъагъум. Сэ щхьэнтибгъум сытесщ, зэгъунэгъуибгъум я шэ пэгунибгъур къысхуехьри, сегъэтхъэж. Ахьей, а хьэуазэпIэм хэлъыр, мэкъу Iэмбатэм хэшхыхьыр сэ къыспимыщIынрэ абы. Тхьэм ещIэ, иджы схуипщэфIауэ сынэсыжынур. ТхьэмщIыгъуныбэ, ныбапхъэ? *(Дзапэ уэрэд жиIэурэ йожьэж.)*

*Наур фIыуэ плъагъур пэжмэ, си нанэжь,*
*ТIы бжьакъуэ кIэрэфыр уигу игъэху... уэху....*

И ужь ит Т I ы м йоджэ.

Укъэхъейркъэ, укъэлъэбакъуэкъэ, ТIыжь.

Т I ы р бауэбапщэу къос.

Д ж э д у м. КъэпцӀыхужрэ мы жыгеижьыр?

Т Ӏ ы м. Хьэуэ.

Д ж э д у м. Сэ зэзэмызэ зыгуэрхэр сигу къегъэкӀыж мыбы.

Т Ӏ ы м. Жыгщи, жыгщ. Жыг уищыпэлъагъу?

Д ж э д у м. СщӀэркъым, пщӀыхьэпӀэ гуэрхэм хэту щӀэх-щӀэхыурэ къысхуокӀуэ мы щӀыпӀэр, мы жыгеижьыр.

Т Ӏ ы м. Хъер ухъу.

Д ж э д у м. Уэрэ сэрэ дызэдэлъхузэшыпхъу хуэдэт...

Т Ӏ ы м. ЖиӀэнщ иджы...

Д ж э д у м. КъедаӀуэ-тӀэ си пщӀыхьэпӀэм. Къущхьэмышхыхьэ дыкъежьа хуэдэт. Жэщ къыттехъуэри, мис иджыпсту дыздэщысым ещхь щӀыпӀэ гуэрым деж зыдудыгъуауэ дыздэщысым, уэ угъыу щӀыбодзэ: «Хьэлу къызэт», — жыпӀэу. Сэ ныбжызоӀэ: «Хьэлу здэщыӀэр унэращ, мыр мэзщ, дыкӀуэжмэ, пшхынщ». Уэ ар умыдэу, уогъри-уогъ, уогъри-уогъ, мэзыр къэбгъэпсалъэу. Щымыхъум, узгъэувыӀэн щхьэкӀэ шыпсыранэ къызочри, уи жьэм соуэ.

Т Ӏ ы м. Си фӀэщ мэхъу...

Д ж э д у м. ТӀури дызэдэгъыу дыздэщысым, зы Нэуэжь къопщых мы жыгеижьми, джэдум хуэдэу зигъэщабэрыкӀуэурэ дедыгъу. Мэзым щӀэт и унэ пхашэм дыщӀехьэри, зыгуэрхэр къибжыурэ, пхъуантэ си гугъэжщ, зыщӀыпӀэ дыдедзэри, уэ Джэду, сэ ТӀы дыхъуауэ дыкърегъэкӀыж.

Т Ӏ ы м. Хъуакъым а уэ плъэгъуа пщӀыхьэпӀэр. ПщӀащэ пылъэлъыжыгъуэ е удзыпэ къэхъеигъуэ пщӀыхьэпӀэщ ар, зыри къикӀыркъым.

Д ж э д у м. Е делэжь мыгъуэ, егупсысыт. А ди Нанэжьым жэщым унэм къихьхэр зы теплъэ яӀэу къехь, пщэдджыжьым нэгъуэщӀ теплъэ яӀэрэ кӀэ нэгъунэ япыту щӀегъэкӀыж. Ари щхьэщэ къыхуащӀыжурэ. НакӀуэ, дегъэжьэж, уэ сынопсалъэри, мы жыгыжьым сепсалъэри зэхуэдэщ.

*Жыгеижьым Д ж э д у м и псалъэхэр игу иримыхьаи — цӀыхуӀэм ещхь и къудамэхэмкӀэ ар къыхыфӀехуэ.*

Ш ы к ъ у м ц Ӏ и й. Флъэгъуа Джэдур псалъэу? ФынакӀуэ псынщӀэу, абы и ужь дивгъэувэ, сэ мафӀэ нэху гуэрхэр къэслъэгъуащ. Си ныбжьэгъухэ, мафӀэ нэху солъагъу, зо. Нэху здэщыӀэм хьэкӀэкхъуэкӀэ кӀуэркъым, мафӀэ бзий здэщыӀэм цӀыхуи щыӀэщ. ДывгъакӀуэ нэхъ псынщӀэӀуэу! Хьейдэ-тӀэ, фынелъэлъэх мы жыгыжьым. *(Езыр псом япэ къолъэж.)*

Ш ы к ъ у м ц I и й щIалэхэр жыгыщхьэм къелъэжыным поплъэри щытщ. Дэплъеймэ, ахэр жыгым пысыжкъым. Ш ы к ъ у м ц I и й Д ж э д у м р э Т I ы м р э я псалъэмакъым дихьэхауэ щIэдэIукIыху, щIалитIыр кIуэсэжащ. Сыт ищIэнт, гузавэрэ кIэзызу йожьэж. Ш ы к ъ у м ц I и й и закъуэу кIуэм-лъейм, кIуэм-лъейурэ, зы псалъэмакъ гуэрхэр зэхехри, къуацэ-чыцэм зыхегъапщкIуэ. Ахэр зэрыщхьэщыкIыу, Ш ы к ъ у м ц I и й кIэкуакуэу щIопхъуэ. Ауэ зы щIыIэнэщI джафэу тецIуукIым ику дыдэм деж хьэщхьэвылъэ гуп, сатыру зэбгъурыту, кIуэкIэ зрагъащIэу итти, абыхэм яхохуэ. Ар къызэралъагъуу, хьэщхьэвылъэхэр шынагъуэу мэкIий, мэгъуахъуэ. Ш ы к ъ у м ц I и й щIэпхъуэну хэтщ, и тхьэкIумитIыр иубыдыжауэ. Ауэ кIуапIи-жапIи къыщрамыткIэ, япэщIоувэ.

Ш ы к ъ у м ц I и й. Фэ фызэрыкIиймзыри къикIыркъым! ЛIыгъэ фиIэмэ, фи жьэр вгъэбэяуи, лIы хуэдэу дызэвгъэпсалъэ! Уэ уджатэмэ, сэ сытопщ, жытIэкIэ, зэфIэкIакъым Iуэхур. Фэ куэд фохъу, сэ си закъуэщ. ГъэщIэгъуэнкъым фыкъыстекIуэкIи. Мамырыгъэмрэ зэгурыIуэныгъэмрэ фыкъыхузоджэ!

АрщхьэкIэ, абы жиIэр зыуи къърадзэркъым. Псори сатыру зэбгъуроувэри, къебгъэрыкIуэу щIадзэ. Ш ы к ъ у м ц I и й къыгуроIуэ бзаджагъэ хуемыкIуэмэ, къазэремылынур. Ар зэм абыхэм я лъэм йоплъ, зэми я щхьэм худоплъеижри, зыгуэр къыгурыIуа хуэдэщи, къыпогуфIыкI. Ш ы к ъ у м ц I и й баш къищтэурэ идзын щIедзэ. Хьэщхьэвылъэхэр зэрысатыру мажэри башыр къыхуахьыж.



Ш ы к ъ у м ц I и й. А-а-а, фи хьэщхьэхэр зэрытезгъэун Iэмал къыфхуэзгъуэтакъэ иджы. *(И пщэм дэлъ пщэдэлъ плъыжьыр къыдепхъуэтри, ар яхуигъэдалъэу зэрыхуежьэу, хьэщхьэвылъэхэр, я нэр къыщихуауэ, плъыжьыгъэм пэщIолъадэ.)* А-а-а, фи вылъэхэм фыкъыдахыжакъэ иджы!

Апхуэдэурэ, зэм баш идзым, зэми плъыжьыгъэр къахузыкъуихыурэ, хьэщхьэвылъэхэр бауэбапщэу лъэрыщIыкI ещIри, зэтрегъэджалэ. Абыхэм, аргуэрыжьти, кIиин щIадзэж. Ахэр къэмытэджыж щIыкIэ Ш ы к ъ у м ц I и й къыщIопхъуэ, и тхьэкIумитIыр и IэхэмкIэ иубыдыжауэ. Къыздэжэм къелъагъу адакъэшым тесу, мыпIащIэу, У э з р э д ж - я б г э къыкIуэцIрыкIыу. Абы и шым къэпыжьитI къыкIэролэл, уеплъыпэмэ, зыгуэрхэри щыпIэтIауэ хуэдэщ. У э з р э д ж р э Ш ы к ъ у м ц I и й р э зэпоув.

У э з р э д ж - я б г э. Уа, щIалэжь цIыкIу, кIуапIи-жапIи къыдумыту, куэдрэ зэран укъыхуэхъуну НэжьгъущIыдзэ?

Ш ы к ъ у м ц I и й. Плъыр-дадэ и башыр, абы иса МыщIэвагъуэр, Дахэжан, си гъусаитIыр къэзгъуэтыжмэ, фэ сыткIэ сыфхуей?

У э з р э д ж - я б г э. Уей, зэи умылъагъужынухэм я гугъу къытхуэпщI нэхърэ, утекIуэтамэ нэхъыфIтэм!

Ш ы к ъ у м ц I и й. НэхъыфIри сызытемыкIынури бжесIащ, хьэуэ жыпIэрэ, къех уи адакъэшми, дызэгъэзауэ.

У э з р э д ж - я б г э небэ-къебэу, щхьэхынэу, гъумэтIымэурэ къопсых и адакъэшым.

У э з р э д ж - я б г э. Мэкъу Іэтэр трахмэ, мэкъущІэщщ къанэр. Уэ пхуэдэ жьгъейт иджы сэ шым сыкъыщІемыпсыхыжар.

Ш ы к ъ у м ц І и й. Униыжь пыудахуэкъым уэри, уи шы пэщхъыни сыкъихуакъым, ІэпщэрыбанэкІи сыпхуэгъэзащ.

У э з р э д ж - я б г э р э  Ш ы к ъ у м ц І и й р э  Іэпщэ къарукІэ зэзауэу щІадзэ. У э з р э д ж - я б г э м  Ш ы к ъ у м ц І и й  и пщэм и жьакІэр кърищыхьэкІыу итхьэлэу щыхуежьэкІэ, модрейр къызоІэбэкІ, жыг лъэдакъэм хэупцІа джыдэр къыхечри, жьакІэр кІэщІу пегъэщ. И дуней дыджым зэрытет жьакІэр темытыжу щилъагъукІэ, У э з р э д ж - я б г э мажэри, жыг ку гъуанэ гуэрым йопщхьэ.

У э з р э д ж - я б г э. А-а-а, мы сэ уэ къызэпщІар... Сыту Іейуэ укъысхурикъуа, щІалэжь цІыкІу, сытуи сыбгъэунэхъужа...

Ш ы к ъ у м ц І и й. Куэдщ цІыху гъэунэхъуу дунейм уэзрытетар! Ис иджы быдэу жыг ку гъуанэм, уи жьакІэр къэкІыжыху! Илъэс дапщэ хъуауэ бгъэкІрэт уи жьакІэр?

У э з р э д ж - я б г э. ЛІэщІыгъуипщІ къудей... *(мэгъыгъанэ.)*

Ш ы к ъ у м ц І и й  адакъэшым бгъэдохьэри, къэпитІыр къыпегъэху. Къэпхэм Д о м б е й р э  Щ х ь э ж ь р э  къопщыж. Ш ы к ъ у м ц І и й  къызэралъагъуу, къодзыхэхэр.



Щ х ь э ж ь. Къысхуэгъэгъу, ШыкъумцІий, дыкІуэсэжыну зигу къэкІар сэращ.

Д о м б е й. Щхьэжь мэзым блэ щІэсу жиІати...

Ш ы к ъ у м ц І и й. ФыкІуэсэжауи сщІакъым, зыгуэрым фишха си гугъащ. Ара Іэм пыт Іэпхъуамбитхур ІэштІымщ, жыхуэпІар? Хъунщ, хъун, къэхъуар къэхъуащ. Фызигъусэмэ — фынежьэ, фызимыгъусэмэ — вгъэзэж.

Ш ы к ъ у м ц І и й  адакъэшыр еутІыпщыж: «Хьейдэ, уэри дяпэкІэ щхьэхуиту дунейм тет», — жери. Езыр япэ йощ, Д о м б е й р э  Щ х ь э ж ь р э  абы и ужь йоувэри, йожьэжхэ. Ахэр унэ пхашэ цІыкІу гуэрым нос. Унэжь цІыкІум нанэжь гуэр щІэст, хъыджэбз гуэр езым и теплъэм ещхь ищІыну еныкъуэкъуу. «Сысейуэ, сІэпыхури згъэкІуэдауэ, зыгуэр къыпІэрыхьащи, къызэтыж», — жиІэурэ абы дахэр ирехухь. Хъыджэбзми зехъунщІэ, и Іэгур быдэу икъузауэ щытщ. Нанэжьыр къогубжь, къуаргъ лъэбжьанэм ещхь и Іэпхъуамбэхэм хъыджэбзым и щхьэцыр кърешэкІри: «Зэи зыми урамылъагъужтІэ», — жеІэри, хъыджэбзыр ауэ щыт гъуджэм хеери, нэрымылъагъу ещІ. Ар зэрыбзэхыу, нанэжьыр мажэри щхьэгъубжэхэр зэІуедз. А дакъикъэм Ш ы к ъ у м ц І и й  унэм бгъэдохьэри, «тІыкъ-тІыкъ-тІыкъ!» жиІэу бжэм тоуІуэ. Нанэжьыр щхьэгъубжэм къыдоплъ, и пэр къэрэкъэшрэ и нэр зэблэшауэ. Нанэжьыр Н э ж ь г ъ у щ І ы д з э р а т и, щІалэхэр зэрилъагъуу, къогуфІэ, сытхъэжынкъэ иджы, жеІэри. Ш ы к ъ у м ц І и й  абы зэрыІуплъэу къищІащ ар зэры-Н э ж ь г ъ у щ І ы д з э р.

УщІэпхъуэжкІэ узэрыІэщІэмыкІынур ищІэрти, Іэмал дыхуекІуэнщи, зыгуэрурэ дыкъелынщ, жери еблэгъэну мурад ещІ.

Ш ы к ъ у м ц І и й. Сэ сы-ШыкъумцІийщ, мыхэр си ныбжьэгъущ.

Н э ж ь г ъ у щ I ы д з э. СлIо-тIэ абы щхьэкIэ сыбгъэщIэну уи гугъэр?

Ш ы к ъ у м ц I и й. Мэзым жэщ къыщыттехъуащ, дызэкIуэлIэн диIэкъым, дошынэ. Ныжэбэризэм уи деж дыщыгъэIэ.

Н э ж ь г ъ у щ I ы д з э. ФыкъыщIыхьэ! *(Ар жеIэри, бжэр зэIуегъэж.)*

ЩIохьэхэри, щхьэж къыпэщIэхуэр и шэнту мэтIыс. Нанэжьым нэмыщI унэм щIэст жыг щIагъым деж псалъэу щIэса Д ж э д у къуэлэныжьымрэ зы Т I ы бжьакъуэ кIэрэфрэ.

Д ж э д у м *(и нэбжьыц лэныр зэпегъэури, щабэрыкIуэ зыкъещI.)* Ди нанэжь япэ дыдэу хьэщIэ къыхуэкIуауэ солъагъури, лъэбакъуищ соч. Мя-у-у!

Т I ы м *(и бжьакъуэ кIэрэфхэмкIэ бгыкъум къыфIэлэл фэндырэм еуэурэ.)* Ди нанэжь и жагъуэ къэфщIмэ, и щхьэнтэрыпIэм къилъэлъа къауцу фызэбгрыспхъынщ. Ар фэракъым зи нанэжьыр, ар дэращ зи нанэжьыр, гурыIуэгъуэ?

Н э ж ь г ъ у щ I ы д з э. ЗэвгъэцIыху. Мыр си Джэду нагъуэ цIыкIуращ. Си гъэфIэнщ. КъакIуэ мыдэ, си щабэ цIыкIу.



*Нау-наурэ, си кIущэ,*
*КIущэрокъуэ зи набдзэ,*
*Бжыхь дзакIэр зи гъуэгу,*
*Зи гу цIыкIур IэфIылъэ,*
*Зи лъэ цIыкIур зи мажьэ,*
*ХьэщIэ къиихьэм мыхъей.*
*Зегъэхъейри, мэщакIуэ,*
*ЙощэкIуэхри, мэдыгъуэ, жыхуаIэжыращ.*

Д ж э д у м. Мя-у-у... лъэбжьанапIэ фысщIыни... мя-у-у...

Н э ж ь г ъ у щ I ы д з э. Мыр си Т I ы домбейращ. Бжьакъуэ кIэрэфщ, ныбэхуэфIыжьщ. Акъылышхуэ зэримыхьэми, лы Iэтэ телъщ.

Н э ж ь г ъ у щ I ы д з э нэ плъыжьыжькIэ щIалэхэм къоплъ, зэрыжейхэу сшхынщ, жыхуиIэу. Щ х ь э ж ь р э Д о м б е й р э я нэр яфIызэтепщIэу щысщ, пIэ тхуащIу, дагъэгъуэлъыжыну пIэрэ, жаIэри. Абыхэм иджыри къагурыIуакъым мы къызыхуэзар зищIысыр.

Ш ы к ъ у м ц I и й. Нанэжь, мы дызыщIэсыр уи унэ?

Н э ж ь г ъ у щ I ы д з э. Си унэщ.

Д ж э д у м. ХьэлIамэ, щыми дыдейщ... Уи Iуэху хэлъ зо, хэт и цIэкIэ унэр щытми? Нанэжь, мыхэр къыщIэбгъэхьауэ, щхьэ сымылIэрэ?!

Ш ы к ъ у м ц I и й *(джэдум и псалъэхэр зэпиуду.)* Дэ уэ дыуихьэщIэ?

Н э ж ь г ъ у щ I ы д з э. ФызихьэщIэщ.

Ш ы к ъ у м ц I и й. НтIэ, щхьэ думыгъашхэрэ?

Т I ы м. ТIы гъэшхар зыкIуэцIыпкIэн, и-и-й. У-у-у, щIалэжь цIыкIу, накIэудэ усщIыни, ди нанэжь укIэщIэшхыкIын мурадкIэ укъытхуэкIуамэ...

Н э ж ь г ъ у щ I ы д з э *(тIым кърагъэжьа псалъэмакъыр зэпиуду).* ГушыIауэ аращ си тIыжьыр, мэ-гу-шы-Iэ. И мэкъумылэм тегужьеикIауэ и гъащIэр ехь. Ана-а-а, а-ды-дыд, си напэжьыр текIти!

Нанэжьыр къыщолъэт аби, унащхьэм драгъэжеижа и шыуанышхуэр кърехьэхыжри, хьэщIэхэр тхьэкIумэкIыхьылрэ тхьэкIумэкIыхь лэпскIэ егъэтхъэж. Псори зэдэшхэу здэщысым, абы Д ж э д у м р э Т I ы м р э Iуещри йохъуцацэ. Дэ Iэбжьыб зырыз Iэнэм къытращыпыкIри, зыIурагъэх, блыным зы пхъэбгъу ираупсейри, дэ гъажэ ящIурэ зэдоуэршэр.



Н э ж ь г ъ у щ I ы д з э. Мо хьэщIэхэр къэздыгъуну куэд щIауэ сещэти, езыхэр, тхьэшхуэ тыгъэу, къысхуеувэхащ.

Д ж э д у м. КъупщхьитIрэ зы кIэтIийуэ зэфIэбла гупыр сыт пшхыкIи умышхкIи?.. Е шэкъым, е лыкъым.

Т I ы м. Нанэжь, дэ сыткIи сэбэп дыпхуэхъуфынущ, ауэ ахэр дгъэкIуэдын щхьэкIэ, ди щхьэр иридгъэухеижыну щхьэусыгъуэ гуэр диIамэ, нэхъыфIтэкъэ?..

Н э ж ь г ъ у щ I ы д з э. Сэ ахэр япэщIыкIэ фIыуэ згъагъыу, зэщIэзгъэгъуагэу, итIанэ дунейм тезгъэкIуэдыкIыну сыщIыхуейр сщIэн сымыгъуэту аракъым. Ахэр а хъыджэбзыжь цIыкIум къыкIэлъыпхъэрауэ къысщохъу. Гупсысэ зэбгрытыкIын нэмыщI зымыщIэ си щхьэм къызэригубзыгъымкIэ, хъыджэбзым бгъэдэлъщ МыщIэвагъуэ къэтлъыхъуэжыр. Апхуэдэу щыхъукIэ, хъыджэбзри, МыщIэвагъуэри, мы ди хьэщIэхэри тIэщIэкI хъунукъым ныжэбэ.

Ш ы к ъ у м ц I и й, дэ къэлъейхэр яхуишииж хуэдэу къабгъэдэкIуатэурэ, абыхэм якIэщIодэIухь. ЗэрымыщIэкIи, дадэм и вагъуэ къэлътмакъыр гъуджэжьым ибгъукIэ щылъу къыIэщIолъагъуэ. Абы игу къокIыж испым и псалъэхэр, икIи къыгуроIуэ Д а х э ж а н гъунэгъуу зыщIыпIэ зэрыщыIэр.

Н э ж ь г ъ у щ I ы д з э *(сабийхэм къахэплъэурэ, Джэдумрэ ТIыжьымрэ яжриIэу).* Мо гуп цIыкIум уэсэпсым хуэдэ я нэпсыр нэрынэ-нэрынэ цIыкIуу къэсщыпу, зристхьэщIу, къэнар

щыгъэу зэфIэзблэу си пщэм ислъхьэну сыхуейщ. ЦIыхубз щIалэ зысщIыжыну сыхуейщ. С-с-э-э-э, сыхуейщ абыхэм я нэпсыр исфу, зристхьэщIыжыну. ГурыIуэгъуэ? ЦIыхухэр зэхыхьэри, сэ къуажэм сыкъыдахуауэ щытащ. КъысфIамыщари укIуэдыж — «убзаджэщ, убзэгузехьэщ, упцIыупсщ, удыгъэ зыбохьэ, удыгъуэгъуакIуэщ». ЯпэщIыкIэ зыри къыскIэлъымыкIуэж хъуат. ИтIанэ, хуэм-хуэмурэ закъуэныгъэм мэлхьэпIатIэу си псэм зыкъыхиукIэу щыщIидзэм, мис мы мэзыжьым сыкъыщIэтIысхьащи, сыщIэсщ, бзаджэнаджэ сыщIэхъухьауэ. *(Дзапэ уэрэд, и щхьэр иригъеижу, къыхедзэ.)*

*Мывэ щхьэлыжьым и дзэр зэрошхыр,*
*Мы сэ сызышхыр — си Iуэхуращ.*
*Си нэ плъыжьитIым тыхъ сфIытрещIэ[1],*
*МылIэ-мыкIуэду сыкъагъэнащ.*

*Ежьу: Мы дунеижьыр сэ Iэбжьанап Iэ,*
*Уау, сымыщIауэ сымыувыIэн.*
*ЩIым къытенауи зы цIыху закъуэ,*
*Зы шхий си дзажэм сэ дэмыхьэн.*

*Мы щIылъэ фIыцIэу-фIыцIагъэ защIэр,*
*Уэншэкуу схуадзри, сыкъыдахуащ.*
*Пшэ гъуабжэ гуартэр тепIэн къысхуащIри,*
*Гукъеуэр щхьэнтэу къысщIадзыжащ.*

*Ежьу: Мы дунеижьыр сэ Iэбжьанап Iэ,*
*Уау, сымыщIауэ сымыувыIэн.*
*ЩIым къытенауи зы цIыху закъуэ,*
*Зы шхий си дзажэм сэ дэмыхьэн.*

*«Iэбжьанэ фIейкIэ» ахэр къызоджэ,*
*«Бзэгузехьэщ», жаIэ, Iэджи къысфIащ.*
*Iуэхушхуэ хъуаи, е хъуа гъуэзэджэ,*
*Си пцIым хьэблитI-щы зэриуштам.*

*Ежьу: Мы дунеижьыр сэ Iэбжьанап Iэ,*
*Уау, сымыщIауэ сымыувыIэн.*
*ЩIым къытенауи зы цIыху закъуэ,*
*Зы шхий си дзажэм сэ дэмыхьэн.*

[1] Тыхъ сфIытрещIэ — къыщхьэрепхъуэ.

*Сэ зэблэшауэ гъущIыдзэу сIутыр,*
*Фызабэ бжыхьу, игъуэлъыкIащ.*
*Фыкъэзгъэнэнкъэ «жей уз» фэфыкIыу,*
*Си хьэмтетыгъуэр нобэ къэсащ!!!*

Д ж э д у м. Сэ сыхуейкъым, си нэр къижу, мо Iейхэм си шэр ирафыжыну, си щхьэнтэхэр зыщIадзыну. ГурыIуэгъуэ?

Т I ы м. Сэ сыхуейкъым, си шхыныгъуэ IэфIыр я уэншэкуу, мохэр си мэкъумылэм зыхагъэджэразэу хэлъыну. ГурыIуэгъуэу сыпсалъэрэ?

Щ ы м и. Доубэрэжь, долI, дошхри, хьейдэ, дызэгурыIуэрэ дызэдэIуэжу дыкъызэхуонэж.

Ш ы к ъ у м ц I и й псори зэхех. Аргуэру нанэжьыр мэтIысыжри, нэ плъыжьыжькIэ зэныбжьэгъухэм къоплъ, щышхакIэ псынщIэу жеинщи, сытхъэжынщ, жыхуиIэу. ЦIыкIухэри щхьэукъуэу зэхэсщ, дыщагъэшхакIэ иджы дагъэгъуэлъыжынкъэ, жари. Абыхэм иджыри ящIэркъым мы къызыпэщIэхуар зэры-Н э ж ь г ъ у щ I ы д з э р. Нанэжьым къалэн зыхуищIыжар щIы хъурейм мыжееяуэ зыри къытримынэнырщ. Абы зыщимыгъэхъейм, Ш ы к ъ у м ц I и й ар къигъэпсэлъэну мурад ещI.



Ш ы к ъ у м ц I и й. Нанэжь, мы дызыщIэсыр уи унэ?
Н э ж ь г ъ у щ I ы д з э. Си унэщ.
Ш ы к ъ у м ц I и й. Уэ дэ удибысым?
Н э ж ь г ъ у щ I ы д з э. Сывибысымщ.
Ш ы к ъ у м ц I и й. НтIэ, щхьэ думыгъэгъуэлъыжрэ?
Т I ы м *(къахэпсэлъыхьу)*. Ушхамэ, бжэмкIэ плъэ, узыхэдгъэлъын диIэкъым.

Д ж э д у м. Нанэ и шэ пэгунибгъум сыхэфа нэужь, къауц щхьэнтэм тесыпхъэр сэращ. Мяу! Зы-щыв-мы-гъэ-гъуп-щэ. ЗыщIевгъэх дахэкIэ.

Н э ж ь г ъ у щ I ы д з э. А-ды-дыд мыгъуэ, си напэжьыр токIри!

Нанэжьыр къыщолъэт, упщIэ едзри, и хьэщIэхэр егъэгъуэлъыж. ЩIалэхэм я щхьэр пIэщхьагъым зэрытралъхьэу, пырхъын ирагъажьэ. Н э ж ь г ъ у щ I ы д з э м, Д ж э д у м р э Т I ы м р э къыдежьууэ, гущэкъу уэрэд ирешажьэ.

*ГъащIэ IэфIым и дамыгъэу,*
*Фэ фыкъытхуэкIуащ.*
*Псэм и хъуахуэурэ си фо хьэкIуэхэр,*
*Фыкъытхуеблэгъащ.*

9 Заказ №2339

*Жей, си щӀалэ, жей, си дахэ,*
*Си шыр цӀыкӀу фыжей.*
*Псэм и хъуахуэу, нэм фӀэдахэ*
*ЩӀалэхэр фыжей.*

Ш ы к ъ у м ц I и й мэгузавэри, мыжейуэ хэлъщ. Нанэжьри мэпIейтейри, абы къоплъри щысщ, мы гъуамэ гупыр зэ Iурихамэ, ар япэ сшхынт, жыхуиIэу, Ш ы к ъ у м ц I и й и нэ гъуабжитIыр зэрызэтрипIэу, нанэжьыр къокIуэри, ар къищтэну хуожьэ, арщхьэкIэ, къызэреIусэу, Ш ы к ъ у м ц I и й и нэр къызэтрехыжри, и дзэлыфэр къыхуетI.

Ш ы к ъ у м ц I и й. Сыт ухуейт, нанэжь?

Н э ж ь г ъ у щ I ы д з э. Ана-а-а, ШыкъумцIий, иджыри къэс щхьэ умыжеярэ?

Ш ы к ъ у м ц I и й. Дауэ сыжеин, зиунагъуэрэ, ди нанэ жэщ никъуэм лэкъум тхуегъажьэри дегъэшх.

Н э ж ь г ъ у щ I ы д з э. Ар гугъу-тIэ, иджыпсту фхуэзгъэлынцIыни.

Пырхъыжу зэхэлъ щIалэхэр къегъэтэджыж, псы щIыIэкIэ зарегъэтхьэщIри, лэкъумышхуэжьхэр яхутрегъэувэ. Къэхъуар къагурымыIуэу, ахэр машхэри мэгъуэлъыж. Я щхьэр пIэщхьагъым зэрынэсу, пырхъын ирагъэжьэж. Ш ы к ъ у м ц I и й и закъуэ мэгузавэри мыжейуэ хэлъщ, и нитIыр къижу. Н э ж ь г ъ у щ I ы д з э м и гурыIупсыр къажэу абы къоплъ, зэ ужеямэ, уэ гъуамэжьыр япэ уизгъэщынт, жери.



Т I ы м. Ди нанэ дыщэ, Джэдумрэ сэрэ мо гуэнымкIэ дыкIуэнщ, къэп гъуэжьыжь къэтхьынщи, хьейдэ... ГурыIуэгъуэу сыпсалъэрэ? НакIуэ. Нагъуэ, уи лъэм макъ иумыгъэщIым хъунукъэ. *(ТIури йокI.)*

Ш ы к ъ у м ц I и й и напIэр къызэрехуэхыу, нанэжьыр хуэму бакъуэурэ къыбгъэдохьэри къоIэб. КъызэреIэбуи, Ш ы к ъ у м ц I и й и напIэр къызэтрехри, и нэхэр игъэупIэрапIэу къыхудоплъей.

Ш ы к ъ у м ц I и й. Сыт ухуейт, нанэжь?

Н э ж ь г ъ у щ I ы д з э. Ана-а-а, ШыкъумцIий, иджыри къэс щхьэ умыжеярэ?

Ш ы к ъ у м ц I и й. СщIэркъым, сезэгъкъым.

Ш ы к ъ у м ц I и й, и псэр дзапэкIэ иIыгъыу, зимыгъэхъейуэ хэлъщ, и нэм къригъэжыхьурэ унащхьэр зэпиплъыхьу. Н э ж ь г ъ у щ I ы д з э м и гурыIупсыр къажэу абы къоплъ, зэ уIурихынукъэ уэ угъурсызыр, жыхуиIэу. Ш ы к ъ у м ц I и й и напIэр зэрызэтепщIэу, нанэжьыр лъапэпцIийуэ аргуэру къыбгъэдохьэри къоIэб.
КъызэреIэбуи, Ш ы к ъ у м ц I и й къоскIэри, къыхудоплъей.

Ш ы к ъ у м ц I и й. Сыт ухуейт, нанэжь?

Н э ж ь г ъ у щ I ы д з э. Ана-а-а, ШыкъумцIий, иджыри къэс ущIэмыжеяр сыт?

Ш ы к ъ у м ц I и й. Дауэ сыжеин, зиунагъуэрэ, ди нанэ нэхущ дахэм деж кхъузанэкIэ псы дригъафэу десащ дэ.

Н э ж ь г ъ у щ I ы д з э. А жыхуэпIэр напIэзыпIэм къыпхуэзгъэсынкъэ сэ! *(Джэдумрэ ТIымрэ къэпыжьхэр ягъэпщкIуу къыщыщIыхьэжым, абыхэм захуигъазэу)*. Фи кхъузанэжьхэр къафщти, фынакIуэт псыхьэ.

Щыми я кхъузанэжьхэр къапхъуатэри, Курпышхуэ къуэкIийм мажэ.
Н э ж ь г ъ у щ I ы д з э м псы кърегъахъуэ, ауэ лъэбакъуищ къимычу, йожыж.
Д ж э д у м и кърегъахъуэ, кърегъэхъуар йожыж, ТIыжьми ар дыдэрщ къыщыщIыр.

Т I ы м *(и щхьэм зы губзыгъагъэ гуэр къихьауэ)*. Мы си бжьакъуэ кIэрэфыжьыр пхъэх дзагуэкIэ пывэзгъэупщIынщ, ахэр мыкIуэсэжамэ...

Н э ж ь г ъ у щ I ы д з э. Мы си пэ къуршыжьыр джыдэкIэ фэзгъэупIэнщ, ахэр щIэмыпхъуэжамэ, ди мурад дахэр ШыкъумцIий тIэщIигъэкIыну къыдэмыщэмэ.

Д ж э д у м. ФIым фыхуеджэу хэткъэ?



Н э ж ь г ъ у щ I ы д з э м и унэм Ш ы к ъ у м ц I и й зыщеплъыхь.

Ш ы к ъ у м ц I и й. Шэч хэмылъу, мы нанэжьыращ Дахэжани, МыщIэвагъуэри, Плъыр-дадэ и башри зыгъэпщкIуар.

Ш ы к ъ у м ц I и й гъуджэм бгъэдохьэ. Гъуджэм иплъэмэ, абы хъыджэбз нэджэIуджэ къищу елъагъу. Гъуджэр игъэщэщэну хэтщ, ауэ, сыткIэ емыуэми, хуэкъутэркъым. Абдежым Д а х э ж а н и макъ къоIу.

Д а х э ж а н. ШыкъумцIий, уэ пхуэкъутэнукъым мы гъуджэр. Ар зыкъутэжыфынур езы НэжьгъущIыдзэщ. Абы ар щхъухьпсыхькIэ ипсыхьащ.

Ш ы к ъ у м ц I и й къыгуроIуэ хъыджэбз нэджэIуджэ гъуджэм къищыр зэры-Дахэжаныр.

Ш ы к ъ у м ц I и й. Хьейдэ маржэ, фызэщIэтаджэ! КхъузанэкIэ псы къахьыну мохэр згъэкIуащи, къамыгъэзэж щIыкIэ дыщIэвгъэпхъуэж.

ЩIалэхэр, къэхъуар къагурымыIуэу, хэлъщ, я нэм щIоIуэтыхьри.

Д о м б е й. Къэхъуар сыт, щхьэ думыгъэжейрэ?

Щ х ь э ж ь. Ныжэбэрей жэщым нанэжьым дыкъыщилъэфымдигъашхэурэ дигъэжеякъым. Иджы уэргуэрри щхьэ укъытщыхьа?

Н э ж ь г ъ у щ І ы д з э р делэ щхьэкІэ, абыи зыгуэрым гу лъетэ: кхъузанэкІэ псы зэи зэрыпхуэмыхьынур, къызэрагъэпцІар къыгуроІуэри, унэм къегъэзэж, Д ж э д у м р э Т І ы м р э и гъусэу. Ахэр унэм къыщІолъэдэжри, зэдэІэпыкъуурэ, къэп гъуэжьыжьым Ш ы к ъ у м ц І и й иракуэ.

Н э ж ь г ъ у щ І ы д з э *(ШыкъумцІий жриІэу)*. Си фэм дэпхар уи фэм къыдэсхыжынкъэ иджы!

Нанэжьыр мэзым хохьэ, баш къихьу Ш ы к ъ у м ц І и й иубэрэжьыну. Абы баш къилъыхъуэу мэзым щІэтыху, Ш ы к ъ у м ц І и й къэпыщхьэр къетІэтэж.

Т І ы м. Нагъуэ, сэ нанэжь къихьыну башыр хьэмкІутІейрэ бэрэжьейрэ жесІэнщи, сыкъэкІуэжынщ. Уэ сыкъэсыжыху кІэнхэр къэгъэхьэзыри, тахътэбаным итІысхьэж.

Д ж э д у м. Абы фІыуэ къыгурыгъаІуэт пхъэ угъурсызыр мо гъуамэм и щІыфэм зэрыщигъэджэгун хуейр. ХьэтеякІуэ башкІэ бубэрэжьри умыубэрэжьыххэри тІури зыщ, жыІэ.

Т І ы р щІокІ. Ш ы к ъ у м ц І и й къэпым къокІри, щыгъэ зыгъажэу тахътэбаным ис Д ж э д у м бгъэдохьэ.



Ш ы к ъ у м ц І и й. Іыхьым, Іыхьым.

Д ж э д у м. Си псэр Іупхащ, ШыкъумцІий. ПсынщІэу щІэпхъуэж, мохэр къэмысыж щІыкІэ. ПсынщІэуууу, мяу-у-у!

Ш ы к ъ у м ц І и й. Мы къэпым сыкъизыхуар пщІатэми-и-и...

Д ж э д у м. Уэ уэщхь?

Ш ы к ъ у м ц І и й. ЦІыІу.

Д ж э д у м. Сэ сэщхь?

Ш ы к ъ у м ц І и й. Зэщхьыр бощІэ, дауи. Езыр цІыкІуу, тхьэкІумитІ, лъакъуиплІ иІэу, кІэ кІыхь пыту...

Д ж э д у м *(зыкъегъэмэх)*. Сэ сщІэрт, гува-щІэхами, сещакІуэмсещакІуэурэ, а щхьэ гъурыр къызэрысІэрыхьэнур. Къэпым сигъапщхьи, псынщІэу къэзгъэубыд а дзыгъуэ гъуамэр, гъуэмбым имыпщхьэж щІыкІэ.

Д ж э д у р къэпым йопкІэ. Ш ы к ъ у м ц І и й къэпым и щхьэр пепхыкІыжри, щІопхъуэж. Ш ы к ъ у м ц І и й сценэм къожри, залым щІэсхэм къахолъадэ. «СывгъэпщкІу, маржэ хъужыхэнхэ! ДэнэкІэ Н э ж ь г ъ у щ І ы д з э р здэжар?» — жиІэу мэкІий. Ш ы к ъ у м ц І и й зы лъэныкъуэмкІэ, Н э ж ь г ъ у щ І ы д з э м адрей лъэныкъуэмкІэ къыщажыхь, зэрымылъагъуу.

Н э ж ь г ъ у щ I ы д з э. «Дуней дызытетыр пэжу кIэрахъуэм, дызэхуэзэнкъэ, уей», — жиIэу уэрэд къреш...

Н а н э ж ь ы р башышхуэ иIыгъыу къэсыжащи, къэпыжьым ШыкъумцIий исыж и гугъэу, еуэ йоуэ, еуэ йоуэ... АпщIондэхукIи, Д ж э д у р мэкIий.

Д ж э д у м. Мяу-у-у! Укъызэмыуэ зо. Уэ хьэлэч хъун, си нэжьгъыр бгъэуфIыцIынущ. Си дзэр Iубуда-а-а-щ мяу-у-у зо, ар сэращ, уи Джэду гъэфIэныращ.

Н э ж ь г ъ у щ I ы д з э. Уеплъыркъэ а тхьэгъэпцIым си Джэдум и макъ зэрызищIым. Узыр уи кIапцIэм исщ, сэ уэ сыныпщысхьмэ.

Ешыху иубэрэжьауэ, къэпыщхьэр итIатэмэ, Ш ы к ъ у м ц I и й исыжкъым, и Д ж э д у у ж ь ы р ныкъуэлIэу къохуж.

Д ж э д у м. Сэ уэ укъысхуэзэжынкъэ... Уи гъущIыдзэжьыр къыIупIиикIыу, уи закъуэу унэ нэщIым щIэс иджы урикъуху... Сэ хэти сызришэлIэнущ. Сыдахэщ, сыщабэщ, сыфIщ, зо-о-о.



Гъыурэ щIокIри, бжэр лъапэкIэ кърендзылIэж.

Н э ж ь г ъ у щ I ы д з э. А ШыкъумцIийуэ зи цыр укъуеин, си Джэду гъэфIэныр сыбгъэукIыж пэтащ!..

Ш ы к ъ у м ц I и й къыкIэлъыщIопхъуэ аби, Фокъуэ шытхым къэсыжауэ къыщIэрохьэри, еубыдыж. Й блэгущIэм Ш ы к ъ у м ц I и й щIилъхьэщ, пIэтIауэ-лъэкъуауэу къихьыжщ, къэпым иригъэтIысхьэжри, нэхъ баш гъумыж къилъыхъуэну аргуэру мэзым хыхьащ.

Н э ж ь г ъ у щ I ы д з э. Сэ уэ хьэ къукIэкIэ узмыкъумэ, си Iуэхущ иджы!

Н э ж ь г ъ у щ I ы д з э м баш гъум къилъыхъуэу мэзым хэтыху, Ш ы к ъ у м ц I и й къэпым къипщыжыну мурад ещI, ауэ абы хунэмыс щIыкIэ Т I ы ж ь ы р къыщIохьэж.

Т I ы м. ДаIэ мыхэр? Иджыри къэс ди деж ущыIэуи-и-и? Уей, сынопыджыным иджы-ы-ы.

Ш ы к ъ у м ц I и й. Зэ догуэт, зэ догуэт. Уэ жагъуэгъу уиIэ?

Т I ы м. СиIэщ.

Ш ы к ъ у м ц I и й. НтIэ, куэдрэ абы уилъ ирифыну?

Т I ы м. Ар сэ зэ къысIэрыхьэну фIэкIа сыхуейтэкъым. А гъуамэр зи къысхуэубыдыркъым.

Ш ы к ъ у м ц I и й. НтIэ, а мэлхьэпIатIэжьыр мы къэпым зриудыгъуауэ ису къыщIэкIаи-и.

Т І ы м. ДаІэ, даІэ, сигъэтІысхьэт къэпым псынщІэу, сэ абы хуэфІ сыхъунщ.

Т І ы р къэпым фІопщхьэри, Ш ы к ъ у м ц І и й къэпыщхьэр епхэж. Ш ы к ъ у м ц І и й арат зыхуеиххэри, езыр къыщІопхъуэж. Нанэжьым баш гъум иІыгъыу къосыжри, Ш ы к ъ у м ц І и й къэпым исыж и гугъэу, зешэщІри, и къару къызэрихькІэ йоуэ, еуэхукІи, Т І ы ж ь ы р мэІуей.

Т І ы м. ІукІ дахэкІэ. Бэджым хуэдэу укІэрыспІытІыхьынщ жыгым. Нанэжь, укъызэмыуэ.

Н э ж ь г ъ у щ І ы д з э. Еплъыркъэ а тхьэгъэпцІым си ТІыжьым и макъ зэрызищІ. Узыр уи кІапцІэм исщ, сэ сигу уэ ныпщІэгъумэ! *(Йоуэ, еубэрэжь.)*

Т І ы м. Укъызэмыуэ, жысІакъэ. Сыт уэсщІауэ сыщІэбукІыр. Укъаплъэнэф уэ? Си бжьакъуэ кІэрэфыр нэхъри умыкъутэ. Уэи-и-хь, НэжьгъущІыдзэм сеукІ... Уи закъуэу укъэдгъэнауэ бжы... Мис а уи псэ фІыцІэжьым мэлхьэпІатІэ хиущІэ уэ!

Н э ж ь г ъ у щ І ы д з э м ешыху иубэрэжьауэ, къэпыщхьэр итІатэрэ иплъэмэ — Ш ы к ъ у м ц І и й исыжкъым. И тІыжьым и псэр пыт къудейщ.

Н э ж ь г ъ у щ І ы д з э. А ШыкъумцІийуэ зи цыр зырызыххэу яфыщІын, си ТІыр сыбгъэукІыж пэтащ!

Н э ж ь г ъ у щ І ы д з э и къэпым зигъэпщкІун щхьэкІэ ипщхьа хуэдэу зещІ Ш ы к ъ у м ц І и й.

Н э ж ь г ъ у щ І ы д з э. А-а-а, укъысІэрыхьакъэ иджы, жьындуужь цІыкІу.

И тхьэ къызэрихькІэ, Н э ж ь г ъ у щ І ы д з э къэпым еуэу щІедзэ. Къэпым зыгуэрхэр щызэхощащэ.

Ш ы к ъ у м ц І и й гъуджэр зыхэлъа рамэм бгъэдохьэри, абы зырызурэ къэрешыж и ныбжьэгъухэри, Д а х э ж а н и, П л ъ ы р - д а д и, и башыр зэриІыгъыу. Ахэр, Н э ж ь г ъ у щ І ы д з э имылъагъуу, шындэбзий щхьэгъубжэмкІэ къыщІегъэкІуэсыкІыж. Ш ы к ъ у м ц І и й псори шыхэм трегъэтІысхьэри щІегъэпхъуэж.
Шы лъэ макъ къоІу.

Н э ж ь г ъ у щ І ы д з э. А ШыкъумцІийуэ зи цыр зырызыххэу яфыщІыным сыт къызимыщІэу къигъэнар?

Абы хэту, уэздыгъэнэфыр зэм мэункІыфІ, зэм къыщІонэж. Унэбжэр гутехуэгъуейуэ мэкІыргъри, фІыцІэкІэ хуэпауэ, тІу къыщІохьэ. Ар Д ж э д у м р э Т І ы м р э щ. ХеящІэ щыгъынри ящыгъщ.

Д ж э д у м. Мы унэр зейр нэжьгъ Іей зиІэ, гъущІыдзэ къызыІупІиикІ НэжьгъущІыдзэкъэ?

Н э ж ь г ъ у щ I ы д з э. Сыт мыгъуэ гъуджэ Iушэ сыкъивгъэщыну мурад щIэфщIар? Фыхэт фэри?

Т I ы м. Мэзытхьэ къылъыс мэз хъурей лъахэм къыщыдэкIауэ унафэ! *(Дэфтэрыр къызэIуехри.)* НэжьгъущIыдзэкIэ зэджэу унэ пхашэм щIэс, зи пэр къэрэкъэшрэ зи нэр зэблэшам тезыр тыдолъхьэ, и унагъуэ щIэса Джэду нагъуэмрэ ТIы бжьэ кIэрэфымрэ удыну иридзам къыхэкIкIэ.

Н э ж ь г ъ у щ I ы д з э. Сэракъым зи ягъэр! Езыхэр ахьмакъти, ШыкъумцIий зыкърагъэгъапцIэри, сымыщIэу субэрэжьауэ аращ. Сабийуэ, зэдэлъхузэшыпхъуу щыщытам щыгъуи жыIэдаIуэтэкъым ахэр, къуейщIеижь цIыкIухэт. ЗэгурыIуэртэкъым, зэдэIуэжтэкъым

Д ж э д у м р э  Т I ы м р э *(зыжьэу)*. Дэра ахьмакъыр? Мис иджыщ-тIэ ущыдбгынэнур. *(Я щыгъынхэр зыщатхъыж.)*

Т I ы м. НакIуэ.

Д ж э д у м. НыщIэкI. УцIыху ди гугъащ дэ уэ. Ди щIакIуэ кIапэр мис абдеж щызэгуэтIтIэпIыкIыжауэ бжы.

ТIури щIокIыж.



Н э ж ь г ъ у щ I ы д з э *(якIэлъыгъынанэурэ.)* Уэ сыт мыгъуэр си махуэ сэ иджы!.. Сыт мыгъуэр си Iэмал, жьыгъэмрэ закъуэныгъэмрэ сыту пасэуи къыслъыус, жылэм сыщыдэсари срикъунти. *(Блыным фIэлъ я сурэтхэм Iэ делъэри, тхъытхъытхъ, губжьауэ, унэм щIож.)*

Макъ шынагъуэхэр къоIу.

Н э ж ь г ъ у щ I ы д з э. У-у-у, ШыкъумцIийуэ лъакъуэ мастэ, зыIыгъ иджы, сэ уэ пхуэфI сыхъунщ.

Н э ж ь г ъ у щ I ы д з э  Ш ы к ъ у м ц I и й  кърехужьэ. Ар къожэ, модрейри къыкIэлъожэ. Ш ы к ъ у м ц I и й  къожэ, нанэжьри къыкIэлъоIэ. АрщхьэкIэ, къыкIэлъыщIэмыхьэ щIыкIэ, Ш ы к ъ у м ц I и й  лъэс лъагъуэ пхыдзам тоувэри щIопхъуэ. Ауэрэ, ар гъуэгущхьибл зэхэкIыпIэм къыщысыж дыдэм нэху гуэр, псыгъуабзэу, зыщIыпIэкIэ къызэпхидзу щIедзэ. Нэхъ нэху къэхъуху, Ш ы к ъ у м ц I и й  дэнэкIэ иунэтIын хуейми нэхъ IупщIу елъагъу, ауэ Н э ж ь г ъ у щ I ы д з э,  нэхур и жагъуэти, зыри имылъагъуж мэхъу. Д а х э ж а н  иIыгъа МыщIэвагъуэр башым итIысхьэжауэ къаблэу арат а нэхур къыздикIыр. Ш ы к ъ у м ц I и й  къызэрысыжу, жылэдэсхэр хуэмурэ жейм къыхэкIыжын щIадзэ. Псори зэхохьэри, тхьэлъэIушхуэ ящIыж, Ш ы к ъ у м ц I и й  ягъэлъапIэу. Абдежым П л ъ ы р - д а д э  и баш гъуэгугъэлъагъуэ вагъуэр зэрысыр Ш ы к ъ у м ц I и й  тыгъэ къыхуещI.

ЗэрыгурыIуэгъуэщи, Н э ж ь г ъ у щ I ы д з э  тхьэлъэIум хэткъым.

Н э ж ь г ъ у щ І ы д з э *(ШыкъумцӀий щимыгъуэтыжым и унэм щІэтІысхьэжауэ щІэсщ).* Сэ а ШыкъумцӀий сымышхауэ мы дунейм псэууэ сытемытын! Мы дунейм бзаджэнаджэу тету хъуам я хасэм къыщытщта унафэр икъутэфащ абы фІэкІа шэру зимыІэм. Ей, щІалэжь цӀыкІу, уцӀыкІуми, сыту быдэу укъысхущІэкІа!.. Бзаджэнаджагъэу сщІа псоми сыпыбгъэкІащ, МыщІэвагъуэр сІэщІэпхыжащ. Закъуэныгъэм мэзым сыкъыщІихуати, мэзыжьым си щхьэ закъуэ си лъакъуитІу сыкъыщІэбнащ.

Н э ж ь г ъ у щ І ы д з э нэхъ щыгъыныфІу иІэмкІэ зыкъехуапэри, йожьэ. Ш ы к ъ у м ц І и й щыпсэу къуажэм дохьэри, щІэупщІэурэ абы я унэр къегъуэт, куэбжэм бгъэдохьэри тоуІуэ. П л ъ ы р - д а д э бжэр къыІуехри ар ирегъэблагъэ, къицІыхуа пэтми, зыкъримыгъащІэу.

П л ъ ы р - д а д э. КъакІуэ, тхьэІухуд, къыдыхьэ, удгъэтхъэнщ, удгъэхьэщІэнщ. УкъыщІэкІуамкІи дыноупщІкъым, дыноупщІкІи, жэуап тэмэм пщыдгъуэтынукъым...

Н э ж ь г ъ у щ І ы д з э. Плъыр-дадэ срихьэщІэнущ!!! *(ШыкъумцӀий бгъэдохьэри.)* Уэ щІалэ цӀыкІур дэнэми зыщІыпІэ ущыслъэгъуащ... къысхуэщІэжкъым... щыгъупщэх Іей мыгъуэ сыхъуащ...

Ш ы к ъ у м ц І и й. Уэды-ды-д. ТІэкІуи зещІри ди «хъыджэбз» хьэщІэм.

Ш ы к ъ у м ц І и й къицІыхуакІэт къахуэкІуа хьэщІэр, ауэ къимыцІыхуа нэпцІ зещІ. ХьэщІэр я щхьэусыгъуэу, цӀыхухэр къызэхуосри, джэгушхуэ ящІ, шхынхэр зэблах. Уеблэмэ, П л ъ ы р - д а д э р э Н э ж ь г ъ у щ І ы д з э р э къызэдагъафэ.

П л ъ ы р - д а д э.

*НэжьгъущІыдзэу, къэбкъитхъудзэ,*
*Дзыуэ уиІэм бжыгъэ иІэ?*
*Бзаджэнаджэм пщІат зэхуэс,*
*ІеймрэфІеймрэ уи гунэсщ.*
*Дуней нэхум уемызауэ,*
*Вагъуэ нэхур щхьэ уи жагъуэ?*
*Жагъуэ щхьэл ущІэзгъэкІынщ,*
*Хъудыр дыдж уезгъэІубынщ.*

*Н э ж ь г ъ у щ І ы д з э.*

*Плъыр-дадэ цей плъыжь кІыхь,*
*Вагъуэ хъумэу къэзыкІухь,*

*УтетыхукIэ мы дунейм,*
*Сыкъихьэнущ сэ уи куейм.*
*ЗэкIэ сэ укъыстекIуами,*
*Сыпхуэзэнкъэ уэ гъэ къакIуэ.*

Къызэдэфэн яух.

П л ъ ы р - д а д э. СыкIуэнщи, вагъуэхэр згъэзэгъэжынщ, щIэжьей къащIэхъуами сакIэлъыплъынщ. Фымыгъэзэш, ШыкъумцIий, «хъыджэбз» хьэщIэр.

П л ъ ы р - д а д э вагъуэхэм якIэлъыплъыну щIокI.
Ш ы к ъ у м ц I и й р э Н э ж ь г ъ у щ I ы д з э р э къызэхуонэ. Зэпсалъэркъым. Зыр адрейм нэбгъузкIэ фIэкIа еплъыркъым. ТIури мэгъуэлъыжри, замыгъэхъейуэ щылъщ, зэщIодэIукIри. Н э ж ь г ъ у щ I ы д з э р Ш ы к ъ у м ц I и й кIэлъоплъ, зэрыпырхъыу, щIэсхынщи сшхынщ, жыхуиIэу. Ш ы к ъ у м ц I и и хэлъщ, нанэжьым IэмалкIэ сыIэщIэмыкIмэ, сокIуэд, жери.
Н э ж ь г ъ у щ I ы д з э м и щхьэцыр зырызурэ кърефыщIыкIыж. Ш ы к ъ у м ц и й и напIэхэм сенычыпэ щIигъэкъуэну хэтщ, мыжеин щхьэкIэ.

Н э ж ь г ъ у щ I ы д з э *(гупсысэм хэту)*. ШыкъумцIий сукIыурэ согъагъ, и нэпсымкIэ зызотхьэщIри, итIанэ сошх. Нэхъ щIалэ, нэхъ дахэ сыкъызэрыхъужу, си Д ж э д у у ж ь ы м р э си Т I ы ж ь ы м р э зызошэлIэжри, П л ъ ы р - д а д э и гъусэу космосым долъатэ. Абы сызэрынэсу, П л ъ ы р - д а д э и щхьэр ищIагъыу уафэм къызоутIыпщхьэхыж, вагъуэу хъуар нэхъ гъэункIыфIыгъуафIэ схуохъури, гъэр си гъэ мэхъу. ЩIы хъурейр бзаджэнаджэ тIысыпIэ сощIри, ари зы вагъуэти, согъэункIыфIыж.

Ауэрэ зэман докI. Н э ж ь г ъ у щ I ы д з э Iурехри къопырхъ. Ш ы к ъ у м ц I и й зыхуеиххэрати, лъапэпцIийуэ къотэджри, псы щIыIэ кIэщIекIэ абы.

Н э ж ь г ъ у щ I ы д з э *(мэIуэщхъу.)* Псым ехь си кхъуэзанэр, къэубыдыж Джэдуужь, уи бжьакъуэм къыфIэгъанэ, си ТIыжь гъэшха... Псым ехь... Псым с-е-е-ехь...

Н э ж ь г ъ у щ I ы д з э нэхущ дахэм деж къэушмэ, и пIэр псыфщ.

Н э ж ь г ъ у щ I ы д з э. Уэ мы сэ къысщыщIар. А сыунэхъуащ, си напэжь мыгъуэр текIащ!

Н э ж ь г ъ у щ I ы д з э унэм къыщIокIуэсыкIри, макIуэ-мэцIыв, щIопхъуэж. Ауэ абы пэплъэу хэлъа Ш ы к ъ у м ц I и й ар жыжьэ игъэкIуэнт?.. КъыкIэлъыщIэжри, и ужьым иуващ.

Ш ы к ъ у м ц I и й. Уэи-и-хь, хьэщIэ напэтех... НокIуэрэ... ФымыгъакIуэ!

Н э ж ь г ъ у щ І ы д з э щІопхъуэж. Ш ы к ъ у м ц І и й абы кІэлъожэ.

П л ъ ы р - д а д э *(дыхьэшхыурэ.)* Уэлэхьи, щІэщхъу къыщыщІамэ-тІэ НэжьгъущІыдзэм. Абы и щхьэм кърикІуари: мэзым нэсыжщ аби, и унэм щІэпкІэжри, хьэлъкъыр кърытыжауэ, щІэсщ, нобэр къыздэсым къахущІэмыкІыу. МэукІытэ, зиунагъуэрэ. Пэжым ухуеймэ, цІыхухэм къахыхьэжыну зэзэмызэ къохъуапсэ ар, ауэ и бзаджэнаджагъэм игъакІуэркъым. КъуейщІей, мыдаІуэ, щхьэзыфІэфІ, щхьэщытхъу, пцІыупс, бзэгузехьэ дэнэ къыщызгъуэту бзаджэнаджэ къыхэсщІыкІын, жеІэри къахоплъэ цІыхухэм.

МыдэкІэ Н э ж ь г ъ у щ І ы д з э и унэм щІэсыжщ, мэгупсысэри.

Н э ж ь г ъ у щ І ы д з э. А ШыкъумцІий цІыкІум лІы къищІыкІащ. Псоми лъапэкІэ Іуадзти, гъащІэм ар дзапэкІэ къаригъэщтэжащ. Плъыр-дадэ и гъукІэгъэсэн хъуащи, сэ ар иджы гъуэгу пхэнж схутешэжыну къыщІэкІынукъым. Мис а и гъуса Щхьэжьрэ Домбейрэ зэрызыщхьэщытхъужым зэрыпэзгъэуджыжам ещхьу, иджыри зыгуэр къыхуэгупсысауэ, гъэкІуэдын хуейхэм ящыщщ ар. Си гъуджэжьыр упсэу, къутэми, джафабзэу, цІуужу къохутэж, иджыри хэт и бзаджэнаджэ сэфэтыр езгъэлъагъужын, жеІэри.

П л ъ ы р - д а д э *(дзапэ уэрэд жиІэурэ, хьэршым пхросыкІ)*.

*ИнжыджыжькІэ зэджэр, уой гущэ — зы псынащхьэщ,*
*МэзыжькІэ зэджэ гущэри — зы мыщхьэщ,*
*Бгъэжьу уэм щызеуэ гущэри — зы джэдыкІэщ...*

П л ъ ы р - д а д э, и къэрэгъул башыр хьэтиякІуэ башу игъэужьгъэурэ, Ш ы к ъ у м ц І и й и кІэсу, мазэр щыхэІэжа лъэныкъуэмкІэ хьэршым пхросыкІ.

Уафэм вагъуэу исым хуэдиз щІылъэми уэздыгъэу къыщоблэ. ДэнэкІи гу къеуэ макъ къыщоІу. Сценэм и курыкупсэм деж зы нэху гуэр зэми къыщыщІонэ, зэм щоункІыфІыж. ИужькІэ ар нуру къоблэ. А нурыр къызыпихыр И с п ы цІыкІум и гум деж къыщыблэ шэху уэздыгъэращ. И с п ы цІыкІум зигъэкІэрахъуэм-пкІэурэ Іупхъуэхэр зэхуещІыжри, и шэху уэздыгъэр, блэуэ, сценэм и кум хуэзэу ирегъэувэх. ІупхъуитІ зэхуакум къыдоплъри, и нэкІу къигуфІыкІыр цІыхухэм нуру къажьэхопсэ.

# КЪЭБЭРДЕЙ ЛИТЕРАТУРЭМ БАЛЛАДЭ ЖАНРЫМ ЗЭРЫЗЫЩИУЖЬАР

Дэтхэнэ лъэпкъ литературэри здынэса лъагапIэхэмрэ зыIэригъэхьа ехъулIэныгъэхэмрэ къызэрапщ пщалъэ нэхъыщхьэхэм ящыщщ жанр и лъэныкъуэкIэ абы зэрызиужьар. Зы лIэщIыгъуэм къриубыдэу адыгэ литературэм жанр псори къигъэIэрыхуэн лъэкIащ, миниатюрэмрэ усэмрэ я деж къыщыщIэдзарэ жыпхъэ пIащэхэу повестымрэ романымрэ, апхуэдэуи нэхъ гугъу дыдэу зэхэлъ сонетымрэ сонет Iэрамэмрэ я деж щиухыжу. Абы щыгъуэми жанр къэскIэ езым и зыужьыныгъэ гъэщIэгъуэн лъэпкъ литературэм щигъуэтащ. Роман къудейр къэтщтэнщи, нобэкIэ диIэщ абы и лIэужьыгъуэ куэд: усэу тха роман (ЩоджэнцIыкIу А. и «Къамботрэ Лацэрэ»), роман-миф (Бещтокъуэ Хь. и «Мывэ лъэхъэнэ»), лирикэу гъэпса роман-дневник (Бещтокъуэ Хь. и «Дыщэхурэ фIамыщIрэ»), роман-поэмэ (Бэлагъы Л. и «Гуащэнэ»), роман-арабескэ (Бещтокъуэ Хь. и «МэзылIымрэ мацIэмрэ»), роман-дилогие, роман-трилогие (КIыщокъуэ А. и «Хъуэпсэгъуэ нур», «Мазэ ныкъуэ щхъуантIэ»; «Щынэхужьыкъуэ», «Нал къута», «Кхъужьыфэ»), роман-тетралогие (Нало А. и «Нэхущ шу», Шортэн А. и «Бгырысхэр»), новеллэу зэхэт роман (Къуиикъуэ Н. и «Мыпсэужхэм я шагъыр»), тхыдэ роман (ищхьэкIэ къэдгъэлъэгъуахэм я нэхъыбэр, апхуэдэуи Мэлбахъуэ Е. и «Iуащхьэмахуэ кIуэ гъуэгур шынагъуэт», Адыгэ Т. и «Тибард и мэIуху», МэшбащIэ И. и «Щэрэ езанэ щхьэдэхыпIэ», Адзын М. и «Си псэ нэщхъейм и Iуфэм»), н.ку. Романым хуэдэу, дэтхэнэ жанрри ди лъэпкъ литературэм щыкъуэпсыбэщ.



Къэбэрдей усыгъэм и тхыдэ гъуэгуанэм уриплъэжмэ, лирикэри лиро-эпикэри зы лъэхъэнэм – XX лIэщIыгъуэм и 20–30 гъэхэм – къызэдэунэхуащ, зэгъусэуи къызэдэгъуэгурыкIуащ. Абы и щыхьэтщ ПащIэ Бэчмырзэрэ ЩоджэнцIыкIу Алийрэ я творчествэр. Усэхэм нэмыщI, абыхэм япэ поэмэхэр я Iэдакъэ къыщIэкIащ. Иужьрейхэм (поэмэхэм) я фIыгъэкIэ лиро-эпикэм и зыужьыныгъэр ешэжьа хъуащ, ауэ абыхэм балладэр гуэгъу щахуэхъуар нэхъ иужьыIуэкIэщ. Япэ адыгэ (къэбэрдей) балладэр дунейм къыщытехьар нобэкIэ зэхэгъэкIыжыгъуейми, шэч зыхэмылъыр зыщ – жанрым япэ лъэбакъуэхэр щичар Хэку зауэшхуэм иужь лъэхъэнэрщ. Иджырей зэманым ар здынэсар, и къэгъуэгурыкIуэкIэ хъуар къэтхутэн ипэкIэ, абы и тхыдэм хэплъэжыпхъэщ, и хабзэ нэхъыщхьэхэмрэ нэщэнэхэмрэ («признак», «свойство» къидгъэкIыу) убзыхупхъэщ.

Балладэм и тхыдэр жыжьэ къыщожьэ. Ар XV лIэщIыгъуэм роман къэралыгъуэхэм (романыбзэр щызекIуэхэм – Франджы, Италие, Испание, н.) щызэфIэувауэ щытащ: *ballade* псалъэм «къызэрыфэ (е къызыдэфэ) уэрэд» къикIыу аращ, и IукIэкIи купщIэкIи абы пэгъунэгъу *ballet, ballar* псалъэхэм «къафэ», «къэфэн/уджын» («плясать») мыхьэнэ яIэщ. Зэрынэрылъагъущи, къыщыунэхуа лъэхъэнэм балладэр «ежьу зыщIэт къызэрыфэ уэрэду» къалъытэу щытащ. Лирикэмрэ лиро-эпикэмрэ ящыщу жанрыр зыхуахьынур щIэныгъэлIхэми балладэр зи Iэдакъэ къыщIэкI езы усакIуэ дыдэхэми пIалъэ кIыхькIэ яхузэхэгъэкIакъым. Гегель зэритхыгъамкIэ, «эпикэм и нэщэнэ гуэрхэр хэплъагъуэми, ар нэхъыбэу лирикэ тхыгъэу гъэпсащ».

XV лIэщIыгъуэм балладэм и ухуэкIэр хабзэ ткIийхэм тетащ. Ар рифмэ зэщхь зиIэ строфаищу зэхэлъын хуейт. Строфар сатырийуэ зэхэтынкIэ хъунут, апхуэдэм деж сатыр къэскIэ пычыгъуий хъурт, рифмэр ababbcbc ухуэкIэм тетыпхъэт. Строфар сатырипщIу щызэхэти къэхъурт, абы щыгъуэм сатырхэр пычыгъуипщI хъу хабзэт, рифмэр ababbccdcd ухуэкIэм тетт. ЦIыхухъу рифмэмрэ цIыхубз рифмэмрэ зэблэдзауэ, зыр адрейм ихъуэжу зэкIэлъыхьыпхъэт. Апхуэдэ гъэпсыкIэ фащэ иIэу балладэр япэ дыдэу франджы усакIуэ Вийон Франсуа и творчествэм щызэфIэувауэ щытащ.

КъыкIэлъыкIуэ лъэхъэнэхэм жанрым и ухуэкIэ хабзэхэр нэхъ къэтIэсхъащ икIи XX лIэщIыгъуэм ирихьэлIэу нобэкIэ иIэ нэщэнэхэр зэтеува хъуащ. Иджырей литературэ щIэныгъэмрэ теориемрэ зэрыщыубзыхуамкIэ, балладэм и нэщэнэ нэхъыщхьэхэм ящыщщ усэу зэрыгъэпсар, сюжет зэриIэмрэ конфликт зэрыхэлъымрэ. Апхуэдэуи тхыгъэр драматизмэкIэ гъэнщIа къэхъугъэ гуэркIэ, нэхъыбэрэ – лIыхъужь нэхъыщхьэм и лIэныгъэкIэ иухын хуейщ. Абы щыгъуэми лIыхъужьым и иужьрей гъуэгуанэр пщIэрэ щIыхькIэ гъэнщIауэ, абы и лIэныгъэм лIыгъэ хэлъу, гъэсэныгъэ-ущииныгъэ мыхьэнэ щIэлърэ щапхъэгъэлъагъуэу щытыпхъэщ. КъищынэмыщIауэ, балладэм уэрэдымрэ макъамэмрэ я нэщэнэхэр е и купщIэкIэ, е и фащэкIэ (нэхъыбэрэ – етIуанэмкIэ) къыпкърыщыпхъэщ.

Къэдгъэлъэгъуахэр жанрым и хабзэ, нэщэнэ нэхъыщхьэхэр аркъудейщ, ауэ абыхэм нэмыщI, къэзыгъэщI лъэпкъ (лъэпкъ гупсысэкIэ), усакIуэ (щхьэзакъуэ дуней лъагъукIэ), къызэрагъэщI бзэм и зэхэлъыкIэ-ухуэкIэ, н. елъытакIэ балладэм щхьэхуэныгъэ зэхуэмыдэхэр иIэнкIэ хъунущ. Ахэр наIуэ щыхъур зы тхыгъэ хэха е зы усакIуэм и IэдакъэщIэкI зыбжанэ кууэ щызэпкърах, сюжетымрэ поэтикэмрэ къызэщIэкъуауэ щадж къэхутэныгъэ щхьэхуэхэрщ.



Балладэр сюжет зиIэ усэм хэгъэгъуэщэн хуейкъым. Иджыри зэ къытедгъэзэжынщи, ар лиро-эпикэ жанрщ, абы и ухуэным ищхьэкIэ зи гугъу щытщIа хабзэ псори, нэщэнэхэри щызэдэлэжьапхъэщ.

Адыгэ литературэм и деж балладэр щызэфIэувэ лъэхъэнэм абы тегъэщIапIэу тIу иIащ: япэр – балладэ ухуэкIэ зиIэу лъэпкъ IуэрыIуатэм къыхэщыж уэрэд гупырщ, етIуанэр – урыс балладэм и щапхъэхэрщ. Ди лъэпкъ балладэм а тIум я нэщэнэхэри зыщIишащ, ауэ щыхъукIи езым и зыужьыныгъэ лъагъуэ хишыжащ.

ИщхьэкIэ зэрыщыжытIащи, зи гугъу тщIы жанрым и пкъыгъуэ нэхъыщхьэхэм ящыщщ уэрэдыр, макъамэр. Адыгэ балладэм ахэр пкърышыпсыхьыныр, «къыдалъхуа хьэл» хуэхъуныр куэдкIэ зи фIыгъэр IуэрыIуатэ уэрэд гупырщ. ЩIэныгъэлI Гъут Iэдэм зэритхымкIэ, «балладэ ухуэкIэ яIэу адыгэ IуэрыIуатэм жанр зэхуэмыдэхэм иту гъэпса уэрэдхэм уащрохьэлIэ – тхыдэ-лIыхъужь уэрэдхэр (псалъэм папщIэ, «Борэжь и тхьэусыхэ», «Хьэтхым и КъуэкIасэм и уэрэд», н.), лIыхъужь уэрэдхэмрэ гухэлъ уэрэдхэмрэ я зэхуаку дэт уэрэд лIэужьыгъуэхэр («Жамботрэ Екъубрэ я уэрэд», «Къэнэмэтрэ Къасболэтрэ я уэрэд», «Шэджэмокъуэ Хьэсанш»), лъагъуныгъэ уэрэдхэр («Iэдииху»), аллегорие уэрэдхэр («Дзыгъуищ», «Шынджийхэ я вым и тхьэусыхэ»)».

Иджырей балладэр, поэмэм хуэдэу, лиро-эпикэм и зы жанр лIэужьыгъуэщ. Ар поэмэм къызэрыщхьэщыкIыр абы нэхърэ «нэхъ

цIыкIуу зэрыщытырщ» (Квятковский А.П. зэритхымкIэ), лирикэ уэрэдым къыщхьэщызыгъэкIыр – сюжет зэриIэрщ.

Къэбэрдей литературэм щхьэхуэу и гугъу пщIымэ, нэхъ пасэу ятхахэм икIи балладэм и къупхъэм «хуэфIыпсу» изэгъахэм ящыщщ Нало Заур и «ЦIыху напэр» – къэбэрдей литературэм и лъабжьэгъэтIылъ икIи и классик ЩоджэнцIыкIу Алий фэеплъ хуищIар. И купщIэрэ и фащэкIэ мыр, и пIэ нэхъыфI къимыувэн хуэдизу, балладэ нэгъэсащ, ауэ Налом и тхыгъэхэр томищым щызэхуэхьэсауэ къыщыдэкIыжым, 2015 гъэм дунейм къытехьа етIуанэ томым поэмэу хыхьащ, и фIэщыгъэри «Удымрэ вакIуэмрэ» жыхуиIэмкIэ хъуэжащ. Мыпхуэдэ зэхъуэкIыныгъэхэм я гугъу пщIыну ухуежьэмэ, къэхутэныгъэ щхьэхуэ хуэфащэщ, ауэ мыбдежым Iуэхугъуэ зыбжанэ щыубзыхупхъэщ: япэрауэ, зэрыжытIащи, и сюжеткIи поэтикэ ухуэкIэкIи мы тхыгъэр балладэ нэсщ, сатыр бжыгъэхэр куэд зэрыхъу къудеймкIэ ар поэмэу къэплъытэныр тфIэкъабылкъым. ЕтIуанэрауэ, усакIуэм и тхыгъэм щыжиIэну зыхуеямрэ абы щIилъхьа идее лъагэмрэ екIуу къэзыгъэлъагъуэр «ЦIыху напэ» фIэщыгъэрщ: мыбы щынэхъыщхьэр удымрэ вакIуэмрэ я зэхущытыкIэр е я зэхуаку къыдэхъуэ конфликтыр аракъым (иужькIэ игъуэта фIэщыгъэм тепщIыхьмэ), атIэ Налом абы щIилъхьа щIагъыбзэ куурщ – напэм нэхъ лъапIэ дунейм зэрытемытырщ, абы нэхъ мылъкушхуи цIыхум зэрыбгъэдэмылъырщ. КIэщIу жытIэнщи, тхыгъэм и фIэщыгъэми, жанрыр езы усакIуэм зэриубзыхуами зэхъуэкIыныгъэ хэлъхьэн хуеяуэ къэтлъытэркъым.



«ЦIыху напэм» и купщIэмкIэ къыщыщIэддзэнщи, балладэм зэрыщыхабзэу, мыбы драматизм куукIэ гъэнщIа конфликт щIэлъщ, гуащIэу екIуэкI сюжет хыболъагъуэ, персонаж нэхъыщхьэм и лIэныгъэкIэ еух. Тхыгъэм мифологие лъабжьэ иIэщ (мыри жанрым и зы нэщэнэщ): ажалымрэ гъащIэмрэ, емрэ фIымрэ, кIыфIыгъэмрэ нэхугъэмрэ я зэпэщIэтыныгъэ мыухыжыр дунейм и хабзэ ткIийуэ зэрыщытыр удымрэ балладэм и лIыхъужь нэхъыщхьэ цIэимыIуэ «лIымрэ» я образхэмкIэ къэгъэлъэгъуащ.

Сюжетым къыщыхъу-къыщыщIэм куэдыр щыгъуазэщ, сыту жыпIэмэ «ЦIыху напэ» балладэр ебланэ классым и хрестоматием иту курыт еджапIэхэм щрагъэдж.

Махуэр хуабэу гъуэгуанэ тет лIыр псыхуэлIэм щигъэмэхым, абы кърихьэлIа удыр щхьэщохьэри псы ирегъафэ. Псы Iубыгъуэм зыкъригъэщIэжа нэужь, зы псы фалъэ иригъэфэжыну лIыр удым йолъэIу. Ауэ пщIэншэу псы иригъэфэну удым идэркъым, псы фалъэм и уасэу гъэ къэскIэ тыгъэ гуэр Iихыну лIым пеубыд. ПсыхуэлIэм къарууншэ ищIар абыкIэ арэзы мэхъури, Iуэхур зэраухылIэ. АрщхьэкIэ удым зи гугъу ищIыр тыгъэ лъапIэ дыдэт – цIыхум и напэр арат. Ар итыну лIыр арэзы щымыхъум, абы пэкIуэу удым япэ илъэсым и бзэр Iех, етIуанэм – и нэр, ещанэм – и псэр. Мыбдежым лIым и псэр итами, трагедие (лIэныгъэ) къэхъуами, балладэм зэрыщыхабзэу, кIэухыр гукъутэкъым, уеблэмэ лIыхъужьым и псэр пщIэрэ щIыхьрэ пылъу зэритам уропагэ, гушхуэныгъэ къует, а псом фIэкIыжауэ, и ущиинытъэ мыхьэнэри лъагэщ, сыту жыпIэмэ напэр зыхъумэфырщ ЦIыху нэскIэ узэджэнур, зи цIэмрэ зи хъыбарымрэ щапхъэгъэлъагъуэу лIэщIыгъуэ куэдхэм кIуэцIрыкIыфынур. Аращ лIым и хьэдэм пщIэшхуэ щIигъуэтри:

*Напэ хужьу щылъщ а хъэдэр,*
*Нурыр къыщхъэщех,*
*ЦIыхуу щыIэм ягъэлъапIэу*
*ЛIым и хъэдэр дах.*

Тхыгъэм кIэIунэ езытыж строфахэм къызэрыщыгъэлъэгъуамкIэ, напэ къабзэм и нурыр дыгъэ бзийм хыхьауэ цIыхухэм ятопсэ, анэ быдзышэхэм зыщIашащ, сабиинэм къыщIощ. Дэ дызэреплъымкIэ, усакIуэм нэхъыщхьэу жиIэну зыхуеяр мыращ: напэр зыхъумэфхэм фIы къапкърокI, а фIыр мэбагъуэ, дунейр еуфэбгъури, ар къутэу къемыщэщэхыжу, илъэс мин бжыгъэ куэд лъандэрэ зэтреIыгъэ.

«ЦIыху напэм» и поэтикэри, зыхуэбгъадэ хъун щымыIэу, гъэщIэгъуэнщ, екIущ, шэрыуэщ. ИщхьэкIэ къызэрыхэдгъэщащи, уэрэдымрэ макъамэмрэ я пкъыгъуэ гуэрхэр, я хьэл хэплъэгъуэныр балладэм и нэщэнэ нэхъыщхьэхэм ящыщщ. Нало З. и тхыгъэм зы бэуэгъуэкIи къызэтеувыIэн хуэмейуэ, тыншу укъоджэ, и ритмикэр макъамэм хуэдэу шэщIащ, рифмэхэр къулейщ, сатыр 204-рэ зи кIыхьагъ тхыгъэшхуэр зэрыщыту, жыпхъэм зы мащIэкIи темыкIыу, хорейкIэ тхащ. Уэрэдым и гъэпсыкIэм пэгъунэгъу ищIу, балладэм зы едзыгъуэм куэдрэ къыщытрегъэзэж («припев-рефрену» къокIуэ): удыр лIым и пащхьэ къиувэхукIэ, тхыгъэм хэлъ драматизмэр щIигъэхуабжьэу, абы и теплъэр усакIуэм дигу къегъэкIыж:

*Цы Iуданэ плъыжькIэ и нэр*
*Хуэдэщ къэдыхьам,*
*Псалъэу жиIэм гур еIулIэр,*
*Ещхьу хуэш хыхьам.*

Балладэм и хьэл-щэну литературэджхэм къыхагъэщхьэхукIхэм ящыщщ абы IуэрыIуатэ, мифологие, таурыхъ мотивхэр лъабжьэ хуэхъунри. IуэрыIуатэ тхыгъэхэм я гъэпсыкIэмрэ таурыхъхэм я ухуэкIэмрэ пэгъунэгъуу тхащ Налом и балладэри. Гъут Iэдэм пэжу гу зэрылъитащи, «мыбы лъабжьэу авторым хуищIа къэхъугъэр ущие псысэм и сюжетым ещхьщ», нэгъуэщIу жыпIэмэ дидактикэ хэлъщ. Таурыхъхэр «щыIащ-псэуащ...» жиIэу къызэрызэIуах щIыкIэм тету ухуауэ, ауэ нэхъ зыубгъуауэ «ЦIыху напэм» хэзышэ Iыхьэ иIэщ. Тхыгъэм и конфликтым и ублапIэм кIэщIу щигъэгъуэза нэужь, усакIуэм тхылъеджэм зыхуегъазэ:

*Ер вы бжакъуэм къызэрикIыр*
*ТщIамэ, Iуэху къэхъунт?*
*Ер псы фалъэм зэрыхэлъыр*
*ИщIам, лIыр ефэнт?*

*А псы фалъэм къикIа Iуэхур*
*КъэтIуэтэнщ иджы.*
*Ар къэфщIэну фэ фыхуеймэ,*
*Мы тхыдэжьыр вджы.*

«Ер вы бжакъуэм къокI» жыхуиIэ адыгэ псалъэжьыр тхыгъэм и бзэм IэкIуэлъакIуэу зэрыхэухуэнами гу лъытапхъэщ.

Жанрым нэгъуэщI и зы щхьэхуэныгъи Налом и IэдакъэщIэкIым къыпкъррыщащ: тхыгъэм гъищ и пIалъэ къызэщIиубыдэми, илъэсхэр усакIуэм псынщIэ-псынщIэурэ зэкIэлъехь, нэгъуэщIу жыпIэмэ къетхэкI лейрэ къыщымыщ Iуэхурэ хэмыту ешэжьа хъуа сюжетыр еукъуэдий, конфликтым и лъэужьи кIэщIу дрегъаплъэ. Iуэхур щекIуэкI щIыпIэри убгъуауэ къэгъэлъэгъуакъым, сыту жыпIэмэ балладэм щынэхъыщхьэр конфликтымрэ абы и зэфIэхынымрэщ, ар къэзыухъуреихь псори абы ефэгъуэкIыу гъэпсыпхъэщ: апхуэдэ ухуэкIэм тхыгъэм щIэлъ драматизмэр, психологизмэр щIегъэхуабжьэ.

Дызыхэплъа псори зы псалъэухакIэ къызэщIэткъуэжмэ, Нало З. и «ЦIыху напэр» лъэпкъ балладэм и лъагапIэщ, жанрым и фIыпIэщ, абы и къупхъэм, фIэкI е дэдзых имыIэу, хуэфIу йозагъэ.

«ЦIыху напэм» нэмыщI, Нало З., «ЦIыхумрэ Тхьэмрэ» (1968) фIэщыгъэм щIэту, нэгъуэщI зы баллади и Iэдакъэ къыщIэкIащ. Жанрым и зы нэщэнэу а тхыгъитIми пкъыгъуэ гъэщIэгъуэн япкърылъщ: я идее унэтIыныгъэр щIылъэм къыщыхъу-къыщыщIэхэм нэхърэ куэдкIэ нэхъ лъагэщ, мифологие лъабжьэ яIэщ.

«ЦIыхумрэ Тхьэмрэ» балладэм и сюжетыр щIэщыгъуэщ, жанрым къызэригъэувуи, конфликт хэлъщ. Тхыгъэм къызэрыхэщымкIэ, Тхьэ иныр лIэщIыгъуэ минкIэ гупсысащ, икIэм-икIэжым, жэщибл-махуиблым и кIуэцIкIэ «дыгъэ минищэ щыблэу» дуней дахэ къигъэщIащ. АрщхьэкIэ а дунейм зэманыр зэпцIа щыхъуатэкъым, «зэпыхужт икъутэу дуней иныр». Ар зыхъумэфын, зэтезыIыгъэн къару къилъыхъуэурэ Тхьэшхуэр гупсысапIэ ихуащ, хэкIыпIэу къигъуэтари дунейр зегъэкIуэн-зехьэнымкIэ щIэгъэкъуэн къыхуэхъун гуэр къигъэщIынырщ: япэщIыкIэ МелыIычыр, къыкIэлъыкIуэу Иблисыр, ещанэу ЦIыхур къигъэщIащ.

Тхыгъэм и конфликт нэхъыщхьэр Тхьэмрэ Иблисымрэ я зэхуаку къыдохъуэ:

*– Дунейр IэщIокI хуэмыIыгъыжу си шхуэм,*
*Сыт си Iэмал? – щIоупщIэ Алыхьышхуэр.*
*– Дунейр къэзыгъэщIам хузэфIэмыкIым, –*
*ЖиIащ абы пащIэкIэм щIэгуфIыкIыу, –*
*Хэт къыбжиIа сэ си Iэзэгъуэ иту? –*
*Ар мэлъэтэж абы нэхъ Iуэху хэмыту.*
*Ар жыжьэу къоплъэ, Тхъэм къыщыдыхьэшхыу.*
*Езыри щытщ Иблисым хуэдзэлашхэу.*

Зэманыр щащцэу дунейри къещэщэхыжынкIэ шынагъуэм Iуэхур щыхуэкIуэм, Тхьэшхуэм къыхуэнэжар зыт – ЦIыху къигъэщIынырт. Тхыгъэм иужькIэ наIуэ зэрыщыхъуамкIэ, ар гукъэкI пэжт, сыту жыпIэмэ езы гъащIэр къызыхуигъэщIари зыхэщIэрэ зэхэщIыкIкIэ зыхуэупсари ЦIыхур арат. Дунейм къызэрытехъуэу абы жеIэ:

*– Сэрат мы дуней иныр къызыхуэтыр. –*
*Лэжьэн щIидзауэ ЦIыхум жэуап етыр.*
*Абы акъылкIэ зэрепхыж зэманыр,*
*Дунейр мыкъутэу къызэтрегъанэр.*
*Абы къэхъугъэм мыхьэнэ иретри,*
*КъегъэуIэбжь езы дунейм и тетри.*

*ГуфIауэ Тхьэм къыхуещIыр ЦIыхум тыгъэ*
*Насыпу щыIэм ящхьэу лъагъуныгъэр.*

Къэтхьа пычыгъуэр балладэм и кIэухщ, тхыгъэм щIэлъ гупсысэр къыщызэщIэкъуэжащ, Iущыгъэрэ ущиекIэ гъэнщIащ. УсакIуэм къызэригъэлъэгъуащи, япэрауэ, ЦIыхур дунейм къызэрытехъуэу лэжьэн щIедзэ, лэжьыгъэм ар адрей псэущхьэхэм къазэрыщхьэщигъэкIыр, ЦIыху нэс зэрищIыр щIагъыбзэкIэ къиIуатэу. ЕтIуанэрауэ, ЦIыхум акъыл бгъэдэлъу, абыкIэ дунейр зэтриIыгъэн къалэн иIэу къызэригъэщIар мы сатырхэм иджыри зэ дигу къагъэкIыж. Ещанэу, лъагъуныгъэр Тхьэм и тыгъэу, ар гъэпэжын, хъумэн хуейуэ зэрыщытыр тхыгъэм кIэIунэ дахэ езытыж Iущыгъэу усакIуэм къехь, зэрыжаIэу, гуIэфIтещIэжкIэ балладэр еух.

Конфликт гуащIэ, драматизм куу е трагизм хэмылъми, Нало З. и етIуанэ балладэри къехъулIауэ, и купщIэкIэ, сюжет ухуэкIэкIэ жанрым и къупхъэм къригъэзэгъэфауэ къэлъытапхъэщ.

XX лIэщIыгъуэм и 60 гъэхэм я кIэуххэм – 70 гъэхэм я пэщIэдзэм балладэм къэбэрдей литературэм нэхъ щIэгъэхуэбжьауэ зыщиужьу щIидзащ. А лъэхъэнэм къыщегъэжьауэ дунейм къытехьа тхыгъэхэм я бжыгъэр куэд дыдэ мыхъуми, я фIагъкIэ жанрым и классикэу къэлъытапхъэхэр яхэтщ. Абыхэм ящыщщ, псалъэм папщIэ, IутIыж Борис и «Уэрэд» (1975) балладэр. Налом и «ЦIыху напэм» хуэдэу, мы тхыгъэри ЩоджэнцIыкIу Алий и фэеплъу гъэпсащ.

И фIэщыгъэм и деж къыщегъэжьауэ, IутIыжым и балладэм а жанрым и хьэл-щэнхэр хыболъагъуэ. Тхыгъэм и поэтикэ и лъэныкъуэкIэ уэрэдым и нэщэнэ хэлъкъым (ежьу, рефрен сыт хуэдэхэм ущрихьэлIэркъым), ауэ абы и сюжетым уэрэдым щIыпIэ хэха щеубыд, къалэн пыухыкIа щегъэзащIэ – усакIуэм (ЩоджэнцIыкIу Алий) и псэр уэрэд мэхъури, псэхэхым IэщIолъэт. А теплъэгъуэр психологизм куу хэлъу балладэм и кIэух сатырхэм къыщыгъэлъэгъуащ:

*Псэхэх губжьауэ гущIэгъуншэр*
*ЦIыху лIэм хуеIэбыхащ.*
*Псэр зэуэ хъущ уэрэд уахътынши,*
*Абы IэщIэлъэтащ.*

Дызэрыщыгъуазэщи, мыпхуэдэу драматизмкIэ гъэнщIа кIэух иIэныр жанрым и хабзэхэм языхэзщ. Тхыгъэм щIэлъ гупсысэ нэхъыщхьэр мыбдежым къыщыхэкъузыкIыжащ: ЩоджэнцIыкIу Алий хуэдэ псэ нэхухэр зэрыуахътыншэр, апхуэдэ цIыхушхуэхэм я уэрэдыр зэрыкIэншэр усакIуэм щIагъыбзэ дахэкIэ къиIуэтащ. ЩIэныгъэлI БакIуу Хъанджэрий пэжу къызэрыхигъэщащи, «кIэух гъуэзэджэщ: ЩоджэнцIыкIу Алий и гъащIэм уэрэдым пещэ, гъащIэр уэрэдым хуокIуэ, ар лъэужьыншэу хэкIуэдэжыркъым».

Дэтхэнэ балладэ нэсми хуэдэу, IутIыжым и тхыгъэм сюжетрэ конфликтрэ хэлъщ. Сюжетыр кIэщIщ: зи псэ еджэу телъ усакIуэм псэхэхыр къыхуокIуэри, дунейр къибгынэну къыжреIэ, жэнэтым ишэнуи къегъэгугъэ. АрщхьэкIэ усакIуэм зы лъэIу иIэщ:

*Адыгэ лъахэу хэку щIэращIэм*
*Си нитIыр Iугъэплъэж.*

*Насып уэрэдкIэ си лъэпкъ мащIэм*
*Гур зэ хуэгъэупсэж.*

А лъэIур къыхуищIэмэ, жыхьэнмэм кIуэнуи арэзы мэхъу. Ар имыдэу, псэхэхыр мэгубжьри, усакIуэм и псэр зыIэщIилъхьэну мэIэбэ, а напIэзыпIэм усакIуэпсэр, «уэрэд уахътыншэ» мэхъури, абы IэщIолъэт.

Зэрынэрылъагъуэщи, дызыхэплъэ тхыгъэм мифологие мотивымрэ хэкур фIыуэ лъагъун мотивымрэ щызэхэухуэнащ, ауэ абы къыщыхъухэр егъэлеякъым, фIэщ щIыгъуейкъым, усакIуэ нэсым и псэр и хэкум, лъэпкъым папщIэ зэритыфынур гурыIуэгъуэщи.

Тхыгъэм и конфликтыр гуащIэщ, псом хуэмыдэжу псэхэхыр усакIуэм къыщыхуепсых напIэзыпIэр IутIыжым гущIыхьэу, зыхыумыщIэнкIэ Iэмал имыIэу, къигъэлъэгъуащ:

*Iуплъащи нэхэр ажал къакIуэм,*
*Псалъэншэхэу мэкIий.*
*Ар къокIуэ!.. Мис!.. Къэсащ!.. Шынагъуэм*
*Гуузу хесхъэ гур!..*

Балладэм зэрихьэлу, зи гугъу тщIы тхыгъэм ущие, философие куу хэлъщ. ПэщIэдзэ сатырхэм деж гъащIэр зищIысымрэ абы и мыхьэнэмрэ ехьэлIа гупсысэхэм дыщрохьэлIэ:



*Илъэсхэр блокIри, гъадэщIыдэ*
*Пшагъуэбэм хогъуэщэж.*
*ЦIыху гъащIэр щIыгум къытолындэ,*
*А щIыгуми хокIуэдэж.*
*Аращ игъащIэми: ажалыр*
*Дэтхэнэми и кIэсщ.*
*Зы напIэзыпIэщи псэ пIальэр,*
*ПхъэласкIэ гъуру мэс...*

«Уэрэд» балладэм и гъэпсыкIэри гъэщIэгъуэнщ, жанрым и къежьапIэ дыдэм къагъэщIа тхыгъэхэм поджэж. Сатыр 44-рэ зи кIыхьагъ тхыгъэр едзыгъуэкIэ зэпыудакъым, цIыхубз рифмэхэмрэ цIыхухъу рифмэхэмрэ зэблэдзауэрэ щызэкIэлъокIуэ, сатырхэр ямб жыпхъэм итщ. Псалъэм папщIэ, зы едзыгъуэм и ухуэкIэм дыхэплъэнщ:

*Мис иджыпстуи щылъщ усакIуэр.*
*Псэ хэкIым зыкъеший.*
*Iуплъащи нэхэр ажал къакIуэм,*
*Псалъэншэхэу мэкIий.*

| | |
|---|---|
| *U U / U – / U – / U – / U* | *пир. 2 пыч.** |
| *U – / U U / U –* | *пир. 4 пыч.* |
| *U – / U – / U U / U – / U* | *пир. 6 пыч.* |
| *U – / U U / U –* | *пир. 4 пыч.* |

Къэтхутахэр къызэщIэткъуэжмэ, IутIыж Б. и «Уэрэд» тхыгъэри балладэ жанрым и зы фIыпIэу лъэпкъ литературэм зэрыхэувам щыхьэт тохъуэ.

* Пиррихиер етIуанэ пычыгъуэм щытщ.

10 Заказ №2339

Адрей жанрхэм (псалъэм папщIэ, усэм, сонетым е поэмэм) еплъытмэ, балладэм адыгэ литературэм нэхъ мащIэу зыщиужьащ, апхуэдэу щытми, нобэкIэ абы и щапхъэ пщIы бжыгъэхэр диIэщ. ИщхьэкIэ зи гугъу щытщIахэм нэмыщI, къыхэгъэщыпхъэщ КIыщокъуэ Алим и «Бжей жыгым и балладэ», Бещтокъуэ Хьэбас и «Мкртыч Даштоян папщIэ балладэ», Бицу Анатолэ и «Бгырысыр къызэралъхуар», «ЩIакIуэ кIапэ», «Жамболэт», Къэжэр Хьэмид и «Данко жэкъуа», «Уэредадэ», «Дахагъым и сурэт», Къагъырмэс Борис и «Паганини», «Кърум папщIэ балладэ», Уэрэзей Афлик и «СурэтыщIым теухуа балладэ», Хьэвжокъуэ Людмилэ и «Псалъэ жагъуэ» жыхуиIэхэр, н.

Уэрэзей А. и «СурэтыщIым теухуа балладэ» тхыгъэм и жанрыр, и фIэщыгъэми къызэригъэлъагъуэщи, езы усакIуэм иубзыхужащ икIи абы арэзы утехъуэ хъунущ. Балладэр инкъым, и сюжетри псалъэуха зытIущкIэ къыпхуэIуэтэнущ. УсакIуэм зи цIэ иримыIуэ сурэтыщIыр бгыщхьэм дэкIуеяуэ уафэм и сурэт ещI. Пшэ фIыцIэ къытохьэри, щыблэрэ уафэгъуагъуэрэ зэщIэту уэшхышхуэ къошх, ауэ сурэтыщIым и IэдакъэщIэкIым зытреубгъуэри, ар зыри къыщымыщIу къызэтонэ, езыр щыблэм еукI. Апхуэдэу, балладэм и кIэухыр, зэ еплъыгъуэкIэ, гущIыхьэщ, ауэ гъуазджэм и хъугъуэфIыгъуэр – сурэтыр – къызэрызэтенар гурыфIыгъуэу, гуфIэгъуэ макъамэ щабэу тхыгъэм щIэтщ.

«СурэтыщIым теухуа балладэм» и кIуэцIкIэ усакIуэм бзэм и Iэмал зэхуэмыдэхэр (метафорэ, эпитет, зэгъэпщэныгъэ, къэгъэпсэуныгъэ) къыщигъэсэбэпащ. Абыхэм я фIыгъэкIэ тхыгъэр зэрытха бзэр къулей икIи шэрыуэ хъуащ:

*Уафэ къащхъуэм щосыр пшэ хужь Iэтэ,*
*Iум йоткIухьыр уэгум ит хьэуар.*
*Гукъыдэжыр къыхузэщIиIэтэу,*
*Къуршири джэрпэджэжкIэ къэгуоуащ.*



СурэтыщIым и псэм къылъэIэса гузэвэгъуэр психологизм лъэщ хэлъу тхыгъэм къыщыIуэтащ:

*Батэурэ пшэ фIыцIэр къыхуоIэгъуэ,*
*КъызэщIигъэуфIыцIэу дуней псор.*
*Уэгур макъ шынагъуэкIэ къогъуагъуэ,*
*Игъэдийрэ игъэгызу псэр.*

ГъэщIэгъуэнщ уафэгъуагъуэм и псалъэ шынагъуэхэри тхыгъэм къызэрыхыхьэр:

*Уафэгъуагъуэр гъуагъуэу къокIиехыр:*
*«Сэ къыспэхъуфыну цIыху IэрыкI?»*

«СурэтыщIым теухуа балладэр» и пэм къыщыщIэдзауэ и кIэм нэс зы жыпхъэм – стопаитхуу зэхэт хорейм – итщ. Тхыгъэр сатыриплIу е тхууэ зэхэт строфакIэ тхащ:

*И къарур еухри йокIуэтыжыр,*
*Уафэ адрыщIкIэ щхьэдохыж.*
*Дыгъэри щэху дыдэу къыкъуокIыжри,*
*УкIытэхыу уэгум къоувэж...*

*U U / – U / – U / U U / – U пир. 1, 7 пыч.*
*– U / U U / – U / U U / – пир. 3, 7 пыч.*
*– U / U U / – U / U U / – U пир. 3, 7 пыч.*
*U U / – U / – U / U U / – пир. 1, 7 пыч.*

Балладэм и Iыхьэ нэхъыбэр кIэух рифмэ зэблэдзакIэ тхащ:

*И IэрыкIым и гур къригъэблу,*
*ЕщIри-ещIыр уафэм и* ***сурэт.***
*И сурэтым дыгъэр къыщегъаблэ,*
*ЩIэлъу дуней кIэншэм и* ***къэуат!***

Къэдгъэлъэгъуам къыдэкIуэу, зи гугъу тщIы тхыгъэм нэгъуэщI рифмэ лIэужьыгъуэхэми уащрохьэлIэ. Псалъэм папщIэ:

*СурэтыщIыр теубгъуащ мольбертым,*
*И IэщхьитIым къыпожыж* ***уэшхыпс:***
*Мы дунейр уэлбанэм къыщикъутэм,*
*Зытриубгъуэжри и сурэтым,*
*Къытригъэшхакъым зы уэшх* ***ткIуэпс.***



Мы щапхъэм деж кIэух рифмэкIэ япэ, ещанэ, еплIанэ сатырхэр, апхуэдэуи – етIуанэмрэ етхуанэ сатырымрэ зэпхащ. Япэ сатырымрэ ещанэмрэ кIэух рифмэ зэблэдзакIэ, етIуанэмрэ еплIанэмрэ *къызэщIэзыубыдэ (къызэщIэзыкъуэ)* кIэух рифмэкIэ, ещанэ сатырымрэ еплIанэмрэ кIэух рифмэ зэгуэгъукIэ зэпхахэщ.

Уэрэзей А. и IэдакъэщIэкI «СурэтыщIым теухуа балладэр» усакIуэм и художественнэ Iэзагъыр, и зэчиймрэ усыгъэ хъэтIымрэ адрей усакIуэхэм ейм къазэрыщхьэщыкIыр наIуэ къэзыщI тхыгъэщ. Ар сыт и лъэныкъуэкIи – къыщыIэта IуэхугъуэкIи зэрыухуа щIыкIэкIи – къызыхуагъэщIа жанрым йозагъэ.

БжыгъэкIэ къэбгъэлъагъуэмэ, къэбэрдей усакIуэхэм ящыщу балладэ нэхъыбэ дыдэ зи Iэдакъэ къыщIэкIар Къэжэр Хьэмидщ. 1998 гъэм къыдэкIа «Усыгъэхэр» тхылъым илъэс зэхуэмыдэхэм итха балладэ 13 хыхьащ: «Мывэ щIым телъыхукIэ» (1975), «Лъэпкъ мылъку» (1977), «Гъуэгуанэ гугъу» (1986), «Лъэтэжа» (1992), «Блок зэрыкIуэдыкIар» (1992), «Уэредадэ» (1993), «Данко жэкъуа» (1993), «Псалъэ зеиншэхэр» (1993), «Тенджызым нэсыфынур» (1993), «Дахагъым и сурэт» (1995), «Дахэлинэ» (1996), «Налкъут щхъуантIафэ» (1997), «Пехьэжьэ» (1997).

Балладэм и нэщэнэхэр нэхъыбэу зыхэлъу усакIуэм къехъулIахэм ящыщщ «Уэредадэр». Сюжетым лъабжьэ хуэхъуар Мстиславрэ Редадэрэ зэрызэбэна IуэрыIуатэ хъыбар цIэрыIуэрщ. Адрей балладэхэм къащхьэщыкIыу, мыбы зы щхьэхуэныгъэ хэлъщ: конфликтыр къызыхэкIыр зэдауэ е хьэл-щэнкIэ, дуней еплъыкIэкIэ зэпэщIэувэ къудейкъым, атIэ Iэпщэрыбанэщ, персонажхэр къарукIэ зэпошачэ. Бэнэныгъэр Редадэ и лIэныгъэкIэ еух: бийр лIыгъэкIэ къыщыпэмылъэщым, гъэпцIагъэкIэ къеукI. Балладэм абдежым кIэух щиIами, жанрым и хабзэхэр гъэзэщIа хъуат, ауэ Iыхьихыу зэхэлъ тхыгъэм конфликтым и зыужьынымрэ зэфIэхынымрэ щиубыдыр IыхьитIщ, абы щыгъуэми адрей плIыри лейкъым.

Ещанэ Iыхьэр, зы усэ жыпхъи имызагъэ япэ, етIуанэ Iыхьэхэм я ухуэкIэ гугъусыгъум икIи кIыхьлIыхьым къытокIри, ритмикэ псынщIэ щIэлъу гъэпса мэхъу, уэрэдым хуэдэу макъамэ къыщIохьэ:

*Мыр сыт лъэхъэнэ,*
*мыр сыт дуней:*
*лIыгъэм хуэхамэр*
*Iуащхьэм докIуей!*

*Напэ зимыIэм*
*бжьыпэр еубыд.*
*Пхэлъмэ зышыIэ,*
*Уохъури нэхъ пуд!*

Укъыщеджэ къудейкIи зэрызэхэпхщи, мыбдежым тхыгъэм макъамэпсэ къыIуокIэ. Ар зи фIыгъэр сатырхэм къабзэ дыдэу къыщыгъэсэбэпа стопаитIу зэхэт дактилым и жыпхъэмрэ рифмэ гъэщIэгъуэнхэмрэ екIуу зэрызэдэлажьэрщ. Графикэ гъэпсыкIэм ухэплъэмэ, къэтхьа щапхъэри, ар къызыхэтха Iыхьэри къэдгъэлъэгъуа жыпхъэм зы мащIэкIи икIыркъым. Мис абы и ухуэкIэр:

*– U U / – U*
*– U U / –*
*– U U / – U*
*– U U / –*

*– U U / – U*
*– U U / –*
*– U U / – U*
*– U U / –*



Къэжэрым и балладэм уэрэдымрэ макъамэмрэ, фащэ къудейкIэ мыхъуу, купщIэкIи пкъырыгъэшыпсыхьащ: тхыгъэм джэгуакIуэм и образым щIыпIэ хэха щеубыд, къалэн пыухыкIахэр щегъэзащIэ: бэр къызэщIеIэтэ, зылI и быну зэкъуэувэу къахуепсыха бийр хагъэщIэну къыхуреджэ, езыми Редадэ лIыхъужь уэрэд хуиусыжыну лъэныкъуэ зрегъэз. Жэщ гупсысэм здыхэтым, Редадэ зыхуигъэдэнур, и лIыгъэр зригъэпщэнур къыхуэмыгъуэту уэрэдусыр гугъу йохь: жырым, дыгъэм, махуэм, мазэм... – псоми зы дагъуэ гуэр яIэщ, языхэзми къыпэлъэщын къару щыIэщ. Нэхущ хъуауэ и щхьэм къохьэ: *«Редадэ» жаIэм «лIыгъэ» къикIыу / къренэ, лъэпкъым игу имыкIыу!*

Тхыгъэм и кIэух Iыхьэм гупсысэ гъэщIэгъуэн щIэлъщ:

*Абдеж къыщожьэ: «Уэ Редадэ!»*
*Ар мэхъу иужькIэ – уэредадэ.*
*Абы и пIалъэр, и жыIэгъуэр*
*лъэпкъыр щыгушхуэ дэрэжэгъуэрщ.*

Мыбдежым зэ еплъыгъуэкIэ зэхэщIыкIыгъуей щIагъыбзэ щIэгъэпщкIуащ, ауэ кууэ упкърыплъмэ, гурыIуэгъуэ мэхъу: лIыхъужьым и лIэныгъэр усакIуэм фIым, «дэрэжэгъуэм» хуешэ – ар, дызэрыщыгъуазэщи, балладэм и зы хьэлщ.

Псоми щхьэхуэу дакъытемыувыIэфми, зи гугъу тщIа тхыгъэм нэмыщI, балладэм и къупхъэм изэгъауэ Къэжэр Хь. и IэдакъэщIэкI нэхъыфIхэу «Дахагъым и сурэт», «Мывэ щIым телъыхукIэ», «Псалъэ зеиншэхэр» жыхуиIэхэри къыхэгъэщыпхъэщ.

Дызыхэплъэ жанрым хэлъхьэныгъэ нэхъ ин хуэзыщIахэм ящыщщ Бицу Анатоли. А усакIуэм «къэбэрдей поэзием хуищIа хэлъхьэныгъэр нэхъ щызу къэбгъэлъэгъуэн щхьэкIэ лиро-эпикэ жанрхэм я гугъу щIыпхъэщ», – етх Гъут Iэдэм. Поэмэхэри хъарзынэу къехъулIами, Бицум и балладэхэр жанрыр зэрыгъэлэжьэн хуейм и щапхъэ нэсщ. Ахэр илъэс зэхуэмыдэхэм дунейм къытехьащ, иужькIэ, псори къызэщIэкъуэжауэ, 2016 гъэм къыдэкIа «Къосыр уэс...» тхылъым хыхьащ. Апхуэдэхэщ: «Бгырысыр къызэралъхуар», «ЩIакIуэ кIапэ», «Жамболэт», «НэхъыщIэ», «Лъагъуныгъэ», «ХъунщIакIуэмрэ джэгуакIуэмрэ». Ахэр псори къызэщIикъуэрэ адрей усакIуэхэм я тхыгъэхэм къыщхьэщагъэкIыу зы щIэщыгъуагъ яхэлъщ – лъэпкъ тхыдэмрэ хабзэмрэ я нэпкъыжьэ ятелъщ, бгырысым и дуней лъагъукIэкIэ, щыIэкIэ-псэукIэкIэ, жыпIэнурамэ, адыгэ хьэлкIэ псыхьахэщ. Щхьэтечауэ я гугъу дымыщIурэ дриплъэмэ, балладэ псоми адыгэ лIыгъэр, бэшэчыгъэр, ижь-ижьыж лъандэрэ лъэпкъым къыдекIуэкI щэнхабзэ екIур, цIыхугъэ лъагэр къапкърыщащ. Иджыри зы щхьэхуэныгъэм гу лъытапхъэщ: тхыгъэхэр романтизмэм и нэщэнэхэмрэ мотивхэмкIэ гъэнщIащ, абыхэм зи пIалъэ имыкIыж лъапIагъэхэр – напэр, щIыхьыр, пэжыгъэр, лъагъуныгъэр – щытепщэщ.



Бицум и балладэхэр я купщIэкIи фащэкIи апхуэдизкIэ зэгъэпэщазэщIэузэдащи, языхэзми къэхутэныгъэ щхьэхуэ хуэфащэщ; щIэныгъэ и лъэныкъуэкIэ абыхэм къапкърыпхыныр куэдщ, тхылъеджэр дэзыхьэх сюжеткIи къулей защIэхэщ. Зи гугъу тщIыхэр нэрылъагъу хъун папщIэ, «ХъунщIакIуэмрэ джэгуакIуэмрэ» балладэм нэхъ кууэ дыхэплъэнщ.

Тхыгъэм хэлъ конфликтыр и фIэщыгъэм деж къыщожьэ: зэрыгурыIуэгъуэщи, хъунщIакIуэр – гурымыхь персонажу щыт хабзэщ, джэгуакIуэр – фIым и джакIуэщ, лъэпкъым и набдзэщ. А тIур зэрызэпэщIэувэр фIэщыгъэм къыбжеIэ, ауэ щIызэпэщIэувэ щхьэусыгъуэр гурыIуэгъуэ щыхъур сюжетырщ.

Залымхъан «хъунщIакIуэ» цIэр теIукIами, ар захуагъэм и телъхьэщ, лIыгъэ зыхэлъщ, цIыху пэжщ. Апхуэдэ цIэр къыщIилэжьари, абрэджу ежьэжын хуей щIэхъуари мырат: лей зытехьа лIыщIэм къыщхьэщыжу къуажэпщым и лъапсэр игъэсат, абы мылъкуу къиугъуейри лъэщыгъэкIэ къызытрихахэм яхуигуэшыжауэ щытат. Абы лъандэрэ ар мэз гуэрэнхэмрэ бгъуэнщIагъхэмрэ щопсэу, бейхэр къихъунщIэурэ я мылъкухэр тхьэмыщкIэхэм яхуегуэш. Залымхъан и образым романтикэ хэлъщ: зэрыхахуэм, жыру гъэжа хьэл-щэн зэтеубыда зэриIэм къыдэкIуэу, IэпэIэсэщ – пхъэм сурэт зэмылIэужьыгъуэхэр къыхебзыкI, мывэм хьэпшыпхэр къыхеIущIыкI, нэгъуэщIу жыпIэмэ и пхъашагъэм пэшачэ псэ къабзагъи пкърылъщ.

Iыхьитхуу зэхэлъ балладэм и япэ Iыхьэр хъунщIакIуэм и образым теухуамэ, етIуанэм джэгуакIуэхэр – Къамботрэ Агънокъуэ Лашэрэ – къыхохьэ. Япэрейм и унагъуэцIэр тхыгъэм къыхэщыркъым, ауэ щыпсэуа лъэхъэнэ (Агънокъуэ Лашэ и лъэхъэнэгъущ), щIыпIэ (Джылахъстэнейм щыщщ), иуса гуэрхэм я кIапэлъапэхэр къызэрыгъэлъэгъуамкIэ, ар зэры-Абазэ Къамботыр гурыIуэгъуэщ.

Мыбдежым къыщегъэжьауэ, усакIуэм балладэм и пкъыгъуэ нэхъыщхьэхэм языхэзу уэрэдымрэ макъамэмрэ тхыгъэм къыхешэ, лъэпкъ Iэмэпсымэхэм (шыкIэпшынэ, бжьамий), уэрэд-гъыбзэхэм я гугъу ещI, иужьрейхэм щыщ пычыгъуэхэр хеухуанэ.

Ещанэ Iыхьэм деж Лашэ и фитон гъэщIэрэщIам ису Къамбот Джылахъстэнейм здэкIуэжым, Залымхъан и гупыр къытоуэри гъэр ящI, апхуэдэ щIыкIэкIэ дахагъэмрэ (джэгуакIуэм и образыр, абы къыпкърыкI эстетикэр) лIыгъэмрэ (хъунщIакIуэм и образыр) зэпэщIоувэ, икIи япэрейм и къарур нэхъ лъэщу къыщIокI, фIыр, дахагъэр токIуэ. ДжэгуакIуэм и уэрэдым зэфIэкIышхуэ бгъэдэлъщ – джатэми полъэщ, Залымхъан хуэдэ я нэхъ лIы пхъашэми и гур къегъэтIасхъэ. Ар къыхэщу тхыгъэм дыкъыщоджэ:

*ШыкIэпшынэр мэбзэрабзэ,*
*Абы хэлъщ джэгуакIуэм и псэр...*
*Залымхъан умэзэхащ,*
*И напIитIыр ехуэхащ.*

Балладэм къызэрыхэщымкIэ, уэрэдымрэ макъамэмрэ Залымхъан гъуэгу захуэ трашэж, хъунщIакIуэнымрэ абрэджынымрэ IэщIыб ещIри, скульптор Iэзэ къыхэкIауэ, Къуэжьыкъуейи Ищхъэрэ къуажэм щопсэу, кIэщIу жыпIэмэ, къызэрыгуэкI мамыр псэукIэм хуокIуэж.

Тхыгъэм и кIэух Iыхьэм уэрэдым и мыхьэнэмрэ джэгуакIуэм и лъэкIыныгъэ инымрэ усакIуэм иджыри зэ дигу къегъэкIыж, и IэдакъэщIэкIым хуиубзыхуа жанрыр къыщIыхихам и щхьэусыгъуэми щхьэтечауэ щыгъуазэ дещI: 

*Мы хъыбарым щIыфIэсщар*
*Сыт-тIэ нобэ сэ балладэ? –*
*Зэрытеухуарщ уэрэдым,*
*Уэрэд нэсым иIэ пщIэм.*
*Ар щреIу мычэму щIылъэм,*
*ЩреIу уафэм, – къигъэпсалъэу,*
*Абы щIэлъ макъамэм, псалъэм*
*ЯлъэкIынум щIэткъым щIэ.*

Тхыгъэр зыхуихьа жанрым ехьэлIа гупсысэхэмкIэ усакIуэр къызэрыддэгуашэри лейкъым, уеблэмэ художественнэ Iэмал гъэщIэгъуэнщ, ауэ мыпхуэдэу зэIухауэ къыджимыIэми, «ХъунщIакIуэмрэ джэгуакIуэмрэ» зэрыбалладэр абы и ухуэкIэми, лъабжьэ хуэхъуа сюжетымрэ мотивхэмкIи гурыIуэгъуэт.

ИщхьэкIэ дызыхэплъа тхыгъэ псори, зи гугъу тщIыну дызыхунэмысахэри зэрыщыхьэтщи, балладэм лъагъуныгъэ мотивыр лъабжьэ щыхуэхъур зэзэмызэххэщ. Абы и лъэныкъуэкIэ Бицум и «Лъагъуныгъэ» балладэм щIэщыгъуагъ хэлъщ. Тхыгъэм къиIуэтэж хъыбарым «гъэ мин» бжыгъэхэр и ныбжьщ. Зэ еплъыгъуэкIэ, сюжетыр къызэрыгуэкIщ: фIыуэ зэрылъэгъуа ныбжьыщIэхэр – Къетыкъуэрэ Сулимэрэ – фIэкIыпIэ зимыIэ лъэпощхьэпохэм зэпэIэщIэ ящI, ахэр зэхуозэш, гухэлъым и бэлыхь ягъэв, ауэ зэщIэбэгыу ирахьэкI гъащIэм я гъуэгуанэхэр зэикI щызэхуэзэжыркъым. Идее нэхъыщхьэр, егупсысын хуэмейуэ, балладэм и кIэух сатырым деж усакIуэм къыхегъэщ:

*... И кIэухыр мыращ хъыбар щыпкъэм:*
*Жьы къепщэхукIэ ди къуршхэр мэдым.*
*ЖаIэр ар Сулимэ и гъыз макъыу...*
*Аращ лъагъуныгъэм и къарур.*

Тхыгъэм мифологие мотив хэухуэнащ: Псыхъуэгуащэ, и анэ къызэрилъхуауэ, псыхъуэм дэлъ мывэшхуэм тесу зыIэщIэлъэгъуа Къетыкъуэ, «Уи нитIыр иугъукI!» жиIэу гыбзэ къреутIыпщ, ар къытохуэри нэф мэхъу, абы къыхэкIкIи я къуажэ игъэзэжыну, Сулимэ дахэм хуэзэжыну дзыхь ищIыжыркъым.

Балладэ жанрым иту къэбэрдей литературэм хэт тхыгъэ псори зы къэхутэныгъэм и кIуэцIкIэ кууэ щызэпкърыпхыфынукъым, мы тхыгъэми апхуэдэ къалэн щызыхуэдгъэувыжакъым, сыту жыпIэмэ мыбы къыщытIэта Iуэхугъуэм диссертацэ е монографие лэжьыгъэ псо и пщалъэщ. Апхуэдэу щытми, жанрым и къежьапIэ хъуамрэ абы къикIуа гъуэгуанэмрэ дриплъащ, абы ипкъ иткIэ нэхъыщхьэу дыкъызыхуэкIуар мыращ: адыгэ балладэм и зыужьыныгъэр нобэкIэ адрей лъэпкъ литературэхэм къакIэрыхуркъым, жанрым и ухуэкIэ хабзэ псори ди усакIуэхэм Iэзэу къагъэIэрыхуэн яхузэфIэкIащ.

**ХЬЭВЖОКЪУЭ Людмилэ,**
*филологие щIэныгъэхэм я кандидат*

# ТАЛАНТ УИІЭН, ІЭЩІАГЪЭР УИ ПСЭМ ХЭЛЪЫН ХУЕЙЩ



*Ди гъащIэр дэ дубзыхурэ хьэмэ ди натIэм къритхам дытету дыпсэуурэ ара? Мы упщIэм и жэуап пыухыкIа щыIэу къыщIэкIынкъым, дэтхэнэ цIыхуми абы ехьэлIауэ езым и еплъыкIэ иIэжу арагъэнщ армыхъумэ. ГъащIэм зыщрихьэлIэхэм, ахэр къызэрызэринэкIым, и ехъулIэныгъэмрэ хузэфIэмыкIыу къанэхэмкIэ убзыхуа хъуурэ арагъэнщ абы и гупсысэр. Дауэ щымытми, фIы дыдэу къехъулIэ гуэрым цIыхур щрилажьэм, щрипсэум и деж жыдоIэ ар абы къыхуигъэщIауэ, нэгъуэщI IэщIагъэ къыхихатэмэ, щыуагъэшхуэу къыщIэкIынри зыхуэIуа щымыIэу. АтIэ мис апхуэдэу, хуэфащэ дыдэу, уэрэджыIакIуэ IэщIагъэр къыхэзыхахэм (е IэщIагъэм езыр къыхиха?) ящыщщ Къэбэрдей-Балъкъэрым и цIыхубэ артист, Музыкэ театрым и актёр, зи макъ лъэщымрэ игъэзэщIа роль гуимыхужхэмкIэ цIыхубэр хьэщыкъ зыщIа ШэджыхьэщIэ Аслъэнбий. Абы зыхуэдгъэзащ и гъащIэр, и гуащIэр, и гупсысэхэр тфIэгъэщIэгъуэнуи, къыджиIахэм ди гуапэу фыщыдогъэгъуазэ.*

## Тэрч къуажэ цIыкIум гъащIэм гъунэ щизылъа

— Зауэ гуащIэр иухри, илъэситху къудей дэкIауэ сыкъалъхуащ сэ. Си щIэдзапIэм и гугъу щысщIкIэ къуажищым я цIэ къыхэзмыгъэщуи хъунукъым, — жеIэ Аслъэнбий. — Абей къуажэм (Урожайнэ) сыкъыщалъхуащ, абы къытехъукIыжа Абей къуажэ цIыкIум, си анэмкIэ си адэшхуэ-анэшхуэм я деж, сыкъыщыхъуащ. ЕтIуанэр си дежкIэ нэхъ лъапIэщ. Абы щыгъуэм унагъуэ щэ ныкъуэ хъу-мыхъуу арат а жылэр. ПэщIэдзэ школыр Абей къуажэ цIыкIум къыщызухри, Акъбащ Ипщэ (Астэмрей) къуажэм и школым, километритIкIэ

тпэжыжьэми, сабий зыщыплI дыхъуу кIуэн щIэддзащ. Си анэр унагъуэ ихьэжауэ Акъбащ Ипщэм щыпсэурт. Школым укIуэн щхьэкIэ зы гъуэгуи щыIэтэкъым абы я унэм ублэмыкIыу. Сыдэмыхьэу сыкъызэрыблэкIыжын Iуэхущ зэпымыууэ зесхуар, сыкъамылъэгъуарэт, сыдамышарэт жысIэу. Зыми къызжиIэртэкъым сэ абы сыдэмыхьэну, ауэ и псэм хэлъым сыхэзымыхыну сыкъэзылъагъу си адэшхуэм и деж сыкъэкIуэжыну сыпIащIэрт. ИужькIэ си къуэш цIыкIухэр, си шыпхъу закъуэр къалъхуа иужькIэ, лъагъуныгъэр нэхъ гуащIэ хъури, нэгъуэщI зыгуэрурэ гъащIэр къекIуэкIащ.

Си анэр и нэхъыжьу пхъуиплI зиIэ си адэшхуэ ШэджыхьэщIэ ТIэмашэ, мо лIы бэлыхьым щIалэ цIыкIур игъэфIэнтэкъэ?! Абы и лъэныкъуэкIэ фом сыхэсауэ жыпIэ хъунущ. ИтIанэми, пасэ дыдэу си гур быдэ хъуащ, сызэризакъуэр щIэхыщэу къызгурыIуащ. Ныбжьэгъуи сиIэт, фIыуэ сыкъэзылъагъухэри гъунэжт, ауэ псори зэбгрыкIыжу уи закъуэу укъэна иужь, лIот пщIэнур?! Уэрамым сыкъыдэкIырти, си адэшхуэм тетIысхьэпIэу ищIа жыг лъэдакъэжьым сытест сыкъыдахуэжыху. Сызыхудэплъейуэ сыщыса вагъуэхэр здэщыIэмкIэ зыгуэр къемыхамэ сщIэркъым. Армырамэ пэщIэдзэ школ фIэкIа зимыIэ къуажэ цIыкIум сытыт къыдэпхынур?



## ГъэщIэгъуэныр гуэным изщ

— Япэ дыдэ ди унэм радио щыщIашам ар ныззэраукъуэдия кIапсэ цIыкIум и мэр сощIэж иджыри. Радиор тхылъымпIэ Iув фIыцIэм къыхэщIыкIауэ арат, тепщэчышхуэм ещхьу блыным фIэлъу. Абы уэрэдхэри, нэгъуэщI зыгуэрхэри къитырт, — игу къегъэкIыж ШэджыхьэщIэм.

Унэм щIэтым къыдэкIуэу, къуажэку дыдэм и деж пкъом фIэлъt бзэхум (алюмин) къыхэщIыкIауэ радиошхуэ. Пщэдджыжьым сыхьэтихым щIидзэрти, жэщым сыхьэт 11 хъуху лажьэрт ар, пхуешэхынутэкъым икIи пхуэгъэункIыфIынутэкъым. Абдеж дыдэрат Аслъэнбий щыпсэури, хуей-хуэмейми едаIуэрт. Абы къитми, нэгъуэщIыпIэ щызэхихми, накъырэм и макъыр ещанэ, еплIанэ классхэм щIэсу и макъым къригъэкIыу хуежьащ. Ар цIыхум и талантыр къэзыгъэлъагъуэ Iуэхугъуэт, армыхъуэ школым и тхьэмыщкIагъэм къыхэкIыу, зы макъамэ Iэмэпсыми иIэххэтэкъым. ЯфIэгъэщIэгъуэнт щIалэ цIыкIум и макъыр Iэзащэу зэригъэIурыщIэр, ар хьэлэмэт къазэрыщыхъум нэхъри тригъэгушхуэурэ езыми щIигъэхуабжьэрт. «Ар щIалэ цIыкIум япэ дыдэу къыхуэкIуэ, дискант жыхуаIэж макъырщ.

Мис ар егъэлеяуэ бэлыхьу сиIауэ къыщIэкIынут сэ, ауэ хэтыт ар зищIысыр зыщIэри, ар адэкIэ зыгъэкIуэтэнури», — жеIэ Аслъэнбий.

Къуажэм я нэхъ тхьэмыщкIэ дыдэми клуб дэту щытащ япэм, ди гуапэ зэрыхъунщи, а хабзэ дахэр иужьрей зэманым къоцIэрэщIэж. Щэнхабзэм гулъытэ хуащIырт, цIыхум гъэсэныгъэ нэс ептын папщIэ ар зэрыIэмалыншэр къагурыIуэрт. АтIэ апхуэдэхэм яцыщ Абей къуажэ цIыкIум и клубым лъакъуэрыгъажэм тесу телемеханик кIуэрт, кино ишэрти. «Украина» проекцэ цIыкIу, фильм тету плёнкэ бабинитI щIыгъуу — арат Iэмэпсымэр зэрыхъур.

— Киноищт къытригъэзэжурэ нишэр, мы дунейм нэгъуэщI кино темыт хуэдэ, — дыхьэшхыурэ игу къегъэкIыж ди псэлъэгъум. — Ар революционер гуащIэ Чапаевым теухуар, граждан зауэм лIыгъэ щызезыхьа Пархоменкэ Александр и гъащIэр зи лъабжьэр, а тIум гъусэ яхуохъу «Япэ лъагъуныгъэм и уэрэдыр». Иужьреймн, 1957 гъэм Арменим къыщыдэкIа фильмым, хэтт Бабаджанян Арно япэ дыдэу итха уэрэдхэм яцыщу щы: Ереван теухуар, лъагъуныгъэм и уэрэд, япэ лъагъуныгъэм и уэрэд. АтIэ абы сеплъурэ (нашэртэкъэ-тIэ куэдрэ?!» псори гукIэ зызогъащIэ, тIэкIу жысIэ хуэдэурэ щIызодзэ. ИпэкIэ зи гугъу сщIа радиом и пIэкIэ пластмассым къыхэщIыкIауэ нэгъуэщI къыщIашэ, щхьэгъубжащхьэм тету. КIуж Борис мыгъуэм симфоние оркестрыр и гъусэу жиIэ «Тырныаузский вальсыр» си гум хохьэ. Тырныауз дэнэ щыIэт, сэ дэнэ сыщыIэт? Дауэ къыпщыхъурэт, къуажэ щIалэжь цIыкIум оркестрыр игу ирихьыну?! Уэрэд гугъу дыдэт ар, и щIэдзапIэри, ежьури дэпшеину тынштэкъым, ауэ апхуэдизкIэ сигу ирихьати, къикIуэт щыIэтэкъым. ЗэзгъэщIэну сыхуейт, ауэ радиом зэзэмызэт къыщитыр. Арати, радиом сыкъыIунэжауэ, къэтыгъуэ къэс зы едзыгъуэ стхыуэрэ зэгуэр иризгъэкъуащ. Ар жысIэу щIэздзащ. Школым дыкъыщикIыжкIэ сызигъусэхэм закъыкIэрызгъэхурти, къуажитIым я зэхуакум ар щыжысIэурэ сыкъэкIуэжырт. Си гугъащ зыми сызэхимыхыу, арщхьэкIэ къуажэ псор къызэдаIуэу къыщIэкIащ. Клубым и унафэщIым фIы дыдэу сыкъилъагъурти, IункIыбзэр къысхуигъанэу щIедзэ сыщыхуеймн деж сыщIыхьэурэ уэрэд щыжысIэну. Абдеж дыдэрат си унэри, сыкIуэрт, бжэр къэзгъэбыдэжырт, пэш нэщIым сыщIэувэрти, уэху алыхь. Пэшышхуэм щIэIукIынтэкъэ, зыспльыхьмэ зыгуэрхэр къызэдаIуэу си макъым зезгъэлъэщIырт.

Культурэми и Iуэху хэмылъу, игъащIэм колхозым хэту лажьэ ди къуажэ щIалэ Шэмурзей Уэлий къызоупщI: «Тэрч унэкIуэн си гъусэу?» Сызэрыарэзыр щыжысIэм сызыпегъэтIысхьэри, лъакъуэрыгъажэкIэ сешэ ди къуажэм километрийкIэ пэжыжьэ Тэрч

къалэм. Ӷайоным ЩӀэнхабзэмкӀэ и унэм срешалӀэ, Джазэхэ Ӷае и деж сыщӀешэ. Пианинэ жыхуаӀэр абы щыгъуэщ япэ дыдэу щыслъэгъуар. «Сыт хуэдэ уэрэд жыпӀэр?» — къызоупщӀ бзылъхугъэр. Мыпхуэдэ жызоӀэ щыжесӀэкӀэ, уэрэдыр зэрыгугъур ищӀэнтэкъэ, и фӀэщ мыхъуущэу къызоупщӀыж. Пианинэм деж мэтӀысри, вальсым еуэн щӀедзэ. Фортепианэм и макъыр, и ӀукӀэр щызэхэсхым сызэрыхъуар сщӀэркъым, абы нэхъыфӀыжу жызигъэӀауэ къысщохъу. Ебланэ классым сыщӀэсу зэрыарами емылъытауэ «Терчанка» ансамблым сызэрыхагъэхьэр къызжеӀэ. Зэрыжыжьэр щхьэусыгъуэ щысщӀым къызэдэӀуэххакъым, «уэ укъэкӀуэнукъым, атӀэ укъашэнущ» жиӀэри. Абдежым щыщӀэздзэри абы сыхэтащ.



**Ерчэн Ларисэрэ ШэджыхьэщӀэ Аслъэнбийрэ Кальман Имре и «Цыган-премьер» опереттэм щоджэгу.** *1986*



## Артист сымыхъуамэ…

— Ботщей (Плановскэ) жыхуэтӀэм щыщ щӀалэ, Саратов юристу щеджауэ, следователу лажьэрт. Ди къуажэми ныщыдыхьэ щыӀэт ар, хьэ самыр и гъусэу. Хьэр арами сщӀэртэкъым сызэхъуэпсар, ауэ абы и ӀэщӀагъэм сызыӀэпишэрт. СымыукӀытэу сыбгъэдыхьэри сеупщӀащ: «УщыщӀэтӀысхьэм сыт хуэдэ экзамен птахэр?», — жысӀэри. Тхыдэр, урысыбзэмрэ литературэмрэ, нэгъуэщӀ зы и гъусэу (сщӀэжыркъым)

къыщызжиIэм, ахэр нэхъыфIу зэрызэзгъэщIэным сегупсысу, сегугъуу щIэздзащ. Ауэрэ, 8-нэ классыр къэдмыухыпэ щIыкIэ, ансамблым сыхэту Налшык и Театр щхъуантIэм сыкъашащ, тхьэлъэIушхуэ гуэр ящIу. Району щыIэм я лIыкIуэхэр къекIуэлIат абы. Утыкум сыкъохьэри, а уэ пщIэ вальсыр согъэзащIэ, «Ларисэ» зи фIэщыгъэ нэгъуэщI зы уэрэди жызоIэ. Ипэ сатырым щыст ди республикэм и Iэташхьэ Мэлбахъуэ Тимборэ, Тэрч районым щыщ щIалэ цIыкIу къохьэ, щыжаIэм абы гу лъимытэу къэнакъым, дауи. Иджы къызэрызгурыIуэмкIэ, мис абы щыгъуэщ си гъащIэ гъуэгуанэр убзыхуа щыхъуар. Концертыр зэфIэкIа иужь, профессиональнэ IэщIагъэ зэзгъэгъуэтын зэрыхуеймкIэ унафэ ящI. Си анэшхуэмкIэ си благъэ щIалэ, диплом къратыжын хуейуэ, Налшык къакIуэрти, августым и 25-м абы сыкъыздешэ. Экзамен щыIэжт а мазэм?! УнафэщIым деж щIохьэ, къыщIокIыжри, сэ сыщIешэ. Щэнхабзэмрэ гъуазджэмкIэ колледжым и унафэщI Хьэсанэ Мусэ сыкъызэрилъагъуу: «Ааа, мыр соцIыху сэ», — жиIащ. КъызэрыщIэкIымкIэ, Театр щхъуантIэм щыIа концертым и къэпщытакIуэ гупым хэсауэ арат ар. ЛIы бэлыхьт, зэпIэзэрытт, пэжым и телъхьэт. Си творчествэм и щIэдзапIэр зэлъытауэ щытар арауэ жысIэкIэ пцIыупс сыхъунукъым. Махуэ зытIущ дэкIмэ къызэхуэсыж я егъэджакIуэхэм я пащхьэм зыкъыщызгъэлъэгъуэн зэрыхуейр къыщызжиIэм, зэхэзещхъуэн сыхъуащ. Бицу Юрэ еджапIэ нэхъыщхьэр къиухри Москва къикIыжа къудейуэ арат. Ар къреджэри, жреIэ махуитIкIэ къыздэлэжьэну. Ди благъэхэм я деж сыкъанэри, Юрэ сигъэхьэзырауэ щытащ. УэрэдитI жысIэн хуейти, зым фIэкIа жызмыIауэ зы бзылъхугъэ къыщылъэтри: «Мыр сэ къызэвмытынумэ, нобэ щыщIэдзауэ сыIуокIыж», — жиIащ. Хьэсанэр ней-нейуэ хуеплъэкIа мыхъумэ, зыри жаIакъым, зыкIи къызэмыупщIуи сыкъыщIагъэкIыжащ. Махуэ бжыгъэ дэкIри, сызэрыщIэтIысхьамкIэ унафэр къыфIалъхьащ блыным. Абы щыгъуэм колледжым щеджэрт ди гъуазджэм и лэжьакIуэ цIэрыIуэ хъуахэу Мэремыкъуэ Хъусен, Къуныжь Алим, Тут Заур сымэ.

Къыщылъэта бзылъхугъэр Проскурнина Варьянэт, оперэ куэд зи гъусэу жысIа Жанатаев Исмэхьил, Тут Заур сымэ иригъэджат. Ленинград дэст ахэр зауэр къыщыхьеям. Нэмыцэхэр абы егъэрыкIуэ щыхъум, и щхьэгъусэр еджагъэшхуэти, ягъэпщкIун хьисэпкIэ ди деж къагъакIуэри къыдэнауэ арат. Консерваторием щригъэджэн хуейуэ апхуэдэ IэщIагъэлIт ар, ауэ си кIэн къикIын хуейти, абы срихьэлIащ колледжым щылажьэу. «Уэрэд цIыкIухэр жыIэным зы илъэсым ухуэзгъэсэфынущ, ауэ уи макъыр академическэщи, абы хуэфэщэн щIэныгъэ зэбгъэгъуэтын хуейщ», — къызжиIат. Хъарзынэу ирагъэ-

джауэ щытмэ, оперэ уэрэджыIакIуэм сыт хуэдэ лIэужьыгъуэри хужыIэнущ. Романси, лъэпкъ уэрэдри, эстрадэри, нэгъуэщIхэри. Абыхэм яужь ущихьэм и деж, манерэ жыхуаIэм хэпщIыкIын хуейщ. Псалъэм и хьэтыркIэ, къызэрыгуэкI уэрэд цIыкIур уи макъым къызэрихькIэ жыпIэ хъунукъым. Ар щIыжысIэраци, сезыгъэджахэм я фIыщIэщ сыт хуэдэ уэрэд лIэужьыгъуэри зэрысхужыIэр. Зы щапхъэ къэсхьынщ. Бахъуэ БетIал фIы дыдэу къехъулIэу щытащ уэрэдхэр зэридзэкIыныр, ди жагъуэ зэрыхъунщи, апхуэдэ лэжьыгъэ куэд иIэкъым. Богословскэм и «Тёмная ночь» уэрэд бэлыхьыр адыгэбзэм къригъэзэгъат абы. Ар сэ къысхуихьащ жызигъэIэну. Ар оркестр щIыгъууи схужыIэнут сэ, ауэ щауса зауэ зэманым угупсысмэ, апхуэдэу пщIэ хъунутэкъым. Адыгэ щIалэ хъарзынэ, музыкант бэлыхь Къэзакъ Зубер радиом щылажьэрт аранжировщикыу. Абы сыщечэнджэщым, гитаритI, урыс баян и гъусэу птхын хуейщ къызжиIат. Апхуэдэуи сщIауэ радиом и архивым хэлъщ а лэжьыгъэр...

ШэджыхьэщIэм колледжыр къыщиухым, ди республикэм щэнхабзэмкIэ и министру а зэманым щыта Ефэнды Джылахъстэн кIуэри, и диплом лэжьыгъэ программэм едэIуащ. МосквакIэ щылъэIуауэ нэхъыфI дыдэу къалъытэ Ленинград консерваторием ягъэкIуэну арат я мурадыр. Ар щыжриIэм унагъуэ зыухуа къудей, сабий пэплъэ щIалэщIэр гуитIщхьитI хъунтэкъэ?! Джылахъстэн ар тригъэгушхуащ, дэIэпыкъуэгъу хъуну къигъэгугъащ. Къытридзэу Налшык къэкIуа анэми унагъуэм и Iуэхур зытетыр министрым къыжриIа щхьэкIэ, едэIуэххакъым, и жэуапри кIэщIт: «Мыр уэри сэри дыдейкъым, мыбы и макъыр зейр лъэпкъраци, абы хуэгъэлэжьэн хуейщ. Бгъэдэлъ талантращ щIэдгъакIуэр, и щIалэфIагъракъым». Машинэм иригъэтIысхьэри къуажэм иригъэшэжащ.

— Си бгъэр къизгъэкIыу сыкIуащ Ленинград. Украинэм, Белорусым, Куржым, Къэзахъстаным, Узбекистаным, жыпIэнурамэ, союзнэ республикэу ди къэралым итам я лIыкIуэхэр нэкIуат бронкIэ. 160-м щIигъу некIуэлIати, къащтэну цIыхуи 9-м хэхуэну щIэхъуэпсырт дэтхэнэри, — игу къегъэкIыж Аслъэнбий. — Абы нэмыщI илъэситIкIэ подкурсым щеджауэ цIыху 25-рэ щыIэт, дыкъыхэзыхыну гупым хэсхэр псори яцIыхуу, ирагъэджауэ. АрщхьэкIэ, гъэщIэгъуэнракъэ, абыхэм ящыщу зы цIыху къыхахауэ арат. КъикIуэтыжыпIэ щыIэтэкъым. Теуэгъуищу ттынут экзаменыр. Япэ Iыхьэм щегъэжьауэ уи псэр зыгъэпIейтейт. Глазунов и цIэр зезыхьэ, дыщэпсу зэщIэпщIыпщIэ пэшышхуэм и утыкум укъихьауэ къызыщыгъэхъут. Зы рояль утыкум итщ, абы еуэр бгъэдэсщ, модэкIэ залым стIол укъуэдиям профессор пщыкIутI Iусщ, ректорыр ящIыгъуу. А псом зы бзылъхугъэ дахэ

къыхэлыдыкIырт. Иджы утыкум укъихьа иужь, бгъэзэщIэнур, ар зытхар, зыхэт лэжьыгъэр Iэмал имыIэу жыпIэн хуейт. Я пащхьэм илът ахэр псори, итIанэми зэрыжыуагъэIэм сигъэбампIэрт. А бзылъхугъэр къопсалъэри «жыпIэнум дыщыгъэгъуазэт» жи. СыкIэзызурэ жысIащ, къызэгугъуэкIми: «Меркаданте Саверио и «Клятва» оперэм хэт «Последний миг» Iыхьэр». Иджыри зэ къыджеIэжыт щыжиIэм, «уэр щхьэкIэмэ…» жызоIэри къытызогъазэ. СыкъыщIэкIыжа иужь къызэхъурджэуахэщ, упэпсэлъэн хуеякъым, абы и псалъэм куэд дыдэ иIыгъщ жаIэри. ИIыгъаинри хэлъщ, щIэтIысхьэнухэм сыщыхабжакIэ.

КъыкIэлъыкIуэ Iыхьэр коллоквиумти, дыкъыхаха цIыху 13-р докIуэ, упщIэ цIыкIуфэкIухэм фIэкIа къыщыдамытыну жыхуаIа зэIущIэм кърикIуэшхуэн щымыIэу ди гугъэу. Пэж дыдэуи, Iуэхум емыхьэлIауэ къыпщыхъун упщIэ защIэт къыдатар, ди гупсысэкIэм кIэлъыплъыну арагъэнт. ДыкъыщIокIыжри, псори дызэгъусэу шхапIэ гуэр докIуэ. ЕтIуанэ махуэм еджапIэм и бжэIупэм дыIухьэмэ, цIыхуи 9-м я цIэ-унэцIэр фIэлът, адрейхэр хэмытыжу.

Шэджыхьэщ Iэ Аслъэнбий щеджэм оперэ уэрэд жыIэкIэр япэ итащ сыт щыгъуи. Щхьэхуэу опереттэм и театр иIэт Ленинград, итIани абы кIуэуэ едэIуэн дэнэ къэна, щIыхьэну хуит ищIу щытакъым и профессорым. ЕджапIэм къыпэщыт Мариинскэ театррат къыщIэмыкIыу щIэсыну къызыхуриджэр. 



**Азэмэт Наталье и гъусэу уэрэд жеIэ.** *2000*

## Уи унэжь пхъэжь мафIэщ

Зыхэт спектаклхэмкIэ, концерт зэмылIэужьыгъуэхэм щыжиIэ уэрэдхэмкIэ иджыри еджэу гу къылъатат ШэджыхьэщIэм, щIыпIэ зыбжанэм щылэжьэнуи ирагъэблэгъат. Псалъэм папщIэ, къиухыным зы илъэс иIэжу Красноярск оперэ театр къыщызэIуахат, и пщIантIэм унэ щIэрыпс дащIыхьауэ и лэжьакIуэхэм ирату. Абы къикIри, Ленинград кIуащ я режиссёр нэхъыщхьэр, едаIуэу макъ лIэужьыгъуэхэм ящыщ къыхихыну. «КъызэрызэIуахыр Бородин и «Князь Игорь» оперэ бэлыхьрат, — игу къегъэкIыж Аслъэнбий. — Пащтыхьым и къуэ Владимир и ролыр сщIырт сэ, профессорым хъарзынэу къызэхъулIэу къилъытэу. Абы нэмыщI оперитI згъэхьэзырауэ жысIэн щIэздзакIэт: «Фауст»-мрэ «Русалка»-мрэ хэт лIыхъужьхэм я партиехэр. Режиссёрыр «Князь Игорь»-м и зы Iыхьэ едаIуэри къызжиIащ: «ЕплIанэ курсыр къызэрыбухыу накIуэ, сэ унэ IункIыбзэр сIыгъыу аэропортым сыкъыщыпIущIэнущ». Етхуанэ курсыр зэрыхъунум сыщыщIэупщIэм, ауи сызригъэпсэлъакъым, ар си Iуэхужщ жиIэри. «Ленинград щIыналъэ комитетым и япэ секретарымрэ обкомым и япэ секретарымрэ зэпсэлъэнщ абыкIэ, ди театрыр уэ пхуэдэ IэщIагъэлI хуейщ», — жиIэри пиухыкIащ... АрщхьэкIэ сыкIуакъым».

Германием ди советыдзэр щыщыIам щыгъуэ ансамбль бэлыхь иIащ а къэралым. Абы ирагъэблэгъат, арщхьэкIэ япэ илъэсым уи унагъуэр уи гъусэ зэрымыхъунум, илъэситхукIэ ущыIэну Iэ зэрытебдзэм къыхэкIыу тегушхуакъым, а зэманым къриубыдэу уи мылъку Iуэхур фIы дыдэу зыхуей хуэбгъэзэфыну щыт пэтми. Ахэр псори блигъэкIри, ШэджыхьэщIэм Налшык къигъэзэжащ.

— ЕджапIэ сызыгъэкIуа Ефэнды Джылахъстэн и деж сыщыщIыхьэм, зыщIэзгъэщIагъуэ си дипломым къеплъагъэххэкъым, «сэ усцIыхуркъэ уэ?» жиIэри. Си лэжьыгъэр убзыхуагъэххэти, Музыкэ театрым сагъэкIуащ. Худсоветыр къызэдэIуэну сылъаIуэ щхьэкIэ си зэфIэкIым хамыщIыкI щымыIэу жаIэрти ядэртэкъым. ЗэзгъэдэIуащ тезгъэчыныхьри, — дыхьэшхыу игу къегъэкIыж Аслъэнбий. — Зы пэш закъуэ Тэрчокъуэм и уэрамым тет общежитым къыщызатауэ сыщIэст. Музыкэ театрым и дирижер нэхъыщхьэу щыта Манвеловыр нэкIуащ абы зы тхылъ плъыжьышхуэ иIыгъыу. Ар Бизе Жорж иджыри псэууэ дунейм къытехьа тхылът, «Кармен»-р франджыбзэкIэ иту. Куэд щIауэ ягъэувыну зэрыхуейр къызжиIащ, абы селэжьынуи къысхуигъэуващ. Оперэхэм нэхъ гугъу

дыдэу къалъытэр-тIэ «Отелло»-ращ, къыкIэлъыкIуэр «Кармен»-щ. Иджы Iуэхур зыIутрат: зы оперэрэ балетрэ театр сезоным къриубыдэу Музыкэ театрым имыгъэуву хъунутэкъым, и фIэщыгъэм хуэфэщэн щхьэкIэ. Дгъэуващ, Кармен и партиер абы щыгъуэми иджыпстуи егъэлеяуэ фIыуэ жеIэ Бесчокъуэ Майе. 1980 гъэм майм и 7-м премьерэр щыIащ. Нэхъыжьхэм абы щыгъуэ къызжаIэрт нэгъуэщI зыри жызмыIэжми зэрыхъунур, нэхъ лъагапIэ дыдэр къызэрысщтар.

Адрей режиссёрхэм хуэдэкъым музыкэ режиссёрыр, абы зэхуэдэу фIыуэ хищIыкIын хуейщ музыкэми, драмэми, утыку итыкIэм и хабзэхэми. «Кармен» оперэр зыгъэува, сэ япэ дыдэу сызыдэлэжьа ШэрыIужь Анатолэ музыкэ режиссёр бэлыхьт. Кавказ Ищхъэрэм щамыгъэувыфа спектаклыр утыку къыщитхьам, Толэ сыщIишэри быдэу къызжиIат сыздэщыIэм (и Iэпэр дригъэзейри) зыкъезмыгъэхуэхыну. «Сыт хуэдэ роль къуатми абы нэхърэ мынэхъыкIэу бгъэзэщIэн хуейщ» псалъэхэр си гъащIэ псокIэ си гум изубыдэгъащ. Оперэхэм я мызакъуэу нэгъуэщI лэжьыгъэ Iэджэми сыхэтащи, дэтхэнэ зы ролми срогушхуэ, псом хуэмыдэу сыщогуфIыкI сабий спектаклхэм щызгъэзэщIахэм.



## Гукъинэж ролхэр

— Сэ жысIахэр псори гугъу защIэщ, къапщтэмэ. Ауэ, къызэрыхэзгъэщащи, нэхъ гугъу дыдэр жысIа иужькIэ, тIэкIу сыкъеIэбыхыурэ адрейхэр щызгъэзащIэм сытыншащ, — жеIэ Аслъэнбий. — «Риголетто»-м хэт герцогым и ролыр гугъу дыдэщ, «Травиата»-ри аращ. Сыщеджэ зэманым щегъэжьауэ сыкъэкIуэжа иужьи, зы махуэ ХьэхъупащIэ Хьэжбэчыр и нэIэ къыстемыту, къыздэмыIэпыкъуу дэкIакъым. Си концерт Iуэхур зэтеубла зэрыхъуар нэхъыбэу зи фIыщIэр аращ. Зы махуэ арыхэу сыщигъэсакъым абы, Кавказ Ищхъэрэм зыгъэпсэхупIэ нэхъ ину итым мазэ къэсыхукIэ сигъэкIуащ, концерт зыбгъупщI щызигъэту.

Иджыпсту Музыкэ театрым и лэжьыгъэм быдэу сепхауэ схужыIэнукъым. Сэ зи роль згъэзащIэу щытахэр псори ныбжькIэ щIалэт. Си макъыр схъумами, си теплъэмкIэ къекIуркъым языхэзми и ролыр сщIыну. «Кармен» жысIэну яужь сихьэнукъым иджыпсту, адрейхэр мыIейуэ схужыIэну сыкъегъэгугъэ, ауэ теплъэкIэ хъунукъым. Артист щIалэхэр утыкум иту, сэ кулисэм сыщыIэу си макъкIэ жысIэуи къезэгъыркъым. ЯжызоIэ, сахуэщхьэпэнумэ, си макъыр къагъэсэбэпыну.

# НэгъуэщI лэжьыгъэхэр

Радиом зыгуэр щригъэтхын, телевиденэм трахын хуей щыхъухэм и деж зэи хьэуэ жиIэркъым Аслъэнбий, ар нэтын куэд дыдэм хэтщ, Iуэху зэмылIэужьыгъуэхэм теухуауэ и еплъыкIэр гупсэхуу утыку кърехьэ. 2020 гъэм концертышхуэу тIу (зыр Хэку зауэшхуэм теухуауэ, етIуанэр къыщалъхуа махуэм ирихьэлIэу) иIэн хуеяти, мы уз зэрыцIалэ къекIуэкIым и зэранкIэ къызэпыуда хъуат. Дунейм цIыхухэр хуиту къытехьэжа иужь, мы гъэм апрелым и 23-м зы пшыхь къехъулIащи, щогуфIыкI. «Зэи си лэжьыгъэмкIэ арэзы сыхъу си хабзэкъым сэ, ауэ а концертыр Iей хъуауэ схужыIэнукъым. Пшыхьым къыздыхэтыну куэд къезгъэблагъэ хабзэти, мызыгъуэгукIэ программэм и нэхъыбэр си щхьэм тезгъэщIащ. ЩIалэ зытIущ си ныбжьэгъуу, къыздэлажьэу хэтащ. УэрэдитI пшыхьым щыжызыIа, Котляревкэ щыщ бзылъхугъэ хорыр псоми я гум дыхьащ. Окуджавэ Булат деж къыщыщIэздзэри, си цIыхугъэу, си ныбжьэгъуу щытауэ нобэ къытхэмытыж зыбжанэм, си сабиигъуэ ныбжьэгъу цIыкIуу кIуэдыкIейуэ кIуэдахэм я фэеплъу уэрэдхэр жысIащ». Хъыбарым и пэр умыщIэмэ и кIэр пщIэркъым. КъызэрехьэлъэкIыпэр плъагъуу зи гугъу ищI сабийхэм къащыщIар жиIэжын щIедзэ Аслъэнбий. «ЕплIанэ-етхуанэ классым дыщIэсу арат псым матэкIэ бдзэжьей дыщещэурэ, хьэлъэ гуэр къыщытIэрыхьам. Матэр зыIыгъ Iэтэхэ я щIалэ цIыкIум дыдэIэпыкъуурэ къыхыдолъэф, псыр щIожри — минэ! Щхьэи къыдгурымыIуарэ?! УдзыпцIэм къэтхьащ минэр. ДогъэтIылъри — щэхущ, къыдоIэтри, апхуэдизрэ псым хэлъа пэтми, макъ гуэр ещI. Абы илъ сыхьэтыр къитхыну унафэ дощI. Зыри щытхуемыщIэм,



**Молэ Владимир и «Къамботрэ Лацэрэ» оперэм Хьэсанш и ролыр щегъэзащIэ.** *2002*

илъэскIэ дэ нэхъэрэ нэхъыжьу зы къытхэтти, унафэ ещI сэ къуажэм сыкIуэжу Iэдэ-уадэ къэсхьыну. Сэрат нэхъ гъунэгъур. Мис абы сыкъригъэлащ. Къэсщтэныр къэсщтауэ жэрыгъэкIэ сыкъыщыкIуэжым, дэпым хуэдэу жьы пщтыр къысIурыуащ, зызмыщIэжу шэдым сыхэхуащ. МыувыIэу щIалэ цIыкIухэр зэныкъуэкъуа минэр къэуауэ арат. ЩIалэ цIыкIухэр зэпкъриудащ. Ахэр сэ зэи сщыгъупщакъым, сыпсэуххуи си гум ихунукъым. Абыхэм я адэ-анэхэр, я Iыхьлыхэр щIэсащ си концертым».

Армэм зэрыщыIар игу къигъэкIыжащ, украинэбзэкIэ уэрэд яжриIащ. Къапщтэмэ, армэм махуэ пщыкIуийкIэ къулыкъу щищIауэ ибжу аращ Аслъэнбий. ЕпщыкIубгъуанэм абы и уэрэд жыIэкIэр зэхихащ Совет Союзым и ЛIыхъужь, 14-нэ хьэуаидзэм и унафэщI генерал Гореловым. АдэкIэ абы дэнэ игъакIуэми уэрэд щыжиIэу къикIухьауэ аращ. 1972 гъэм и декабрым Совет Союзыр зэрызэгухьэрэ илъэс щэ ныкъуэ хъурт. Ар ирагъэлъапIэу Киев щрагъэкIуэкIа фестивалым, зыхэт дзэм къыбгъэдэкIыу, ШэджыхьэщIэр игъэкIуащ Гореловым. Украиныль щIэтт генералым, а лъэпкъ уэрэдхэри зыхилъхьэ щыIэтэкъым. ЩIалэм елъэIуащ «Черемшина» уэрэдыр и программэм хигъэхьэну. Арыншами жиIэрт ар, ауэ фестивалым и къэпщытакIуэ гупым и унафэщIыр СССР-м и цIыхубэ артист, «Черемшина»-р жызыIэ Гнатюк Дмитроуэ къыщищIэм гуитIщхьитI хъуащ, абы и пащхьэ дауэ щыжысIэну, тIэкIу емыкIу мыхъуну пIэрэ жыхуиIэу. Тегушхуащ. «Украина» зи фIэщыгъэ спорт уардэунэм, цIыху мин щэ ныкъуэм нэблагъэ зыщIэхуэм, и утыкум къихьащ, «Черемшина»-р, зы адыгэ, зы украинэ уэрэд щIыгъуу, игъэзэщIащ. «Фестивалыр еухри, гала концертым, увыпIэ нэхъыщхьэхэм ящыщ къызэрысхьам и щыхьэту, сыхэту къыщIокI, — игу къегъэкIыж Аслъэнбий. — ЯпэщIыкIэ дипломхэр ят — сыхэткъым. Лауреат дипломищыр зытыр езы Гнатюк Дмитрощ. ЕтIуанэ саугъэтым срилауреату къыщIокI. УгуфIэнтэкъэ?! Мо лIышхуэм и блэгущIэм сыщIигъэувэри: «Спасибо, сыну, за «Черемшину» — къызжиIэгъащ».

Кавказ Ищхъэрэм гъуазджэхэмкIэ и институтым илъэс зыбжанэкIэ зэрыщригъэджар къызолъытэри, Аслъэнбий соупщI: «Уэрэд жыIэнымрэ егъэджэныгъэ лэжьыгъэмрэ дэтхэнэр нэхъ гугъу?» «ТIури тыншкъым, — къызет жэуап. — Утыкум итыр уи закъуэщи, уи щхьэм и жэуап уэ езым бохь. ЕджапIэм уи нэIэм щыщIэт сабийхэр ебгъаджэ къудейкъым, ар уи унагъуэм хуэдэщ, дэтхэнэми бгъэдыхьэкIэ щхьэхуэ къыхуэбгъуэтыныр, псори зэхэпщIыкIыныр уи къалэну. Сыхьэт зырызу, щхьэхуэ-щхьэуэу уадолажьэ абыхэми, дэтхэнэм и егъэджэкIэнури, бгъэдэплъхьэнури, ебгъащIэр

къызэрыпIахынури ауэ къызэрымыкIуэу зэщхьэщокI. Культурэм, искусствэм хуеджэ сабийхэр мыдрейхэм ещхькъым. Ахэр я таланткIэ, я гупсысэкIэкIэ адрейхэм къазэрыщхьэщыкIым къыдэкIуэу, иджыри щхьэхуэу зыгуэр яхэлъу щытын хуейщ».

## Мурадхэмрэ хъуэпсапIэхэмрэ

— КъызэхъулIэмэ, пшыхь зытIущ сщIыну къыщIэкIынщ, си гукъэкIыжхэм сриплъэжу. Сыщеджэ зэманым щегъэжьауэ сыщылажьэми, гастроль сыздэкIуэхэми цIыхушхуэхэм сахуэзащ сэ, гъэщIэгъуэну Iэджи къызэхъулIащ. Сигу къэзгъэкIыжын си куэдщ жыхуэсIэщ. Си ныбжьэгъуфIу щытауэ зыр зым кIэлъыкIуэу дунейм ехыжа Дэбагъуэ Хьэсэн, Мэршэнкъул Iэдэм, ПащIэ Ахьмэд, Жылокъуэ Мухьэмэдин, Жанатаев Исмэхьил сымэ, нэгъуэщIхэми ятеухуа пшыхь щхьэхуэу сщIынущ. Къысхузэпищэмэ, абы къыкIэлъыкIуэнущ радиомрэ телевиденэмрэ щылэжьахэу КIуж Борис, Беппаев Сергей, Мэремыкъуэ Хъусен, Пщыгъуэш Юрэ, нэгъуэщIхэми я фэеплъ концертыр.



Шэджыхьэщ Iэ Хьэмыщэ итха уэрэдхэр сэ жысIэу зытет, «УщытеткIэ, сыщытеткIэ зы дунейм» и фIэщыгъэу, альбомышхуэ къыдэзгъэкIауэ щытащ. Ди усакIуэ цIэрыIуэхэм я псалъэхэр зыщIэлъ уэрэдхэр зы альбому згъэхьэзырыну си хъуэпсапIэщ.

Институтым зэрыщезгъэджам мащIэу и гугъу тщIын щыщIэддзакIэ, Залинэ, мы зыми сыпхутепсэлъыхьынут. А еджапIэр Iэджэу зэхэлъщ, IэщIагъэ куэдым щыхуагъасэ. Къудамэхэм я нэхъыбэм музыкальнэ школым щыщIадзэ, колледжми щоджэри, итIанэ щIотIысхьэхэр. Си IэщIагъэм, вокал жыхуаIэм, зыхуэзыгъэсэну хуейхэм музыкальнэ школым щеджауэ закъуэтIакъуэххэ хэтынкIэ хъуну, я нэхъыбэм курыт школыр къаухауэ аращ. Макъыр къыхэпхын щхьэкIэ нэхъапэIуэу иужь уихьэн хуейщ. Си щхьэкIэ сыкъапщтэмэ, сыхуейт икIи си мурадщ школыр къыщаухым и деж еджапIэ зыбжанэ сыкIуэу ныбжьыщIэхэм захуэзгъэзэну. Абыхэм яхэтщ къыдалъхуауэ макъ бэлыхь зиIэ, уэрэд жыIэныр егъэлеяуэ фIыуэ ялъагъуу. А IуэхугъуитIыр зэщIыгъуныр Iэмал зимыIэщ, нэгъэсауэ пхуегъэджэнури узыхуейр къызыхэпщIыкIыфынури ахэращи. Апхуэдэ сабий зыбгъупщI зэхуэсшэсу си класс къызэIусхыфамэ, сыту фIыт! Апхуэдэ гуп симыIэу институтми колледжми щезгъэджэну сыкIуэнукъым. Пэж дыдэр жысIэжынщи, езгъэджахэм зы щIалэ закъуэ яхэтауэ аращ сызыхуейм хуэдэ щIэныгъэ схуетыну. А зыр къыщIэзгъэкIмэ,

схузэфIэкIауэ хъуам я щхьэщ, жысIэу сыщыгуфIыкIыурэ, и унагъуэ IуэхукIэ еджапIэм щIэкIыжын хуей хъуащ. Ар нобэми сигу къоуэ.

Зы махуи сыхущIегъуэжакъым си IэщIагъэр къызэрыхэсхам, сфIэфIуи сролажьэ. Пэжым ухуейуэ щытмэ, мылъку ухущIэкъуу, зы бэлыхь гуэр сщIэнти, дунейр зэзгъэдзэкIынти жыпIэу гъуазджэм ухыхьэ хъунукъым. ЗэрыжысIащи, талант уиIэн, IэщIагъэр уи псэм хэлъын хуейщ. Псалъэм и хьэтыркIэ, улахуэу къэфакIуэм иратымрэ абы гугъуехьу ишэчымрэ шурэ лъэсрэ я зэхуакущ. Хьэмэрэ, оперэ уэрэджыIакIуэм и Iуэхур тыншу щытамэ, илъэс 25-кIэ лэжьа иужь, пенсэм ягъэкIуэнтэкъым. Илъэс 50-м сыщIигъуа къудейт сэ выслугэкIэ пенсэм сыщыкIуам, ауэ сытIысыжакъым, си къару илъти. Балетым хэтхэр илъэс 20 лэжьа иужь къыхэкIыж хъунущ. Ахэр щIыжысIэращи, Iэпкълъэпкъым и мызакъуэу, псэри гугъу дыдэ езыгъэхь IэщIагъэхэщ зи гугъу сщIахэр, арщхьэкIэ ауэ къызэрымыкIуэу гухэхъуэгъуи къозытщ.

Куэд дыдэ хъуащ уэрэд жызыIэхэр, нэхъыбэм я цIэ-унэцIэхэри схузэгъащIэркъым. Хъарзынэ цIыкIуу жызыIэхэр яхэтми, ди жагъуэ зэрыхъунщи, а «блэукIыр» икъукIэ куэд хъуащ. Ар си жагъуэ мыхъуу къанэркъым. Пщыхьэщхьэ къэс дызэдаIуэ макъхэм я мызакъуэу, махуэшхуэхэм деж, ар ди республикэм щекIуэкIыуи, къэралым и утыкухэрауи щрети, академическэ, профессиональнэ макъ зиIэхэр къишэн хуейщ, Iэмал имыIэу. ЕдаIуэхэм «мыпхуэди диIи!» жаIэу зэрагъэщIэгъуэнум шэч къытесхьэркъым.

Тхылъ, журнал, газет еджэ куэд щIалэгъуалэм зэрахэмытыжыр, ахэр Интернетым зэрытфIигъэкIуэдыр си жагъуащэ мэхъу. АдыгэбзэкIэ къыдэкI журналымрэ газетымрэ ди унагъуэм къихьэу, си анэ шыпхъухэм ахэр зэIэпахыу щIаджыкIыу щытащ. А зэманым къигъэзэжыну сыхуейт.

Махуэ зыбжанэ япэкIэ къатыжащ си къуажэ щIалэ Хьэтыхъу Эдик теухуа нэтын. Къызбгъэдыхьэурэ куэдым къызжаIащ ягу зэрырихьар, ди жагъуэ зэрыхъунщи, сэ слъагъужакъым, зэрыщыIэнур зэрызмыщIам къыхэкIыу. Нэхъапэм напэкIуэцI цIыкIуитI фIэкIа мыхъу тхылъымпIэ къыдэкIыу щытащ радиомрэ телевиденэмрэ къатынухэр иту. Ар щыIэжкъым, анонс жыхуэтIэри сэбэп дыдэт, ари телевиденэм къитыжкъым. Ахэр яублэжамэ, цIыхухэм къахуэщхьэпэну си гугъэт. Апхуэдэуи сыхуейт си концертым къэкIуауэ пэшым щIэсхэр нэтынхэм нэхъыбэIуэрэ къыхэщыну, уэрэдхэр къазэрыщыхъур я нэгум къизджыкIын хуэдэу. Уэрэд зэкIэлъыкIуэхэм я зэхуаку къыдадз удз гъэгъа цIыкIухэр дахэщ, ауэ зэхэтх Iэгуауэр зыгъэIухэри слъагъумэ сфIэфIт.

Хъуэпсапӏэу сиӏэм я щхьэщ си къуэрылъху цӏыкӏур мы гъэм зыщӏэтӏысхьа медицинэ факультетым ехъулӏэныгъэ иӏэу щеджэныр, узыншэу къиухыныр. Адыгэ къафэм фӏы дыдэу хещӏыкӏ, «Зори Кавказа» ансамблым хэтащ илъэс куэдкӏэ, макъ хъарзынэ иӏэщ. Сыгузэват, си ӏэщӏагъэр къыхихынущ жысӏэри. Пэжыр жыпӏэмэ, сыхуейтэкъым, сэ гугъу сызэрехьар сщӏэжырти. Езы Алинэ си гур фӏы ищӏыжащ, «дохутыр сыхъумэ, сыхуеймэ уэрэди жысӏэнщ» къызжиӏэри. Арамэ содэ. Сытегужьеикӏа жыпӏэмэ, сытегужьеикӏащ. Уи нэмыс нэхъ лъагэ ухъуи, си щхьэгъусэм сэрэ ди узыншагъэр пэлъэщу, ди пщащэ цӏыкӏур лъэ быдэкӏэ увыху, абы и ӏуэху тхузехуарэт жытӏэу аращ дызыщӏэхъуэпсыр. И насып Алыхьым фигъэлъагъу, щыжаӏэкӏэ кърагъэкӏыр унагъуэщ, бынщ, жьэгущ. Сэ абыхэм яжесӏэращ: «Зэ фымыпӏащӏэ, еджауэ, ӏэщӏагъэ, лэжьапӏэ игъуэтауэ...»



**Композитор Гладков Геннадий макъамэ зыщӏилъхьа «Бремен джэгуакӏуэхэр» спектакль нэужьым, и къуэрылъху Алинэ и гъусэу.** *2007*



**— Мураду пщӏар къохъулӏэну, хъуэпсапӏэу уиӏэм ӏэкӏэ утеӏэбэну ди гуапэщ, Аслъэнбий. Узыншэу, гукъеуэншэу лъэпкъым куэдрэ Тхьэм ухуигъэлажьэ!**

*Епсэлъар* **ИСТЭПАН Залинэщ**

# Псалъэжьу зэхэлъ псалъэзэблэдз




*ЕкIуэкIыу:* **3.** ... закъуэри мафIэ мэхъу. **6.** Уи жьэ зэсэмэ, уи нэмыс ... . **7.** Узыщымыгугъын ущыгугъмэ, уи гурыгъ ... . **10.** ЦIыхубзым ... хэтщ. **12.** ХьэщIэ къэкIуэнущ жыIи, гъэтIылъ, ... щылъащ жыпIэу умышхыж. **13.** Узыр уэщынэкIэ къокIуэ, мастэнэкIэ ... . **14.** Удахэмэ, ухейщ, ухеймэ, ... . **15.** ... зи щыпэдэрэ фызыжь мыдэжыфрэ. **17.** Бжьэрэ пэт я бжьапцIэхэр ... . **19.** ... къэзылъху и гуэн лъапэ щIетIэж. **22.** ЦIыхур ..., мыкIуэду, фIырэ Iейрэ пщIэркъым. **23.** ... хутыкъуэмэ, къаз деху. **24.** ... зымыщIэр IэштIымкIэ мауэ.

*Къехыу:* **1.** Дыщэ лъэнкIэпс, ... хэмыхьэ. **2.** Хамэ ущие тхьэмахуэщ, хабзэ хьэху ... . **4.** ... нэщхъеймэ, бысымым и ягъэщ. **5.** Хамэхьэ нэхърэ ... нэхъ лъэщщ. **8.** ... губзыгъэ зыгъэлIэн ишхкъым.

**9.** ... нэхъра лъэпхъуамбыщIэ. **11.** Iуэхум ... щыIэкъым. **16.** ... щхъухькIэ йоIэзэ. **18.** ... пкIэлъей иумыдз, дзасэм тхъу пумыIу. **20.** Шылэм и кIэм ... . **21.** ... лIыхъужьщ, зэуэгъуэм жьындущ.

**ЕплIанэ къыдэкIыгъуэм тета псалъэзэблэдзым и жэуапхэр**

*ЕкIуэкIыу:* **3.** Тхьэрыкъуэ. **6.** Бзаджэ. **7.** Аслъэн. **10.** ЗэфIэкI. **13.** Делэри. **14.** Ажалым. **15.** ЗыхуащIэ. **17.** Сыумэщ. **19.** Мардэ. **22.** Зэшмэ. **23.** Гъунэгъум. **24.** Щхьэхынэ.

*Къехыу:* **1.** Iэщэрэ. **2.** НысащIэ. **4.** Бзурэ. **5.** Гъэшха. **8.** СремыIэ. **9.** Ушынэмэ. **10.** ЗиIэм. **11.** ФIыгъуэр. **12.** КIапсэ. **16.** Ахъшэр. **18.** Убагъуэ. **20.** Анэмэт. **21.** Дыгъужьым.

**IУАЩХЬЭМАХУЭ**
**№5**
(Эльбрус)

Литературно-художественный
и общественно-политический журнал

На кабардинском языке

**Учредитель:**

Государственное казённое учреждение
Кабардино-Балкарской Республики «КБР-Медиа»
(360017, КБР, г. Нальчик, пр. Ленина, 5).

Главный редактор **А. Х. Мукожев**

**Редакционная коллегия:**

Руслан Ацканов, Хангери Баков,
Борис Бижоев, Адам Гутов, Хамид Кармоков,
Астемир Татроков, Хамиша Тимижев, Людмила Хавжокова,
Залина Истепанова (ответственный секретарь)

Корректор – Марина Жекамухова
Компьютерный набор и верстка – Зарета Князева

Журнал зарегистрирован в Управлении Федеральной службы
по надзору в сфере связи, информационных технологий
и массовых коммуникаций по Кабардино-Балкарской Республике
ПИ № ТУ07-00127 от 11.01.2018 г.
Подписной индекс: П5891

Подписано к печати 05.10.21. Выход в свет 16.11.21
Формат 70х108 $^1/_{16}$. Бумага офсетная №1. Печать офсетная.
Усл. п. л. 14,7.Уч-изд. л. 12,0. Тираж 2.270 экз. Заказ
№2339 Подписная цена на 2 месяца 35р. 33к.
Подписная цена на 6 месяцев 105р. 99к.

Адрес редакции: 360000, КБР, г. Нальчик, пр. Ленина, 5
Телефон: 40-04-51. Адрес электронной почты:
e-mail: oshxamaxo73@mail.ru

Адрес издателя: 360017, КБР, г. Нальчик
пр. Ленина, 5. ГКУ «КБР-Медиа»

Отпечатано в ООО «Издательство «Южный регион»
357600, Ставропольский край, г. Ессентуки, ул. Никольская, 5а

Обложка художника **Юрия Алиева**

Отпечатано в полном соответствии с качеством
предоставленного электронного оригинал-макета